

МӕУ ДУГ

МӕУ ДУГ

«РӔСТДЗИНАД» 100

ЗӔРИН ХУРАУ ӔНУСОН У ДӔ БАЛЦ

6
2023

ХОЗИТЫ Яков

НЫСТУАН САБИТÆН

Нæ хъæлдзæг царды буц хъæбултæ,
Нæ цин, нæ сомы бонты ныфс,
Æвзонг фæлтæр, нанайы хуртæ,
Дæттын салам сымахæн æз.

Æдзух кæмдæриддæр уæ зардмæ
Сæрыстырæй хæстæг тырнын.
Уым æз уæ ныр, уæ фидæн цардмæ
Ныфсджын, зæрдæрухсæй кæсын.

Æмæ уынын уæ алы сдзырды,
Уæ алкæйы цæсгомыл дæр
Нæ бæстæйы ысуинаг фырты,
Йæ намысы, йæ тохы сæр.

Скафы тынгдæр риуы зæрдæ,
Уæ рæнхъыты æз дæр вæййын.
Сымахæн рæзынц рог мæ фæндтæ,
Æмæ сæ цингæнгæ хæссын.

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

6
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ
МÆРГЪИТЫ Анатоли 5

«РÆСТДЗИНАД»: 100 АЗЫ
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Æнусон уæд дæ ном, дæ кад, дæ цæра! *Уацы* ... 8
МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег. Ирон фысджытæн «Рæстдзинад» уыд сæ фидиуæг. *Уацы* 12
БИТАРТЫ Маринæ. Æвзаг, культурæ æмæ æгъдæутты артдзæст. *Уацы* ... 19
«Культурæйы суадон – «Рæстдзинад». *Интервью ХОЗИТЫ Барисимæ* ... 21
«Рæстдзинад» худы 29

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

НАТАЛЬЯ КУЛИЧЕНКО: 60 АЗЫ
Де ‘рвхуыз цæстытæм арв дæр бæллыд. *Æмдзæвгæтæ* 36

ПРОЗÆ
ГУСАЛТЫ Барис. Цæхгæрмæгуырд замантæ. *Радзырдтæ* 41

ИРОН НАРТИАДÆЙЫ АЗ
БЯЗЫРТЫ Алыксандр. Куысты æмæ гуманизмы темæ нарты таурæгъты *Уацы* 74

НОГ ТÆЛМАЦТÆ
Амирхан ЕНИКИ. Рæсугъддзинад. *Радзырд* 80
Валентинæ ГРИЩЕНКО-КОКОЙТЫ. Мысын дæ, мæ райгуырæн уæзæг. *Æмдзæвгæтæ* 89

ПУБЛИЦИСТИКÆ
ГÆБÆРАТЫ Юри. Бæстыаргъ лæг. *Уацы* 93

РОХ ХÆЗНАТÆ
ТМЕНАТЫ Дзерассæ. Азты сæрты æрцæуæг æмбисæндтæ. *Уацы* 103

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН
ÆЛБОРТЫ Беллæ. Мæ чысыл хæлæрттæн. *Æмдзæвгæтæ* 110
ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ. Силæмы фаззæттæ. *Аргъау* 115

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН
СОКАТЫ Дианæ. Аларды. *Таурæгъ* 132

ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ
Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай 137

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



АМОНДХÆССÆГ ÆМБÆЛЦЦОНТÆ

Зæххыл бирæ хорздзинæдтæ ис, фæлæ се ‘ппæты адджындæр у, адæймаг кæм райгуырд, кæм схъомыл, рæз кæм хаста, уый – Райгуырæн зæхх! Лæг цæрынмæ кæдæмфæнды дæр куы ацæуа, уæддæр йæ зæрдæ йæ адæмимæ, йæ фыдыбæстæимæ баст кæй уыдзæнис, уый уын мæ бон фидарæй зæгъын у. Ирон адæмæн сæ зонд, сæ хъару, сæ намыс æгæрон сты! Фæлæ нæ иу хъуыддаг сафы – кæрæдзимæ хæлæг. Хæлæджы дыргъдон та маргæйдзаг у!

Абон мæ зæрдæ цæуыл риссы, цы йæ тыхсын кæны, цæуылты хъуыды кæнын, зæгъгæ мæ куы бафæрсат, уæд зæгъдзынæн: тæрсын, сомбон ирон куы нал дзура иронау, тæрсын, ирон лæджы ном хæссын фидæны фæлтæртæн куынæ суа сæ бон, куы не ‘рцæуа раст аргъгонд, нæ фыдæлтæ цы стыр хъæбатырдзинад равдыстой, уымæн, куы сæ ферох уой сæ уидæгтæ, куы ауигъой сæ къух не ‘гъдæуттыл… Адæймагыл цас фылдæр азтæ цæуы, уыйбæрц ын ацы фарстатæ тынгдæр агайынц йæ зæрдæ. Æнæрæдигæ дуне нæй, фæлæ ирон лæг хъуамæ баззайа иронæй! Мах искæй куы фæзмæм, æндæр искæй ном куы райсæм, уæд ма нын нæхи ном та чи хæсдзæн?

Иннæмæй, – æхсæнадон организациты архайд! «Иры Стыр Ныхас»-ы съездты вæййын, зонын, цæуыл фæдзурынц, цы уынаффæтæ

рахæссынц. Зæгъут-ма мын, уыдонæй царды кæцы æрцыд фидаргонд? Кæм сты нæ хъуыддаджы лæгтæ, кæм ис нæ иудзинад? Æви æрмæст ныхасæй стæм хъæбатыртæ? Акæсут-ма, цы разагъды лæгтæ нæм ис! Мæ сæр сæ бæрзæндты хæссын! Кæуылты сты сæ кад, сæ намыс канд республикæйы нæ, фæлæ Уæрæсейы алы рæтты æмæ фæсарæнты дæр. Уыдон сты раст хъомылады дæнцæг, æмæ сын адæмы рæгъмæ хæссын хъæуы сæ хабæрттæ! Мах та æндæр цæуылдæрты цин кæнæм. Уыдонæй кадджындæр свæййы, республикæмæ искæцæй, зæгъæм, иу блогер куы ʿрбафты, уæд уый. Нæхимæ кад кæнын кæмæн хъæуы, уыдон та ауоны аззайынц…

Мæнæн ирон адæм Цæгатæй Хуссармæ иууылдæр мадзæнæгау адджын сты! Мæ бæллиц у сæ хæрзæбон, æмæ мын хъыг вæййы, искæй тыххæй æвзæр исты куы фехъусын, уæд. Нæ фыдæлтæ, дам, уайдзæфæй рынчын кодтой, фидисæй – мæлгæ! Уæд ныр иуæй-иутæ сæ цæст дæр куы нал фæныкъулынц æмæ сæ фыдæлты номы сæрты куы ахизынц! Æмæ та ам дæр кæй кæнæм аххосджын? Æрмæстдæр нæхи!

Ирон æвзаг бахъахъхъæныл кусæм, программæтæ дæр нæ республикæйы дзæвгар ис. Сæ тæригъæд мæ нæ хъæуы, нæ республикæйы разамынд хорз архайы! Раст зæгъгæйæ, бирæ республикæтæ уыцы уавæртæй сæхицæй нæ раппæлдзысты. Æз та афтæ зæгъдзынæн, æвзаг бинонты ʿхсæн сæфы, уынджы нæ, фæлæ!

Сочийы ирæттæй цæры цыппар минмæ хæстæг. Уыдонæн мах сарæзтам уавæртæ мадæлон æвзаг зонынæн, ис нæм ирон кафджыты къорд, футболон командæ… Сбæрæг кæнæм нæ фыдæлты бæрæгбæттæ. Уыцы уавæртæ нæ кæнынц æнгомдæр, фидардæр кæны нæ иудзинад. Уый у нæ хъару!

Æз райгуырдтæн хæхты, хъомыл кодтам уæззау уавæрты. Уыдтæн бинонты ʿхсæн дыууадæсæм сывæллон. Дыууадæс азы дæр мыл нæма сæххæст, афтæмæй райдыдтон кусын, мæ ныййарджыты къух рог кæнын. Фæстædæр райстон уæлдæр ахуырад. Царды мын цы батыст, уымæн бындур сæвæрдтой мæ ныййарджытæ æмæ æхсæнад, раст хъомылад мын кæй радтой, уымæй, æмæ, кусынмæ зивæг кæй нæ кодтон, уыцы миниуæг.

Фыдыбæстæмæ, ныййарджытæм, дзыллæмæ уарзондзинад, фæллой кæнын сты адæймагæн йæ амондхæссæг æмбæлццонтæ. Бамбал ут семæ, бауæндут сыл!

МÆРГЪИТЫ Анатоли,
Сочийы Национ-культурон æхсæнад «Алани»-йы сæрдар

Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Ирыстæнтæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 41 (25770)

Газет шкуыл райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

100 АЗЫ – ФАРНЫ ФÆНДАГЫЛ!



Дунейæ мæгър кусинæ адæм, баиу уы!

РÆСТДЗИНАД

Газет—Цæгатирыстоны комунистæтæ парцийæ хæссинæ æмæ йæхи тыхджын æвдисинæ газет.

Редакцийæ хатгæ кæны æнæбæсны адæмы номырæ радудзæн тухæнæй. Рæстæг кæд нæ ӕд ӕмæ ехсæнæ рæдæн цыдæн амал нæ цæуы газеты фундзаг нозгуыл бынонтæ, бакусуй.

Фæстаг номыраг ӕдзухы бынонтæдæр кæуы.

Редакци.

«РÆСТДЗИНАД»

Фæзыгъæд, «Рæстдзинад» Фæныйæн нæ кæнæд
Фæлæтæрс нæ фæстæ нæ ссыгъæд,
Нæ хъахъхъæнæн—æхсызгон хъæбæр,
Кæрæдзи—цæрынæн дæ бæстæ æмбæлæн.
Æрмæг чи дзы нæ цæуы, уымæн чи дзы нæ бæлвы,
Æрмæг чи дзы нæ тухæлæ кæуы—уымæн æмбæлæг нæ хæссæг.
Дзы цырагъ æгъдæуттæ, дзы нæлгоймæгтæ
Цы бæстæйы дæ кæстæй фæзыгъæд фæцыдысты.

Газет у фæллойгæнæг адæмы ӕнæфæдзон æмæ мæгър хæдзæрттæ.

КОМУНИСТУ ПАРТИ сфæнд кодта нуæлæг адæмæн жуландзинад феснуй бынтæй.

ИУМÆЛАГ КУСТ та нæ фермæхсæн кæнынæн МАЛЕВИНЫ ХУХТÆЙ.

Ацы №-ӕн дæ арц—соя æмæ кердæг.

№ 1.

ÆРТУИЦÆГ.
14
МАРТЪ 1923 аз.

Фæллойгæнæг адæмæн æ цæрæнбон ӕмæ æхсæнадон хицæнтæ кæнынæ йæ ÆМÆ ФÆСАЙÆ ФÆ РАЗДОГ ӕй у—КОМУНИСТУ ПАРТИ.

Комунист партиу разæг— ЛЕНИН.

ÆВРÆСЕЙ КОММУНИСТУ ПАРТИУ. БÆРÆГБОН.

Абон, мардзуй цуппырдесæм бон, Уæрæсейы комунисту партиу нуæлæгæй æ фонд æмæ сæвдæн нæу бон.

Фонд æмæ сæвд æзæр радгъмæгтæр нуæлæгадæймагтыл нырккон дурæй æмæ хицæн сæйцæй чи сæтæнæ нодта, уыи партийы. Фонд æмæ сæвд æзæр—цыппæрæм æрдз, фонд æмæ сæвд æзæр фудæбонæй æтæ, фонд æмæ сæвд æзæр ӕхсызгæй, æмæ ӕй бон сæхи. Фæллойгæнæг адæмæн æнæхъæлæсæйæ чъизи—уымæй æмæ æнæхъæлæсæйæ æмæ æфæдæрæсæ æмæ æ æгæрæсæ æмæ æ æгæрæсæ æмæ æ æг

ÆНУСОН УÆД ДÆ НОМ, ДÆ КАД, ДÆ ЦÆРА!

Алкæмæн дæр нæ йæ зæрдæйы рæбын цæры йæхи «Рæстдзинад». Ис ын газетимæ баст йæхи мысинæгтæ. Йæ тæвагæй чи фæхайджын, йæ фарн кæмæ фæхæццæ, йæ ад ын чи банкъардта, уымæн та, цалынмæ зæххыл цæра, уæдмæ уыдзæн мады зæнæгау зынаргъ æмæ адджын. Бирæ зындзинæдтæ бавзæрста, бирæ цæлхдурты сæрты ахызт, фæлæ йæ уды хъару разынд тыхджындæр. Иуæй, йæ бындурæвæрджытæ йыл цы ном сæвæрдтой, уымæй, иннæмæй та, – йæ хъомысджын кусджытæй.

Никуы мæ ферох уыдзæн, газет «Рæстдзинад»-ы мæ фыццаг уац куы рацыд, уыцы бон. Æнкъарæнтæ риуы хæлбурцъ кодтой, суанг ма уыцы цинхæссæг газеты тæф абоны онг мемæ баззад. Уæд ма Ставд-Дурты скъолайы ахуыр кодтон, æмæ мæм стыр уæлахиз каст уыцы гыццыл къахдзæф. Ноджы стырдæр та мæм кастысты, редакцийы чи куыста, уыдон – раст уæларвон зæдтау. Мæ уац фыст уыд скъолайы ахуыргæнджытыл. Уыцы райсом æз райхъал дæн «стъалыйæ». «Дзырды хъару куыд фидар у», – дзырдтон мæхинымæр, алырдыгæй ме ‘мхъæуккæгты арфæтæ æмæ бузныджы ныхæстæ куы истон, уæд! Уæвгæ та уый уыд «Рæстдзинад»-ы хъару æмæ йæ кады уæз!

Хуыцауы афтæ бафæндыд, æмæ ЦИПУ-йы журналистикæйы факультет каст фæуыны фæстæ мæ фæндаг акодтон «Рæстдзинад»-мæ. «Рæстæгмæ уал», – хъуыды кодтон мæхинымæр, уымæн æмæ ме ‘ргом здæхт уыд телеуынынадмæ. Фæлæ уыцы «рæстæгмæ уал»-æн уайтагъд йæ фæд дæр нал баззад, æмæ мæм афтæ каст, цыма зæххыл амæй хуыздæр æмæ уарзондæр бынат нæй кусынæн, æмæ ахæм, бинонты хуызæн æнгом æмæ цæстуарзон æмкусджытæ дæр æндæр никуыуал ис. Æз уæд æппæты кæстæр уыдтæн редакцийы. Куыд рабæрæг, афтæмæй иу æмæ дыууæ адæймаджы нæ уыдысты, йæ былы цъæрттæ чи хордта «Рæстдзинад»-мæ куыстмæ бацæуынмæ, фæлæ… Æмæ кæд мæ хал схаудта, мæ хъул сах абадт, уæд мыл, æвæццæгæн, Хуыцауæй цыдæр хæс æвæрд уыд, æмæ дзы размæ цæуынæй уæлдай фæстæмæ къахдзæфтæ кæнæн нал уыд.

Фидараты Булат, Хъуысаты Барис, Цгъойты Хазби, Черчесты Хъасболат, Цъебойты Сергей, Ælборты Хетæг, Багаты Аврам, Бæройты Сафар, Тохсырты Къоста, Тепсыхъоты Зоя, Абайты Эдуард, Малиты Хасан, Цомайты Ростислав, Дзуццаты Къоста, Тъехты Тамерлан,

Бызыккаты Земфирæ, Саутæты Тамилæ, Дедегкаты Зæлинæ… Сæ бон къæдзæхтæ афæлдахын дæр уыд. Уыцы хистæртæй алчидæр уыд хицæн скъола, мæсыг. Кæддæриддæр сæ размæвæрд хъуыддæгтæм кастысты тынг бæрнон цæстæй. Уыцы рæстæг, куыд æрыгон кусæгмæ, мæнмæ фарстатæй фылдæр ницы уыд. Куыд быхсон уыдысты мæ хынцфæрстытæн, мæ «уый та растдæр куыд уыдзæн»-тæн. Цыбыр ныхасæй, ирон журналистикæйы фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыдонæй практикæйы ирон газет «Рæстдзинад»-ы чи нæ уыд, уыдон бирæ цæмæйдæрты фæцух сты.

Иу хъуыддаг ма раиртæстон нæ куысты мидæг: алы æрмæгæн дæр хи историйæ уæлдай ад дæр ис. Амонд мæ йæ базыртыл хаста, дардта мæ буц, рæвдыдта мæ, мæ алыварс цы адæм уыд, уыдоны фарнæй. Къахдзæфтæ нæ, дугъы уайын байдыдтон. Ме ‘рмæджыты хъайтартæ-иу раст цыма мæ бинонтæй уыдысты, афтæ адджын-иу систы зæрдæйæн. Уый амонд у? Бæгуыдæр!

Цъойты Хазбийы ныхæстæ, «чи нæ кусы, уый нæ рæдийы», «тыхсгæ ма кæн, сарæхсдзынæ, фæлæ æдыхст дæр ма у» абон дæр мемæ æмдзу кæнынц. Æмæ цы нæ зыдтой, æмæ цæй тыххæй нæ уыд нæ ныхас…

Иурæстæг ме ‘мхъæуккаг, мæ уарзон хистæр æмæ ‘мкусæг Черчесты Хъасболат базыдта, радзырдтæ кæй фыссын, уый. «Оксанæ, информацион æрмæджытæ дымгæ ахæсдзæн, хъуыды дæр сæ ничиуал æркæндзæн, радзырдтæ фыссынмæ де ‘ргом тынгдæр аздах, хорз дын уайы», – фæдзæхста мæ ирон радзырды дæсны. Абон ног уацмысыл куы æрбадын, уæд та йæ ныхæстæ мæ зæрдæйы цъуппыл абадынц. Уыцы хистæртæ кæстæртыл сагътой базыртæ сфæлдыстадон куыстмæ, газетæн балæггад кæнынмæ.

Фæстæдæр сæйраг редакторы бынаты Фидараты Булаты раивта Битарты Маринæ. Ног мадзæлттæ, ног тематикон фæрстæ, ног рубрикæтæ, ног хъуыдытæ æрбахаста йемæ, æрбахуыдта æрыгон фæлтæры минæвæртты. Уæдмæ иумæ бæрзонд æмвæзадыл сбæрæг кодтам газеты 95-æм аз. Республикæйы Сæргълæвуæг Битарты Вячеслав нын балæвар кодта ног хæдтулгæ, премитæ, лæвæрттæ… Цыма уæды хуызæн буц æмæ рæвдыд газет рагæй нал уыд…

Цгъойты Хазбийы æрмæджыты руаджы нæ бæрæгбонтæ уыдысты æгъдауыл, Черчесты Хъасболаты мидисджын уацтæй зæрдæ – хъæздыг, Багаты Аврамы фыстытæ гуырын кодтой Фыдыбæстæмæ уарзондзи-

нады æнкъарæнтæ, Абайты Арбилянæ – Ирыстоны аивады кæсæн. Дедегкаты Зæлинæ – социалон фарстаты фидиуæг, Тохсырты Къоста нын-иу нæ зæрдæтыл ærлæууын кодта Ирыстоны æнæбафæзмгæ ærдзы рæсугъддзинæдтæ, Тъехты Тамерлан-иу нæ балæууын кодта «Зилахар»-ы, Гугкаты Жаннæ нæ уазæгуаты абон дæр хоны Ирыстоны хъæутæм. Касаты Батрадз, Абайты Эдуард, Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг æмæ иннæтæ… Алчидæр сæ йæ цымыдисаг æрмæджытæй газеты руаджы ærбахойы нæ дуар æмæ ссары фæндаг нæ зæрдæтæм.

Ныртæккæ газеты кусынц ærыгон фæлтæры минæвæрттæ, ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты рауагъдонтæ Гасанты Валери, Цæгæраты Эльмирæ, Гобозты Агуындæ… Нæ бæллиц у, цæмæй, цы фæндаг равзæрстой, ууыл фæсмон макуы фæкæной æмæ йыл кæронмæ дæр стыр æнтыстытимæ ацæуой.

Газеты цы ærмæджытæ рацæуынц, уыдонæн цы тых æмæ ахадындзинад ис æхсæнады, Ирыстоны азфысты, уый, бæргæ, сæрмагонд ныхасы аккаг у. Абон цы æмвæзадыл хъуамæ æвæрд уа нæ хицауады æмæ республикæйы цæрджыты ‘хсæн, уый та – ноджы ахсджиагдæр хъуыддаг! Уыцы ærдзуринæгты голладжы ком хæстæгдæр рæстæг райхалæг куынæ фæуа, уæд дарддæр нæ иунæг ирон адæмон газеты хъысмæт куыд уыдзæн, уый зын зæгъæн у. Сусæггаг куы нæу, иронау чи фыссы, уыдоны нымæц фылдæр нæ, фæлæ къаддæр кæй кæны, уый. О, ис нæм журналистикæйы факультеты национ хайад. Фæлæ ма нæ цæст ахæссæм, факультет 1990 азы куы байгом, уæдæй абонмæ йæ рауагъдонтæй газет «Рæстдзинад»-мæ кусынмæ чи бацыд, уыдоныл (мæхи кой куынæ кæнон, уæд). Хъыгагæн, ничи. Уыцы рауагъдонтæ фыццаджыдæр равзарынц телеуынынад, Интернеты хызæджы информацион агентадтæ, уымæн æмæ уым сæ мызд дыууæ хатты фылдæр у æмæ уыд. Стæмтæ се ‘ргом аздахынц радиомæ дæр. Цы фæуой æмæ цы фæуыдзысты национ мыхуыры фæрæзтæ та? Уæдæ ‘мæ, Ирыстоны цæргæйæ, фылдæр æргом здахын хъæуы, иронау цы мыхуыры фæрæзтæ цæуынц, уыдонмæ. Хъуамæ сæ кусджыты мызд дæр уа иннæтæй фылдæр, кад дæр сын хъæуы афоныл кæнын æмæ æмбæлгæ æмвæзадыл. Уый хъуамæ суа фæтк!

Мæстджын, дам, дзураг у, фæзæгъынц. Бæрæгбоны риссаг фарстатыл дзурын аив нæу, бæргæ. Фæлæ ма сыл кæд ærдзурдзыстæм уæвгæ та?! Куы байрæджы кæнæм, уæд нæ рæмбынкъæдзтæм

дæндагæй нæ лæбурдзыстæм?! Нæ фидæны фæлтæртæн та йæ куыд бамбарын кæндзыстæм, Хуыцау бахизæд, зæгъгæ, нæ национ газетты æмæ журналты чи куса, уый нал ис, æмæ сабыргай иу иннæйы фæдыл æхгæд æрцыдысты? Сæ сæхгæды аххосæгтæ сдзурын та куыд сфæраздзыстæм?!

Хуыцауæн зын ницы у, фæзæгъынц! Æмæ махæн дæр хъуамæ зын ма уа ацы ахсджиаг уавæртæм æркæсын æмæ сын амал ссарын! Уыцы уавæрты ис нырыккон ирон литературæ, литературон журнал дæр.

Дзыллон хабархæссæг фæрæзты ‘хсæн газет «Рæстдзинад» у ирон æвзаджы егъаудæр тугдадзин. Йæхи ироныл чи нымайы æмæ ирон æвзаджы сомбоныл чи хъуыды кæны, йæ кæстæрты хорзмæ чи бæллы, уый хъуамæ кæса ирон газет «Рæстдзинад»! Уымæй мах газеты кусджытæм нæ уарзондзинад не ‘вдисæм, фæлæ нæ ахастдзинад мадæлон æвзагмæ, æмæ йæ æбæллиццаг фидæнæй бахъахъхъæнынмæ алчидæр хæссæд йæхи æвæрæн.

Нæ уарзон ирон газет «Рæстдзинад»! Сæдæ нæ, фæлæ мин азты сæрты куыд ахизай, уый Хуыцау зæгъæд! Дæ фарн макуы бамынæг уæд!

ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ

ИРОН ФЫСДЖЫТÆН «РÆСТДЗИНАД» УЫД СÆ ФИДИУÆГ

1959 – 1964 азты куыстон газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы, фыццаг литературон кусæгæй, æртæ азы та – бæрнон секретарæй. Сæрыстыр дæн, мæ фыццаг хæрзиуæг – Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Президиумы Кады гæххæтт – уым кусгæйæ кæй райстон, уымæй. Фæстæдæр уыдтæн ЦИПУ-йы ректор, ныр – йæ президент, фæлæ кæдфæнды дæр фидар цæгтæй баст уыдтæн æмæ ныр дæр дæн мæ уарзон газетимæ. Йæ 80 азы юбилеймæ та рауагътон чиныг «Мæ базырджын астæ». Уым æрымысыдтæн ирон фарны артдзæсты куысты сызгъæрин рæстæг.

Чиныджы дæр æй бафиппайдтон æмæ йæ ам дæр зæгъын, фыссæг æхсæнадон кусæг кæй у. Газет та советон дуджы уыдис партион æмæ æхсæнадон куысты ахсджиагдæр къабæзтæй иу. Уый зæрдыл даргæйæ, Иры фысджытæ хистæрæй, кæстæрæй стыр æргом здæхтой газеты куыстмæ.

Газеты редактор Хъаныхъуаты Валодя йæхæдæг дæр фыста æмдзæвгæтæ, очерктæ, фельетонтæ. Редакцийы кусджытæ Цырыхаты Михал, Уырымты Петка, Цæрукъаты Валодя, Хъуылаты Чермен уыдысты ирон литературæйы зындгонд минæвæрттæ. Нæ иннæ кусджытæй дæр иуæйиутæ хатгай мыхуыры уагътой алыхуызон аивадон уацмыстæ. Мæнмæ гæсгæ, æппæт уыдæтты руаджы ирон фысджытимæ нæ бастдзинæдтæ уыдысты тынг æнгом, æмæ-иу сыл æхсызгонæй сæмбæлдыстæм.

Ахсджиаг цауыл нымайын, нæ литераторты стыр уацмыстæй бирæтæй скъуыддзæгтæ фыццаг ««Рæстдзинад»-ы кæй рацыдысты, уый. Зæгъæм, Мамсыраты номдзыд Дæбе йæ ног роман «Адæм адæм сты»-йæ скъуыддзæгтæ æппæты разæй рауагъта газет «Рæстдзинад»-ы 1960 азы январы. Уый уыдис йæ 50 азы юбилейон бон. Афтæ – йæ роман «Хъæбатырты кадæг»-ы æртыккаг чиныгæй хицæн хæйттæ дæр.

Уæдæ, зæгъæм, курдиатджын прозаик Бицъоты Гришæйы уацмыстæй дæр бирæтæ фыццаг рухс газеты фæрстыл федтой. Йæхæдæг иуцасдæр акуыста редакцийы, æмæ уæд ныффыста уацау «Зарæг сæрибардзинад уарзы». 1960 азы ноябры йын æрбахаста йæ къухфыст. Редакцийы ахæм уаг уыдис: стыр уацмысты къухфыстытæ кастысты æрмæст культурæйы хайады куысджытæ нæ, фæлæ редколлегийы уæнгтæ иууылдæр, стæй, редакцийы журналисттæй литературон куыст чи кодта, уыдон. Гъе

æмæ Гришæйы уацау куы бакастыстæм æмæ æмхуызонæй нæ хъуыды куы загътам редакторæн, уæд ыл уый дæр йæ цæст ахаста æмæ радта йæ мыхуыр кæныны бар.

Уацау газеты уадзын райдыдтам 1960 азы декабры райдианы, æмæ ма дзы 1961 азы январы дæр цалдæр скъуыддзаджы рацыд. Газеткæсджыты зæрдæтæм фæцыд. Уацмысы æвдыст цæуынц уæды рæстæджы хъæуккаг адæмы цард, бæллицтæ æмæ тырнындзинæдтæ. Йæ архайджытæ дих кодтой дыууæ къордыл. Иуæрдыгæй лæууыдысты куыстуарзаг, хæдæфсарм, цардбæллон æрыгон фæлтæры минæвæрттæ, иннæрдыгæй, – рагон мæлинаг æгъдæуттыл йæ къух чи нæма систа, ахæм адæм. Дзиго, Мысылмæт, Елхъан, Афæхъо, Лексо, Уæздинцæ æмæ уацауы иннæ архайджытæ сæхимæ здæхтой газеткæсджыты æргом.

Нæ фысджытæй литературæмæ егъау уацмыстимæ чи æрбацыдис, уыдонæй иу у Æгъуызарты Æхсарбег дæр. Йæ фыццаг роман «Хурхæтæны» адæмы зæрдæмæ тынг фæцыдис, алыхуызон хъуыдытыл сæ бафтыдта йæ цауты æцæгдзинад æмæ йæ архайджыты тыхджын миниуджытæй. Ирон чиныгкæсæг зоны Æхсарбеджы дыккаг роман «Куырды фырт» дæр. Ам дæр та автор йæхи æвдисы, цард иттæг бæлвырдæй чи зоны, ахæм фыссæгæй. Æгъуызары-фырты радзырдты æмæ романты æнæфæхицæнгæнгæ æнгом хай у партион публицистикæ. Уый йын æххуыс кодта царды хорздзинæдтæ рæсугъдæй æвдисынæн, æвзæрдзинæдты ныхмæ хъæддыхæй дзурынæн. Афтæ куы зæгъон, æмæ ирон литературæмæ Æхсарбег æрбацыдис журналистикæйæ, уæд нæ фæрæдидзынæн. Алагиры районы газеты, стæй «Рæстдзинад»-ы цы фæлтæрддзинад райста, уый йын стыр æххуыс уыдис йæ литературон куысты. Йæ уацхъуыдтæ, очерктæ æмæ фельетонтæ цы цаутыл фыста, уыдоны ахсджиагдæртæ-иу исты хуызы бацыдысты уацмыстæм. Нæ, газеты куыд уыдысты, афтæмæй-иу нæ баззадысты, фæлæ-иу сæ снывæста аив ныхæстæй, фæарфдæр-иу сæ кодта.

Гришæйы уацауæй хицæн сæргæндтæ мыхуыргонд нæма фестæм, афтæ редакцийы фæзындис Æгъуызарты Æхсарбег. «Фæзындис», зæгъгæ, цæмæ гæсгæ зæгъын. Æхсарбег «Рæстдзинад»-ы рагæй-æрæгмæ дæр хионыл нымад уыдис. Алагиры цæргæйæ æмæ кусгæйæ, «Рæстдзинад»-мæ йæ ных сарæзта.

Челæхсаты Аслæнджерийы партийы обком редакторы хæстæй куы ссæрибар кодта, уæд уый бынатмæ бацæуыны бар лæвæрд æр-

цыд Æхсарбегæн. Редакторæй ацыдис партийы обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайадмæ, мыхуыры секторы разамонæгæй. Цыбыр рæстæджы фæстæ та сси хайады сæргълæууæджы хæдивæг. Бæрнон бынæтты кусгæйæ дæр нæ уагъта публицисты æмæ журналисты куыст. Йæ уацтæ, литературон уацмыстæ йын æхсызгонæй мыхуыр кодтой газеттæ æмæ журналтæ, уæлдайдæр та «Рæстдзинад» æмæ «Мах дуг». Æхсарбег цас стырдæр уацмыстæм æвнæлдта, уыйас тынгдæр æнкъарын райдыдта, йæ литературон ахуыргонддзинад æй фæуæлдæр, фæарфдæр кæнын кæй хъуыдис, уый. «Хорз уаид Мæскуыйы Горькийы номыл литературон институтмæ уæлдæр литературон курсытæм ацæуын», – скарста иуахæмы. Гъе афтæ Æхсарбег ас лæгæй студент сси.

Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ, йæ литературон куыст фæбæлвырддæр. Уым фыст фæцис йæ роман «Тулдзбыны» дыккаг хай. Уæд, 1961 азы, зымæджы, Ирыстонмæ йæ фæллад суадзынмæ ссæугæйæ, романы хицæн сæргæндтæ æрбахаста «Рæстдзинад»-мæ. Февралы æмæ мартъийы дзы мах радтам æхсæз скъуыддзаджы.

1961 азы июлы æмæ августы нæ газеты фараст номыры рауагътам Цæгæраты Максимы уацау «Мæ сæфт хуры хай». Максим бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста: Цæгат Ирыстоны фыскомы цæдисы сæрдар, культурæйы министр, журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор. Уыдис нæ республикæйы Сæйраг Советы депутат. Алы бынаты дæр фæллой кодта сыгъдæгсæрдæйæ. Фæлæ сæйрагдæр уыди йæ литературон сфæлдыстад. Фыста радзырдтæ, аивады æмæ литературæйы тыххæй арф хъуыдыджын уацтæ, кинонывты сценаритæ. Цыдысты адæмы зæрдæмæ. «Мæ сæфт хуры хай» куы ныффыста, уæд йæ къухфыст бакæсынмæ радта Мамсыраты Дæбемæ, республикæйы чингуыты рауагъдады сæйраг редактор Богазты Умармæ æмæ Хъаныхъуаты Валодямæ. Валодя, уацауы къухфыст мæнмæ дæтгæйæ, загъта:

– Хорз фыст у…Бацæттæ йæ кæн мыхуырмæ. Редакци кæныны уагыл æм исты ивддзинæдтæ куы хæссай, уæд-иу сæ, æнæмæнг, Максимæн йæхицæн фенын кæн…

Уайтагъд фыццаг скъуыддзаг арæвдз. Æз Максиммæ бауадтæн æмæ йæ æркæсын кодтон, къухфысты цы бынæттæм бавнæлдтон, уыдонмæ. Æмткæй райсгæйæ, мемæ сразы, фæлæ иуæй-иу бынæттæ ныууадзын кодта, йæхимæ куыд уыдысты, афтæмæй. Ацæуынмæ куыд хъавыдтæн, афтæ ма бафтыдта:

– Мæ къухфыст Дæбемæ æмæ Богазты Умармæ дæр ис, æмæ уæд та уыдонмæ банхъæлмæ кæсиккам. Цымæ цы зæгъдзысты…

Кæд Дæбеимæ хæларæй цардыстæм, уæддæр æм нæ бауæндыдтæн, фæлæ Умармæ телефонæй бадзырдтон æмæ йын хабар бамбарын кодтон.

– Абон мæ сымах редакцимæ бауайын хъæуы, æмæ нæ кæрæдзи фендзыстæм, – загъта Умар. – Максимы фыстæй ма мын фондз фарсы баззад, уæдмæ сæ каст фæуыдзынæн.

Умар фæзынд изæрырдæм. Æрбахаста Максимы къухфыст. Бирæ йыл фæдзырдтам æмæ æрцыдыстæм иу хатдзæгмæ: хорз уацау у. Рацыдаид ма æртæ – цыппар боны, æмæ мæм Максим уыцы хъæлдзæгæй æрбадзырдта:

– Умар цы зæгъдзæн, уый нæ зонын, фæлæ Дæбе хорз аргъ кæны мæ къухфыстæн…

Æз ын загътон, Богазы-фырты хъуыдытæ мын зындгонд кæй сты, уый.

Ацы хабар афтæ лæмбынæг уый тыххæй радзырдтон, цæмæй равдисон, нæ фысджытæ кæрæдзи сфæлдыстадмæ сæ хъус куыд лæмбынæг дардтой, уый.

Зæрдæрухсгæнаг уацмыстæ нæм хаста Хъайттаты Сергей дæр. Йæ уацау «Фырт» мыхуыры фыццаг хатт «Рæстдзинад»-ы рацыди.

Уыцы рæстæг газеты фæрстыл аккаг бынат бацахста поэзи дæр. Сæ ног æмдзæвгæтæ нæм хастой Цæрукъаты Алыксандр, Мыртазты Барис, Плиты Грис æмæ Хадо, Айларты Чермен æмæ иннæтæ.

Цæрукъайы-фыртæй ма иу хабар ænæ зæгъгæ нæй. Уый нывтæ кæнынмæ афтæ тынг арæхстис, æмæ-иу ын сæ газеты дæр радтам. Иуахæмы Алыксандр мæ курдиатмæ гæсгæ хуымæтæг сау кърандасæй скодта хуымæллæггаг хъуыстгонд хорыкуыстгæнæг, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Ælбегаты Харитоны ныв. Мах æй æхсызгонæй ныммыхуыр кодтам газеты 1961 азы 22 мартъийы номыры фыццаг фарсыл. Нывимæ радтам Алыксандры кæстæр æфсымæр Валодяйы фыст «Зарæг Ælбегаты Харитоныл» дæр.

Ныв æмæ зарæг куы рацыдысты нæ газеты, уымæй цалдæр боны размæ Ростовы уыди Цæгат Кавказы хъæууон хæдзарады раззагдæрты æмбырд. Архайдта дзы СЦКП-йы Центрон Комитеты фыццаг секретарь Никитæ Хрущев. Хуымæллæггаг хортауæгæн фадат фæци паддзахады разамонæгимæ базонгæ уæвынæн. Цы нартхор æрзайын кодта, уымæй

йын радта цалдæр ставд æфсиры. Хрущев ныхасмæ рацæуыны размæ йæ лæггадгæнджытæн загъта, цæмæй дзы иу сæвæрдтаиккой трибунæйы. Хъæууонхæдзарадон культуртæй нартхорæй тынгдæр ницæуыл аудыдта. Уый кой-иу куы кодта, уæд-иу йæ цæстытæ цæхæртæ калдтой. Афтæ уыцы хатт дæр. Харитоны кой куы райдыдта, уæд бæрзонд систа, чысыл раздæр ын Ælбеджы-фырт цы æфсир радта, уый, æмæ хъæрæй загъта: «Æмбæлттæ! Кæсут-ма, цавæр æфсиртæ сты, уымæ, раст æртæдюймон сармадзаны нæмгуыты хуызæн. Адæймаг æрзайын кодта сызгъæрин!»

Алыксандры бирæвæрсыг сфæлдыстады тыххæй фыссын нæ газет йæхицæн кады хъуыддагыл нымадта. Иухатт æз дæр бафæлвæрдтон мæ тыхтæ: 1960 азы 9 августы «Рæстдзинад»-ы рацыд мæ уацхъуыд «Адæмæй – адæммæ». Уыцы хъуыды мæм фæзынд, йæ райгуырæн хъæуы хъуыддаджы балцы куы уыдтæн æмæ уым йе ‘мбæстæгтимæ йе сфæлдыстады иуæй-иу хабæрттыл куы фæдзырдтам, уый фæстæ.

…Хуымгæрæтты над фæндагыл згъордта нæ машинæ. Гуыффæйы бадтыстæм цалдæрæй. Кæсынæй не ‘фсæстыстæм фæззыгон бæркадджын быдыртæм. Фæндаджы алыварс ставдзæнг хъæллæгътыл æрзæбултæ сты æрмæрины йас нартхæрттæ. Машинæ-иу уырдыджы куы фæцæйуад, уæд-иу ын шофыр йæ матор ахуыссын кодта, æмæ-иу нæм уыцы рæстæджы æрбайхъуыст хус хъæллæгъты сыр-сыр.

Цæрукъайы-фырты райгуырæн хъæу Хъарман-Сындзыхъæуæй Сылтаныхъы уæрæх тъæпæнтæм уыдис нæ фæндаг. Фæззыгон Сылтаныхъ! Дыгуры къанауыл куыддæр бахызтыстæм, афтæ мæм иу ацæргæ лæг йæхи разылдта. «Нæ хъæуккаг поэт Алыксандр тынг аивæй равдыста ацы быдырты ныв, – загъта уый. – Ардæм куыддæр рацæуын, афтæ æмдзæвгæ мæ зæрдыл æрбалæууы…Æмдзæвгæ куы бакæсын, уæд та Сылтаныхъы уæрæх быдыртæ ауайынц мæ цæстыл…»

Мæ ног зонгæ цалдæр хатты «нæ хъæуккаг поэт», зæгъгæ, загъта. Уый мæм бынтон раст нæ фæкаст: Алыксандр рагæй дæр нал уыд «сæ хъæуккаг поэт». Урсдонæй дард чи у, уыцы хъæуы дæр байхъус, æмæ чындздзон чызджыты фæндыртæ цæгъдынц Гуызмайы дыууæ фаззон чызгыл, лæппутæ та зарынц, Цæрукъайы-фырты фæллойæ чи райгуырд, уыцы зарджытæ. Гъе уæдæ афтæ – Алыксандр кæддæр уыдис Урсдоны поэт. Мæнæ йæ фыццаг æмдзæвгæтæ скъолайы æмæ колхозы къулы газетты куы мыхуыр кодта, уæд…

«Алыксандр у оригиналон поэт», – уыцы ныхæстæ арæх фæзæгъынц чиныгкæсджытæ æмæ критиктæ. Фæлæ «оригиналон» дæр алкæд иухуызон нæ вæййы. Чи ног рифмæтæ æрхъуыды кæны, чи ног ритмикæ «саразы». Уыдон дыууæ дæр хорз сты. Фæлæ ног арæзт рифмæтæ æмæ ритмикæ куы сиу вæййынц, бирæ хæттыты кæй фехъуыстам, ахæм хъуыдытимæ, уæд цæсты не сахадынц. Фесæфы оригиналондзинад. Ног хъуыды (нырма кæй никуыма бакастыстæм, ахæм), ног рифмæтæ, ног ритмикæ – гъе уый у оригиналондзинад. Уый бафтыдис Алыксандры къухы. Алы рæнхъ, алы строфамæ дæриу базылди сæрмагондæй. Арæх-иу æй бахъуыдис йе ‘мдзæвгæтæ цалдæргай хæттытæ «барувын».

Иухатт нæ редакцийы уыдысты Цæрукъайы-фырты æртæ æмдзæвгæйы сывæллæттæн. Автор нæм цалдæр цыды æрбакодта æмæ-иу алы хатт дæр йæ уацмыстæм исты ивддзинæдтæ бахаста. Мах дис кодтам, хорз куы сты, уæд сæ цæмæн ивыс, зæгъгæ. Алыксандр хъуыдыты аныгъуылд, стæй афтæ: «Дон бирæ цы зайæгой уарзы, ууыл дон цас фылдæр кæнай, уыйас рæз хуыздæр хæссы, хъæддыхдæр у… Афтæ æмдзæвгæ дæр: цас тынгдæр æм зилай, уыйбæрц аивдæр у… Уымæ гæсгæ мæ алы рæнхъыл дæр дæн æнувыд… Адæмæн сæ кæй фыссын, уый мæ хæсджын кæны. Адæм цы хæс сæвæрой, уымæн аргъ кæнын хъæуы».

Редакци-иу уæлдай тынгдæр базмæлыди, Хъайтыхъты Георгиу нæм куы фæзынди, уæд. Бирæ йæ уарзтам иууылдæр. Уый хорз æмбæрста йæхæдæг дæр æмæ кæддæриддæр нæ алкæмæн дæр рæвдауæн ныхас ардта. Дуарæй æххæст нæма ‘рбахызтаид, афтæ-иу йæ хæлар зæрдæйæ арæзт цыргъзонд цыппарræнхъонтæ æхсæрдзæнау ныккалдысты. Мах æхсæн дæр поэттæ уыдис, æмæ-иу уыдон Георæн йæхиуыл дæр истытæ афыстой. Ахæм рæстæджытæ-иу уыдис, æмæиу Хъайтыхъы-фырт æмæ редакцийы поэттæй искæй æхсæн рауадис æцæг поэтикон ерыс.

Геор нæ республикæйы Фыскджыты цæдисы сæрдарæй куы куыста, уæд-иу æй редакцийы кусджыты æмбырдтæм дæр æрбахуыдтам. Иу ахæм æмбырды дзырдта, Фыскджыты цæдисы правлени нæ литераторты фæллæйттæ хицæн чингуытæй мыхуыры уадзыныл куыд архайы, уый тыххæй.

– Мæнæ сымах редакцийы кусджытæй Хъуылаты Чермены чиныг уадзæм.

Чермен йæ сыхагмæ ныллæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Хæрæджы дымæг уадзут…

Геор ныхасы афтæ карз бацыд æмæ дын куы зæгъид:

– О, о, хæрæджы дымæг уадзæм!

Иууылдæр хъæрæй куы ныххудтыстæм, уæд Геор фембæрста, цы уавæры бахаудта, уый, фæлæ та къуырцдзæвæнæй рацæуынмæ фæцарæхст:

– Хъуылайы-фырт йæ чиныг афтæ схуыдта.

Фысджыты сæр-иу нæ уæлдай тынгдæр бахъуыди, бæрæгбæтты газеты номыртæ цæттæ кæнгæйæ. Иу ног азæй иннæмæ цыдæриддæр бæрæгбон уыдис, – бирæ уыдысты, – уыдоны кадæн уагъд номыртæй алкæцыйы дæр уыдис нæ фысджыты зонды æмæ къухы фæллой. Уымæй уæлдай алы аз дæр дыууæ-æртæ хатты фысджыты стыр къордтæй ærвыстам хъæутæм, колхозтæм, совхозтæм, ærзæткъахæнтæм, куыстуæттæм, æмæ-иу нын уырдыгæйты ærбаластой æнæхъæн номыры фаг ærмæг. Ахæм авторты фыстытæ дзыллæ стыр æхсызгонæн кастысты.

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег

ÆВЗАГ, КУЛЬТУРÆ ÆМÆ ÆГЪДÆУТТЫ АРТДЗÆСТ

Куыд редактор, афтæ æз фыццаг къахдзæфтæ акодтон Горæтгæрон районы газет «Фидиуæг»-ы. Уым банкъардтон æхсæнады домæнтæ муниципалон мыхуыры фæрæзмæ, базыдтон адæмы æргом сæм здахын.

«Рæстдзинад»-ы та ахуыр кодтон хистæртæн, фæлтæрдджын журналисттæн разамынд дæттын, газеткæсджытимæ ахастытæ аразыныл. Уымæн, æмæ ацы газет иннæтæй хицæн кæны – у ирон æвзаг, культурæ æмæ æгъдæутты артдзæст. Суанг йæ кæсджытæ дæр æндæр сты. Хистæр кары адæм – ирон æгъдаухалджыты ныхмæ чи архайы. Цавæрдæр фæрстыты фæдыл, чи зоны, æмæ семæ разы нæ уыдаин, фæлæ мæм аив дæр нæ каст хистæртимæ быцæу ныхас кæнын. Уæд-иу загътон: «Ныртæккæ дзурын куыд сылгоймаг нæ, фæлæ куыд редактор».

Фæрнджын та йæ уымæн хонын, æмæ газетæн йæ фæзындæй фæстæмæ алы азты редактортæ уыдысты Гæдиаты Цомахъ, Гулуты Андрей, Къосираты Сæрмæт, Брытъиаты Цæра æмæ Ирыстоны интеллигенцийы иннæ зынгæ минæвæрттæ. Нæ дугмæ хæстæгдæр редакцийы коллективæн разамынд лæвæрдтой Хъаныхъуаты Валодя, Хъесаты Валодя, Фидараты Булат.

«Рæстдзинад»-ы чи куыста æмæ кусы, уыдон сты цæстуарзон хистæртæ æмæ зæрдæргъæвд кæстæртæ. Цгъойты Хазби, Черчесты Хъасболат – цыфæнды хъуыддаджы фæдыл дæр уыдис семæ ауынаффæ кæнæн. Дзæнæтыбадинæгтæ Цомайты Ростислав, Малиты Хасан, Багаты Аврам, Дзуццаты Къоста удуæлдай куыст кодтой.

Уыимæ, рæзты фæндагыл цæуынæн хъæуы æрыгон автортæ, ног нæмттæ. «Рæстдзинад» кæй схъомыл кодта æмæ абон литературон журнал «Мах дуг»-æн æнтыстджынæй разамынд чи дæтты, уый у Хетæгкаты Оксанæ. Кæнæ Касаты Аслан – ирон æвзаг, литературæйыл иузæрдион, йæ алыварс цæуæг цаутæм къæрцхъус æхсæнадон архайæг. Гасанты Валери – алцы зонынмæ тырнæг, æдзух йæхиуыл кусæг журналист. Газеты æрмæджытæ чи кæсы æмæ йæ компьютерыл чи аразы, уыдоны хонын «фæсчъылдымы фронты

архайджытæ», уымæн æмæ цыфæнды хорз æрмæг дæр газеты фарсыл цæстуынгæ, аив æвæрд куынæ уа, уыимæ ма рæдыдтимæ, уæд йæ бакæсынмæ чи сцымыдис уыдзæнис…

Газетæн цавæр разамонæг уыдтæн, йæ историйы фыццаг редактор-сылгоймаг уæвгæйæ, уымæн дзыллæ – тæрхонгæнæг. Æмæ кæд æнтыстдзинæдтæ æфтыдис къухы, уæд æрмæстдæр уый фæрцы, æмæ мæ алыварс уыдысты «Рæстдзинад»-ыл иузæрдион æмкусджытæ. Мыхуыры фæрæзæн йæ алы номыр дæр у иумæйаг архайды бæркад.

Ныр нæ уарзон «Рæстдзинад» йæ сæдæ азы сæрты ахызтис. Ирыстоны алы хæдзармæ дæр фарны хабæрттæ хæссæд! Редакцийы абон чи фæллой кæны, сæ сæргъы Хозиты Барис, афтæмæй, уыдон сфæлдыстадон æнтыстытæй хайджын уæнт, бирæ сын бантысæд!

БИТАРТЫ Маринæ,
газет «Северная Осетия»-йы сæйраг редактор

КУЛЬТУРÆЙЫ СУАДОН – «РÆСТДЗИНАД»

Æнусы размæ ирон адæм райстой æвæджиауы лæвар – æнæрхъæцæй кæй фæзындмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы газет. Сæ мадæлон æвзагыл цæуæг газет. Йæ саразыны фæлтæрæнтæ уый размæ дæр уыд, фæлæ алы аххосæгтæм гæсгæ нæ фæрæстмæ сты. Ныр фæзынд æрвылбонон «Рæстдзинад». Йæхимæ æрбангом кодта интеллигенцийы æмæ дзыллæйы, фарны хабæрттæ хæссын райдыдта ирон хæдзæрттæм.

Аивта æви нæ абон йæ нысаниуæг? Цæмæ йæм æнхъæлмæ кæсынц ног фæлтæртæ? Фидæнмæ йæ ныфс цæмæй ис? Сног уыдзæн æви нæ, Гæдиаты Цомахъы номыл ын цы сæрмагонд преми уыд, уый? Чи у абон йæ сæйраг хъайтар? Æппæт ацы хабæрттыты тыххæй дзуры газеты сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис.

– Барис, «Рæстдзинад» кад æмæ радимæ сæмбæлд йæ 100 азы юбилейыл. Газеты историйыл хæрз цыбыр афæлгæст кæнгæйæ, фыццаджыдæр цы фæнысан кæндзынæ?

– Æнусы дæргъы «Рæстдзинад» йæ ном никуы аивта, йæ историйæ йын кæцыфæнды фæлтæр куы райсæм, уæд та нæ бон ранымайын у гъæйтт-мардзæ разагъды лæгты нæмттæ.

Газеты рауагъд афтæ бæрнон уыдис, æмæ йæ фæзындимæ сæйраг редактор нæ, фæлæ редакцион коллеги сæвзæрстой. Разамынд ын лæвæрдта Брытъиаты Цæра. Уый фæстæ æрбацыдысты Гæдиаты Цомахъ, Барахъты Гино, Къосираты Сæрмæт æмæ нæ литературæйы иннæ классиктæ.

Куы фæзынд, уæд та Ирыстон нæма уыд нæдæр автомон облæст, нæдæр автономон республикæ. Фæлæ дзы мыхуыргонд цыдысты, уыцы паддзахадон сконд саразынæн цы хъуыддаджы гæххæттытæ хъуыд, уыдон. Уымæ гæсгæ «Рæстдзинад» схонæн ис канд национ мыхуыры бындурæвæрæг нæ, фæлæ ма облæст æмæ республикæйы бындурæвæрджытæй дæр иу.

ХХ æнусы 30-æм азтæ тынг уæззау рауадысты куыд æнæхъæн бæстæйæн, афтæ нæ республикæйæн дæр. Уæд дыууæ хатты ахст

ærцыд газеты хуыздæр журналисттæй иу Дзесты Куыдзæг, бавдæлон ма йæ дæсны кусджытæй ноджыдæр кæмæйдæрты.

Уæдмæ та – Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Журналисттæй бирæтæ хъæбатырæй тох кодтой хæсты быдыры æмæ газетмæ ærмæджытæ дæр фыстой. Уæд сæвзæрд публицистикæйы ног диссаджы жанр: «Письмо фронтмæ» æмæ «Письмо фронтæй». Кочысаты Мухарбег æмдзæвгæ дæр ма ныффыста писмойы хуызы. Абон Мыхуыры хæдзармæ ærбацæуæны номарæн къæйтыл фенæн ис æдзард журналистты къамтæ.

Дарддæр – республикæ фæсхæст фæстæмæ йæ къæхтыл слæууын кæныныл архайд. Газет æвдыста адæмы хъазуатон куыст, йе ‘рмæджытæй сæ разæнгард кодта æнтыстытæм.

1980 – 1990-æм азты редакцийы куыстой тынг арæхстджын разамонджытæ. Хъаныхъуаты Валодяйы рæстæг газет хорзæхджынгонд ærцыд «Кады Нысан»-ы орденæй, Хъесаты Валодяйы рæстæг – Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийæ. Фидараты Булат æмæ Битарты Маринæ бацархайдтой редакци техникон æгъдауæй сифтонг кæныныл, куыстæн æндæр æмбæлгæ уавæртæ саразыныл.

– Куыд бæрæг кæндзыстут газеты юбилей?

– Архайдзыстæм нæ республикæйы Хицауады æххуысæй. РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг Цæриаты Валери нын сарæзта диссаджы сценарон пълан, æмæ уый бындурыл бæрæгбон хъуамæ сыræза Ирон театры. Уым хорзæхджынгонд ærцæудзысты редакцийы кусджытæ дæр.

Рухс фендзæн газеты тыххæй хуыздæр ærмæджыты æмбырдгонд. Уым ма бакæсæн уыдзæн нæ разагъды лæгты хъуыдытæ, абоны зиууæттыл фыст очерктæ. Уыдзæн дзы фыццаг хатт мыхуыргонд ærмæг æмæ стæм хатт æмбæлæг къамтæ дæр.

– Йæ рæстæджы газетæн уыд йæхи, Гæдиаты Цомахъы номыл преми. Уый сног кæнын дæр арфæйаг хъуыддаг уаид…

– Юбилейы фæлгæты ууыл дæр архайæм. Риуылдаргæ майдан æмæ æмбæлгæ æвдисæндары макеттæ нын скодта Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреаты майданы автор Джыккайты Мурат.

– Куыд дæм кæсы, газет куы фæзынд, уæд йæ нысаниуæг, абонимæ абаргæйæ, стырдæр æмæ ахсджиагдæр нæ уыд?

– «Рæстдзинад»-ы размæ нæ республикæйы æрвылбонон газет никæд цыд. Паддзахы заманы газеттæ хицæн хъæппæрисджын адæм уагътой, æмæ-иу сæм иудадзыг цæуæг мыхуыры оргæны фаг фæрæзтæ нæ разынд. «Рæстдзинад» та фæхайджын паддзахадон цæстæнгасæй, æмæ йæм Ирыстоны хуыздæр журналистты къорд æрбамбырд. Куысты уавæртæ дæр уыд, суанг газетæн йæхи типографийы онг (абоны Дзанайы-фырты уынджы 20-æм хæдзары). Чингуытæ дæр ма уагътой. Газеты цы фыстæуыд, уыдæттæ æндæр ран нæ бакастаис, æмæ йæ агуырдтой дунейы алы рæттæй, Амырычы кусæг ирæттæ та ма йын машинæ дæр балхæдтой. Абон дæр газетæн, æнæмæнг, стыр нысаниуæг ис, фæлæ йын йæ бартæй бирæтæ сæхимæ айстой телеуынынад, радио, Интернет.

– Куыдфæнды куы уа, уæддæр «Рæстдзинад» у ирон æвзаджы удылхæцджытæй иу. Разы дæ ацы хъуыдыимæ?

– Мæ размæ сæйраг редакторæй чи куыста, уый – Битарты Маринæ – «Рæстдзинад» схуыдта культурæйы суадон, æмæ уый раст у. Паддзахадон газет уыцы иу рæстæг у литературон, ахуырадон, политикон æмæ адæмон газет дæр. Æрвылбон бацæуы ирон бинонтæм, æмæ дзы ирон хабæрттæ кæсынц. Уый стыр хъуыддаг у.

Иннæрдыгæй та дзы мыхуыргонд цæуы ахуыргæнджытæн хъæугæ æрмæг. Ныртæккæ нæм ис, зæгъæм, Хостыхъоты Иринæйы методикон æрмæг райдайæн кълæсты ахуырдзауты зондамонджытæн.

Уæдæ комкоммæ æвзаджы тыххæй дæр бирæ æрмæг дæттæм. Нæ кусджытæ тырнынц уырыссаг æвзагæй ист дзырдтæй арæх ма пайда кæнынмæ, ирон халдих сын фæагурынц. Цас фылдæр ссарой, уыйас не ‘взагæн йæ дзырдуат кæны уæрæхдæр, арфдæр æмæ фылдæр. Рох дзырдтæй пайда кæнут, зæгъгæ дæр сын фæзæгъын. Ахæм дзырдæн йæ нысаниуæг къæлæтты йæ фарсмæ бацамон, æмæ æвзаджы дарддæр «цæрдзæн», пайда кæнын дзы райдайдзысты. Уæдæ газеты неологизмтæ дæр фæзыны. Уыдонæй дæр æвзаг хъæздыгдæр кæны. Дзырдуæттæ арасджытæн – ахъаззаг фæрæз. Фæстаг азты газеттæ рафæлдахæнт, æмæ дзы бирæ ног, сæ дзырдуæттæм бахæссыны аккаг дзырдтæ ссардзысты.

– Цы нысаниуæг ма ис уымæй уæлдай газетæн?

– Уадзæм сæрмагонд литературон фарс «Хурзæрин», адæмон сфæлдыстад æмæ истори æвдисæг «Ælутон», сывæллæттæн арæзт «Малусæг». Ноджы ма – «Нæ Иры фидæн», «Ærдз. Адæймаг. Экологи», «Куыд цæрыс, не ‘мзæххон, кæмдæр?», «Нæ уидæгтæ, нæ Ир, нæ бæстæ». Ацы фæрсты руаджы «Рæстдзинад» æрыгæттæн дæтты алы темæтыл сæ мадæлон æвзагыл дзурыны фадат. Уæдæ, нæ дуджы æвзаг куыд рæзыд æмæ ивта, уый дæр фидæны фæлтæртæ газеты ныртæккæйы номырты руаджы базондзысты. Иумæйагæй æппæт уыдæттæ сты нæ адæмы ном бахъахъхъæнынмæ бавæрæн.

– Адæм кæсгæ цас къаддæр кæнынц, уыйас къаддæр æргом здахынц газетмæ дæр. Фæлæ уæддæр ног æрыгон автортæ æмæ æхсæнадон уацхæсджытæ æнæ агургæ нæй. Æнтысы уын уыцы хъуыддаджы?

– Ирыстоны номдзыд хъæбултæй сæрыстыр стæм, æмæ сыл фыссæм. Нæхæдæг, редакцийы кусджытæ, æмæ, кæмæ фæсидæм, уыцы автортæ – ахуыргæндтæй райдай æмæ хуымæтæг адæмæй фæу. Алчи сæ иронау нæ зоны, фæлæ сын нæхæдæг се ‘рмæджытæ стæлмац кæнæм. Райсæм арфæйы ныхæстимæ фыстæджытæ, фæндиæгтæ, критикæ дæр. Алы хъуыды дæр нын тынг зынаргъ у. Иуæй, нæ куыст фæхуыздæр кæнынæн фæрæз сты, иннæмæй та, иугæр адæймаджы фыссынмæ цыдæр схойы, уæд ын мах та йе ‘рмæджытæ мыхуыр кæнæм. Афтæмæй газет сæрыстыр у йæ адæмæй, адæм – сæ газетæй, æмæ ма уымæй ахсджиагдæр нысан цы вæййы?!

Æнæ æхсæнадон уацхæсджытæй газетæн цард нæй. Ис, 40 – 50 азы дæргъы нæм чи фыссы, ахæм автортæ дæр. Зæгъæм, Кировы районы газет «Размæ»-йы бирæ азты дæргъы фæкуыста Къубалты Солтан. Ныр уым кусы йæ фырт Аркади, æмæ нæм дыууæйæ дæр фыссынц. Рахизфарсы районы нæ активон æххуысгæнæг у Хæмыцаты Раман, Алагиры районы – Фæрниаты Райæ, Мæздæджы районы – Челдыты Симæ æмæ районы газеты редакторы хæдивæг Бæзиты Ларисæ. Афтæ республикæйы æппæт районты дæр. Ærыгон автортæ се ‘хсæн, раст зæгъгæйæ, зæрдæйы фæндиаг бирæ нæй, фæлæ, чи фæзынд, уыдонимæ кусæм, нæхæдæг дæр сæ агуræм.

Цас фылдæр фæсивæд æрбангом кæнæм, уыйас газет дæр фылдæр адæм рафысдзысты. Гонорар фидыны фадат нын рагæй нал ис, фæлæ уæддæр æхсæнадон уацхæсджытимæ æмгуысты хъæздыг традицитæ сафынмæ нæ хъавæм. Мæ зæрдæ дарын, æрмæстдæр фылдæр кæй кæндзысты, ууыл.

– Йæ рæстæджы кæд Амырычы уæвæг ирæттæ газетæн машинæ балхæдтой, уæд ныртæккæ та йæ сæйраг æххуысгæнджытæ сты, йæхицæн æмæ йæ иннæтæн дæр чи рафыссы, уыдон…

– Адæмы удыхъæд фидар у, æмæ, газетæн цæмæй йæ цæст ма ахуысса, уый тыххæй йæ рафыссынц. Ацы хъуыддаджы не ‘ххуысгæнджытæй бирæтæ сæ кой кæнын дæр нæ фæуадзынц. Бирæ æххуысхъуаг адæмæн рафыссынц газет хуымæллæггаг Кæсæбиты Барис æмæ беслæйнаг Торчынты Хъазыбег. Дзæуджыхъæуы цæрæг амалхъом Хъæдохты Аркади газет рафыссы Алайнаг гимназы ахуыргæнджытæн æмæ сæ хъомылгæнинæгтæн. Нæ республикæйы раздæры сæргълæууæг Битарты Вячеслав ахæм лæггад бакæны ветерантæн. Ис ма ноджы уыдонау ныл æнувыд адæм, æмæ се ‘ппætæн дæр стыр бузныг!

Битарты Вячеславы хардзæй ма ЦИПУ-йы журналистикæйы ирон хайады ахуыр кæнынц 15 студенты. Уыдон мах, нæ литературон журналты æмæ районты газетты, фидæн сты, æмæ уый дæр кæуылты æххуыс у!

– Алы рæстæгæн дæр йæхи хъайтартæ ис. Советон дуджы «Рæстдзинад» ахæм хъайтартыл нымадта, сæйрагдæр, хуымæтæг фæллойгæнджыты. Абон та фылдæр кæуыл æмæ цæй тыххæй фыссы газет?

– Махæн ныртæккæ сæйрагдæр у æцæг ирон адæймаг. Лæгдзинадæй ирон чи у, уый – нæ сæйраг хъайтар! Ахæмтæ сты, зæгъæм, йæ ныхасæн аргъ кæмæн ис, хъæубæсты уыцы хистæр, адæмæн зæхх сæ дарæг кæй у, уый æвдисæг хуымæтæг фæллойгæнæг, фæсивæды раздзæуæг. Кæнæ Фыскджыты цæдисы уæнгтæ. Уыдоныл дæр стыр бæрнондзинад æвæрд ис, сæ адæмы цæсгом сты. Фæлæ сæ уавæртæ – къуындæг, зонды фæрæз æмæ фæлтæртæ хъомылгæнæг чингуытæ фыссынц, уадзæг та сæ нæй. Бæргæ, Мæрзойты Тамерланы хуызæн æххуысгæнджытæ сын куы уаид… Уый цалдæр хъæугæ чиныгæн

рухс фенын кодта, йæхицæн дзы авторы арфæйы ныхас фæнысан кæнын дæр нæ бауагъта, афтæмæй. Уый уымæ гæсгæ зæгъын, æмæ ахæм адæм дæр сты газеты абоны хъайтартæ. Дзуræм сыл, цæмæй сæ иннæтæ дæр бафæзмой, уый тыххæй. Цыбыр дзырдæй, стыр æргом здахæм, лæджы ном, лæджы худ æмæ лæджы кад чи хæссы, ахæм адæймæгтæ хъомыл кæнынмæ.

– Хæстæгдæр фидæны газеткæсджыты зæрдæтæ цæмæй барухс кæнинаг стут?

– Ацы аз сæ юбилейтæ сты нæ номдзыд инæлартæ Плиты Иссæ, Хетæгкаты Георги æмæ Мамсыраты Хаджумарæн. Фæлæ ма семæ иу аз райгуырд иннæ инæлар Бериты Михал дæр – денджызы уæлцъар чи æрбады æмæ уырдыгæй фæстæмæ чи стæхы, ахæм хæдтæхджытæ аразæг. Гъемæ уыдонæн сæхи æмæ ма сæ хъæубæсты тыххæй дæр нæ газеткæсджытæн радзурдзыстæм. Нæ фысджытæй бирæтæн, уыимæ, цыппар инæларимæ иу аз райгуырæг Гæздæнты Гайтойæн дæр, уыдзæн юбилейтæ, æмæ сæ рæзты нæ ахиздзыстæм.

Уæдæ иннæ аз, Уæрæсейы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, нæ паддзахады бæрæггонд цæудзæн Республикæ Цæгат Ирыстоны сæвзæрды 100 азы бон. Сæрмагонд пълан скодтам, æмæ уый фæлгæты ныммыхуыр кæндзыстæм бирæ цымыдисаг æрмæг. Уыцы историон цаумæ æвæрæн чи бахаста, сæ ахæм хæстæг-хионты тыххæй нæм фыссæнт газеткæсджытæ дæр. Æмткæй райсгæйæ, «Рæстдзинад»-ы фæрстæ уыдзысты тынг хъæздыг æмæ бæркадджын!

– Барис, газеты кусгæ рагæй нæ кæныс, фæлæ йемæ æнгом баст дæ æрыгоны бонтæй фæстæмæ. Кæй æрымысыс арæхдæр, кæимæ дзы базонгæ дæ, йæ уыцы кусджытæй?

– Абоны фысджытæ Хохойты Энвер, Колыты Витали æмæ Хадыхъаты Фатимæимæ æмкурсонтæ уыдыстæм, æмæ «Рæстдзинад»-мæ æдзух фыстам, ЦИПУ-йы студенттæ куы систæм, уæдæй фæстæмæ. Аудыдта ныл газеты культурæйы хайады уæды сæргълæууæг Цæгæраты Гиго. Университет каст фæуыны фæстæ ахуырмæ ацыдтæн Бетъырбухы университеты журналистикæйы факультетмæ. Фæуд æй кодтон, афтæ мæ нæ телеуынынады раза-

монæг Ægъуызарты Æхсарбег йæхимæ кусынмæ хонын райдыдта. Æфсæрмытæгæнгæ йын бамбарын кодтон, мæ зæрдæ мыхуыræн лæвæрд кæй у. Нæ мæм фæхæрам, йæ къух мыл нæ ауыгъта, фæлæ бадзырдта «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодямæ æмæ йын загъта, цæмæй мæ куыстмæ райса. Уый дæр цæстуарзон хистæр уыд. Афæдзы ‘рдæг акуыстон агитаци æмæ пропагандæйы хайады (йæ сæргълæууæг Хуыгаты Валодяйæ дæр бирæ хорз ныхæстæ зæгъын мæ бон у), стæй ацыдтæн Бетъырбухмæ аспирантурæмæ. Нæ разамонæг ма мын фæндаггаг дæр бафыста æмæ загъта: «Уым бирæ хорз ирон адæм ис, æмæ нæм уыдоны тыххæй фысс». Фыстон, æрмæг æрвыстон, æмæ афтæмæй дыууиссæдз азæй фылдæр уыдтæн æхсæнадон уацхæссæг. Уыимæ, редакцийы кусджытау æрмæджыты пълан æххæст кодтон *(худы)*. Уæдæ мæм газеты уый фæстæйы разамонджытæ дæр хорз цæстæй кастысты, æмæ фыссынмæ разæнгард уыдтæн.

– Зæгъæм, «Рæстдзинад»-æн дын иу цавæрдæр хорзæх ракурыны фадат ис алæмæттаг тыхтæй. Цы сæ ракурис?

– Газеты æрыгонæй кæимæ куыстон, уыдон иууылдæр уыдысты фæрнджын адæм. Райгасгæнæн сæ нал ис, фæлæ мæ фæнды, цæмæй сæ фарн «Рæстдзинад»-мæ раздæха æмæ газеты фарн сбæрзонд кæна! Фарн кæм уа, уым алцыдæр уыдзæн.

– Национ æвзæгтыл цæуæг мыхуыры оргæнты фидæн куыд уыныс?

– Алцыдæр нæхицæй аразгæ у. Фидарæй мæ уырны, национ æмæ, бæлвырдæй, ирон мыхуыræн хорз фидæн кæй ис.

Уæвгæ та цалдæр азы размæ Дагестаны уыдтæн национ мыхуыры оргæнтæн арæзт стыр æмбырды. Уым банкъардтон, сæ зындзинæдтæ махимæ иухуызон хъуыддæгтимæ баст кæй сты – кадрты фарста, тираж æмæ национ идейæ.

Фæлтæрты бастдзинад фидар кæныныл архайæм – ис нæм хистæр, астæуккаг кары кусджытæ æмæ æрыгæттæ дæр.

Тиражы хабар та афтæ у, æмæ Уæрæсейы пост газет рафыссыны аргъыл æдзух æфтауы, адæмæн æй сæ хæдзæрттæм та арæх, куыд æмбæлы, афтæ нæ хæссы. Нæ горæты ма газеттæ æмæ журналтæ уæйгæнæн киосктæ бирæ куы уыд, уæд æй уыдоны адæм сæ хæ-

дзæрттæм æввахс ран дзæвгар асламдæрæй фыстой, ныр сын уыцы фадат дæр нал ис. Нæ Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитет киосктæ сног кæныныл архайы. Куы йын бантысид, уæд уый нæ тиражыл дæр хорзæрдæм фæзынид.

Национ идейæйы тыххæй та афтæ зæгъдзынæн. Алантæ махæй бирæ фылдæр уыдысты, фæлæ æнæхъæн дунейыл ныппырх сты, æмæ Ирыстон ныггыццыл. Хъæуы нæ, фыдæлтæй ма нын цы зæххытæ баззад, уыдоныл арф уидæгтæ ауадзын. Æмæ мах нæ алы æрмæджы дæр хъуамæ дзурæм нæ национ идейæйы сæйраг фарстайыл – Ирыстоны иудзинадыл. Дуне змæлы, æмæ, цæмæй, куыд адæмыхатт, афтæ нæхи бахъахъхъæнæм, уый тыххæй дыууæ Ирыстоны хъуамæ баиу уой. Йæ зæрдæйы ирон туг кæмæн цæуы, уый ууыл хъуыды кæны. Фæлæ, Плиты Грисы загъдау, фыццаг уал баиу уæвын хъæуы зæрдæтæй. Гъемæ нын Хуыцауы цæст бауарзæд зæрдæтæй, уый фæстæ та арæнтæй дæр баиу уæвыны амонд…

– Цæрæд уæдæ «Рæстдзинад», ноджы ма æнусты дæргъы ирон адæмæн культурæйы суадон уæд!

Ныхас ныффыста
ТЪЕХТЫ Тамерлан

«РÆСТДЗИНАД» ХУДЫ

МАМСЫРАТЫ Мурат

ХУЫНЫ ТÆБÆГЪ

«Рæстдзинад»-мæ 1965 азы августы бацыдтæн кусынмæ, уымæй размæ та йæм æхсæз азы дæргъы фыстон куыд æхсæнадон уацхæссæг. Иучысыл къам исын дæр зыдтон.

Фæлтæрдджын æмæ фæрнджын хистæртæ, хæларзæрдæ æмгæрттæ æмæ кæстæртæ баййæфтон редакцийы, хорз ирон адæм. Ноджы ма – хъæлдзæг. Куыд хъæлдзæгæй, зæрдæрайæ куыстам, уый иуцалдæр цауæй равдисдзынæн.

Сæрдыгон-иу куысты райдайæнæй сахат раздæр бирæтæ редакцийы дуармæ æрæмбырд сты æмæ хъазæн, хъæлдзæг ныхас кодтой. Нæ хистæртæй иу, æгъдауджын, кадджын лæг уæвгæйæ, уыдис тынг мæстыгæр. Гъемæ-иу æй истæмæй ракъахтой – ныхъхъæртæ, ныффуттытæ-иу кодтаид, æмæ-иу уый фæстæ худтысты.

Æвæццæгæн, иу афæдз бакуыстон, афтæ бафиппайдтон, уыцы лæгимæ (дарддæр æй хондзынæн Хистæр) иу уаты кусын кæй никæй фæндыд, уый. Уымæн æмæ, дам, афтæ уарзта, цæмæй йын йе ‘мкусæг кæстæр иудадзыг лæггад кæна, мæнæ ирон фынджы æгъдауы куыд у, афтæ. Загътаид дын: «Кæстæр дæ æмæ мын, марадз, дуканийæ хъæрмæдон æрбадав». Науæд искуыдæм цæуы, уæд дын бафæдзæхстаид, телефонмæ дæ хъус дар æмæ мæм чидæриддæр дзура, уый фысгæ кæн, зæгъгæ. Æмæ хистæрæн лæггад кæнын хорз у, ай-гъай, фæлæ ма-иу кæстæры кусын дæр хъуыди.

Иухатт æз дæр бахаудтæн уыцы «къалатийы». Отпускæй куы ‘рбаздæхтæн, уæд мæм редактор фæдзырдта æмæ афтæ зæгъы, де стъол, дам, Хистæры уатмæ бахæсс, ныр уыимæ кусдзынæ, редколлеги, дам, ахæм уынаффæ рахаста.

Бæргæ бамбæрстон, цавæр «редколлеги» уыдис, уый (кæрæдзийæн-иу хъазгæйæ ахæм фыдмитæ дæр кодтам), фæлæ цы гæнæн уыд. Æз отпусчы куы уыдтæн, уыцы рæстæг та Хистæрæй чидæр фæлыгъд, иунæгæй баззад æмæ æмбырды дзырдта, нæ, дам, æххæссын, æмæ мын æмбал раттут.

Саг фæрæтмæ æрцыди, зæгъгæ, Хæблиаты Сафар, Мæхæмæтты Ахуырбег, Дзасохты Музафер сусæгæй аныхас кодтой æмæ мæнæй

æппæлын систой (бараей, иумæйаг ныхæстæй), уым, дам, Муратæй хуыздæр ничи сарæхсдзæн, ныронг дæр уый бынат уыдис. Ноджы ма хистæртæй Бутаты Тотырбег æмæ Гуыбаты Чермен дæр загътой мæ «арæхстдзинады» тыххæй æмæ тæрхъусы арсы къалатимæ баппæрстой.

Уыдонæн худыны хос, фæлæ мæн исты æрхъуыды кæнын хъуыди мæ бегарайæ фервæзынæн. Æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: Хистæры истæмæйты тыхсын кæндзынæн, цæмæй йæхæдæг зæгъа редакторæн, мæнæй уый ахъуытты кæнут, зæгъгæ. Гъемæ раст фыццаг бонæй райдыдтон. Раздæры азты газеттæ ме стъолыл æрæвæрдтон, сабыргай сæ фæлдахын. Мæхи фыст уацхъуыд дзы куы ссарын, уæд, цыма мæхæдæг мæхицæн дзурын хинымæр, уыйау, фæлæ хъæрæй фæзæгъын: «Уæллæгъи, тыхджын, курдиатджын журналист дæ, Мурат! Куыд цыргъзонд фыст кæныс! Æниу къамтæ та куыд ænахуыр мидисджын сты!»

Афтæ фæбадтæн фыццаг бон, мæхицæй æппæлгæйæ. Хистæр та, мæгуырæг, гъæйттæй «хуым кодта», газетмæ æрмæг цæттæ кодта. Аивæй-иу æм бакастæн, æмæ – фыр мæстæй сырх-сырхид, сræмудзынмæ йæ бирæ нал хъуыди.

Дыккаг бон дæр сихормæ зæронд газеттæ фæфæлдæхтон, «хинымæр», ома, ме ‘мкусæгмæ куыд хъуыса, афтæ мæхицæй æппæлгæйæ. Фæссихор дæр та уыцы «куыстыл» куы ‘рбадтæн, уæд Хистæр йæхи нал баурæдта (æвæццæгæн, мæгуыр, хъуыды кодта: «Ай æрмæст æрра нæ, фæлæ ма æдзæсгом дæр куы у!»), ме стъолыл мын нæ хайады æртæ мæйы куысты пълан æрæвæрдта æмæ загъта:

– Мæнæ æркæс, цытæ дæм дзы хауы, уымæ, æмæ æххæстгæнинаг сты.

– Уый æмбарын, – загътон æз, – фæлæ йæ куыддæр хуызы загътай... Хайадæн нæ хицау чи у?

Лæг ахъулæттæ, рафыхти, исдугмæ фыр мæстæй йæ бон сдзурын нал уыдис, стæй мын æппынфæстагмæ загъта:

– Æз ныртæккæ мæнæ дуар куы æрæхгæнон æмæ дын дæ ных тымбыл къухæй куы «ныффу» кæнон, уæд æй бамбардзынæ, хицау чи у, уый! Ау, æз дæ фыды карæн куы дæн, уæд мæм ахæм ныхас куыд бауæндыдтæ?

Хатыр дзы ракуырдтон, мæ ныхас, зæгъын, аив нæ рауадис, фæлæ æмбырдты мæ уацхъуыдтæй феппæлынц, æмæ афтæ бамбæрстон, хайад фæстæзад, лæмæгъ у, æмæ йæ цæмæй размæ ракæнон, уый тыххæй мæ æрбарвыстой. Дæ хорзæхæй, зæгъын, макæмæн схъæр кæн, цы загътон, уый.

Лæг йæ бынаты сбадти, æз та зæронд газеттæ бафснайдтон æмæ нæ куысты пълан кæсын байдыдтон.

Хистæр æрсабыр, фæлæ, æвæццæгæн, фыр мæстæй йæ бон фыссын нæма уыдис. Сыстад, тыргъмæ ахызти. Уый фæстæ мын не ‘мкусджытæ худгæйæ дзырдтой, уæттыл, дам, зылдис Хистæр æмæ тынг мæстджынæй хъаст кодта мæнæй: «Уыцы къулбадæг мын хуыздæрæн афтæ зæгъы, æз, дам дын хицау уыдзынæн!»

...Бирæ алыхуызон хъуыддæгты фæдыл цыдысты адæм редакцимæ, æрбахастой-иу сæ хъаст дæр. Æмæ нæм иубон æрбахызт ацæргæ сылгоймаг – æдзæллагхуыз, цыдæр чъизи дарæсы. Æз дуаргæрон бадтæн, бамбæрстон, «уазæг» сæ хæрзтæй кæй нæу, уый, æмæ йын цæстæй Хистæрмæ ацамыдтон, уымæ бацу, зæгъгæ. Уый йæ фыссыны куыст кодта. Уæд ус йæ чъизи къаба суанг йæ астæумæ схъил кодта æмæ дзуры: «Дæумæ æрбацыдтæн, дæумæ. Мæ лæг изверг у, – æмæ йæм йæ агъд æвдисы. – Мæнæ мæ къахæй куыд сцавта!»

Хистæрæн гæнæн нал уыд æмæ йæм скаст. Сылгоймаджы астæумæ гомæй куы ауыдта, уæд ыл схъæр кодта: «Уый мæн ницæмæн хъæуы, дæ къаба æруадз! Æз хирург нæ дæн! Мæнмæ цæмæн æрбацыдтæ?»

Æз мæхи тыргъмæ райстон. Чысыл фæстæдæр уыдон дæр рацыдысты. Сылгоймаг асинтыл дæлæмæ фæраст хъуырхъуыргæнгæ, Хистæр та тыргъы йæ хъæрæй арыдта: «Ай æррадон нæу?! Æрбацыд æмæ мæм йе ‘нæхсад агъд æвдисы!»

...Томайты Мисурхан «Рæстдзинад»-ы иучысыл куы акуыста, уæд стыр хуын æрбаласта, мæ ног куысты бынатæн мын бакувут, зæгъгæ. Редакцийы фынгтæ аразæн нæ уыдис, æфхæргæ кодтой уый тыххæй, æмæ æндæр ранмæ ацыдыстæм, фæминас кодтам, уæдæ цы уыдаид. Фæлæ уыцы бон Хистæрмæ цыдæр профцæдисон кусæг бæрæг кæнынмæ æрцыди (профкомы сæрдар дæр уыдис Хистæр), æмæ йын немæ рацæуыны фадат нæ фæци, зонгæ дæр нæ бакодта хуыны хабар. Уый фæстæ йын æй куы радзырдтой, уæд ныффуттытæ кодта, ай, дам, уæ быныхъæр куы рацыди, æмæ йæ куы нал æмбарут. Хæрдыл, ноздыл нæ уыдис йæ маст, фæлæ æнæ хистæрæй (кармæ гæсгæ) куыд бахордтой хуын!

Æвæццæгæн, иу къуыри фæхъуыр-хъуыр кодта афтæ, стæй уæд банцад. Махмæ та-иу худæг касти, æмæ куынæуал загъд кодта, уæд та йын æй йæ зæрдыл æрлæууынвæнд скодтон. Иубон ын къæмдзæстыг æмæ сагъæсхуызæй загътон:

– Уæллæгъи, уыцы хуын мæ фарсыл нæ бахæцыд, не ‘ппæты хистæр уæвгæйæ дзы ды нæ фæдæ, æмæ уæдæй нырмæ сагъæс кæнын. Гъемæ дзы дæ ном дæр цæмæй исты хуызы райхъуыса, уымæн, мæнмæ гæсгæ, ахъаззаджы фадат ссардтон...

Лæг, æвæццæгæн, ахъуыды кодта, кæд ма хуынæй исты аззади, зæгъгæ, æмæ мæ фæрсы, цавæр фадат, дам, у?

Хуыны тæбæгъ, зæгъын, афтидæй нæ фервитынц, уый зоныс. Гъемæ иу-дыууæ килæйы хорз къафеттæ куы балхæнис, уæд, хистæры номæй, зæгъгæ, тынг сфидауиккой тæбæгъы...

Уый дын айхъуыста, цы: асырх Хистæр, фæгæпп кодта йæ бандонæй, тыргъмæ разгъордта æмæ мæстыйæ дзуры, мæнмæ амонгæйæ: «Мæнæ фæсивæд сæ цæсгом куыд бахордтой, куыд ницыуал æмбарынц! Кæйдæр хуын йæхи хуызæн босинкатимæ (босяк босинка хуыдта – М.М.) хæргæ уый бакодта, къафеттæ та мæнæн ælхæнын кæны!»

Иуцасдæр рæстæг рацыди, афтæ та бадæм нæ кусæнуаты, фыссæм цыдæртæ. Хинымæр хъуыды кæнын, куыдæй «баздухон» Хистæры, зæгъгæ, стæй йæм уæд сагъæсхуызæй дзурын:

– Ды царды мæнæй фылдæр федтай, æмæ хуыздæр кæй бафæрсон. Дохтыртæм дæр уыдтæн, фælæ мын нæ иртасынц мæ низ.

– Æмæ цы кæныс, цы? – фæрсы Хистæр.

Æнæраст, хæрам хъуыддæгтæ, зæгъын, бирæ ис царды. Мæнæ махмæ дæр цас хъæстытæ æрбацæуы! Гъемæ истæуыл куы смæсты вæййын, уæд мæм карчы фыд хæрын æрцæуы...

Йæ кæсæнцæстыты сæрты мæм иуцасдæр фæкасти æнæ дзургæйæ. Æвæццæгæн, мæгуыр, хъуыды кодта, ай сæрра æмæ ныртæккæ ныммехъ кæндзæн.

– Нæ зонын, цы дын схос кæнон, дохтыртæй дæсныдæр нæ дæн, – загъта фæстагмæ Хистæр. Чысыл ма абадти, стæй сыстад æмæ тыргъмæ ахызти.

Уый фæстæ мын дзырдтой, хайæдты разамонджытæй цалдæры æмæ партордjы, дам, редакторы уатмæ бакодта æмæ сын стыр сагъæсхуызæй дзырдта, ацы лæппуйæн, дам, йæ сæр цыдæр кодта, æз та дзы газеты кусæг саразинаг уыдтæн. Уыдон æй, ай-гъай, зыдтой мæ «низ», сæ худын тыххæйты урæдтой. Уый фæстæ мын æй дзырдтой. Афтæ, дам, загъта Хистæр, æз алы бон дæр смæсты вæййын æмæ ныр кæрчыты фермæ саразон?

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

«РÆСТДЗИНАД»

100 азы





«Рæстдзинад»-ы кусджытæ. 1930 аз. Галиуæрдыгæй рахизæрдæм: фыццаг рæнхъы – Медойты Надя, Кодзырты Гибло æмæ Джиоты Поли; дыккаг рæнхъы - Бæдоаты Хъазыбег, Брытъиаты Созырыхъо, Галаты Степан, Лекъты Гамбол, Гозымты Габо (редактор), Лезгинцев (ном бæрæг нæу) æмæ Булацаты Сергей; æртыккаг рæнхъы – Хуытъинаты Дæдæкка, Дзесты Куыдзæг, Сихъоты Алыксандр, Моргуаты (ном бæрæг нæу) æмæ Дулаты Х.



Редакцийы кусджытæ. 1958 аз



Редакци æмæ типографийы кусджытæ



Цихиты Мæирбег, Хостыхъоты Зинæ, Гагкайты Дзибис,
Дзасохты Музафер æмæ Уырымты Петка



«Рæстдзинад»-ы кусджыты фембæлд Андиаты Сосланимæ



Фембæлд Кучиты Юриимæ



Хъесаты Валодя, Берозты Темырболат, Цыбырты Людвиг
æмæ Исаты Мæхæмæт



Галазты Æхсарбег, Ольгæ Вышлова, Бирæгъты Юри æмæ Хъесаты Валодя



Фæлладуагъды рæстæг Майрæмададжы. 90-æм азты



Хъаныхъуаты Валодя æмæ Болгарийы адæмон газет «Нова Светлина»-йы редакторы хæдивæг Колев Дæргъæвсгомы



Мæхæмæтты Ахуырбег æмæ Цæрукъаты Валодя сфæлдыстадон балцы Болгарийы Адæмон республикæйы



Рахизæрдыгæй галиуæрдæм: Малиты Хасан, Касаты Батрадз, Цгъойты Хазби æмæ Хъаныхъуаты Валодя



Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон преми дæттæн бон.
Лауреаттæ æмæ къамисы уæнгтæ. 2000 аз



Гæззаты Валери, Уататы Бибо æмæ Хъесаты Валодя



Редакцийы цардæй



«Рæстдзинад»-ы раздæры редактор Фидараты Булат



«Рæстдзинад»-ы уазæг – инæлар-булкъон Суанты Станислав. 2018 аз



«Рæстдзинад»-ы 95 азы юбилей бæрæг кæнгæйæ. 2018 аз. Цъæй



Мадæлон æвзаг бахъахъхъæныны фарстаты фæдыл дунеон конференци «Рæстдзинад»-ы 95 азы юбилейы фæлгæты



Газеты кусджытæ сæ редактор Хозиты Барисимæ



«Рæстдзинад»-ы 95 азы юбилей бæрæг кæнгæйæ



«Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор Хозиты Барисы фембæлд
«Иры Стыр Ныхас»-ы уæнгтимæ



Хозиты Барис, Ходы Тамерлан æмæ Багаты Аврам



«Рæстдзинад»-ы коллектив. 2023 аз



Касаты Батраз, Хозиты Барис æмæ Сланты Аслан æвæрынц дидинджытæ Гæдиаты Цомахъы ингæныл



Ныхас газеты радон номырыл

Иннæ хатт та мын редакторы хæдивæг Мылыхуаты Заретæ – уæздан, сабыр, зондджын сылгоймаг цыдæр бабар кодта, Хистæр уым нæ уыди, афтæмæй. Куы ‘рбацыд, уæд мæхи хъуырхъуыргæнæг скодтон: «Уæллæгъи, нал æмбарын, мæ хицау ды дæ æви Заретæ у, уый...» Хистæр балæбурдта æмæ сылгоймагæн дæр, редакторæн дæр алывыд акалдта, мæнæй уымæй, дам, кусæг саразинаг уыдтæн, фæлæ йæ уæхæдæг халут, æмæ йæ ныр ахъуытты кæнут мæнæй.

Афтæ ахицæн мæ бегарайы хæс. Мæ фæстæ та дзы бахаудтой Басаты Хъазыбег, Уалыты Лаврент æмæ Ælборты Хетæг. Мадзура Лаврентыл чидæр æрымысыд: «Раджы уæйыгмæ лæскъдзæрæн иу къуыдайраг цард...»

Ацы хабæрттæ кæсгæйæ, исчи зæгъдзæн, адон кусгæ нæ кодтой, фæлæ хынджылæг. Æмæ раст нæ уыдзæн. Уыдон уыдысты хæлар æмкусджыты, æцæг ирон адæмы чысыл къорды митæ. Газет дæр нывыл цыдис, хъазæн миты руаджы куыстæй тыхсгæ дæр нæ кодтам, бахъуаджы сахат та кæрæдзийыл уарзон бинонтау æнувыд уыдыстæм. Уый тыххæй æрхæсдзынæн ахæм дæнцæг. Гагкайты Дзибис йæ мад Залиханæн иунæг фырт уыдис. Дзибис низæй амард, зæронд ус иунæгæй баззад. «Рæстдзинад»-ы хистæртæй чидæр фæндон бахаста: «Залихан цалынмæ цæра, уæдмæ-иу ын, йæ фырт цы мызд иста, уыйас æхца алы мæй дæр æхсæны æрæмбырд кæндзыстæм æмæ бахæсдзыстæм». Ома, дæ иунæг хъæбул – нæ уарзон æмбал – не ‘хсæн нал ис, фæлæ йæ ном нæ зæрдæты цæрдзæн, дæуæн та мах фырттау уыдзыстæм. Æмæ нæ дзырд сæххæст кодтам...

ХЕТÆДЖЫ ЦЫРГЪЗОНД НЫХÆСТÆЙ

Ælборты Хетæг бирæ азты дæргъы фæкуыста газет «Рæстдзинад»-ы бæрнон секретары хæдивæгæй. Зындгонд уыд йæ парахат зæрдæ æмæ цыргъзонд ныхасæй. Гъемæ иуафон йе ‘мкусджытæй иуæн сагъæсгæнæгау бакодта:

– Отпусчы уыдзынæн, æмæ, газет куыд цæудзæн, нæ зонын…

– Уал азы дæ размæ дæр цыд æмæ ænæ дæуæй дæр цæудзæн.

– О, æз куыд цæуын, афтæ! (Къуылых кæй уыд, уымæ гæсгæ загъта).

* * *

Куысты цы ивддзинæдтæ ‘рцыд, уыдоны фæстæ Хетæгæн бамбарын кодтой, ныр та кæй «дæлбар» уыдзæн, уый. Йæ дзуапп уыд ахæм:

– Я подчиняюсь только хорошим мыслям и хорошим предложениям от слабой половины человечества!

* * *

Х. æппæлæгау загъта:

– Хетæджы газеты макеттæ кæнын æз сахуыр кодтон!

– Омæ Державин та Пушкины схъомыл кодта, уæдæ куыд вæййы! – загъта Хетæг æмæ иуцасдæры фæстæ бафтыдта: – Короленко та Горькийæ, фыссæг дзы нæ рауайдзæн, зæгъгæ, загъта, фæлæ ныр, сæ дыууæйæ лæгдæр чи у, ууыл ахъуыды кæнын хъæуы…

* * *

Бæройты Сафар загъта:

– Зæрæдтæ стæм ныр, Хетæг.

– Зæронд уаиккам, если бы могли себе это позволить…

* * *

Хетæджы бафарстæуыд:

– 1944 азы гуырд куы дæ, уæд дæ фыд хæсты куыд фæмард?

– Ам хæстæг хæцыдысты, æмæ суад. Сæр скæнын ын бантыст, къæхтæ – нæ. Фæстæмæ тагъд кодта. Уæд цавæр у – цы кæныс, уый хуызæнæн ма скæн…

* * *

Хетæг йæхицæй загъта:

– Фыдуынд, къуылых, ныллæг, гуыбырсин… Хорз æмæ ма мын Хуыцау сæрыхъуын радта, æндæр дæ фыдгул мæнмæ æрбакæсæд…

НАТАЛЬЯ КУЛИЧЕНКО: 60 АЗЫ



(1963)

Æдзух, мæ хур, дæ зæрдыл дар:
Дæ удмæ ‘фхæрдæн мæкуы гом кæн дуар.

РАЙСОМЫ ХÆРЗСЫГЪДÆГ РУХС

Поэт, тæлмацгæнæг, журналист, библиотекæйы кусæг, Уæрæсейы профессионалон литераторты цæдисы уæнг Наталья Куличенко чингуытæ æмæ поэзиимæ йæ цард сбаста, йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ. Йæ мысинæгты куыд зæгъы, афтæмæй йыл авд азы куы цыд, уæд сæ хæдзары ссардта йæ мады боныг. Уым алыхуызон æмдзæвгæтимæ уыд сæрмагондæй йæ мадæн фыст æмдзæвгæйы рæнхъытæ. Сæ автор – поэт Боциты Юри. Чызджы зæрдæмæ фæцыдысты, æмæ йæхæдæг дæр фæлварын райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын.

Æнафонтæм-иу баззад фыссæн стъолы уæлхъус. Уый тыхсын кодта йæ ныййарæджы, æмæ йæ нал уагъта æхсæвыгæтты бадын. Фæлæ саби нæ саст, сусæгæй дарддæр архайдта поэзийы йæхи фæндæгтæ агурыныл.

Иубон æй йæ мад акодта йе ‘мдзæвгæтимæ редакцимæ. Уым фембæлдысты Боциты Юри æмæ йе ‘мбал Хæблиаты Сафаримæ. Мад сæм равдыста æмдзæвгæтæ. Йæхинымæр та хъуыды кодта, кæд ын ацы хистæртæ зæгъиккой, нæ бæззынц, зæгъгæ, æмæ ныууадзид йæ дзæгъæлы фыдæбон. Редакцийы кусджытæ бакастысты æмдзæвгæтæ, загътой, хорз кæй сты, æмæ йæ дарддæр фыссын кæй хъæуы.

«Уæдæй фæстæмæ мæ мæ мад никуыуал бакъуылымпы кодта. Сæрмагондæй æмдзæвгæ фыссыныл никуы æрбадтæн, фæлæ-иу мæ хъуыдыйы, мæ зæрдæйы цы фæзынд, уый-иу уайтагъд афыстон». Афтæ райгуырд йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Акварельки», йæ фæстæ – «Провинциальная сюита», «Белый ангел над Россией» æмæ æндæртæ. Куыдфæстæмæ ирдæй-ирддæрæй хæлд Натальяйы курдиат.

Ирон æвзагæй уырыссагмæ ратæлмац кодта Джусойты Нафийы, Хъазиты Мелитоны, Хохойты Энверы, Дыгъуызты Тенгизы, Хетæгкаты Оксанæйы, Бызыккаты Земфирæйы, Габолаты Зауырбеджы, Касаты Асланы, Баситы Зæлинæйы уацмыстæ.

Наталья у республикæйы Национ наукон чиныгдоны поэтикон къорд «Чай клуб»-ы разамонæг. Ам æрбамбырд кæны фæсивæды, æмæ уыдон фæкæсынц сæ ног æмдзæвгæтæ, поэзийы рæсугъд æнкъарæнтæй агурынц фæндæгтæ царды бæрзæндтæм.

Æрæджы нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло Наталья Куличенкойы схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы Адæмон поэты номæй.

Абон Наталья у «Мах дуг»-ы уазæг.

Наталья КУЛИЧЕНКО

ДЕ ‘РВХУЫЗ ЦÆСТЫТÆМ АРВ ДÆР БÆЛЛЫД

* * *

Хъæуы мæ æрмæстдæр цардæй
Быдырты цъæх, арвы тар,
Мæ зæххон фæндаг – рæстадæй,
Æмбæлццонæй – хорз хæлар.

Зæрдæргомæй бон æрвитын,
Зæххон цардæн аргъ кæнын.
Дæ фæндыраæй рухсмæ сидын,
Дæ уды фæллой дæттын.

Æхцатæ, нæмттæ, цыбæллаг, –
Фæтар уыдзысты фынау.
Уæд размæ æдзух мæ фæндаг,
Уæд ме ‘ххуысгæнæг Хуыцау!

* * *

Батайдзæн мыдадз цырагъау ирд бон,
‘Хсæв уыдзæн мæйдар æмæ æнкъард.
Нæй æнæ дæу ‘нцойад мын, мæ уарзон,
Уазал æмæ афтид у мæ уат.

Тар хæдзæрттæ арæнхъ сты уынджы,
Бæлæсты сыбар-сыбур кæмдæр...
Ды уыдтæ мæ рухс зарæг мæ хъыджы,
Хурджын уарын, уалдзыгон цæхæр.

Даргъ æхсæвы баргъæвсти мæ зæрдæ,
Дымгæтæ æрбахастой фæсмон.
Баззайдзысты рохуаты мæ фæндтæ,
Ме ‘мдзæвгæты нал уыдзæн дæ ном...

* * *

Ныр батæ кæнынæн дын нал ис бартæ –
Кæд нал уыдзæн иумæйаг ныр нæ фæндаг.
Ныр маргхъæстæ фестадысты мæ батæ,
Уæззау сты хæцгæ низау, стæй мæлæтдзаг.

Ды фестдзынæ ‘нкъарæнты зилгæуады,
Дæ зонд, стæй дæ хъарутæй цух уыдзынæ.
Нæ уыдзæнис ирвæзæн хос дын царды,
Мæ батæй лæмæгъ, стæй æдых кæндзынæ.

Ныгъуылдзынæ донычызджыты малы,
Йæ æрфытæм бахаудзынæ æнцонæй.
Кæлæны ноз де ‘рбацыдмæ æз дарын,
Ысфыхтон æй моймар æмæ скъæлдзойæ.

Мæ зæрдæйы сагъæстæ дын æдзухæй
Кæнын æз дыууадæстæнон фæндыræй.
Æз арæзт дæн хуры æгæрон рухсæй,
Дæн арæзт мæйдары тæссаг æмыræй.

Ды судздзынæ мемæ уæлмонцы арты,
Дæ ивгъуыд æвиппайды рох æрцæудзæн.
Дæ раздæры иунæг æрхæндæг царды
Æнцойад дын иу уысммæ дæр нæ уыдзæн.

* * *

Уарз сæруæлдайæ, мæ иунæг,
Бонæй-бон фылдæр!
Æз дæ зæрдæйæн – йæ уидаг,
Æз – йæ ирд цæхæр.

Ивгъуд, фидæн æмæ абон –
‘Рмæстдæр демæ баст.
Ды мæ фарсмæ дæ, мæ уарзон,
Тавы мæ дæ уарзт.

Алцыдæр цæуы йæ рады,
Скæнæджы фæндæй.
Зонын æз бæлвырдæй: царды
‘Нæнхъæлдзинад нæй.

ÆХСÆВ ДЕКАБРЫ МÆЙЫ

Бур цыхтау ахсæв – мæй,
Арвыл ыстъалы нæй.
Буц у сыгъдæг фынтæй
Уаты нæ цъæхдзаст фырт.
Горæт цырæгътæй – дзаг.
Арвы тыгъдад – зæлдаг.
Царды нын – иу фæндаг,
Уарзты зынгæй рæвдыд.

Зынаргъ мын дæ къухтæ, зынаргъ мын дæ былтæ...
Æнæ дæу æнцойад нæ уыди æппындæр.
Мæ зæрдæ дæ фарсмæ у буц æмæ райгонд!
Æз курын Хуыцауæй нæ иумæйаг амонд...

Тохынайы – ирд цæхæр.
Бафынæй дæ ды дæр.
Сусæгæй ма кæмдæр
Тарст мыст хыртт-хыртт кæны.
Цас цин дæттыс мын, цас!
Уарзын дæ къухты тавс.
Де ‘рвхуыз цæстыты ‘нгас
‘Нус мæ уынын фæнды.

Зынаргъ мын дæ къухтæ, зынаргъ мын дæ былтæ...
Æнæ дæу æнцойад нæ уыди æппындæр.
Мæ зæрдæ дæ фарсмæ у буц æмæ райгонд!
Æз курын Хуыцауæй нæ иумæйаг амонд...

Тауæд йæ мит зымæг,
Дымгæ тæхæд цæрдæг.
‘Рбахъуызæд мигъ хæстæг, –
Нал кæнын æз æнкъард.
Зары мæ рухс зæрдæ,
Зарæджы уд æз дæн,
Зарæджы цин ды дæ.
Амонд хæссы нын цард.

Зынаргъ мын дæ къухтæ, зынаргъ мын дæ былтæ...
Æнæ дæу æнцойад нæ уыди æппындæр.
Мæ зæрдæ дæ фарсмæ у буц æмæ райгонд!
Æз курын Хуыцауæй нæ иумæйаг амонд..

* * *

Куы бауадзай дæ зæрдæмæ æфхæрд,
Мæйдар æхсæвау фестдзæн ирд бон уæд.
Мынæг кæндзæни хуры рухс цæхæр,
Æмбæхсдзæнис цъæх мигъты ‘хсæн кæмдæр.
Куы ныххизы зæрдæйы арфмæ тар,
Уæд нал фæхъуысы мæргъты хъæлдзæг зард.
Уæд сидзæр зæрдæ баргъæвсы æваст,
Уæд бахæры йæ, басудзы йæ маст.
Æмæ æдзух, мæ хур, дæ зæрдыл дар:
Дæ удмæ ‘фхæрдæн мæкуы гом кæн дуар.

Ирон æвзагмæ БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац

ГУСАЛТЫ Барис

ЦÆХГÆРМÆГУЫРД ЗАМАНТÆ

ДЫУУÆ ФЫДЫМАДЫ

– Уæддæр та цы хорз у, Аминæт, Хуыцау, цы хорз…

– Хуыцауы тыххæй! Ды дзы куынæ срæцугъай, Мерет, уæд чи! Гъы, гъы, æмæ та дæм цæмæй хорз фæкаст ацы хатт та Дунесфæлдисæг, Дунедарæг æмæ Дунеуромæг, табу Йын уа… – Аминæт йæ къæхты бынæй дæргъæццæттæ дойнаг дур систа, аракæс-бакæс æм кодта, цыма, истæмæн бабæзза – нæ бахъæудзæн, уый бæлвырд кодта, уыйау, стæй йæ цæугæдоны астæумæ бахста – йæ тъупп дæр нæ фæцыд, тырындз уылæнтæ йæ иу хъуырттæн аныхъуырдтой: цыдæр æхсызгонæй сæ хъуыд…

– Уæдæ ма дзы ахæм дзæбæх сæрдыгон изæр скæнгæ уыдзæн, ахæм, Аминæт – раст ма дзæнæтæн дæр хæлæггаг нæу, дзæнæтæн!

– Æмæ дзы, Мерет, цыма тæккæ ‘ндæрæбон схæццæ дæ хуынхасты фæстæ уæ мæрдтæн дзæнæтæй æмæ дзы Дзæм-дзæмы суадоны былгæрон дæр мæнæ нырау афтæ бадтæ, дæ къæхтæ йæ донуайæны тъыстæй, уыцы ныхæстæ кæныс.

– Омæ дзырдæн нæ баззад, дзырдæн, Аминæт, исты хорз сахат куы акæны лæгыл, исты амондджын цыбырдым дуг, уæд афтæ нæ бакæны, афтæ, ай дзæнæт нæу йæхæдæг, дзæнæт, зæгъгæ…

– Æллæх, æллæх, Мерет, дæ «дзæнæт, дзæнæт»-мæ мæ зæрдыл кæд æмæ ‘рбалæууыд… Чи, уый зоныс? Далæ Бæдзойты рухсыбадинаг Дзæнæт. Æмæ стæй, фидиссаг додой куыд кодта чындздзон чызгæй, йе ‘нахуыры хъарæг, уыдон дæр – чысыл фалдæр тæккæ донгæрон цы бæрзæндтæ æмæ дæрдтылзылд къабузджын хæрис зад, уымæ ацамыдта Аминæт. – Уый дæр, ома Дзæнæт, æвæццæгæн, мæнæ мах кæм æмæ куыд бадæм, афтæ бадтаид, кастаид далæ уыцы стыр цыргъсæр дуртæм хæрис бæласы бын, уæд ма хæрис, ай-гъайдæр, арвмæ уыйбæрц нæ фæцыдаид, фæлæ уæддæр фаг бæрзонд уыдаид, о, æмæ, дам, афтæ додой-хъарджытæ кодта…

Фæурæдта йæ Мерет, æрхатыд æм:

– Аминæт, мæн-ма йæ бауадз афæзмын Бæдзойоны! Ды та мæнау дæ цъындатæ ралас æмæ дæ кæддæры урс æмæ рæсугъд къæхтæ…

– Цы кæддæр, цы! Ныр дæр та мын сæм ды бахæлæг кæндзынæ… сæ

лæгъзмæ, сæ тугдадзинтæ мын дæ зæнгтау тæригъæддаг дымст-рæсыд кæй не сты, уымæ…

– Бæгуыдæр, Аминæт, цы мæнг зæгъыс?.. Цас æдзæхх пырындз бахордтон, кæд мын сæ дымст æрбадид, сæ цæхх мын пырындз рацъирид, сæ мидæджы цæхх, зæгъгæ, фæлæ… Хæлæг та дын сæм кæд кодтон, хæлæг: мæхионтæ дæр зырнæй зылдау нæ уыдысты, нæ.

– Зырнæй зылд годзы къæхтæ дæр вæййынц, Мерет. А, мæнæ та цы ‘рбафтыд мæ зæрдыл! Нæ чызг чи у, нæ лæппуйы чызг, дæ фыртыфырты сусæг уарзон, уый дын мын дысонизæр, йæ къæхтæ нæ тута бæласы бын хурмæ хъæрмустгонд доны бур-бурид æрхуы тасы куы ‘хсадта раст йæ уæрджыты сæрмæты онг, æмæ йын сæм кæсгæйæ куы баззадтæн – мæхи кæддæрон уæрджытæ мын мæ зæрдыл æрлæууын кодтой, – уæд дын куы сфæзмид иу фыццагон сылгоймаг-артисты ныхæстæ…

Нал та йæм фæлæууыд-баурæдта йæхи Мерет, скъоладзау сабийау йæ рахиз къух хæрдмæ ныттынг кодта æмæ йæ тилы:

– Мæн ма сæ бауадз æрхæссын – дæуæй раздæр та сæ уæ чызг нæ лæппуйæн дзырдта, уый та – мæнæн. О, дæуæй раздæр, дæуæй!

– Уартæ уал Дзæнæты додой-хъарæг æрымыс.

– Æрымысдзынæн, нæу мæ рох уый дæр, æндæр ныхæстыл фестæм, æндæра… Фæлæ уал уæддæр уыцы сылгоймаг-артисты, кæйдæр æнæхъола фарстæн цы ‘мбисонды цыргъ дзуапп ссардта, уый… Уæддæр уал уый, нæ?

– О, о, Мерет! Дæ гæккуыри ма схауæд…

– Чидæр, дам æй фарста уыцы артисткæйы, сæ дыууæйæ зонджындæр чи у, зæгъгæ, сылгоймаг æви нæлгоймаг. Æмæ, дам, уæ чи кæд федта, æмæ сылыстæг лæджыстæджы йæ хæрзконд къæхты тыххæй бауарза, – æмæ Мерет афтæ зæрдиаг хъæлдзæгæй ныххудт, цыма ахæм дæнг-гæрах дзуапмæ йæхæдæг фæрæвдз, уыйау.

– Æмæ цы мæнгæй загъта уыцы бæллæхы артисткæ, и, Мерет?

– Ницы. Фатæй йæ растдæр багæрах кодта...

– Ома бынтон раст уайдзæф нæу мæгуыр нæлгоймæгтæн уæддæр: урс дæллагхъуыртæ дæр ма дзы вæййы чызгæн, науæд йæ иу уæхскыл – мæй, йæ иннæйыл – хур, йæ цæстытæ, йæ хъæлæс, йæ дзыккутæ, стæй… Кæмæй æфсæрмы кæнæм, Мерет, ацы фæсвæды? Стæй-ма ацы нæлтæ сæ зыд-кæрæф-мондаг цæстытæ нæ риутæй дæр нал фæисынц, джауыртæ… Хорз, Дзæнæты додой-хъарæджы рад æрхæццæ…

Мерет йæ чызгау рæсугъд æрвцъæх цæстытæ хæрис бæласыл уæле дæлæмæ, дæле уæлæмæ æрхаста-схаста, цасдæр æдзæмæй фæкаст бæласы бын цæндау амад дуртæм дæр, маройгæнæгау банкъуыста йæ халасдзæфтæ сæр – уаццагтæй йын урсытæ уыд, æрдæг сау хъулæттæ, – цæмæндæр рог хъæрзт фæзмынæгау дæр ныууылæфыд æмæ, скæуынмæ бирæтæ кæй нал фæхъæуы, ахæм хъæлæсæй райдыдта, йæ дыууæ даргъæнгуылдзджын армы йæ дзаг рустыл аваргæйæ – æцæг додойгæнæг, æцæг:

– Æмæ, дам, фæцу чындзы, æмæ, дам, мой скæн, æмæ ныййар иу саудзагъд фырыхъулы хуызæн тырыны – сæ хæдзарвæндагæн сын бындар. О, куыннæ стæй! Куыннæ сын ныййардзынæн æз! Æмæ уый фыдуаг лæппутимæ ардæм сæрды иу æнтæф бон йæхи цынайынмæ рацæуа æмæ уый дæр, уыцы фыдуаг, къулбадæг æнæнтыстты фæзмынгæйæ, уалæ хæрисы уæллагдæр цонгмæ сбыра, æрлæууа кæройнаг тæссонд къалиуыл æмæ… æмæ… Дæ-дæ-дæй! Йæ рæзинаг сау сæр, йæ фæлмæндзыкку сæр комкоммæ ‘рхæсса далæ уыцы хъæбæр, уыцы цыргъ дуртæм!.. Æмæ æз… æмæ ма мæнæн уæд цæргæ уыдзæн цы ныфс, цы боныхорзæн?!

Нæ, нæ!

Цæй чындзыцыд!

Цæй моймæдзыд!

Фæлтау мæ фыды уæзæгыл урс дадали афæлдæхдзынæн, æнæууæрст æмæ æнæвнæлд чызгæй амæлдзынæн.

Уауу!

Аминæтыл æвзонг чызджы зын уромæн худæг бахæцыд. Фыр адæргæй уа, цы уа, фæлæ ныр сфæлдæхта йæ къабайы фæдджитæ уæрджыты сæрмæ, æртулæгау кодта йæ рагон, райс-бавæрды – фильдеперсовый! – цъындатæ, тымбылтæ тыхтæй сæ иуварс сæнтцъæх нæууы гæппæлыл бæстон æрæвæрдта, хъавгæ-тæрсгæйæ йæ къахфындзтæ фæтъыста доны, мæнæ цы ‘хсызгон хъæрмуст у, зæгъгæ, фæкодта, стæй сæ суанг уæраджысæртæм ауагъта æмæ... Æмæ дын фæсагъæсхуыз, фæхъуыдыдзаст, бынтон æндæр – уæззаугомау хъуыдыты ахæсты бахауæг цæстытæ баздæхта Меретмæ. Уый дæр хорзау нал фæцис:

– Циу? Цы хабар у? Æз исты ахæм, æвæтчиаг, срæдыдтæн, исты цыдæр ахæм?

– Ды – ницы. Ацы хорз, ацы дзæбæх, зæрдæхæлар, Хуыцауы уарзон æмæ адæмæн адджын дуне срæдийы уыцы æвæтчиаг хабар – сылгоймаджы удаистгæнæг, зæрдæсæттæн, тугуазалгæнæн фæдисы уавæр. Уæгъды нæ тарст Дзæнæт йæ фидæны хъæбулæн, фæлæ йын уый дуртæй… дуртæм æрхауынæй схъиудзæрдæ уыд, афтæмæй та йын… – нымдзаст Мереты тарст цæстытæм. – Ацы дуртæ лыстæг хуыры бын фæкæнæн ис раздæр, стæй та змисæй хъæццулы бын ныннордæн дæр, науæд та иуварс ахафæн дæр исты бульдозер трактораей, фæлæ йед та… Мерет, цас сæххæст Сæрмæтыл, дæ лæппуйыл, загътай?

– Йед… Уымæй та мæ цæмæн… А, фæрс, фæрс! Афон ын у, Разитæмæ, дæ чызгмæ, цы зæрдæ дары, уый фæбæлвырддæр кæнын. Фæлæ мæ уæддæр уымæй та цæмæн…

Аминæт йæ ныхæстæ фыдджыны карст акодта, ома фæуæнггай:

– Ме-рет! Уæ лæп-пу Сæр-мæ-тыл та…

– Иу æмæ ссæдз!

– Цъыфы ныссæдз! Æфсады уын нæ уыд? Уыд! Фыдгулмæ ныхъхъавын æмæ йæ сæргъæвын нæ зоны? Зоны! Гъемæ сарæхсдзæн уæдæ…

– Уый армийы… Æфсады дохтыр уыд…фелсыр… Тъæпкъах кæд уыд, уæддæр хивæндæй ацыд. Фæлæ хæстмæ та… Мæн иунæгæй…

– А-гъа, хорз æй ацахстай, чердæм чъыллипп кæндзæн мæ ныхас, уый… – æрдæбон йæ равг куыд цæхгæр фæиннæрдæм, афтæ та ныр дæр йæ ныхас цъилау ныззылд æмæ сæ райдианы дистæ-тæмæстæм фездæхт. – Æцæгдæр, æцæг, Меретхан, цы дунейы хорз сконд у, цы æнæмæт-æнæхъæрзгæйæ цæринаг, æнæмастæй дæ къæбæр хæргæйæ цы дунейы тæхудиаг цард у, цы табуйаг сæрдыгон изæр – цардæй æнæфсис нæ раст ахæм сахæттæ кæнынц. Лæг, дам, артмæ кæсын æмæ доны хæл-хæлмæ хъусынæй зæрдæхъыг нæ кæны. Уæвгæ та хæхты уындæй дæр æмæ денджызы уылæнты рафæлив-бафæливты хуызтæй дæр нæ фæлмæцы.

– Стæй уарзон адæймагмæ кæсын æмæ хъусынæй дæр, – цыма афтæ зæгъынмæ уæндгæ нæ кодта, уыйау рауад Мереты хъæлæсы ахаст.

– Точно, Дыкки! Æдзух ахæм изæрты цы ‘рлæууы мæ хорз зæрдыл арф къахт фыстæй… Куы йæ зоныс, æстæмтæй дæсæмтæм Бесланыхъæуы мæ мадырвадæлтæ Дзгойтæм цардтæн, цалынмæ, о, скъола фæдæн, уæдмæ – ам махмæ авд къласы йеддæмæ нæ уыд. Æмæ нæ уым дыууæ хæдзары дæлдæр Интернациональный уынджы хо æмæ ‘фсымæр цардысты, цигайнæгтæй чи сбынæттон, цæугæ-

цард чи нал кодта, ахæмтæ. Сæ дыууæ дæр – саулагъз, хæрзкæндтæ, хæрзуындтæ. О, æмæ-иу арæх сæ лæппу уыцы иу зарæг зарыд, сæрдыгон хорз изæр скодта, зæгъгæ, уæд:

Вечер над рекою догорает,
Тихо в этот летний чудный час...
Я хочу, чтобы ты была здесь рядом,
Но тебя со мною нет сейчас.
Тихий вечер, теплый вечер,
Я такие вечера люблю!
В этот тихий теплый вечер
Для тебя, моя любимая, пою.

Цал азы аивгъуыдта, уæддæр æй нæ рох кæнын…

Мерет бахудæгау кодта:

– Кæд æй уарзгæ дæр бакодтай, мыййаг. Ома уыцы бæлвырдтæ конд лæппуйы.

– Чи зоны, æмæ уыдаид афтæ дæр: ды – уарзтмондаг æвзонг чызг, уый – бæрзонд рæхснæг лæппу, тынг зæрдæмæдзæугæ, ноджы ма зараг, уыцы цигайнаг зæрдæбынæй… А-гъа… – къахæн-фæлварæн цæстытæй та йæхимидæг батыхсын кодта Мереты: – Уæдæ, зæгъыс, ды иунæг кæй дæ, æвæгæсæг, уый охыл нæ дæ уадзинаг Донбассмæ Сæрмæты?

– Нæ мæ фæнды, æндæр мæ уадзинаг, науæд мæ уроминаг у… Нæма йæм сидынц, горæты цы госпиталь ис, кæм кусы, уым дæр, дам, ахсджиагæн хъæуы, госпиталы, уалæ уæлбыл, раздæры обкомы агъуысты чъылдыммæ…

– Нæ дæ фæнды, уæддæр-йа?

– Æмæ ис ахæм ныййарæг мадæлтæ дæр, æмæ уырдæм фæндонæй чи афæндараст кæны йæ иунæджы?

– Ис… Кæнæ та сæхи афтæ патриотонæй дарынц… Цæстмæмиджынтæй…

– Науæд та адæмы кæнæ кæрæдзи æфсæрмæй… Дæ сыхæгты иунæг схæстон, фæхæстдзау, дæуæн та… ды та йæ… Æмæ ма уæд цы цæсгомæй… Зæрдæйы тугтæ фемæхсдзысты, фæлæ иугæр… уæд…

– Æмæ Разитæ та бархионæй цæуинаг кæй у, уый дын нæ дзырдта Сæрмæт?

– Разитæ?! Куыд ома?! Æмæ дзы уый та чердæм хъæуы, цы дзы кусдзæн!

– Цæф æфсæддон, дам, дон-дон фæкæны æмæ, дам сын-иу дон уæддæр…

– Æмæ… æмæ… Омæ йыл нырма цы цæуы? Æвддæс азы…

– Æстдæс.

– Æмæ уæд Сæрмæт… Уый дæр…

– Загъта йын, æз, дам дæ иунæгæй нæ ауадздзынæн…

– А-гъа: уый – судзин, Сæрмæт та…

– Сæрмæт та – теман. Судзины-иу йæ чъылдым бакæндзæн…

– Мæнæ йæ ныййарæджы дæр зонд-фæндæй фæрсæг куыд нал ис!

– Нæ зæрдиагдæр куывд уал æмæ уал азы уыд, хæст ма уæд, æндæр исты цардамæлттæ кæндзыстæм, æмæ дын уый та… Уæрæсейы арсы къахæгау чи къахы, уый цы схуындæуа, хæрз æдылыйæ уæлдай?..

Сæ фæстæ уæлбылæй хъæр фæцыд:

– Дзыцца!

Стæй ста:

– На-на!

Сæ иу – Сæрмæт. Сæ иннæ… О, уæдæ ‘ндæр чи уа, Разитæйæ уæлдай?!

Дыууæ усы удхаудæй фестадысты, сæ къахыдарæс кæнынмæ фесты. Уæдмæ хур хæхты бæрзонддæр цъуппытыл йæ фæдисы сырх- æвзаг æртытæ ссыгъта. Тынг æвгъау уыд, о, хæсты басудзынæн ахæм сæрдыгон изæр…

НЫФСТАУÆГ

...И смело всем о правде говорю.
Коста

Къоста нæм æрцыдис, æмæ
Хуыцауæй дæр нал тæрсæм.
Лабæйаг ирæтты ныхæстæ

Фарн дæм бадзурæд, Хетæджы-фырт!

Мæрдтæмхъуысæг хъæр дæм нæ ныккæндзынæн, кæд мæм цæуы, уæддæр, фæлæ мæм цæмæндæр афтæ дзуры мæ сонт зæрдæ, ацæргæ зæронд лæппулæджы зæрдæ, цыма мын демæ бар ис цыдæр монолог-диалоджы бацæуынæн. Ноджы ма дзы ахæм фæзилæн дæр боны фæткмæ бахауд, æмæ мæ гæнæн æмæ амалæй дæу тыххæй фыссын хъæудзæн ныстуангонд уацмыс, «Диалогтæ Къостаимæ», зæгъгæ.

Хуыцау зæгъæд, æмæ мын уый дæр сгуыхтæй бантыса…

…Махатма Ганди дæр, дам, амардис, æмæ мын нал ис, кæимæ аныхас кæнон зондæй-зондмæ, зæрдæйæ-зæрдæмæ, уый, – загъта, рахъаст кодта йæ хъысмæтæй нæ абоныккон паддзахады раздзог. Стæй ма йæм – диссæгтæй цы кæныс! – ахæм уæндон – (уæндонæй та ахæм ныфсхаст у, ахæм æхсарджын-æнæбасæттон, æмæ раст æнæхъæн дунейы паддзахæдтимæ дæр гæрзифтонг тохы бацыд Уæрæсейы æдас фидæны сæрвæлтау!) – ахæм уæндон хатдзæг скæныны хъуыды дæр æрцыд: «Я довольно глубоко изучил учение марксизма-ленинизма и убедился, что это вредное учение».

Ахæм зонд-постулат, аксиомæ цыдæр цыма ис мах цъыфдзаст, тугамæст æмæ змæст заманты (о: цъыфдзаст æмæ тугамæст), зæгъгæ, дам, «народ заслуживает то правительство (и правление), которое заслуживает»…

Фæлæ ды, хорз Леуаны домбай фырт, уыцы догмæимæ нæ дæ разы æмæ мæнæ куыдтæ фыстай дæ табуйаг тугæй:

Я счастия не знал, но я готов свободу,
Которой я привык, как счастьем дорожить,
Отдать за шаг один, который бы народу
Я мог когда-нибудь к свободе проложить!

Гъемæ, аипп ма уæд ме ‘нæфенд бафарст, фæлæ афтæ уайы, цыма ды дæхæдæг сæрибар дæ, адæм та не сты. Æмæ циу сæрибар, цы? Уартæ Парижы коммунæйы лозунг-девиз «Свобода, Равенство, Братство» рæсугъд æмæ, чи ‘мбæлы, ахсджиаг цы у, ахæм ныхæстæ сты, æрмæст сæ царды та куыд рауадзæн æмæ ныффидар кæнæн ис? Цавæр хуызы арæзт æхсæнады, æхсæндзарды, паддзахады, и?

Сæ алы фæлгонцтæ-хуызты тыххæй ма дæ, чи зоны, æмæ фæрсдзынæн, фæлæ дын куыд æмбаргæ сты мæнæ ацы рæнхъытæ:

Минуты сочтены, повсюду бьют тревогу...
Уж брезжит луч зари, играя на штыках...
Лишь грянут выстрелы, и «Слава в вышних Богу» –
Победно прогремит на светлых облаках.

Ды, дæ домбай зонд дæхи бар кæй нал уыд, уый тыххæй нæ бавзæрстай 1905 азы революци дæр, стæй та, дæ амондæн, æгас нал уыдтæ,

фæлæ дæ революциты номдзыддæры – Стыр Октябры – фæстæ алы нæмттæй-хæрзгæнджытæй хуыдтой: альтруист, революционер-демократ, эволюционист, уырнæг, хъæздгуыты фарсласæг, хиконд уæздан-дворянин, космополит, къуымых, уымæн æмæ не ‘мбæрстай, циу кълассон тох, уый. Æмæ афтæ дарддæр. Дæ амондæн та уымæн зæгъын дæ тæккæ цардбаргæйæ адзалы тыххæй, æмæ дын дæ хæрзæмгар, æмбай, дæ хорз зонгæ, Уырыссаг æфсады инæлар-лейтенант Фидараты Афæхъойæн куыд нæ бахатыр кодтой йæ зæры кармæ гæсгæ, стæй бынтон æназымджынæй, афтæ дæуæй дæр сæ джебогъ, мæнæ «луч зари» кæуыл хъазы, уый нæ аиуварс кодтаиккой.

Кæнæ та, чи зоны, æмæ Гаппоимæ дæхи уæды ædac фæсарæнтæм айстаис… О, фæлæ кæй джебогътæ-штыктыл хъазы хуры тын? Чи сты, чи, «кровавую зарю для радостного дня» чи цæттæ кæны, уыцы тугхортæ? Кæй «грянут выстрелы»?

О Хуыцау!

Цы хорз фынтæй хъал у поэты зæрдæ, зæгъгæ, чырыстон дины зарæг – [кæс «Евангелие от Луки», дыккаг сæргонды «Слава в вышних Богу»] – фæсгæрзифтонг тох куы нынныæра, уæд, дам, «И обновленный мир отдастся вечно миру, // С презреньем бросив нож, запекшийся в крови…»

Цас туг ма ныккалдзæн уыцы згæхæрд кард, цас, Къоста!.. Терчытæ æмæ Леуахитæ, Волгæтæ æмæ Енисейтæ. Сабыр фурд-океаны фаг… Уæддæр æй, цыма, аппарын, иуварс фехсынхъус нæма у уыцы кард адæймаг, фæлæ ма амæй-ай марæндæр фæрæз æрхъуыдыйыл дæр у!.. Атомнæй, водороднæй бомбæйæ дæр фыддæр!

Фæлæ та уæддæр æмæ уæддæр кæдмæ дзурдзæн лæгау лæг дæ фæстæ «И грудью грудь насилия встречаю, // И смело всем о правде говорю»?!

Кæд æмæ йын кæм ис суанг абон дæр бынат зарджыты заринаг сæрибарæн? Рæстадæн? Æфсымæрадæн? Хæдбарæн? Æфсымæртæн кæрæдзи уарзгæйæ цардæн?

Кæд æмæ кæм уыдзæн лæгæн йæ хъуыдытæ æмæ сагъæстæ ædæрсгæ æргомæй зæгъынæн, хъусæг æм куы уа, уæд?

Кæд уыдзæн «Кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн»?

Бирæ уыдысты æхсæндзарды, хицаудзинады хуызтæ, паддзахады бындуртæ ныры онг дæр, фæлæ дзы иу дæр – суанг демократи дæр! – куы нæма фæрæстмæ, куы нæма фæцæрæццаг. Мингай азтæ ахас-

той, ænхъælдæн, Ромы æмæ Византийы империтæ, 300 цæрæццаг азы Уæрæсейы хæдхæцæг паддзахад, 72 боны Парижы коммунæ, тæккæ иу уыйбæрц та Советон Цæдисы импери – ома, азтæй æвдай дыууæ. Бабытъайлаг Алыксандр Мæчъыдойнаджы егъау импери, Осмæны уон, Великобритани, Австро-Венгри, Колониалон системæ, Социалистон лагерь, фæлæ ма тыхамæлттæй нырмæ цæры-хæры «загнивающий империализм-капитализм»…

Фæдисы уавæр.

Фæлæ, Елбыздыхъойы загъдау, чердæм фæдис, чердæм чъыллипп?!

Нæ абоныккон разагъды фысджытæй та – Хуыцау бахизæд, Къоста, æмæ уыдон дæр æмæ суанг мæхи дæр, мæхи, дæ фæдонтæ схонон, дæ фæстæдзæуинтæ, зæрдæрухс кæмæй уай, ныфсæвæрд, мæнæ фæсмойнагæй ныммæлынæй чи тæрсы, ахæмтæ цæмæй схонон: ахæм уæлæуæз æвæрд сты сæхи цæсты – о, ома та уыцы разагъдонтæй сæ иутæ кæд æмæ ногæй табугæнæг сты тугныккалды бардуаг Революцийæн!

Зыбыты рох сæ нæ зонынджынты зондæвронггæнæн фæдзæхст у: «Революция, как и Хронос-Кронос, пожирает собственных детей».

Æцæгдæр, детей и творцов: цы баисты, цы, Ленины зынгзæрдæ гварди кæй хуыдтой, уыдон? Алы «партии золотое дитя»-тæ? Революци саразæг дыууæ сæйраг лæгæй сæ иу у (ноджы ма Сырх Æфсад саразæг дæр æмæ Граждайнаг хæсты уæлахизхæссæг дæр) Лев Троцкий (хъæздыг лæг Бронштейн Давиды фырт).

Октябры Стыр Социалистон Революци Ленин йæхæдæг хуымæтæг фæфæлдæхт хуыдта, фондз-æхсæз азы фæстæ та афтæ загъта: «Мы должны коренным образом поменять свои взгляды на социализм». Цы бæллæхтæ расайдта ног цардарæзт, уыдæттæ куы федта, уæд.

Коммунизмæй ныл, цæхджындæр нæй, ахæм сайд æрцыди, Къоста.

Коммунизм, дам, лекарство, которое хуже самой болезни, – загъта иу зонынджын æмæ цардвæлтæрд лæг-дингæнæг.

Нæй, нæма ис ахæм зæй дæр, æмæ уæд та ма тæссармæйы, галиумæ, хæраймаджы тæрхоны лæгты чи фæласа. Стæй уыдон дæр сæхи барвæндæй не сты ахæмтæ: æрмæстдæр АХÆМТÆ фæхъæуы, уыцы тæрхонхæссæн бынаты сæ чи сæвæры, уыдоны.

Время, дам, перемен. Уæд чердæм, кæцырдæм? Цавæр æхсæндзарды фæткæвæрдмæ, цы хуызæн паддзахиуæгдзинады æууæлтæм? Кæцæйты рацыдыстæм, уырдæм, фидæнмæ цæуæгау? Советон

Социалистон Республикæты Цæдисмæ, дам. Фæлæ уæле афтæ куы адзæнгæл кодтой уымæ тырнæджыты хъысмæт: кæй зæрдæ нæ риссы уарзон советон бæстæйы фехæлдыл, уымæн, дам, зæрдæ нæй; мæрдтæй йæ раздахын кæй фæнды, ууыл та, дам, сæр нæй!

Файтон дæр, дам, ахъаззаг, бæхтæ дæр æфсургътæ, фæлæ, дам, бæхтæрæг нæ бæззы.

Бæхтæрæг…

Дæ заманты, Къоста, притча-æмбисонд дын радзурон. Йæ файтонæй адæмыласæг бæхтæрæг хъæр кæны иннæтæй фæдисон-фидиуæг хъæрдæрæй, сиды бæлцæттæм:

– Мемæ цомут! Эх, залетные-вороные. Гнедые-каурые в яблочках. Крылатые! С ветерком мы вас, господа, доставим от вашего пункта А до ихнего пункта Б!

Тæхынц, тындзынц йæ хæрзхаст æфсургътæ. Уалынджы гуыппрыпп-мыхъхъ-цæлхъ! Цæлхытæ – дæндагсаст.

Æрхызт зæхмæ бæхтæрæг æмæ бадодой кодта:

– Вот черт тебя дери! Каждый раз на этом самом месте!..

Уый дæр – зонды хос, фæлæ мæнæ куыд загътой цалдæр мин азы размæ зонды къуыбылой латинæгтæ: «Eventus stultorum magister est – Исход дела – наставник для неразумных».

Ома, дам, сæрхъиппытæ уæд та ма сæ рæдыдтыл куы ахуыр кæниккой, фæстаг зондæй зондджын куы уаиккой. Не стæм, нæ! Иу сем нæ, фæлæ нын авд семы дæр сем не сты. Æмæ та, Къоста, де ‘рра фыйауы ногæй-ногмæ бафæзмæм сæрсæфæны былæй дзæнæтæнхъæл…

Уæд, цымæ, цæмæн стæм ахæм фæстæзад ахуырдзаутæ?! Историйæн – раст нын цыма зонынджын-фенджын, æвзыгъд-фæлтæрдджын фыдæлтæ дæр нæ уыд; цыма нын ды дæр, ирæтты ирондæр лæг, гениалон поэт, мур дæр фæзминаг-райсинаг зондæй ницы ныффæдзæхстай; раст нын цыма иу фæлтæры дæр – уырысмæ, нæхимæ, иннæ ‘фсымæрон адæмтæм, дард сыхæгтæм дæр фæуæд! – уазал æмæ хæдзонд лæгтæ нæ рантысы, нæ сæ вæййы бон сихорафон дæр ахæм разагъдонты ссарæн, далæ раг-рагон лæгау: цы, дам, кæй, дам, агурыс днем с фонарем? Æмæ, дам, «ищу человека!»

Ирон фыдæл та цы скарста цардцæрæнбонты фæзминаг зондахастæй, уый – æз дзы цытæ бадардтон мæ рохст зæрдыл, уыдæттæ:

– Æхсæндзарды бындур сты кæнæ ‘фсарм, кæнæ тас!

– Æхсæны уазæг мæсыджы бын баззад.

– Æхсæны хуым – дурæппарæн.

Хæрæг дæр ма хорз куы ахуыр кодта йæ къæлæуы, кæм ын хизгæ у, ууыл: æхсæны хуымы, дам! Цалынмæ – амыдта йын – адæм сæ кæрæдзийæн афтæ кæной, ды йæ атæр, ды, зæгъгæ, уæдмæ ды дæ гуыбын бафсаддзынæ; искæй хуыммæ бафтыдтæ, бадзæгъæл дæ – уæд та дын уайтæккæ сахат де рагъ ахъаззаг ныххойдзысты…

Æмæ, Къоста, нæ цæуы хъуыддаджы, æфсарм æмæ тас æмцæдисонæй? Закон кнута и пряника? Стæй, ау, ныронг иу паддзахады цардарæзты дæр зæрдæзæгъгæ æууæлтæ-фадæттæ-фæрæзтæ нæма ис, бафæзмынæн бæззонтæ адæмтæн стыр Уæрæсейы дæлбазыр иугондæй?

Æмæ та ныр дæр, Къоста, иу исчийæн табу кæнæм, нæ иугæнæг фыййауæн æви фидар – мыггагмæйы æнæхæлгæ царды бындурæн закъæттæ чи сæвæра, – ахæм къорд исчитæм кæнæм тæхуды? Платоны философтæ, Бетъырбухы юристтæ, алкæй фысджытæ, техникон ахуыргæндтæ, историктæ æмæ та – о, о! – Олимпаг хъæстыты чемпионтæ дæр фæуæнт!

Тæрс – нæй, фатхъæд – арæх!

Къæйных кæй дæн, уый тыххæй та – хатыр, не ‘нусты зонд Къоста…

БАРДЗЫРД

…Уæддæр та цы амондау хорз у, трамвайтæ цæуын кæй райдыдтой, уый. Хъуыди, куыд нæ сын хъуыдис сæ рельсджын фæндæгтæ дæр сфæйлауын – уал æмæ уал азы дæргъы сæ бынхъæдтæ бамбыдысты æмæ…

Стæй лæгæн дæр йæ уал азы ахуыр аивын мæнæ цы зын вæййы, мæнæ – трамвайты бæсты, парахат, уæрæхуат трамвайты бæсты къуындæг «маршруткæйы» сбад, ноджы ма алы хæцгæ низтæ рынау куы свæййынц, уæд алы схуыфæг æмæ ‘хснырсæгчъыгъгъытгæнæгæй дæр тæрс, йæ низ мыл бахæцдзæн ацы зæронд, æвæгæс æнæбонæй, зæгъгæ…

Базары халсартæ – йæ уарзон тарсырх пъæмидортæ æмæ урсбырынкъ джитъритæ – фæйнæ килæйы балхæдта, цалдæр судзаг цывзыйы дæр – цъæхцъар кæй сты, уымæ сын нæ кæсгæйæ, – райста, стæй хъонтхоратæ æмæ басгæрдæджы фæйнæ тæнтъихæг пуцалы, ставд

къори дыууæ хъæдындзы – скæрддзæн сæ, цæхх сыл, æргомдзæхх куыд нæ уой, афтæ айзæрддзæн, æнæвгъау сыл æхсырысæртæ ныккæндзæн æмæ… æмæ… Бæргæ, иунæгæй-иу куынæ бакувид, фæлæ сæ фондзуæладзыгон хæдзары йæ иу æмгар лæг нал ис, йæ иу æмгар нæ, фæлæ ма дæс-фынддæс азы кæстæртæй дæр куы ничиуал баззад, иугай-дыгай батагъд кодтой сæ фыдæлтæм – царды бирæ фыдæбæттæ æмæ мæстытæн цыдæр лæмæгъ, æнæфæразон фæлтæр рантыст…

О, о, æмæ уæд чысыл цайданы, быхсæн ын куыд уа нуазгæйæ, афтæ та йæ хойы конд арахъхъæй стæвд кæндзæн – фæрнæй фæдарæд йæ бæркадджын къухтæ, зивæг нæ зоны; кæд зноны чызг нал у, уæддæр æм Зилгæйæ суай-суай кæны, кæм ын цы сдавы, кæм цы, фæлæ сæйраджыдæр йæхи арахъхъ æмæ йæхи ахст хъæбæр цыхт, хæндыджы къуымыхцы, цæстрæвдауæн хæнкъуытæ æмæ хæрзад. Æркæндзæн тæвд арахъхъæй йæ саубын хъулæттæ чысыл сыкъайы – хæсты фæстæйæ нырмæ йæм ис, – æмæ ссардзæн Хуыцау æмæ Йе сфæлдыст æрвон хæрзгæнджыты ном, айдагъдæр æртæ сыкъайæ! – æмæ уæд цы зæрдæйылæмбæлгæ вæййы йæхи конд салаты – халсартæй арвистоны комдзаг! Сыл мæнæу ссадæй сау дзулы карст дæр ма, о.

Цы чысыл хъæуы æнæмаст лæджы, цы!

Раст йæ комыдæттæ ныридæгæн æруадысты, уыдæттыл, йæ цæстытыл уайгæйæ, куыд хъуыды кодта, афтæ.

Кæцы трамвай йæ хъуыд – 7-æм номыр – уый æрбацыд. Сбадт дзы, кондуктортæ ныр къорд азы дæр нал ис, улупа сын ма фидой, æмæ æртæ мæйы ‘мгъуыдæн фæндагдзон билет равдыста трамвайтæрæгмæ. Мæнæ ‘фсæнвæндаджы вагзал, стæй та… Нал фæлæууыд, бадис та кодта, рагуалдзæджы 6-æм астæуккаг скъолайы агъуысты чъылдыммæйы фæскъуым цы ныв федта æмæ йæ сагъæссаг хъуыдытыл чи бафтыдта, ууыл. Ноджы ма йæм цыдæр бæлвырд бæрджытæй уæдыккон, хæсты йыл цы цау æрцыд… цы дыууæ халæмдих цауы ‘рцыд, уыдоны хуызæн фæкаст…

О, рагуалдзæджы цы тыхджын дымгæ радымдта хæхты ‘рдыгæй – фён, уый тынг хорз дæр ма лæууы йæ сыхырна зæрдыл. Иу заманты, – горæты уæлдайдæр! – хохræбын дæлвæзты скæны æвæджиау хъарм бонтæ, мæнæ зæрдæ ‘хцонæй хъарм агурын куы байдайы, раст уæд. Уæлхох та ма хъызт уазæлттæ вæййы. Æмæ уæд уазал уæззаудæр уæлдæф йæхи бынмæ расхойы, æмæ ахæм уады дымгæ

сысты, ахæм, æмæ уалæ Парчы æнусон бæлæстæй дæр ма къорд æд уидæгтæ сфæлдахы! Сæ тæригъæддаг уынд-бакастæй зæрдæ фæрæхойынц, лæг та фæсагъæссаг вæййы, ногæй-ногмæ басæтты, ærдзы фæзындты ныхмæ бынтон æвадат, ænæбон кæй у, ууыл…

О, æмæ скъолайы бæстыхайы аууон æрзади дыууæ дынджыр æмæ зæрдæисгæ аив бæрз бæласы. Сæ иу разæй, фæндаггæронмæ ‘ввахс, тæккæ дымгæдзæвæны, йе ‘мбай æмбал та мидæггоз, фæсвæд æнæдымгæ ран, бынтон æдас ран, цæвиттон. Фæлæ дын дымгæты бардуаг Галæгон йæ кæцыдæр маст исæгау айтæ-уыйтæ куы нал фæкæнид, йæ налат хъаруджын дымгæйæ зилгæдымгæ куы ацаразид, æмæ уый та уыцы хъазгæ-худгæ-футтытæгæнгæ куы фæмидæг-фæкуыси уаид скъолайы удæнцой сабыр фæсчъылдым æмæ… Æмæ дæ фыдгул, дæ балгъитæг дæр афтæ: йæхи фыдбылызтæй ныфсæвæрдау фæдзæхст чи ‘нхъæлдта, хъалзæнгæй, уæнгтæиваэст парахатæй чи задис, æдасæдыхстæй, дымгæты знæт футтытыл химидæг йæхи худæгæй хæсгæйæ, уый дын уæлæмхасæн цъаммар зилгæ-здыхсгæ дымгæ æд уидæгтæ куы фæуæлгоммæ кæнид, куы йæ адæргъ кæнид, йæ алæмæты рæсугъд гуырвидауц дæр ын мур дæр ницæмæ ærдаргæйæ!

Фыдзæрдæ!

Фыдвæнд, фыдгæнæг!

Фашист дымгæ, æгъатыр фашист!

Уый йын!

Дымгætæн риугом бæрз бæлас та, тæккæ быгъдæг фæндаггæрон куыд лæууыд, афтæ сæрбæрзонд, уæрæхтæзылд къабазджынæй лæугæйæ баззад, кæд йæ хорз хъæдын зæрдæ ферхæндæг уыдаид, ферхуым йæ хæлары бæллæхæй, уæддæр…

Фæлæ дын уымæн та уадидæгæн уæд – уыцы ныв ауынгæйæ – йæ хъæдгомджын зæрдыл уыцы дыууæ цауы ærлæууыдысты, цыдæр бæрæг бæрджытæ-æууæлтæй йæм æнгæсæн хъысмæттæ фæкастысты дыууæ бæрзы цардвæндагимæ.

Кæддæрты йæм хъæуы йæ сыхаг – Къуымы Сыхы йæ сыхаг, уæдмæ дæр зындгонд фыссæг Хæблиаты Сафар уæзбын-уæзданæй бауырдыг, мæнæн, дам, мæхи иузаман Гуыриаты Мæхæмæт, уый та зындгонд журналист, куыд бакъуымы кодта, дæу та, дам, æз афтæ байййарон: зæгъ-ма мын æй, хæствæлтæрд лæг, зæгъ, лæджы æцæг хæлæггаг амонд циу йæ фыдæбойнаг, фыдтæвзарæнты царды, уый.

Цы йын загътаид ахæм сæрæмбæрзæн, къухтæтухæн, дæлæрмтты сæ кæнын дæнцæгæн, цы йын æрхастаид ахæм цæвиттойнаг, æмæ æцæгдæр лæгæн лæгæвзарæн сахат сæйрагдæр цы уыдаид. Загъта йын, æппæт адæм иударонæн цы дзуапп фæдæттынц, уый:

– Амæндты сæр – æнæниз куы уай, уæд уый. Алы хъуыддæгты та – дæ лæгдзинад æмæ дæхæдæг…

– Афтæ, афтæ, – сразы Сафар. – Фæлæ дзы æнæниздзинады мидæг Мæхæмæт иу уавæр, иу фæзилæн фæуæлдæр кодта, фæтæхудиагдæр. Æмæ, дам, уый та уый у, дæхимæ зилынхъом куы уай, дæхи къахæй, Сталин дæр, дам, фистæгæй кæдæм цыд йæ уæнгты сæрæнæй, уырдæм цæуынхъом ма куы уай, уæд уый.

Ныр та йæхæдæг сразы уыцы Мæхæмæт æмæ Сафаримæ дæр, æцæг уæд, Сафаримæ ныхæстæгæнгæйæ, уыцы цаутæ йæ зæрдыл не ‘ræфтыдысты, уыцы амонд – дæхи сыстрагъæй цынайыны амонд…

Æмæ – æцæгдæр! Дæ галифе хæлафы фадгуытæ уæраджы фæтасæнты кæм фæкъуырфытæ сты, уым сси сæ къуыртт. Æмæ уæдæ дæ буар дыууæ мæйы зæгъа, чысыл фылдæр, сапон æмæ тæвд доны хъæстæ куынæ фæуа, хид та ракæн, уæд дзы хуыздæрмæ уæдæ цы ‘нхъæлцау дæ, цæмæ дзы кæсыс мæгуыр буарæй – гæбæр бæхау дæхи ных, тугвæдтæ уадз дæ сыстхæрд гуыбын, дæлæрмттæ, къæхтыл… Уый та дын хæсты бирæ бæллæхтæ-фыдæвзарæнтæн сæ иу, се ‘лгъагдæр…

Æмæ куыд æхсызгон уыд суанг фæлмæцыд зæрдæйæн дæр ма – буары кой ма чи кæны, сæхи уыцы хъæуы хæдзарон чысыл абанаты ахъаззаг – æд сапон, æд тулдз æмæ бæрзы сыфджын лыстæг къалиутæй конд цъылынтимæ – куы цынадтой, куы ныссыгъдæг кодтой, сæ дарæс фæныкдоны удæстæй куы фæхъæстæ кодтой зынаргъ фæтæгенæй æмæ йæ куы нылламæрстой, къæр-къæргæнгæ хус куы бакодтой пецты фæтæн тæрхæджытыл, – стæй сæхимæ ноггуырдау куы фæкастысты, сæ уæлæдарæс сæ уæлæ куы скодтой, уæд!

Уый та дын удæгас лæджы зæххон амæндтæн сæ иу, æхсызгон амонд, уырыд, фыдвæллад хæстоны бæрæгбон…

Æртындæсæй ма æнæхъæн батальонæй немыцы æрхъулайæ раирвæзтысты, дыууадæс сырхæфсæддоны æмæ иу æвзонг лейтенант. Амæ дамбаца, фондзмæ цыдæр фондзæхстонтæ фæйнæ цалдæр гилдзимæ, йæхимæ автомат Пыпыша, иннæтæ – афтидарм: гилдзытæ сæм куы нал уыд, уæд сæ гæрзтæ асхуыстой, адонæй та ма,

дам, цы кæнæм, цы сæ ‘мпъухæм, фыр æххормагæй ма нæхæдæг тыхамæлттæй куы стæм нæ къах айсынхъом, зæгъгæ.

О, æндæр кæцæйдæр сæм æрбафтыд иу ирон лæппу дæр – фыццагон ном ын уыд, æмæ йын æй бахъуыды кодта, йæ мыггаг та йын æрмæст иунæг хатт фехъуыста æмæ дзы ‘рбайрох, стæй йын æй æрымыса, уый дæр æй нæ фæндыд уый фæстæ, уый...

Хъызылбеджы мыггаг…

Йæхи йын Хъызылбегæй дæр нæ бацамыдта, фæлæ, дам, æз сырх кънйаз дæн – Кизил Бек…

Хорз, цы дунейы ис абон, уыцы дунейы ахаст ын тæрхонгæнæг уæд…

Ныр цыппæрдæсæй Бруты мæрддзыгойау хæлиуæй цæуынц. Æрбахæццæ сты иу уæрæхтæ цæугæдонмæ. Æмæ цæугæ кодта, лæугæ кодта цады донау, уый йыл нæ зынд нæхимæ дæттау, фæлæ уæддæр река кæй у, цæугæдон, уый бæрæг дардта, йæ сæрты стыр хъæдын хид кæй уыд, уымæй. Хидæн йæ могортæ ставд донуадзæн хæтæлтæй конд, йæ цæуæн рагъ та – сыгъдæг хъæдæрмæгæй… Йæ фæйнæджытæ ранæй-рæтты фегæмттæ сты, фæлæ йыл уæддæр бæхуæрдон æмæ машинæйæ бауайæн дæр уыд. Цæвиттон, хæстон нысаниуæг хаста, æндæр уæдæ цæй охыл фæзындысты æртæ æви цыппар немыцаг хæдтæхæджы сæ тæккæ сæрмæ.

Лейтенант цъæхснаг хъæлæсæй радта бардзырд:

– Все под мост!

Цаваер «под мост», цаваер, кæд æмæ уыдонæн, немыцæн, сæ бомбæты хъавд хидмæ уыдзæн! Хъызылбегмæ ма иронау сдзырдта, къудзитæм лидзгæ, зæгъгæ, æмæ йæхæдæг дæр иуварс иу пыхс къутæры аууон æрныгъуылд, йæ автомат йæ быны фæкæнгæйæ – цынæ вæййы, куы йын æй æруына немыцаг пилот, бинокльджын, æмæ йыл нæмыгадзагъдæй куы ралæууа… Æллæх, æллæх, мæлæты маргъ, зæгъгæ дæр ма бахудт йæхиуыл.

Сæ бомбæтæ-иу куы доны астæу æрхаудысты, куы хидыхъусмæ ‘ввахс, фæлæ йæ уæддæр сæ кæцыдæр акъуырдта…

Куы айстой сæхи, сæ гуыв-гуыв куы нал хъуыст, уæд сыстад, бар-ænæбары ‘рцагъта йæ рыгтæ – уæддæр та йæ уæлæ ногæхсад дарæс – æмæ, æмæ… Цæй хид ма æмæ ма цæй æндæр: ныхъхъæнтæ-ментæ ис фæйнæгæй, бынхъæдæй, æндæрæй. Æввахс æм бацыд, бакаст ын йæ бынмæ: кæйдæр къæхтæ ма дзы сыджыты ныгæдæй

зындысты, æрмæст ма кæйдæр къæхтæ… цæмæндæр бæгъæмвадæй…

Кæд Хъызылбег дæр нæ бамбæхст уым, алыгъд, уый зондмæ гæсгæ, къудзитæм – æмæ йæм йæ номæй цалдæр хатты ахъæр кодта. Нæй, нæ йæм разынд дзуапдæттæг.

Мæнæ мын æвиппайды цы æххормаг у, зæгъгæ, бадис кодта æмæ йæ дыууæ дзыппæй фæйнæ дыууæ æдцъар фых картофы фелвæста. Фыдджын дæр, дзаджджын, лæплæпгæнаг уæлибæхы кæрстытæ дæр афтæ адджынæн нæ бахордтаид, уыдон куыд аныхъуырдта зыд æмæ кæрæфæй!

Дон-дон фæраст: нæхирдæм, хурыскæсæнырдæм калд – иугай сыфтæртæ кæцырдæм ласта, уымæй йæ базыдта.

Цыди быдыр-быдыр, кæм къутæр хъæдджын, кæм хихджын бæлæстæ хъæдджын, кæм бынтон быгъдæг æмæ та-иу дардмæ чысыл хъæу суыдта, зæгъгæ, – уæвгæ та нæхи быдираг егъау хъæутæ уым тынг стæм хатт уыд: селение та хонынц, аргъуан кæм ис, уый; кæд дзы нæй аргъуан, уæд та сæм деревня у йæ кадджын ном. О, æмæ та-иу дæрддзæфмæ хъæу куы ауыдта, уæд-иу фæсвæд ран æрныгъуылд æмæ кастис, хъуыста – цæуы дзы куыйты рæйын; нæ дзы цæуы – уæд немыц уым сты æмæ сæ ныццагътой: куыйтæ сыл-иу уæлдай хъæхъхъагдæр рæйд кодтой, æцæгæлон адæм сты, уый иу хъуыддаг уыд, фæлæ ма сæ сæ тæф-смагæй дæр хицæн кодтой, хъылмайау сæм каст, æвæццæгæн…

Чи-иу ын загъта бынæттон цæрджытæй, тоже драпай дальше до самой Москвы, как и те, кто побирался-шаромыжничал-французничал до тебя – много тут вас ходют-бродют, на всех картохой не напасешься, зæгъгæ, фæлæ-иу ын чидæртæ нымад картæфтæ æмæ дзулы къæрис дæр аваердтой, дыууæ-æртæ айчы, суанг ма ‘хсыры агуывзæ дæр. Æмæ боныцъæхтыл иу горæтгондмæ ныххæццæ – æфсæнвæндаджы фæйнæ фарс æрцахста. Æфсæддон хай дæр дзы разынд, станцæгæс æмæ ‘фсæн хид хъахъхъæнджытæ.

Чи дæ, цы дæ, ис дæм документтæ-йедтæ, æмæ йæ суазæг кодтой – рæстæгмæ уал, мæнæ дæм Смершæй исчи зындзæн æмæ дæ уæд уый бæстон лыстæгæй æрфæрстытæ кæндзæн, зæгъгæ. Æрбамбæлд, дам ма нæм иу дæ хуызæн кавказаг, æмæ йæ цыма штрафбаты фыццаг скодтой, йæ командиры бардзырд, дам, кæй ницæмæ ‘рдардта, уый фæдыл.

Йæ зæрдæ уайтагъддæр фæкъæпп ласта: уый, сыгъдæгæй, Хъызылбег уыдаид! Æвæццæгæн, уæд къудзиты пыхсыты нæ бафснайдта йæ сæр, фæлæ цыппæрвадæй, куыд дарддæр гæнæн ис хидæй, афтæ

лыгъд радта æмæ… æмæ ам балæууыд. Фæлæ – хæйрæг йæ зонæг, иу æмæ дыууæ кавказаджы раирвæзтаид алы æрхъулатæй…

Æнæдиссаг нæу уый дæр, æнæдиссаг: лæг цы дæсныйады ахасты бахауы, уый æууæлтæ раст йæ бакастыл дæр фæбæрджытæ вæййынц. Æмæ амæн дæр уыцы аивтæ цæсгомæвæрд, йæ тыппыр фæлмæн рустæ цыма йæ хæларзæрдæйы уагæн æвдисæнтæ сты – уайсахат дæр ыл хæстæг-хионау, рагон хорз зонгæйау бауууæндис, фæлæ уыцы каконсындз, уыцы рæхойаг судзин цæстытæ, суардзæхдонау цъæхбын, ирдгæджын, ихæнриз æфтауæг, хатыр циу, хатыр, лæджы тыхст-уырыд уавæр бамбарын, искæй мастæй схъæрзын, кæмæндæр фæтæригъæд кæнын, уыдæттæ раджы кæддæр кæмæй фесты зыбыты рох, тæккæ ахæм мæлдзой цæстытæ.

Æмæ уæд цæмæн, уыцы æрыгонæй цæмæн уыйау у – кæд ыл цыдаид иу-æхсæз, авд æмæ ссæдз азы, зæгъгæ, йæхи бафарста. Хуыздæр дзуаппæн уый банымадта: йæ хицау чи у, комкоммæ йæ командиргонд ома, уый фæзмгæйæ суыдаид ахæм! Уый зæрдæ йыл ма фæхуда, уый цæстыты йæхи ма бафтауа, цы куыст ис йæ бæрны – Советон Цæдисы номæй! – уый аккаг разына!

Смершы афицер «Смерть шпионам»-ы!

Æртыккаг бон æм фæзынд шпионты цæгъдæг-марæг. Фыццаг уал уæлæнгай рафæрс-бафæрс, стæй цæхджындæрæй-цæхджындæр, цывзыджынæй-цывзыджындæр ракъах-бакъахтæ, алы гипотетикон уавæртæ-фадæтты йæ ‘вæргæйæ:

– Æмæ дын, размæ, атакæйы, зæгъгæ, куы уыдаид бардзырд, уæд та уый дæр æдылы командиры æдылы бардзырдыл банымадтаис, и, и?!

– Нæ банымадтаин. Уый размæ-иу сæ куыд нæ банымадтон, афтæ: къорд хатты бацыдтæн хъазуаты. Фæсфронты уырыты туг æмæ зонд не сты мæ ирон туг æмæ зонд.

– Уый кæмæй зæгъинаг дæ? Кæй хоныс уырытæ?

– Комкоммæ никæмæй. Фронты ахæм иумæйаг фидис сфидар не ‘хсæн.

– Æмæ ирон туг æмæ зонд цы хъауджыдæр сты иннæ адæмыхæттыты туг æмæ зондæй?

– Ницы. Фæлæ алчи йæхи тыххæй дзуапп дæттæд. Мах дæр уыцы Иунæг Хуыцауы сфæлдыст стæм, уæлдай хæрзтæй нæ нæ фæхъулон кодта…

– Æмæ дæу дæхи хуызæн ирон кæй айед кодта… ауæй, уый та куыд?

– Цавæр ирон?

Æмæ Хъызылбеджы мыггаг загъта, уый мыггаг уыд, уый та ма йын цы базонын хъуыд, схъæлхудтгæнгæйæ ма афтæ дæр куы бафтыдта йæ ныхæстæм, фамилия Красного Князя, зæгъгæ, уæд.

– Æмæ мæм цы ссардта уæййагæй? Уыцы иронхуыз базаргæнæг…

– Ома йын ды радтай контрбардзырд, хиды бынмæ нæ, фæлæ – къудзитæм. Ды йæ цæмæй зыдтай, немыцæн сæ хъавд, сæ нысан хид кæй у, уый? Сæхæдæг дын æй фехъусын кодтой рацийæ?

– Цытæ дзурыс, цытæ?! Стæй немыц кæд базыдтой иронау, æз та немыцагау?!

– Цытæ хъусыс æмæ цытæ уыдис… уыдаид, уыдон! Ды хатиагау дæр зондзынæ…

– Ничи мын ницы загъта. Мæхиуыл сæр нæй?.. Ироны фаг сæр.

– А-гъа, дæуыл, ирон хуымæтæг салдатыл, ис зондæй йæ хъустæм дзаг сæр, советон афицерыл та, уыцы уырыссаг лейтенантыл та сæрау нывыл сæр нæ уыд, нæ?

– Зонд хистæр æмæ кæстæрæй куыд нæу, афтæ ‘фсæддон цинтæм гæсгæ дæр нæу… Стæй адæмыхатмæ гæсгæ дæр!

– Æмæ та дæумæ дæр уыцы æгоммæгæс, хивæнд адмиралау суанг Сталины бардзырд дæр нымаинаг æмæ æххæстгæнинаг не ‘ркастаид, и, и?!

– Цавæр адмирал?

– Сау денджызы флоты командæгæнæг. Немыцы ма ‘хсут, уый хæст нæу, провокаци у, зæгъгæ, уыд Иосиф Виссарионович æмбал Сталины карз фæдзæхст, фæлæ сæ уый, уыцы адмирал æхсын кодта немыцы хæдтæхджыты Севастополы сæрмæ æмæ сæ цалдæр æрæппæрстой:

– Гъы, æмæ уый провокаци уыд æви хæст?

– Æмæ – цы? Дуне кæд бынты-бын кæндзæн, уæддæр бардзырд бардзырд у, æмæ йæ æнæмæнгæй æххæст кæнын хъæуы! Бамбæрстай, ирон туг æмæ ирон зонд? Уыцы адмиралæн та сомихаг сты йæ туг дæр æмæ йæ зонд дæр! Уыцы мичманæн – Сталин адмиралæй мичман акодта, галæй бындз акæнæгау. Дæуæн та дæ фæндаг цæуы дон-дон штрафбатмæ! Уым къутæры бын нал бабырдзынæ!..

Хуыцауæй дæр, чи зоны, кæцыдæр рæстæг айрох вæййы, табу Йын, табу, Хуыцау кæй у, уый. Фæлæ та ныр дæр нæ фæсаджилзонд, хæрам æрцæуа рæстад зондыл, уый Йæ уæдæ куыд хъуамæ, цы хуызы хъуамæ бафæндыдаид, куыд?!

Особист æй цы блиндажы ракъах-бакъах кодта, йæ ‘нахъинон

фарс-тытæй цы хурхгæнд, уый уыдис æфсæнвæндаджы сæрты æфсæн хиды тæккæ цур. Хæдтæхджыты уæззау гуыв-гуывмæ дыууæйæ дæр æддæмæ рауадысты.

– Мæ разæй хиды бынмæ!

– Нæ цæуын!

– Уый æфсæнæй, цугун æмæ ‘ндонæй конд у, уымæн бомбæтæй тас нæу уæ хъæдын хидау!

– Нæ цæуын!

Уый йæ дамбацайы хуымпъырмæ куыд февнæлдта, афтæ йæм йæхæдæг та Пыпыша-автомат фæцарæзта. Уæд дын уый дæр хиды бынмæ нæ балыгъд, фæлæ, хицæнæй цы афтид дыууæ цистернæйы лæууыд, уыдонæй иуы бын рельсыл æрбадт: шпалытыл дæлгоммæ нæ ныххуыссыд – тæппудау фæтæрсын йæ сæрмæ не ‘рхаста… Ницыуал æм сдзырдта, цистернæтæ афтид сты, цы сты, уымæн йæ бæрджытæ немыц нæ зонынц æмæ ныр та сæ мысан уыдон уыдзысты, зæгъгæ, фæлæ, иуварс цы змисы обау амад уыд – хæмпæлгæрдæг ыл схæцыд, уый фæстæ бадæлгом. Цыдæр хæрздæф кодта змис, цыдæр – æркаст кæрдæджытæм, æмæ-иу фыццаг заман асыччы мæнæуы ссады сæр кæй байтыдтой, уый – ма ссыст уа, ма схъуынадзæф уа ссад…

Иу хæдтæхæг уал æркалдта, æрызгъæлста станцæйыл йæ бомбæтæ – атахт, йæ фæдыл иннæ дæр афтæ, æртыккаг, цыппæрæм… Зæхх сæ куыд урæдта, куыд нæ афазтæ, хохаг кæмтты хуызæн куыд нæ фæауæдзтæ – мæгъа, мæгъа. Станцæ сыгъд, вагæттæ сæ сау фæздæгæй арв саумылазон кодтой, хатгай-иу фæздæджы астæуæй арты сырх-сырхид æвзæгтæ дæр сирвæзтысты.

Цистернæтæ дыууæйæ дæр, цы уыдысты, уымæй басмахътыл æнæфенкъуысгæйæ лæууыдысты, фæлæ йæ слестгæнæг мæрдон дæргъæй рельсыл бадæлгоммæ: куы йæм ныццыд, уæд ын йæ зæрдæсæр цæхгæрмæ сагъдæй æфсæйнаджы схъис федта. Цы йын йæ бон уыд, йæ дзагъыр цæстытæ йын æрæхгæнын æмæ йын, рухсаг у, рухсаг зæгъынæй уæлдай…

Уый та дын скъолайы фæсчъылдым æрзайæг бæрзбæлæсты лæвар мысинæгтæ. Хъысмæтæй иу хиды бын дæр, иу пыхс къутæры ауон дæр æмæ уыцы бæрзау иу фæсвæд ран дæр нæ бамбæхсдзынæ, нæ – уый та дын йæ уæлæнгай философи нæуæдздыууæаздзыдæй. Цы чындæуа: йæ салат – халсарты арвистон – та иунæгæй хæргæ ‘рцæудзæн…

О, цæрынхъус ма цас дæ, зæгъгæ, уæд ыл æргом басæттид: фылдæр-фыл-

дæр ма, кæд уæ нæ фæнды æмæ Иунæг Хуыцауæн зын нæ уыдзæн, уæд ædæппæт дыууæ -'ртæ азы ма. Ома йæхи цæстæй ма йæ фена, ацы фæсарæйнаг бæллæхы хæцæнгæрзтимæ ерысы хæст цæуыл ахицæн уыдзæн, стæй уыдзæн ног хицау бæстæйæн, æви та абонон баззайдзæн йæ тухийаг, иуæй, дзыллæтæн арфæйаг, иннæмæй, бирæтæн та ælгъыстаг бынаты.

Ирæттæ куыд раппæлынц æхсарджынтæй, афтæмæй лæджыхъæды миниуджытæй хъулон хайджын у, фæлæ йыл Максим Горькийы ныхæстæ 'рцæудзысты, «безумству храбрых поем мы песню», æви кæцырдæм фæзилдзæн йæ хъысмæты дышлæ-астæухъæд, – иунæг Уæллаг йæ бæлвырдтæ зонæг.

Æндæр йæхæдæг та цардыл нæ ныддæвдæг, цытæ дзы федта æмæ бавзæрста, уыдонæй йæм дзы зæрдæзæгъгæдæр æмæ фыддæр ницыуал ænхъæлмæ кæсы, цы хъысмæты ахаст зоны, уымæй…

УАРЗИНАДЖЫ КЪУХ

Нигер адæмыл йæ цæст кæрæй-кæронмæ, стæй та фæрсырдæмты ахаста, бафарста, фæлæ комкоммæ – никæй:

– Куыд у – райдайæм? Ис нæм йед… Кворум?

Райхъуыст алырдыгæй хъæлæстæ:

– Ис! Ис!

Нигер, иуварсырдыгæй иппæрдæй чи бадт, уыцы лæппулæгмæ фæрсæгау бакаст. Уый йæ сæрæй дыууæ хатты æркувæгау кодта, ома, дам, бар уын ис райдайынæн.

– Уæдæ нæ абоны ныхасы сæр у «Ныры дуджы кълассон тох æмæ аив литературæйы хæс». Райдианы цыбыр раныхасы бар – развæд скæныны бар – ис Барахъты Теккойы фырт Гинойæн…

– Бахатыр-ма кæн, Иван, фæлæ, цæмæ гæсгæ нæ зæгъæм, абон ам немæ цæуылнæ сты Куыдзæг, Къоф, Ærнигон, Æбаты Шамил æмæ… – Хадзыбатыр фæкъуыхцыйау. – Кълассон хæст-тохы тыххæй та æмбал кæмæн нæй, уыцы 'мбал Иосиф Бесойы фырт Сталин загъта, зæгъгæ, социализм иу уæлахизæй иннæмæ куы бырсы, уæд кълассон тох та карзæй-карздæр кæны…

Йæ бынатæй фестад Хъазыбег:

– Иван, æз та афтæ бафæрсинаг дæн, æмæ ам, ирон советон фысджыты 'мбырды мæнæ ай, Ардасенты Хадзыбатыр, Куыдзæг, Къоф, ома Къоста

Фæрниаты, стæй ма уый Фæрнион дæр у, иннæ ахæм Илас Æрнигон, æцæгæй та Тогызты Газакк æмæ Шамил Æбаты, ам цæуылнæ сты, уымæн йæхи æнæзонæг цы скодта, цы? Адæмы знаджы сиахс, ам, советон фысджыты ‘мбырды цы архайы, æз та йæ уымæй бафæрсинаг дæн.

Хадзыбатыр æм базылд:

– О, æз Куыдзæджы сиахс дæн æцæгæйдæр. Фæлæ йын æз йæ хо Лидæйы куы куырдтон, уæд Куыдзæг адæмы знагыл нымад нæма уыд… мæнæ дæу хуызæтты чъизи дзыхæй, фæлæ йæ адæм уæд зыдтой ирон фысджыты хуыздæртæй…

– Цавæр мæ чъизи дзыхæй?

– Ахæм! Ды йын схуыдтай, Бæдойы-фырт, йæ ахъаззаджы сатирикон радзырдтæ «Рапорт» æмæ «Бирæкрат» контрреволюционтæ. Стæй, уырыссæгтæм цы ‘мбисонд ис, уымæ гæсгæ ды дæхæдæг дæр «От сумы и от тюрьмы не зарекайся»: дæумæ дæр иу цырддзаст Гино раиртасдзæн адæмы знаджы миниуджытæ… Цавæрдæр адæмы…

Гино фесхъиудта, фæтæррæст ласта:

– Мæн та дзы, Ардасены-фырт, нымудзджытимæ чердыгæй фæцавтай?!

– Æмæ уæдæ Фæрнион абон кæм ис, уым цæмæн ис? Чи йыл æрымысыд æмæ ныккалдта алы антисоветон тугтæ? Уый дын цавæр критикон æвзаг у: «Саст дамбацайы хуызæн», «Кæйдæр къæссайы комыл хæцæг»?! Стæй æвæджиауы раст зондыл хæст у Къоф, ды та йын йæ ныхæстæ «Хъуамæ алкæмæн дæр бар уа йæ хъуыдытæ æргомæй зыгъынæн», зæгъгæ, антисоветон дымгæмæ ныддардтай. Дæ критикæ Æрнигоны, Хетæгкаты Дауыты, уæлдайдæр та Арсенийы тыххæй у вульгарон-социологон, критикæ нæ, фæлæ ‘ргом нымудзæнтæ, о. Афтæмæй та дæхæдæг замманай фыссæг дæ, ахъаззаг. Фæлæ – тæрс: милицæйы кусгæйæ дæр бирæты тæригъæды бацыдтæ, æмæ иу фыдбон куы скæна, дæуæй дæр та мастисæн бон, уæд дын дзæвгар цыдæртæ æрымысдзысты, урс паддзахы æфсады афицер кæй уыдтæ, суанг уый дæр...

Нигер хорзау нал уыд, мæстæлгъæдæй загъта:

– Хадзыбатыр, уанцон æртхъирæнтæ дын не сты! Раст дæ ирон фыдуацхæссæг Кассандрæ рауад…

Цыдæр зæгъинаг ма уыд Иван, фæлæ, залмæ ‘рбацæуæн дуармæ дзагъыр цæстæй кæсгæйæ, удаистæй, тарстхуызæй кæсгæйæ баззад: æрвцъæх худджын дыууæ лæппулæджы дзы, æфсæддонты фадыварц фæзмынгæйæ, ‘рбацыдысты, сæ каст президиумы иуварсæй бадæгмæ скодтой, уый йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзæй Хъазыбег æмæ Гиномæ ацамыдта.

Гино хъуыддаг бамбæрста æмæ ма уæддæр сфæрæзта:

– Мæн та цæй тыххæй?! Æз…

Иуварсæй бадæг сыстад, æгъуыз, фæллад хъæлæсæй загъта:

– Дæ прокурор ус Еленæйы дæр уым баййафдзынæ. Æмæ дын æй уым зæгъдзысты, циу, цы хабар у, уый. Диссаджы, æмбисонды ныхæстæ дын бакастæн дæхимæ: «Цæй зын у æнæмбаргæ уарзинаджы къухæй фесæфын». Чи у, кæй хоныс уарзинаг, афтæмæй хуырым, æнæмбаргæ, уый та… – Базылд æрбацæуджытæм:

– Акæнут сæ!

Куыд сæ фæцæйкодтой, афтæ сæ фæдыл адзырдта:

– Дæ иннæ диссаджы æмбисонды ныхæстæ та дын бынтон хорз бадынц мах хъуыддаджы: «Аив ныхасæй сусæг хъуыдытæ нæ хъæуы æмбæхсын, сбæлвырд сæ кæндзыстæм». Нæ зонын, кæд сæ Иосиф Виссарионович æмбал Сталинæй райстай æфстау, – фыццаг хатт удæгас адæймаджы худтæй бахудт фысджыты ‘мбырдмæ бæрæг ранæй сæрмагондæй æрвыст лæг. – Мæнæ йæ ахæм ныхæстæ нæ фыд, нæ ахуыргæнæг æмæ нæ фæтæгæй æфстауæй: «Мы будем судить и карать не только за дела, не только за слова, но и за мысли!»

Цыппар лæджы дуаргæронмæ куыддæр бахæццæ сты, афтæ Нигер фæкодта:

– Фæлæуут-ма, цъус-ма бахъæцут! – æмæ, цы стъолы уæлхъус бадти, кæрдæгцъæх хъæдабæ хъуымацæй æмбæрзт, уый бынмæ нывнæлдта æмæ дзы систа дзæкъул, морæхуыз, йæ мидæг цыдæртæ кæй ис, уый йæ дымстæй бæрæг дардта. Æвдисы йæ ‘рвыст бæрнон лæгмæ:

– Ам цытæ ис, иудадзыг, æнæсцухæй, æппынæдзух мемæ цытæ хæссын, уый дын зæгъон…

– Ма мын æй дзур, зонæм æй: дæ мидæггаг дзаумæттæ дыууæ фæлыстæй.

Иван хæлиудзыхæй аззад, йæ саулагъз цæсгомыл дæр ма фæбæрæг, куыд афæлурс, уый:

– Куыд?! Цæмæй йæ зоныс… зонут, уым?..

– Нæ куыст ахæм у, Иван Васильевич, нæ куыст! Социалистон паддзахад нын мызд уый охыл фиды.

– Æмæ мæнмæ ницыма раиртæстат ахæмæй, цæмæй мæныл дæр «адæмы знаджы» сырхзынг гакк сæвæрат? Æз, кæй фæмидæгæй чындæуыд, уыдонæй цæмæй æвзæрдæр… цæмæй хуыздæр дæн?

– Ахæм гаккæвæрджытæ уæхæдæг стут… мах цæстмæ. Ноджы ма ерысдзаутæ стут, чи уæ фæраздæр уа банымудзынмæ, зæгъгæ.

– Ау, æмæ мæныл иу тугтæмысæг, цъыфтækалæг нæй?!

– Ægæр дæр ма! Фæлæ дæу æмæ Арсенийы тыххæй хъæддыхæй загъд у, ма сæм æвналут, зæгъгæ. Сымах Юли Цезары усау стут: «Жена Цезаря вне подозрений», – æмæ, дуаргæрон къæсæрыл чи афæстит уæдæй нырмæ, уыдонмæ адзагъул кодта. Феддæдуар сты сæ амæттæгтимæ.

Нигер йæхицæй бар-ænæбары мидбылхудт ралæмæрста:

– Кворум нæм нал ис æмæ… Кълассон тох куыд рæзы, уый та тæккæ ‘рдæбон нæхи цæстытæй федтам. Иу хъуыддаг ма хорз, æмæ Хетæджы-фырт Къоста нæ рахæццæ абонмæ, ændæра…

Арсени дуарæй йæ сæр æрбадардта, сусæг хъæрæй æрбадзырдта:

– Нигер! Ис дзы!

Цыфæндыйæ дæр чидæртæ сæ худын нал баурæдтой, зыдтой йæ, Арсени та Ирыхъæуы ноздзуан кæй уыдис, уый… Æмæ дын æрвыст лæппулæг ænæнхъæлæджы куы ‘рхатид:

– Иван… Æз дæр, йарæби, ирон лæджы фырт дæн гænæн æмæ амалæй, æмæ уемæ куы фемвынг уаин. Цыфæнды дæр-иу дзурут – æз ницы фехъуыстон ирон сидтытæй уæлдай.

Нигер æм, стыр цымыдисагæй кæсгæйæ, лæууыд…

Бонтæ рауад, мæйтæ, азтæ – дуне та дыккаг хатт хæсты цырен арты сыгъд, уæлдайдæр артæндзарæг йæхæдæг – Герман, æмæ йæ амæттаг Советон Цæдис. Фæлæ ныр 1944 азы райдиан, арты судзгæ-араугæ ‘взæгтæ хæстæгæй-хæстæгдæр немыцæн сæхимæ кодтой, советон бæстæмæ та дарддæрæй-дарддæр.

Æмæ сусæг-æргомæй адæмы ‘хсæн билцъ уагъта ног ныфс: бирæ, ænæкæрон бирæ тугныккалды фæстæ фæуæлахиз уыдзыстæм мæнгард хæлар-знагыл, æмæ уæд… уæд нæ цард æцæгдæр нывылæй-нывылдæргæнгæ цæудзæн, аргъæутты-аргъаудæр коммунизм нал уыдзæн кæмдæр, дард фæсхох – «не за горами-долами»… Стæй йæ призрак дæр по Европе нал бродить кæндзæн… призрак нал уыдзæн æмæ…

О, фыдæлтæ, о: мæгуыры зæрдæ фыдæй-фыртмæ фынтæй хъал. О, Къоста, о: мæгуыр лæг никуы ныххуыссы ænкъардæй, йæ зæрдæ хъал вæййы… хуызджын-нывджын фынтæй… Йæ уæлкъæй фиутæ ауыгъдæй фены…

– Арæх скæны, Арсени, Цыппурсы мæй дæр мæнæ нырау фæлмæн, хъæрмуст бонтæ. Ды йæ мæнæй рагæйдæр хъуыды кæндзынæ…

– Æнæхъæн цыппар æмæ ссæдз азы раздæр дæуæй, Саулæппу…

– Æмæ зæрдæ агуры искуы хуссарварс ацы зæрдæхæлар хурмæ сбадын æмæ иу рыст удæй иннæ уынгæг удмæ æууæнчы ныхæстæ акæнын. Æндæр «некому руку подать в минуту душевной невзгоды»… – Иван фæрсаг-къахæгау баздæхта йе стыр цæстытæ Коцойы-фыртмæ, стæ-ма, кæй ныхæстæ ‘рхаста, уыдон уый зоны, зæгъгæ.

– Цы ‘вгъау уыдис уыцы Лермонт дæр афтæ æрыгонæй фæцæуынæн мæрдтæм иу чепухайы къухæй… Æцæгдæр мартышкæйы!

– Уæх, Арсени, уæх, Габоци, æмæ дзы нæхи Фæрнион, фыццаг ирон роман сфæлдисæг, аз хистæр йеддæмæ дзы куынæ уыд Юрийы фырт æвзонг Михаилæй – æмæ уый та чи барвыста йæ тæккæ цардбаргæйæ мæрдтæм?! Æмæ сæ иуæй иннæ ныфсдæттæг æрдхæрæны фыссæджы та? Нæ хуыздæрты ‘вæрынмæ рæвдз не стæм, фæлæ ерысдзаутæ нæ сау дзыхтæй сафынмæ. О, цæуæм, мæнæ уым хурварс æруадзæм нæхи – уыцы хæдзары кæддæрты Малиты Георги цыбыр рæстæг ацарди…

– Уæд та иу рог уад скæнин мæ зонгæтæм Ирыхъæумæ? Куыд кæстæр, афтæ дæу арвитин, фæлæ дæ нæ зонынц лæгæй-лæгмæ æмæ сæхи смæгуырау кæндзысты, схусрæбын, банымудзынæй тæрсгæйæ…

– Уый – изæрæй, ныр та уал, цалынмæ хур нæ фæкъул æмæ йæ рæвдыд нæ бамынæг, уæдмæ исты уæлæнгай, удулæфæн дзыбандытæ акæнæм…

– Куыннæ стæй, Иван! Æз дæ иу ахæм цæмæйдæр бафæрсинаг дæн, æмæ ма цæй уæлæнгай, цæй удулæфæнтæ… æнæ цъæхæй.

Куыд фæцæйцыдысты иу фætæн фæйнæгæй конд бандонмæ, афтæ Нигер фæлæууыд, йæ бухайраг худыл уæлдæр схæцыд æмæ фæбæгъгъætт кодта йе стыр цæстытæ, дзургæ та ницы скодта, адарддæр кодта йæ цыд. Арсен рахизварс æруагъта йæхи, Нигер йæ дæлварс… æмæ йæм баздæхт гуырæргомыздæхтæй:

– Цæмæй мæ бафæрсинаг у ацы зæронд усгур, зæгъгæ, мæ сæры арфы ныссагъд, фæлæ уал æз мæ цыдæр зæгъинаг зæгъон, Габоци. Латинагау дзырд «арс» аивад амоны, æмæ хорз у дæ райст-бавæрды ном дæр Арсен-Арсени, фæлæ бынтон адджын ирон тæф та Габоци кæны…

– Омæ мæм дзур мæ дзызæйлаг номæй дæр, чысылæй фæстæмæ мыл ныддæвдæг, ныйичъи.

– Нæ йæ зонын, Габоци, дæумæ искæдбон ахæм удхор хъуыды ‘рцыдаид, уый, фæлæ мæнмæ та Хуыцауы ælгъыстау кæсæм мæнæ мах, куы амондæмхиц, куы фыддзыхты апиринæгтæ, фыссæн сисы цагъартæ-уацайрæгтæ. Фыссыс, фыссыс, дæ туг халыс, дæ зæрдæ цъæхснаг дудгæ рыстæй риссын кæныс, стæм хатт дын Хуыцау дæ хъусы йæ рæбинаг æвæрæнтæй ахæм дзырд дæр бацæгъды, æмæ налхъуыт-налмас, дзындзытæ йæ цуры – хуымæтæг къала, æрхуы. Æмæ дыл уæд хуртæ æмæ мæйтæ дыгæйттæй скæсы, ныббуц вæййыс дæхицæй, Хуыцау мæ уыны, æндæр мын ахæм хъæздыг фæлыст дзырдтæ йæ цæст куыд бауарзы, зæгъгæ. Мæнæ нын ды, Арсени, нæ ирон литературон æвзаг дæр ма куы сфидауын кодтай, куы сбонджын-сфадатджын дæхи æрхъуыдыгонд дзырдæй: æмдзæвгæ…

– Омæ йæ мæнæн дæр мæ рахиз хъусы Хуыцау æрбаулæфыд, не Скæнæг-не Сфæлдисæг, Иванджери!

– Табу Йын, табу! О, фæлæ та уæддæр лæджы æрæййафы уыцы сагъæс, мидхъынцъым, зæгъгæ, ныр, цымæ, мæ уд цы лæмæрстон тых лæмæрстæй, цы йæ ‘вдæрзтон, цы, сау тухитæй йæ цы мардтон, мингай азты дæргъы чингуыты сæрæвæрæн чингуытæ – нæдæр «Библи», нæдæр «Хъуыран», нæдæр индийаг «Ведætæ» – адæймаджы хуыздæрмæ куынæ аивтой, уæд. Нæ иу – Каин, иннæ – Абель. Иу нæ – зæд, иннæ – дæлимон, иблис, шайтан, – фæлварæг цæстæнгас та афæстит кодта Арсены æфхæрдхуыз цæсгомыл. – Националист мæ схуындæуаид, фæлæ йæ уæддæр зæгъон, зæгъгæ, цы хъал ныввæййын ирон лæджы хорзы коймæ æмæ куыд бамæгуыр вæййы мæ саби зæрдæ иу æвзæры тыххæй – мæнæ æвзæрты цæгъдæн бон йæ цирхъ хæргæцыргъ кæнынмæ та чи фæразæй уаид, ахæмы…

О, æмæ уартæ Гоголы зонд дæр уыйадыл нæ фæцудыдта, уыцы мастæй: нæдæр йæ «Ревизор», нæдæр йæ поэмæ «Мертвые души» кæй ницы сахадыдтой цардæвæрды æууæлтæ уæд та ма чысыл фæнывылдæр кæныныл… Уæд, Габоци, цы удхарæй маræм нæхи абоны онг, цы?!

Арсен дæр æм æргомыздæхтæй сбадт, рыст, æрдæгхурхгонд хъæлæсыуагæй дзурæгау фæкодта:

– Рагæй фæудхайраг дæн æз дæр, Иван, уыцы сындзджын, зынаныхъуырæн сагъæстæй, рагæй! Æмæ мæ царды фыддæртæм æрцыдтæн – мæхи уæдæ мæ хъалæй басхуыстон трамвайы бынмæ,

мæ хъалæй, мамæлайы къæбæртæ хæрæгæйæ, сысткъудийæ! Цы загъд-заман мæм фæкодта уæд Зæнджиаты Дæкка… Кæд прокурор у, уæддæр зæрдæрухсгæнæг ирон хорз лæг…

– Уæх, Габоци, Габоци æмæ Арсени, Арсени!.. Цы зæрдæрыст мын бавзарын кодтай уæд, цы! Уæдæмæ лæгхортæ стæм, Хуыцауы рæстæй дæр не ‘взаргæдæрты дæлдзинæггæнæг, æнауæрдонæй сæ сафæг. Æхсæст хоры мыггаг къада куыройы ссæгау. Кад æмæ намыс та сын сæ ингæнтæм… Йед.. Уартæ хæсты размæ немæ ‘мвынг абадынмæ бар чи ракуырдта, уыцы лæппулæджы нал хъуыды кæныс?

– Куыд æй нæ кæнын – тынг хорз дæр ма… Иу бæрæг кæцæйдæр нæм æрвыст.

– Уый дæр… Бирæгъты ‘хсæн, æвæццæгæн, куыдзау дардта йæхи, æмæ йæ бахордтой… æбæрæгæй йæ фесæфтой: йæ кæстæр æфсымæр мын ракодта хабæрттæ… Мæнмæ, дам, цы ‘хсæв æм æрбацыдысты, уыцы изæр радта ацы гæххæтт, дæу, Нигер, нымудзæджы курдиат оргæнтæм… Базыдтон æй, чи уыд, уый, фæлæ йæм зулаив цæстæй дæр никуы бакастæн. Диссæгтæ! Цæфæй æмæ йæ хъæбатыры æвдисæн хорзæхтимæ сыздæхт хæстæй.

– Æмæ дыл уæддæр цытæ ‘рымысыд уæд?

– Нæ йæ зонын, загътаин сæ искуы хорз зонгæты цур, æви не сræдыдаин, фæлæ, дам, мæнæйуый ныр та афтæ дзуры, зæгъгæ, кæмтты нарджытæй зарджытæ дæр æмæ, дам, хъарджытæ дæр уымæн нал хъуысы, æмæ ирон адæмыл дæр уыцы æмбисонд æрцыд, иу кæйдæр уаваеры, дам, бахаудысты: йæ къæхты бынтæ йын хъыдзы кодтой, фæлæ йæ худын та нæ уагътой; фæлдахгæ фыднад æй кодтой, æмæ йæ кæуын та нæ уагътой…

– Никъалайы заман дæр æмæ уымæй размæ дæр уыдис дзырдыскъæфтæ, фæлæ ныр куыд тæрсы лæг исты ахæм æргом хъуыды зæгъынæй суанг дæ хæлары цур дæр, афтæ, нæ зонын, искуыдæрма уыдис уыйбæрц нымудзæг дзыллæтæ. Мæнæ мыл мæ «Фæзыхъæуы» тыххæй Гино цытæ ныххуырста – куыдзахсджытæн фагæй фылдæр æфсон æмæ бындур мæн дæр «поставить к стенке», фæлæ иу кæмæдæр уый фаг мæлæтдзаг цæф нæ фæкаст æмæ ма сæм рæхуыст дæр бахæццæ кодта уартæ æртын æвдæм азы, ды Тазеимæ Хъырымы куы уыдтæ, уæд.

– Цавæр рæхуыстаджы æрмæг ма дæм сфæйлыдта уыцы патриотхæрзгæнæг?

– Æз, дам, дæн кълассон знагæй æнæвгъау æппæлæг, арвмæ йæ систон æмæ йæ дæлдæр нæ уагътон, цыма мæм æндæр – цъаммар, æцæг тугцъир-тугнуаз! – ælдары фæлгонц нæй, уыйау! Леуаны фыды тыххæй ныхæстæ мын схуыдта æнахъинон æппæлд кълассон знагæй.

Ахæм цитатæ сæм барвыста мæ радзырд «Æнхъæл нæ уыдысты» -йæ: «Афæдзæй фылдæр рацыди, афтæ амарди Леуаны фыд – кънйаз Иосеб Амилатари. Уый уыди стыр ахуыргонд лæг, æфсæддон куысты лæуд. Стыр кадимæ арвыста уый йæ цæрæнбонтæ. Кад паддзахы раз, кад æгас Гуырдзыстоны, кад йæ зæххыл цæрæг мæгуыр хизанты астæу». Фæстаг ныхæстæн сæ быны дыууæ хатты уыцы бæзджын сырх-сырхид кърандасæй бахæххытæ кодта… Раст цыма мæ антисоветон тугæй сахуырста!

Нигер йæ сæр уæззаугай банкъуыста, куыддæр бахудызмæл:

– Зонджындæр дзырдхæссæг дыл бынтон уæззау къæй бафæлдæхтаид, æз дын-иу цæмæй тарстæн, ахæм – мæнæ дын дæ «Саломи»-йæ æрмæстдæр иу хъуыдыйад куы ‘рхастаид, уæд: «Нæ коммунисттæ нæ фесæфтой! – дзырдтой иутæ…» Æмæ æцæг афтæ уыд, æцæг… Бæргæ, чысылнымæц адæмтæ-иу фыдæлты хорз зонд куы дариккой сæ зæрдыл, зæгъгæ, фырытæ куы фæхæцынц, уæд зондмидæг далыстæ та хизгæ фæкæнынц! Диссаг у цыфæндыйæ дæр, куыд сын аирвæзтыстæм нæ дыууæ дæр, уый… – Нигер фæуыргъуыйау, фæхъуыдыдзаст. – Ды дæр, Арсени, уырдыгхъæдæй бахус дæ, æз дæр удмидæг мард дæн, æндæр цы. Лæгдзарм кæддæриддæр тæнæг у, былар æфтауæг ælдар та, коммунист-большевик куы фæуа, уæддæр фыдлæг у. Æмæ сæ æз, идиот, фыр тæссæй иуахæмы мæхи мидæггоз Гуыркъуымты комы мæ райгуыræн Сындзысæр бафснаинаг дæр ма уыдтæн, афтæмæй, цъитийы скъуыды куы аирвæзтаис, йæ цъайы, уæддæр дæ ссардтаиккой…

Арсен уырдыг слæууыд, зæронд лæджы архайдау цадæггай, уæле бынмæ цъус æнæсдзургæ-æнæсымæй фæкаст Нигермæ, стæй йæ, æнхъæл дæр куыд нæ уыд Иван, ахæм фарстæй куы бафæрсид:

– Рухсзæрдæ, рухсзонд Саулæппу! Никæд мæ бауырндзæн, æмæ ды, мæнæ ды, Къостайы фæддар, уый буц æмæ сæрыстыр кæмæй уыдаид, ды уыцы поэт «в стол», «подспудно», сусæгфыстæй ницы ахæм крамолон ныффыстаис, уый. Никæд æмæ ницы хуызы…

– Цыдæр хорз куыдзы, науæд смудæг куыдзы зæрдæ дын ис, Габоци! Цæмæн дæ бахъуыд исты сусæгтæ зонын – дæ зæрдæ-

йæн дын рæхойгæ уæз куы кæндзысты, уæд? Искæдбон дæм сæ искæуыл бауæндын куы ‘рцæуа, дæ фæсмойнаджы фæндагыл, уæд та, уæд?

– Ох-хына, Иван дæр нæ æмæ Нигер дæр нæ, фæлæ дæм æз кæдæй-уæдæй дæ æргъæу чырыны æфснайд аргъуыды номæй сдзурон: Владимир. Æмæ, Владимир, æз бирæ бонты фаг нал дæн, зæхх мæ æнæрхъæцæй ælвасы йæхимæ, фæлæ ма æз ныræй фæстæмæ дæр сæдæ азы куы фæцæрон, уæд æцæгдæр куыдзы фæстагæй ацы ‘лгъыст æмæ алæмæты дунемæ фæкæсон, кæд мæ дзыхæй, сусæггаг цы у дæу тыххæй, уымæй мæ хъыпп-сыпп дæр куы сирвæза, уæд! Æвронгæй дæр æмæ ноздджынæй дæр, хъалæй дæр æмæ фынæйæ дæр. Сындзытæй арты мæ куы сыгъдæуа, уæддæр, гъе! Мæ зæрдæ дæу уарзыны фаг куынæ у, Хуыцауыардыстæн.

– Йæх-йæх, Габоци, мæ фыды хай фæуай… Цытæ-иу фыстон раздæр æмæ цытæ фыссынмæ ‘рхаудтæн куыдфæстагмæ, мæ царды фыддæрты... Фæсайдтон мæхи дæр æмæ адæмы дæр мæнæ ахæм ард бахæрдау ныхæстæй:

Æз цагъайраг нæ дæн,
Æз нæ хæссын къæлæт…

Дæн! Æгæр дæр ма! Æмæ йæ тæккæ абоны онг дæр ма хæссын уыцы тугамæст къæлæт, æндæр уæдæ нæ фæуин фыст нымад бонтæм ирон нæртон æвзагæй цыппар мин рæнхъæй дæр фылдæр былалгъон, зæрдæхæццæгæнæн ныхæстæй нывæст цыдæр: «Ирыстоны фæллойгæнæг дзыллæты ныхас адæмты фæтæг æмбал И.В. Сталинмæ». Кæд сæ чи фехъуыста «фæллойгæнæг дзыллæтæй» мæнæ адæттæ-уыдæттæ:

Нæ зынаргъ фæтæг, нæ ахуыргæнæг,
Нæ рæвдауæг фыд, нæ ирд стъалы,
Бæстæты рухс хур, дзыллæты амонд –
Нæ уарзон æмбал цытджын Сталин…

Æмæ нæм æцæг кæд ис, æцæг, мæнæ ахæм хистæртæ, Коцойы-фырт, мæнæ афтæ кувджытæ, уæд нæ фыдæлтæ сæ ингæнты къæйтæ не сфæлдахдзысты, мах уын афтæ куы ныффæдзæхстам: «Иу лæг дзыллæйæн фæтк нæу», зæгъгæ, уæд нæ сымах та, не ‘нхъæлцау

фædонтæ, цæмæн фидиссаг, худинаг æмæ фæсмойнаг кæнут, æндæр уын уый цавæр æмæ кæцон дымысдæр куывд у:

Нæ уарзон фæтæг, цытджын Сталин,
Нæ рухс бæрæгбон нæ буц хистæртæ
Фыццаг нуазæн Дæ номыл исынц,
Æмæ сæ дзырдтæ ныхъуыры зæрдæ:
О, нæ ныфсдарæн Сталин!
О, нæ царддæттæг Сталин!
О, нæ цæстырухс Сталин!
О, нæ хуры хай Сталин!

Гъемæ ахæм цъæлхъæртæ, дымысдæр ныхæстæ кæд «придворный поэт» чи уыд фыццаг заманты, уый сисы бынæй рацыдаиккой, æндæр ма æз дæр поэт дæн, æз дæр ма Владимир дæн, Иван æмæ, сæйраджыдæр, Нигер дæн, и, Габоци-Арсени?! Мæ мидæг ма цы уд тæлфы, уый поэты уд у æви цагъайраджы?! Ноджы ма уыцы цыппар мин рæнхъæй фылдæры мæнау цы фаджысхор фыссæггонд-поэтгонды рæнхъытæ ис, уый куы зонис. Æмæ сæ мæ бон нæу бауромын, цæмæй сæ рæхджы аивадон уацмысы номимæ джиппы ма рауадзой. Æгæуæг фæуон! Æдзæссыг!..

– Бирæгъыл, дам, мæ уды рæбинаг уидаг Иван, мæгуыры бон куы акæны, уæд йæ рагъы нуæрттыл куыйты бын дæр атулы. Фæлæ ма уæддæр, мæнæ дæхи цæсты дæр æнæкъæмдзæстыг, сæрбæрзонд поэт куы уыдтæ, фæзминаг дæ ныфс-дæ хъаруйæ, уæд цы ахæм сфæлдыстай, æмæ ма суанг мæ дзыхæй сирвæзынæн дæр тæссаг чи у… Ма мæ ауадз мæрдтæм, уый æнæ базонгæйæ, уымæ зæрдæхсайгæйæ…

– Хорз. Æрбад фæстæмæ. Мæнæ мæхи Сындзысæры, хæхбæсты цъассы бафæсвæд кодтон ме ‘дылыйæ, зæгъгæ, куы басастæн, уæд, æнхъæлыс, мæ ницæйаг цардæн фæдæн удаист? Нæ, æрдæгфыст мын цы фыдбоны уацмыс уыд, уымæн бацыдтæн мæлæтдзаг тасы, куы нал мын æй бантыса кæронмæ снывæндын æмæ йæ исты амалæй, махæй сæрибардæр æмæ ирон лæгдæр чи уыдзæн, уыцы фæстагæттæм арвитын, цæмæй ныл бынтон сæ зæрдæ ма фæхуда, ма нын фæтутæ кæной нæ ингæнтыл, зæгъгæ. Кæронмæ фыст та мын кæд æмæ фæцис нæ рагфыдæлты кæддæры Хъырымы, мæхи-иу ме ‘мбæлццон Тазейæ куы фæиппæрд кодтон æмæ-иу Аю-

Даг хохы сæрмæ куы схылдтæн, уæд. Хъус, уæдæ, мæ намысджын хистæр, мæгуыр æмæ домбай Габоци; дæ зæрдæ – уæрæх гом, дæ урс дзых – æмыр æхгæд:

Иуæй иннæ бон уырыддæр –
Афтæ, гъе, мæ цард æрвитын.
Тайын, 'руайын æмæ джитын.
Бон, æхсæв – мæлæтмæ сидын.
Зилы сагъæсæй мæ рыст сæр...
Æрдз мын ракодта лæвæрттæ.
Цардмæ рауадтæн ныфсджынæй.
Риуы арт сыгъди цырынæй.
Загътон, хиздзынæн фыдрынæй
Æз сымах – нæ митæвæрдтæ...
Фæлæ никуы æмæ ницы:
Хъуыры сцæнд сты мæ фæндтæ.
Нæй, нæ сын фæци цæуæнтæ
Цардмæ, афтæмæй мæ уæнтæ
Дудынц, утæхсынц фыднизы.
Ой, цы мыртæ уыд мæ риуы!..
Ой, цы хæзна уыд мæ сæры!..
Фæлæ арв зымæг нæ нæры
Булæмæргъ хъызты нæ цæры –
Уæд æрмæст ыстонг сырд ниуы...
Бонтæ уайынц æмæ згъорынц,
Мæн мæ сау ингæнмæ хонынц...
Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ сæнттæ!..
Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ фæндтæ!..
Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..
Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!
Ам ныл аудæг нæ уыди,
Ам нæ зард бæсты нæ цыди, –
Уым ныл саудалынг æртыхсдзæн!..

Арсен ын йæ дыууæ къухæй йæ дыууæ къухы уæларм аваердта, йæ лæмæгъ хъарутæй йын сæ æрæлхъывта:

– Ива-а-н! Æфсæрмы нæ кæнын уынджы адæмæй, зæгъгæ, уæд

нырдиаг, ныббогъ-богъ кænин! Ныр уый нæ агуырдтон мæхицæн: раст сæ цыма комкоммæ мæныл дæр ныффыстай. Карздæр ардхæрд циу, уымæй ард бахæрин, ацы уацмыс дунейы стырдæр литературæйы аккаг кæй у, æппæт поэзийы мидæг ма амæй трагедиондæр уа, уый зын зæгъæн кæй у. Трагедиондæр æмæ йе сфæлдисæгæн та топпы хъæлæсмæ йæ бацæуæнтæ æхсæдæг. Ноджы ма дæ «ам»-тæ: «Ам ныл аудæг нæ уыди, Ам нæ зард бæсты нæ цыди»… Уæд кæм ам? Советон социализм кæм фæуæлахиз «окончательно и бесповоротно», уым! О, цал азы æмбæхстæй йæ дарыс ныр?

– Мин фарастсæдæ æртын æстæм азы сæрдæй нырмæ – æхсæз азы æмæ ‘рдæг. Кæд фендзæн дунейы рухс, уый та… уымæн та йæ зонæг Иунæг Стыр Хуыцау…

– Нæ, нæ! Дæ удæгасæй – нæ! Уæд уый рухс дунемæ куыддæр рантысид, афтæ дзы ды та рухс дунейæ æцæгдæр æвæстиатæй ингæны балæууис, йæ саудалынджы хъæбысы – кæд ма дын дæ мард дæр радтой, уæд… – æмæ, æнхъæл ын куыд ничи уыдаид, афтæ цырдгомау фестад. – Иван! Владетель мира! Мæнæ зындгонд дзырдбаст «Мертвые сраму не имут» æз афтæ ивын: «Гении сраму не имут», уымæн, æмæ уый цъаммайраг тыхбегарайæ фыссы ælгъаг ныхæстæ фæтæгмæ. Фæтæг… Фæдæг… Арвæн, дам, æрмæст иу фæдæг куы уаид, æмæ, дам æй айдагъ æз куы дæин… Сыст, Иван, æмæ нæ ных сарæзтам Стыр уынджы тигъыл пъадвалмæ – сæ хæринаг дæр хæрзад у, ноз дæр сæм, зæрдæ цы зæгъа æмæ цы бацагура, уый разыны. Абон – мæ хардзæй.

– «Æхцайы чырын» ссардтай?

– А-гъа, мæ радзырды сæргондæй мæ хорз æрбахстай де ‘рттигъæй! Айфыццаг мын Дæкка авæрдта иу дзаджджын хуынды фаг…

Хур цæхгæр фæуырдыг кодта. Зæрдæ хъарм æрымысыд. Æмæ хъарм уыд ныккæнды рестораны – кæд дзы тамакойы фæздæг мигъау сбадт, уæддæр сын фехсызгон, æрмæст ма Арсен уыриссагау фæкодта: «Хоть топор вешай»…

Стæй, сæ алывæрсты бадæг лæгтыл йæ цæстæнгас куы ахаста, уæд багуыбыр Нигеры галиу хъусмæ æмæ йын дзы афтæ сабыргай дзырдта, раст цыма, хæстæг сæм чи бадт, иу ахæм лæджы кой кодта, æвзæры кой; кæнæ та Иваны сразæнгард кæныныл архайдта æввахс бадæг адæмæй кæйдæр фæнæмынмæ æмæ сын сæ ныхæстæ куы фехъусой, зæгъгæ, уымæй тарст, афтæмæй та бынтон дæрдтыл уыд йæ ныхас:

– Нигер, тæккæ ацы пъадвал-рестораны уавæрау у нæ алфамбылайы уæлдуне дæр: кæд ын йæ хъылма уæлдæфæн фæразыс, быхсон ын дæ йæ хурхгæнæг-хуыдуггæнæг æууæлтæн, уæд дзы фыдæвзарæн куыддæртæй цæрынхъом уыдзынæ, науæд нæм ма трамвайтæ дæр куы ис…

Нигер æм, йемæ разы кæй у царды фадæтты тыххæй, ахæм цæстытæй бакаст, æрмæст трамвайы коймæ тардзæсгом фæцис.

Фиппаинаг. Æмдзæвгæ «Иуæй иннæ бон уырыддæр» фыццаг хатт мыхуыры рацыд æрмæстдæр 1961 азы, Гуытъиаты Хъазыбег Нигеры уацмыстæй цы 3 томы бацæттæ кодта, уым.

ХЫЛ

Скъолайы уæрæхтæ кæрты дæлварс Хæблиаты Муратбеджы хъæздыг дыргъдонæй фæззыгон кæрдотæ давынæй куыд здæхтысты, афтæ та сног сæ быцæу…

– Кæй фылдæр уарзыс загътай, кæй?

– Кæй фехъуыстай, уый – Ленины, Владимир Ильичы.

– Ау, куыд æй уарзыс Сталинæй фылдæр, Иосиф Виссарионовичæй?!

– Афтæ! Хъæуы йæ, æмæ йæ уарзын…

– Æмæ Сталины та нæ хъæуы? Гитлеры чи абырста, сбынæй кодта? Дæ Ленин?

– Æмæ паддзахы чи раппæрста йæ бæрзонд къæлæтджынæй? Адæмы тугцъиры? Де Сталин?

– Уый Ленин нæ, фæлæ Керенский расхуыста!

– Фæуæд. Æмæ Керенскийæн йæхи та усы къабайы чи фæлидзæг кодта? Æмæ Атлантæйыл та, æнæхъæн цыппæрдæс капиталистон паддзахадыл та, чи фæуæлахиз? Æмæ Граждайнаг хæсты та Колчак, Деникин æмæ Врангелы чи ныддæрæн кодта? Æмæ Сырх Æфсад уæвгæ дæр чи сарæзта? Ленины разамындæй Троцкий, Лев Давидович. Æмæ йæ де Сталин раздæр Советон Цæдисæй фæсырдта, стæй йæ уартæ Мексикæйы амарын кодта. Уыцы лæгмар Рамон Меркадерæй та, террористæй, Советон Цæдисы Герой скодта.

– Не скодта! Сталин уæдмæ æгас нал уыд.

– Ленин та уæдæ абон дæр ма æгæстæй дæр æгасдæр у!

– Æз дын дæ Ленин дæхирдыгæй фæкæндзынæн! Цыппар туджы æмтъеры змæстæй гуырдзы!

– Æз та дæ Сосо-Мосойы, гуырдзиаг хæрæфырты, ирон лæджы фырты, адæмы ‘взаргæты цæгъдæджы, маршæлтæ æмæ инæлæртты, фысджытæ æмæ сын сæ чингуытæ кæсджыты марæджы!

– Кæс-ма ацы кулачы байзæддагмæ, кæс!

– Ды дæ дзырдхæссæг-нымудзæджы хъæвдын!

– Æз дын дæ мордæйæн!..

– Бавзар-ма!

Дыууæ æвдæмкъласон лæппуйы кæрæдзимæ фæлæбурдтой. Сæ фындзты туг акалд. Ныййазæлыд историйы урокмæ дзæнгæрæг. Тымбыл къухтæй сæ фындзты туг сæ дзыхты алыварс расæрф-басæрф кæнгæйæ къласы фæмидæг сты. Сæ бирæзонæг æмæ дæсны ахуыргæнæг Уырызмæг сын дзурдзæн Стыр Октябры Социалистон Революцийы уæлахизы тыххæй, йæ ахадындзинадыл æппæт дунейы адæмты царды. Ацы дыууæ «уасæджы» йæ исты ахæмæй куы бафæрсой, алы амæттæгты тыххæй, уæд сын йæ дзуапп джиппы уагъдæй цæттæ у: «Лес рубят – щепки летят».

Ахæм æнхъизгæ рæстæджыты, дам, суанг стыр лæгтæй дæр туджы зæйты айдагъ амæттаг æхсныфтæ рауайы… Æмæ, дам, ныр уæхи авдкъласон сæртæй хъуыды кæнут революцитæн сæ пайда æмæ сæ зиантыл.

30.11.2022 аз



БЯЗЫРТЫ Алыксандр

КУЫСТЫ ÆМÆ ГУМАНИЗМЫ ТЕМÆ НАРТЫ ТАУРÆГЪТЫ

Рагон заманты нæ фыдæлтæн «сызгъæрин дуг» сæ царды никуы уыди. Ærдзон фыдбылызтæ – митзæйтæ, ивылд дæттæ, æнæкъæвда сæрдтæ, стонг азтæ, эпидемитæ, хъомрын, хъызт зымæгтæ æмæ æндæр ахæмтæ – арæх æлдариуæг кодтой нæ фыдæлты зæххыл. Æмæ уыцы ærдзон фыдбылызты ныхмæ нæ фыдæлтæн уыди хæцæнгарзæн уæззау куыст æмæ кæрæдзийæн æххуыс.

Ныртæккæ дæр ма Хъобангомы Гачъыны рагъыл бæрæг дарынц саппыты сæдæгай метртæ æмæ террасæ-хуымтæ. Рагон Хъобангомы бронзæйæ фæрæттæ æмæ цонгдарæнтæ зонгæ сты бирæ адæмæн хуызист-нывтæм гæсгæ дæр, фæлæ террасæ-хуымтæ æмæ саппытæн нæдæр сæ кой ис, нæдæр сæ ахæм хуызы нывтæ. Афтæмæй та уыдон рагон мысираг сæдæметрон пирамидæтæй къаддæр диссаджы æвдисæн не сты нæ фыдæлты – фæллойгæнæг адæмы – куыстуарзондзинадæн. Афтæ у террасæ-хуымты хъуыддаг иннæ кæмтты дæр.

Бирæ историон æвдисæнтæй ам æрхæсдзыстæм æрмæстдæр X æнусы цæрæг араббаг географ Масудийы хабар: «Хъуымыхъхъæгтæ алантимæ хæларæй цæрынц… хъуымыхъхъæгты территоритæй бахизынц аланты хорз куыстгонд зæххытæм».

Фæллойгæнæджы цæсты куыст кæддæриддæр кадджын уыди. Уымæн æвдисæн сты, нæ фольклоры дзæвгар кæй ис куысты зарджытæ æмæ таурæгътæ. Зæгъæм, «Хоры зарæг», «Гутоны зарæг», «Фæззæджы зарæг», «Найгæнæны зарæг», «Уонайы зарæг», «Сой-сой» æмæ æндæртæ (бæлвырддæр æрмæг – Галаты Барисы «Ирон адæмон зарджытæ» æмæ Салæгаты Зойæйы «Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы дыккаг томы).

Нарты таурæгътæ дæр цыт æмæ кад кæнынц куыст æмæ фæллойæн.

Нарты стыр Хумбар. 1903 азы мæхческыхъæуккаг зæхкусæг

Кертибиты Кертибийы дзырдтæй ныффыстæуыди диссаджы таурæгъ «Тизмудæ æмæ нарты æгæнон симд», мыхуыры та фæзынд 1927 азы чиныг «Памятники народного творчества осетин»-ы.

Зындгонд у, царды æцæгдзинад равдисынæн фольклор арæх кæй пайда кæны йæхи специфик амалтæй – гиперболизацигонд æнæреалон фæлгонцтæй. Уымæй хицæн кæны фольклорон уацмыс литературон уацмысæй. Æмæ уыцы фантастикон нывты ‘хсæнты акæсгæйæ, мах хъуамæ фенæм рагон æцæгдзинæдтæ, мæнæ мигъæй æмбæрзт алфамбылай предметы зынæй куыд февзараем, уыйау.

Бирæ адæмтæм ис ахæм æгъдæуттæ, æмæ дзы мæгуыр лæппуйы куысты æмæ тохы лæгдзинад райгом кæнынц усгурты ерысы. Бæрзонд мæсыгæн йе ‘вдæм уæладзыджы бады хивæнд рæсугъд чызг æмæ æрдомы йæ курджытæй зынтæй æххæстгæнæн митæ æмæ хъуыддæгтæ: денджызы бынæй сызгъæрин къухдараен сисын, авдсæрон уæйыджы басæттын, бæхыл бадгæйæ, мæсыгæн йæ уæллаг рудзынгмæ сгæпп кæнын, æртæ хатты афтæ бамбæхсын, æмæ йæ арвайдæнæй дæр куыд не ссардæуа æмæ æнд.

Тизмудæ дæр цæры авд фæндаджы астæу авдуæладзыгон галуаны. Сахъ лæппутæ йæм усгур цæуынц, фæлæ сæм чызг йæ рудзынгæй дæр нæ ракæсы. Уæд сарæзтой æнæфенгæ кафт – алчи кафы йæ мигæнæнимæ: кæмæн йе ‘ккой – йæ сагой, кæмæн йæ къухы – йе стауæн, кæмæн – цы, кæмæн – цы, афтæмæй симынц. Фæлæ нæй, чызг нæ кæсы.

Уæд хонæг барвыстой гутондар Хумбармæ. «Уый уæд сæдæ гутонæй хуым кодта… Стæй дын уый дæр нарты æгæнон симдмæ рацыди. Йæ дыууæ уæхскыл æрцауыгъта сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъайы, афтæмæй нарты стыр Хумбар рацыди æгæнон симды. Йæхи-иу куы сцагъта, уæд-иу сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъайы сæдæ æвзагæй суасыдысты. Тизмудæ уый куы фехъуыста, уæд нал фæлæууыди æмæ мæсыгæй æрхызти симдмæ…»

Æфсæнтæ æмæ дзыргъатæ стилгæйæ, ис гæнæн, æмæ сæ райхъуыса къæрццытæ æмæ дзæхстытæ дæр. Фæлæ диссаг уый у, æмæ адæмон дæсны куыд равзæрста аккаг мивдисджытæ, эпитеттæ æмæ метафорætæ гутондары уæздан æмæ рæсугъдæй равдисынæн. Цæлхъытæ æмæ гуыппытæ нæ, фæлæ, зæгъы, æфсæнтæ æмæ дзыргъатæ суасыдысты (цъиуау), алыхуызон уынæртæ æмæ зæллангтæ нæ, фæлæ, зæгъы, сæдæ æвзагæй (мелоди, мотив). Ноджы ма гутондары хоны «нарты стыр

Хумбар» (великий Хумбар). Ахæм амæлттæй таурæгъгæнæг æргом кæны йæ хæлар ахаст кусæг лæгмæ.

Уырыссаг фольклоры стыр гутондар Микула Селянинов ахæм дынджыр гутонæй хуым кæны: «Да их тридцать-то удалых молодцов / Пришли обирать соху ратного, / Да не смогли сохи они с места двигнути». Ам гиперболизаци æрцыди иунæг предмет, нæртон кадæджы та гутон нæ, фæлæ сæ нымæц: сæдæ гутоны. Сатана дæр иу таурæгъы къуымбил пиры сæдæдæндагон пирæныл. Эпикон нымæцы ролы ирон фольклоры балæууынц сæдæйæ уæлдай ма авд, дыууæ дыууадæсы (авдсæрон уæйыг, дыууæ дыууадæсæй æрбацæуынц æмæ а.д.).

Ахæм амæлттæй адæмон таурæгъгæнджытæ сфæлдыстой уæздан æмæ хæларзæрдæ хуымгæнæджы фæлгонц – нæртон стыр Хумбары фæлгонц.

Гутондар Субалцы лæгдзинад хъомрыны заманы. Хъомрын, манхъа, донивылд, хус аз æмæ æндæр æрдзон фыдбылызтæ куынæг кодтой фосы. Зын бамбарæн нæу, цас фыдæбон æмæ уæззау куыст бакæнын хъуыд адæмы ахæм фыдбылызты заманты. Уыцы цаутæ ныууагътой сæ фæд нæ фольклоры дæр.

1903 азы хæххон зæхкусæг Къолойты Базе радзырдта таурæгъ «Нарты мæгуыр бонтæ».

Бирæ мæгуыры бонтæ федтой нарт, фæлæ сын хъомрын æмæ стонг азтæй тынгдæр сæ зæрдæ ницы басаста. Иуахæмы та нартыл æвзæр ихæн зымæг скодта, æмæ ма уыимæ сæ фосыл фыдхъомрын рацыд æмæ сæ бабын кодта. Фос никæмæуал уыди, фæцагъды сты. Æгас Нарты ма баззади иунæг Субалцы хъулон гал. Уый Субалц хъомрыны размæ бамбæхста зæххы бын хатæны æмæ йæ афтæмæй, æнæ æддæмæ рауадзгæйæ, мидæг дон æмæ мидæг хорæй хаста. Стæй, хъомрын куы банцади, уæд Субалц дæр йæ гал сифтыгъта æмæ йæхицæн дæр æмæ ма, нартæй кæуыл æххæссыд, уыдонæн дæр «бахуым кодта æмæ сын байтыдта мыггаг». Афтæ сарæхсти нæртон Субалц æрдзон фыдбылыз хъомрыны заманы.

Сатанайы сгуыхтдзинад стонг заманы. Арæх æвзæрстой нæ фыдæлтæ æххормаг азтæ. Уымæн бирæ фæрссаг историон æвдисæнтæ ис. Нæртон таурæгъты дæр тынг арæх сты эпидеми æмæ стонг азтæ. Афтæ, цæвиттонæн зæгъгæйæ, Уырызмæджы æнæном лæппуйы таурæгътæ æмæ варианттæй 33 текстæй 18 райдайынц стонг азты нывтæй.

1903 азы Къолойты Базейæ цы таурæгъ ныффыстæуыди, уым афтæ райдыдта стонг азы хабар: «Уæд Хуыцау фæхуртæ кодта æмæ дуне басыгъта, зæххæй кæрдæджы хал дæр нал ссыди. Ærфæззæг и. Нарт сæ зæронд тыллæг бахордтой, ног та зайгæ не ‘ркодта, æмæ сыдæй мæлынмæ æрцыдысты. Кусын ма кæй къухы æфтыди. Ныхасы хъентæй лæууыдысты æмæ Хуыцаумæ дзынæзтой… Адæмæй слæууынхъом ничиуал уыди, – уымæ æрцыдысты нарт…» Уæд Уырызмæг фидиуæгæн ныхъхъæр кæнын кодта, цæмæй йæ хæдзармæ æрцыдаиккой стонг адæм. «Нартæй цæуынхъом чи уыди, уыдон æрцыдысты æмæ Уырызмæджы хæдзары фæминас кодтой. Чи нæ фæрæзта цæуын, уыдонæн та сæ хæдзæрттæм хæйттæ æрхастой»; «Стонг адæм æгæр зыдæй куы фæриссой, зæгъгæ сын Сатана йæхи къухæй хæлтъамæдон фæлæвæрдта. Ныхъуырын чи нал фæрæзта, уыдонæн та йæ иу къухы – фынг (тæбæгъ), иннæ къухы – уидыг, афтæмæй сын хæрын кодта».

Ахæм реалистон цæстуынгæ нывтæ æмæ фæлгонцтæй адæмон таурæгъгæнæг сфæлдыста нæртон фольклорон уацмыс, раргом дзы кодта Уырызмæг æмæ Сатанайы удыхъæды уæздандзинад æмæ бæрзонд гуманизм. Сатана дзы æххæст кæны медицинон хойы роль æмæ дзы фесгуыхт бахъуаджы заманы йе ‘мхъæуккæгтæн æххуысы хъуыддаджы. Уæдæ афтæ, Сатана æмæ Уырызмæг сæхи равдыстой се ‘мнæртон адæмæн бахъуаджы сахат, æрдзон фыдбылызы заманы, стонг азы парахат зæрдæйы хицæуттæй, нал бацауæрстой сæ фæллойыл, – нывондæн æй æрхастой сыдæймæлæг адæмæн.

Куырд Алæгон Сафа. Нæ фыдæлтæ куырды æмæ зæрингуырды куыстытæм кæй арæхстысты, уымæн æвдисæнтæ сты рагон Хъобаны бронзæйæ фæрæттæ æмæ цонгдарæнтæ, стæй рагон чингуыты хабæрттæ.

XI æнусы цæрæг персаг поэт Гургани Фахриддины поэмæ «Вис æмæ Рамин»-ы шах рæсугъд Висы галуанæй афтæ зæгъы: «Сæвæрын ыл хъæуы алайнаг гуыдыртæ æмæ сын равзарын хъæуы индиаг æндонæй конд румиаг (римаг) дæгъæлтæ».

XV æнусы цæрæг византиаг историк та фыста: Уæллаг Иверийы (Гуырдзыйы рагон ном) сыхæгтæ – алантæ – «иннæ адæмты ‘хсæн нымад сты æппæты æхсарджындæр æмæ æфсæддон хъуыддаджы дæсныдæрыл. Аразынц диссаджы згъæрхæдæттæ… ис сын сæхи ‘взаг, æмæ æрхуыйæ кæнынц, алайнаг кæй хонынц, ахæм хæцæнгарз».

Нæртон таурæгъты куырды фæлгонцæн ис нæмттæ «куырд Алæгон», «Куырдалæгон», «Сафа», «Алæгон Сафа» (ома Алæгаты Сафа). Хæдзары, къонайы сæрмæ цы рæхыс уыдис аг ауындзынæн, уый, дам, куырд Сафайы конд у.

Куырд Алæгон Батырадзы байсæрста, æмæ уый нæдæр кард карста, нæдæр дзы нæмыг хызти. Ацы таурæгъ чи кодта, уыдон диссаджы хорз сарæхстысты дыууæ архайæджы зæрдæйы уаг æмæ сæ кæрæдзимæ ахастытæ сныв кæнынмæ – куырд Алæгоны нæ уырнытдта Батырадзы æгæрон фидар æмæ фæразондзинад.

Иннæ таурæгъ «Уырызмæг йæ лæппуйы туг куыд райста»-йы та куырд Алæгон асайынмæ хъавыд Уырызмæджы æмæ йæм хуымæтæг цирхъ авæрдта. Фæлæ Уырызмæг йе ‘ндонæй конд туас карды куы атъыста, уæд дзы иннæрдыгæй акаст. Нал уыди гæнæн Алæгонæн æмæ æндонæй конд цирхъ радта Уырызмæгæн. Ам дæр та таурæгъгæнæг, адæмон аивады дæсны, иттæг хорз сарæхст цæстуынгæ нывтæй æмæ хи хъустæй хъусгæ диалогтæй ахастытæ равдисынмæ, куырды сайынвæнд æмæ хъомгæсы цыргъзонд ми: рагацау йæхи цур туас акæнын æндонæй.

Цуанон лæджы фыдæбон. 1903 азы адæмон аивады минæварæй фыст æрцыди таурæгъ «Нарты сау рувас». Уым диссаджы реалистон нывтæй равдыстæуыди Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сосланы иу экспедици зынаргъ сау рувасдзарммæ æмæ суг ласынмæ хъæдмæ: «Нарт бахæццæ сты Тæгæры тъæпæнмæ. Суг æрцæттæ кодтой. Æхсæвы сæхиуыл уæрдæттæй быру æрзылдтой æмæ сыл залты мит ныууарыди. Алчи сæ змæлын дæр нал фæрæзта. Сæ сугтæ уæрдæттæй акалдтой.

Ныр ма нæ хæдзæрттæм цы мадзалæй фæхæццæ уæм, зæгъгæ, Уырызмæджы урс сыкъаджын дыууæ сау галы сæ разæй акодтой (арф миты фæндаг айгæрдынæн)… Иу ран сæ разæй иу рувас агæпп ласта…»

Тыхамæлттæй куы ‘рхæццæ сты, уæд Сатана фехъуыста, сау рувасыл амбæлдысты хъæды, уый. Хъæддзауты фæстæмæ арæвдз кодта æмæ сæ арвыста рувасмæ: «Иу сæумæрайсом Сослан рауади мусонгæй æмæ йæ тæккæ цурæй рувас агæпп ласта. Сурын æй райдыдтой, фæлæ сæ бæхтæ нал фæрæзтой. Уырызмæг ма йæ, йæ Æрфæныл бадгæйæ, сурын райдыдта æмæ йæ Уæрппы хохы бын амардта. Нарт æхсæвы сæ бынаты баззадысты æмæ сыдæй мæлынмæ æрцыдысты».

Райдианы цы хивæнд Тизмудæйы кой ракодтам, уый йæ курджытæй иуы арвыста зынаргъ сау рувасдзарммæ, æмæ таурæгъы ис ахæм цуан кæныны сценæтæ: «Хъырым-Солтан денджызы был Сындзы хæтын райдыдта æмæ йе ‘фсæн зæнгæйттæ схаудтой, йе сгæллад цухъхъа дæлейæ-уæлейæ баихсыд, йæ аласайы къæхты туг алы æрдуйы бынæй калди, афтæмæй бирæ фæхатти æмæ æрæджиау сау рувасы ссардта…» Афтæ цæстуынгæ реалистон нывтæй æвдыстæуы фыццагон нæртон цуаноны уæззау æмæ зын куыст.

Афтæмæй уынæм, адæмон дæсныйады минæвæрттæ кæй сарæхстысты нæртонты характертæ раргом кæнынмæ: знаг æмæ фыдгæнæгмæ тызмæг æмæ æнауæрдонтæ, бахъуаджы сахат, æрдзон фыдбылызы заманы, се ‘мнæртонтæн æмæ хионтæн рæдау æмæ æххуысгæнæг, уæззау куыстæн фæразон æмæ зындзинадæн быхсæг.

Монографи «Нарты таурæгъты истори»-йы
бындурыл цæттæгонд æрмæг



Тугъанты Махарбеджы конд ныв «Бæгæныйы равзæрд»

Амирхан ЕНИКИ

РÆСУГЪДДЗИНАД

Тæтæйраг радзырд

Уый раджы уыд, тынг раджы. Фæлæ ма абон дæр мæ цæстыты раз лæууы: мах, æртæ студентæй, сбадтыстæм иу бæхыл æмæ араст стæм горæтæй нæ хæдзæрттæм. Растдæр та, мах Гилемдаримæ æмхъæуккæгтæ уыдыстæм – Чуаркулæй, Бадретдины та хъуамæ ныууагътаиккам Ишлеийы хъæуы, ууылты уыд нæ фæндаг. О, стæй ма иу хъуыддаг: ацы хатт нæ зивæггæнгæ нæ ласта Гилемдары фыды бæх. Сыхæгтæ кæй уыдыстæм, уымæ гæсгæ-иу радгай цыдыстæм: иу уалдзæг – уыдоны бæхыл, иннæйы та – махоныл.

Бадретдин нын æнæнхъæлæджы æмбæлццон уыд. Кæд нын горæтæй уыцы иу рæстæг цæугæ уыд, уæддæр раздæр иумæ никуы рабалц кодтам. Бадретдин нæ уарзта искæй хъыгдарын. Ахуырты фæстæ-иу базары йæ хъæуккæгтæй искæй рацагуырдта, цæмæй йемæ ацæуа, кæннодæр-иу фистæгæй араст дæс æмæ ссæдз версты сæ хъæумæ. Ацы хатт æй мах нæхæдæг сразы кодтам немæ ацæуыныл.

Бадретдин æппæты мæгуырдæр студенттæй уыд, кæм ахуыр кодтам, уым. Хъæуæй йæм æххуыс ницы хауд, æрмæст ын-иу тынг стæм хатт, базармæ чи ссыд, уыдонæй исчи сласта йæ мадæй дзул хæцъилы тыхтæй æмæ гарачъийы къæртт. Бадретдин-иу, æфсæрмыгæнгæйæ, дзырдта: «Цæмæн хъуыд? Зæгъут мæ мадæн, æххормаг нæ дæн, йæхицæй сæ цæмæн тоны!» Æмæ-иу цæмæндæр гарачъи та хордта туасæй, къæрттытæ æппаргæйæ. Афтæ цæмæн хæрыс, зæгъгæ-иу æй куы фарстой иннæ студенттæ, уæд-иу сын дзуапп лæвæрдта: «Туасæй хæргæйæ фылдæр фаг кæны».

Бадретдин ахуыр кодта стыр хъизæмæрттимæ, æхцахъуагæй. Фæлæ куыд ахуыр кодта, уый та? Цард бирæ хæттыты сбæрæг кодта, мæгуыр студент, æнахъинон зын уавæрты ахуыр кæнгæйæ, курдиатджын вæййы. Æндæр гæнæн дзы нæй. Хъæздыг студентæн суанг сæры бæсты къабуска куы уа, уæддæр ахуыр кæндзæн. Мæгуыр студент æвзæр куы ахуыр кæна, уæд æй уайтагъд феддæдуар кæндзысты фыццаг зымæджы. Ноджы, тынг хорз ахуыр кæнгæйæ, мæгуыр студентæн йæ бон уыдзæн йæ царды уавæр фæхуыздæр кæнын.

Æмæ мах Бадретдинмæ дæр, нæ рæстæджы æвзагæй дзургæйæ, цыдæртæ хауд хъæздгуытæй. Зæрдæргъæвд æмæ куыстуарзаг студент уæвгæйæ, æххуыс кодта ахуыргæнджытæн алыхуызон куыстытæ æххæст кæнынмæ, æххуыс кодта, æвзæр чи ахуыр кодта, уыцы ахуырдзаутæн сæ хæслæвæрдтæ цæттæ кæнынмæ, рæсугъд фыста рынчынтæн Хъуыраны куывдтытæй. Цыбыр дзырдæй, æгуыст никуы уыд. Фæлæ уыцы куыст кæнæ æххуыс йæхицæн никуы никæмæй куырдта. Мах иу хатт дæр никуы федтам йæ цæсгомыл хъуыдыйы фæд «æз мæгуыр дæн, хъуамæ мын исчи аххуыс кæна».

Æрдзæй йын læвæрд уыд цæрдæг æмæ алцæмæн фæразон характер. Нæ уыд нæдæр сæрхызт, нæдæр лæгъстæйаг, зæрдæхæлар адæмимæ уыд зæрдæхæлар, фыдзæрдæтимæ та йын иумæйагæй ницы уыд, йæхи сæ хызта. Цымыдисаг уый уыд, æмæ, мæгуыр уæвгæйæ, кургæ уый нæ кодта, фæлæ йын йæхицæй куырдтой иннæтæ, уымæн æмæ йæ хиарæзт чырынæнгæс цæрмын хызыны уыд, студенты цæрынæн цы хъæуы, уыдонæй алцыдæр: судзин æмæ æндæхтæ, æнгуырстуан, туас, дзыппыдаргæ кард, гыццыл аркъаугонд, кæсæн æмæ алыхуызон кърандæстæ тетрæдтимæ, суанг ныхасæн æмæ мыдадзы онг. Куыд сæ фембырд кодта? Æвæццæгæн, цæмæй макæмæй мацы кура, уый тыххæй йæ мæгуыр капеччытæй атонгæйæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, бæзджын чингуытæ дæр æй бæргæ хъуыд. Цы йæм уыд ахæмæй, уыдон дардта гæркъæраг гæххæтты тыхтæй, цæмæй йын се ‘ддаг цъæрттæ ма счъизи уой.

Уæд, революцийы агъоммæйы азты, студентты тынг цымыдис кодта ног литературæ. Чингуытæ сын дзулы æмрæнхъ лæууыдысты!.. Бæзджын тетрæдты фыстой чингуытæй æмдзæвгæтæ, суанг романтæй дæр ма скъуыддзæгтæ. Æмдзæвгæтæ фыстой сæхæдæг дæр. Бирæтæ дзæгъæлтæ кодтой Сагит Рамиевыл, фæзмыдтой йæ, зæрдывæрдæй йын кастысты йе ‘мдзæвгæтæ.

Æмдзæвгæтæ фыссыны низ бахæцыд Бадретдиныл дæр, фыста, фæлæ сæ никæмæ æвдыста, никæмæн сæ хъардта. Зынæй йæ уыд сразы кæнын, цæмæй дзы исты бакæса, фæлæ-иу куы райдыдта кæсын, уæд бæрæг уыд, куыд тынг ын хицæн кæнынц, уый: иннæты æмдзæвгæтау ын тæригъæддаг, цæссыглæмарæнтæ нæ уыдысты, фæлæ хуымæтæг æвзагæй фыст æрдзы нывтæ кæнæ та йæ философон æмæ царды цæстæнгас æвдисæг. Ахæм æнахуыр, сусæгдзинады æвæрæнтау уыдис нæ бакастджын æмкурсон Бадретдин.

Цæй, æгæр ахæцыдтæн ныхæстыл. Æмæ цыдыстæм хъæлдзæгæй æртæйæ йæ фæрстæ уистæй быд уæрдоны (тарантасы) нæхимæ. Уымæл, æнæ иу рыджы мур фæндагыл гуыртт-гуыртт кæнгæ нæ халас бæх размæ схуыста… Æрæджы, майы æмбисы, фæлмæн къæвдатæ сарæх сты, æмæ бæстæ цъæх кæнынмæ фæци: æвзонг лæппуйы рихитау сæхиуыл схæцыдысты сысджыйы хуымтæ, цъæх-цъæхид кæрдæг фароны хус нæуу йæ быны фæкодта, суанг ма йыл кæмдæрты дидинджытæ дæр фæзынд… Уæртæ фæндаджы былтыл фыццаг дзæгъдзæгъджытæ… Иу ныхасæй, æрдзæн йе ‘ппæты сыгъдæгдæр, уæздандæр æмæ æхсызгондæр афон!..

Махæн даргъ зымæджы фæстæ ацы сæрибар хъарм рæстæг уыд æвдадзы хосау, не ‘фсæстыстæм нæдæр йæ тæфæй, нæдæр йæ уындæй. Нæ тарантасæй та-иу æрхызтыстæм, гом къæхтæ ахстой зæххы æхсызгон хъарм, æмæ ратæх-батæх кодтам. Бадретдин хъæддаг хъæдындз ссардта, æз – адджын зайæгхал цыппæрдигъон хъæдимæ, хъæуы йæ «адджинаг» хуыдтой. Йæ цъар ын стыгътам æмæ йæ хордтам ныр мах дæр. Бадретдин афтæ, башкиртæ, дам æй «сиахсы ехс» хонынц, уымæн æмæ, йæ цъуппытыл дидинæг куы ракалы, уæд æцæгдæр сваййы дзыкъуыладжын (коцораджын) ехсы хуызæн.

Дæргъындзæг Гилемдар та хъулон уыры агурæг ратæх-батæх кодта, ærлæууыд-иу, йæ къухтæ-иу къусгонд акодта æмæ-иу сæ æхситгæнæгау фæзмыдта, фæлæ гыццыл хинæйдзаг сырды афтæ æнцонтæй нæ уыд асайæн, цæмæй йæ хуынкъæй сбыра: бамбæрста, æвæццæгæн, уый адæймаджы æхситт кæй у æмæ не сбырыд, не сбадт йæ фæстаг къæхтыл, йæ гыццыл хъустæ ивазгæ.

…Уый хыгъд нæ иунæгæй нæ ныууагътой хæрдмæдзутæ. Раст ныл цыма æрттиваг цъæх-цъæхид арвæй æнæскъуыйгæ мелоди ивылд. Уыцы маргъæн йæ зарды кæлæнгæнæн тых цæй мидæг ис, уый зонут? Куы райдайы зарын, уæд æрдз ныхъхъус вæййы, литераторты загъдау, йæ бынаты бандзыг вæййы, æрмæст ма фæхъусы уый зардмæ æмæ аныгъуылы æхсызгон æмæ æнкъардгомау удæнцойы. Дуне цыма фæуæрæхдæр, фæрухсдæр вæййы. Раст цыма, уыцы гыццыл цъиу арвыл кæй ис, уымæй зæхх арвæн йæхи хуызæн æнæкæрон, æнцад æмæ рухс сваййы.

Нæ зонын, иннæ цъиутæ дæр фæзарынц уыцы рæстæг æви нæ, фæлæ дзы иуы зарæг уæддæр бабырсы хъустæм. Уый у гакк-гукк! Æрдз,

адæймаджы цæст кæй нæ ахсы, уыцы æнахуыр маргъы сфæлдыста, цæмæй адæмæн сæ зæрдыл лæууын кæна цыдæр ахсджиаг хъуыддаг. Ныр дæр, тар хъæды цурты куы фæцæйцыдыстæм, уæд нæм йæ арфæй райхъуыст, цыма нæ истæмæй фæдзæхста, уыйау йæ хъæлæс æмæ нæ ныхъхъусын кодта йæхимæ.

Гъе ахæм хорз зæрдæхаттимæ хъæлдзæгæй цыдыстæм уæд нæ фæндагыл æмæ æрхæццæ стæм Ишлеимæ. Хъæу æрбынат кодта лæгъз дæлвæзыл хæхты сырх фæрсты акомкоммæ. Куыддæр горæтæй рараст стæм, афтæ нæ Бадретдин рагацау бафæдзæхста, цай сæм кæй цымдзыстæм, уымæй, æмæ нын ныр бирæ лæгъстæтæ нæ бахъуыд – де ‘мкурсоны хæдзары цай бацымын æмæ фæллад суадзын æгъдау амыдта.

Хъæумæ куы бахæццæ стæм, уæд Бадретдин бæхы рохтæ райста йæ къухмæ æмæ йæ сæйраг фæндагæй рахизæрдæм æппæты кæройнаг уынгмæ сарæзта. Стæй æрлæууыд, иннæ хæдзæрттæй дæрддзæфгомау цы хæдзар лæууыд, уый раз.

Мах зыдтам, хъæздыг хæдзармæ кæй нæ цæуæм, фæлæ ахæм мæгуырдзинад фенын æнхъæл нæ уыдыстæм. Быгъдæг быдыры лæууыд зæронд, йе ‘мбис зæххы кæмæн аныгъуылд, ахæм хæдзар. Йæ ærдæгæмбыд хъæмпын сæр фаджысбыроны æнгæс ссис. Цыма уый уæзæй ныкъкъæдз сты, афтæ йæ хъæдтæй кæцыдæртæ æддæмæ рабырæгау кодтой, дуар æмæ рудзгуытæ дæр фæзылынгомау сты. Рудзынджы æвгты рæстæг цыдæр æнахуыр кæрдæгхуыз-лылахуыз скодта. Кæрты дуар нæй, æмбонды бæсты – дыууæ рæнхъы фæйнæджытæ хост быдыр æмæ уынджы ‘рдыгæй. Кæрт – кæрдæгæй æмбæрзт, цъырцъырæгтæ дзы гæппытæ кæнынц: фос сæм кæй нæй, уый нысан...

Мах фыр диссагæй фæкуыддæр стæм, фæлæ архайдтам не ‘нкарæнтæ ма равдисыныл. Кæрты уæрдонвæндаджы фæд нæ уыд. Баурæдтам пыхсытæй æмбæрзт скъæты цур. Хæдзарæй рахызт ныллæггомау бурдзалыгбоцъо фæлмастхуыз лæг. Йæ уæлæ – четæнæй хæдон æмæ хæлаф йæ уæрджытыл стыр æмпъузæнтимæ, йæ сæрыл – рæтыд худ, къæхтыл дæр – хихуыд зæронд дзабыртæ. Æрбацыд тарантасмæ, Бадретдинмæ сдзырдта «Хъæбул!», стæй нын æнæдзургæйæ нæ къухтæ райста, йæ дыууæ къухы æрбадаргæйæ, æмæ бæхы уæгъд кæнынмæ фæци…

Бадретдин йæ чырынæнгæс цармын хызын райста æмæ хæдзары ‘рдæм фæраст. Къæсæрыл фæзынд сылгоймаг, фæлæ цæмæндæр

фæстæмæ фæзылд æмæ мидæмæ бацыд. Уый, æвæццæгæн, Бадретдины мад уыд, фæлæ нæ размæ кæй нæ рауад, ууыл тынг бадис кодтам.

Цалынмæ фыд бæхы уæгъд кодта, уæдмæ Бадретдин рахаста дон хæцæнджыны æмæ хисæрфæн. Мах кæрдæгмæ нæ цæсгæмттæ æрæхсадтам. Мæ сæры фæмидæг: «Хъуывгъан сæм нæй, æвæццæгæн».

Нæ раздæры æвæлмондзинадæй ницыуал аззад истæуылтыл дзурынæн. Фæлæ Бадретдин йæхæдæг уыд æвæлмас, истæмæй æфсæрмы кæныны фæд æппындæр нæ уыд йæ цæсгомыл.

Хæдзармæ бацыдыстæм.

Талынггомау хæдзар мидæгæй дæр уыд фæлахст æмæ зæронд, фæлæ йæ хъæдтæ уыцы райдзастхуыз бур дардтой, бирæ фенæг пъол фыр сыгъдæгæй цæхæртæ калдта… Агъуысты фылдæр хай ахста стыр, сгæлладæй æмбæрзт саке, дыууæ бандоны – иу даргъ бандон пецмæ хæстæг æмæ ма ноджы гыццыл бандон. Пецы цур ауыгъд хуызивд хъуымацын къулæмбæрзæны фæстæ чидæр æхсныфтæ куыд кæны, уый хъуыст.

Фыццагдæр кæй ауыдтам, хæдзармæ бацæугæйæ, уый уыд, агъуысты бæстастæу цы зæронд лæг бадт, уый. Бадт тынг æмрастæй, йæ цæстытæ къулмæ арæзтæй. Уындæй – раст Хызыр Ильясы хуызæн, урс-урсид боцъо æмæ урс дарæсы, æрмæст йæ сæрыл – тъæпæн сау тюбетейкæ. Нæ къухтæ йæм бадардтам салам раттынмæ, фæлæ уый змæлгæ дæр нæ фæкодта.

Бадретдин æм фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта:

– Дада, шакирдты дæм сæ къухтæ раттын фæнды.

– Хуыцау уæ саразæд! – фæцæрдæгдæр зæронд лæг æмæ нæм йе стыр хусгомау дæрзæг къухтæ æрбадардта.

Йæ цæстытæ кæд гом уыдысты, уæддæр сæ æппындæр нæ уыдта. Мах æрбадтыстæм, скуывтам, стæй скъоладзаутау нæ къухтæ нæ уæрджытыл æвæрдæй æнцад бадтыстæм. Ныхас райдайын нæ никæй бон уыд, цыма нын исчи не ‘взæгтæ бæтгæ бакодта, уыйау. Хæдзары бинонтæ сæхæдæг дæр дзураг кæй нæ уыдысты, уый уайтагъд фæхатыдыстæм. Дада æдзæмæй йæхи хъуыдыты аныгъуылд. Бадретдин рацу-бацу кодта, цыма цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ дзырдтæ нæ ардта. Йæ фыд гыццыл абадт ныллæг бандоныл пецы цур, махмæ бакæстытæ кодта, стæй стъолы кæрон цай æвæрынмæ бавнæлдта. Стъолыл сыгъдæг стъолæмбæрзæн айтыдта, пецы сæрмæ тæрхæгæй

æртæ хæцæнджын цайцымæны райста (уыдонæй кæмæн йæ хæцæн ныхæст уыд, кæмæн та æппындæр нал уыд), цæвæджы састæй арæзт гыццыл кард, сыгъдæг хæцъилы тыхт тымбыл дзул, æхсыр хъæдын хæцæнджыны.

Бадретдин систа йæ хызынгонд чырынæй цалдæр сæкæры къæртты æмæ сæ стъолыл æрæвæрдта. Уалынмæ æмбæрзæны фæстæ райхъуыст сабыр хъæлæс: «Хъæбул, цæттæ у!» Бадретдин уырдыгæй рахаста хæдфыцгæ цайдан, уымæн дæр йæ фындз æмæ йæ хæцæнтæ здыйæ ныхæст.

Стæй нæ Бадретдин æрбадын кодта сакейыл нæ къæхтæ дзуарæвæрдæй, æртæкъахыгыл æвæрд тебæйы хъайла рахаста. Мах хæринагмæ не ‘внæлдтам, æнхъæлмæ кастыстæм, бинонтæ дæр кæд æрбаддзысты, уымæ. Фæлæ зæронд дæр нæ фезмæлыд йæ бынатæй, фыд дæр нæ сыстад йæ гыццыл бандонæй. Æмæ уæд Бадретдин æмбæрзæны ‘рдæм рæвдаугæ хъæлæсæй адзырдта:

– Мамæ, рацу дæхæдæг нын æркæн цай!

– Дæ фыд та? – сабыр хъæлæсæй та бафарста æмбæрзæны фæстæ мад.

– Папæ? Нæ, фæлтау дæхæдæг, – дзуапп ын радта Бадретдин тынг зæрдиагæй курæгау.

Сылгоймаг рахызт, йæ уæлæ – хуымæтæг къаба, куатæ, хихуыд дзабырты æмæ, йæ цæсгом кæлмæрзæнæй æмбæрзгæ, йæ сæр бынмæ уагъдæй æрбадт хæдфыцгæ цайданы цур.

Куы йæм бакастæн, уæд мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта. Растдæр та мæ иннæрдæм ахызт цыдæр æлгъæнгæс æнкъарæн: æнамонд сылгоймагæн йæ цæсгом æмæ йæ цæстытæ уыдысты æнахъинон хæлдтытæ, кæддæр ын ыл дзуары низ цы фæдтæ ныууагъта, уыдонæй. Йæ галиу цæст уыд бынтон æхгæд, рахиз та – æнæ цæстыхау, æнæ æрфыг, ахæм æнахуыр хъоппæг уыд, цыма мæгуыр сылгоймаджы уды иунæг æвдисæн уыд. Æмæ, æцæгдæр, уыцы цæссыгæйдзаг æнкъард цæсты йе ‘ргом уд айдæнау зынд.

Æлгъæмхæццæ тæригъæды æнкъарæны фæстæ мæ сæры фæмидæг иу фарст: Бадретдин нын куыд фенын кодта йе ‘намонд æвирхъау фыдуынд мады? Мах фылдæр хатт куынæ февдисæм нæ рынчын æмæ цæнкуылтæ хæстæджыты æцæгælон адæммæ, æфсæрмы куы фæкæнынц. Бадретдин та æппындæр нæ уыны йæ мады фыдуынддзинад. Æви йе ‘нкъарæнтæ йæ бон у арф æмбæхсын?

Сылгоймаг нын цай кодта æмæ нæм-иу сæ æрбадардта, йæ цæсгом цайданы фæстæ æмбæхсгæйæ. Мах дæр æнæдзургæйæ цымдтам цай.

– Цымгæ кæнут цай, хæрут! – дзырдта Бадретдин æмæ иунæг, мах цæмæн æнхъæл уыдыстæм, иунæг ахæм æфсæрмы кæныны кæнæ тыхсыны рог фæд дæр нæ уыд йæ хъæлæсы.

Хъайла ахæрыны æмæ фæйнæ дыууæ цайы бацымыны фæстæ нæ цайы мигænæнтæ æрæмбæрзтам, ома фаг у, зæгъгæ. Бадретдин зына-нæзына ныуулæфыд мæгуыр фынджы тыххæй, цырд фестад æмæ сдзырдта:

– Æз уын мæ чингуытæ фенын кæнон.

Гыццыл тæрхæгæй райста чингуыты баст, махмæ йæ æрбалæвæрдта. Мах дæр бацин кодтам æмæ сæм кæсын райдыдтам. Уыд дзы цалдæр романы ног литературæйæ, æмдзæвгæты цыппар-фондз æмбырдгонды, цалдæр тынг ихсыдцъар чиныджы «Æрыгон лæппу», «Фæзмын», «Лейлæ æмæ Меджнун», «Хъайтар-лæгмар» æмæ дыууæ ахуыргæнæн чиныджы араббаг æмæ фарсийыл. Аныхæстæ кодтам уыцы чингуыты тыххæй, æмæ та нæ фысым сдзырдта:

– Мæнмæ ма, мæ хæлæрттæ, сымахæн ис ноджы иу цыдæр цымыдисаг, – æмæ тæрхæгæй райста гыццыл хиарæзт фыдуындгомау хъисфæндыр.

Мах æй, дисгæнгæ, афарстам:

– Кæм дын уыди?

– Мæхæдæг æй скодтон, – дзуапп радта Бадретдин æмæ йæ цæгъдынмæ цæттæ кæнын райдыдта.

Мандолинæ æмæ кубызыл кæй цагъта, уый зыдтам, фæлæ ма хъисфæндырыл дæр арæхсы, уый нæ зыдтам.

– Гъей, Бадретдин, цæмæ йæ æмбæхстай, хъисфæндырыл дæр цæгъдыс, уый. Сагиты хъисфæндырыл-иу ацагътаис медресы!

– Хъуыддаджы дæсныйы цур дæ къухтæ æмбæхстæй дар, – хиуылхæцгæ мидбылты бахудт Бадретдин.

Бирæ фæцархайдта, мæйгæйттæ æвнæлд цы хъисфæндырмæ нæ уыд, уый цæгъдынмæ цæттæ кæныныл. Уыцы уысм ын æз йæ мадмæ фæкомкоммæ дæн: мады цæстæнгас йæ фыртмæ ахæм стыр уарзтæй уыд дзаг, ахæм, æмæ бадт амондæй кæлæнгондау, атади дзы, ферох дзы ис ацы дунейы алцыдæр. Æз фестъæлфæгау кодтон буарæй дæр æмæ удæй дæр. Бауырнæд уæ, уыцы иунæг гом цæсты разынд, æрмæст

иу адæймаджы нæ, фæлæ, зæххыл цæмæндæриддæр уд ис, уыдонæн се ‘ппæты цины дис æмæ æнæкæрон æхсызгондзинад, дзырдтæй зæгъæн кæмæн нæй, ахæм сæрыстырдзинад уыцы стыр хиконд диссагмæ кæсынæй: ацы сывæллон уымæй райгуырд! Уый йын дардта æхсыр! Уый у ацы хæрзконд лæппуйы мад, шакирды мад, фидæны ахуыргонд лæджы мад…

Мæ цæстытæм æвастæй бахъуызыдысты цæссыгтæ, æмæ мæ сæр æруагътон.

Бадретдин уæдмæ сцæттæ кодта йæ инструмент цæгъдынмæ, йе уæхскæй йæ балхъивгæйæ, райдыдта цæгъдын. Хъисфæндыры зæлтæ уыдысты лæмæгъ, карчы цъиуы хъæлæсау, фæлæ махмæ фæкастысты тынг æхсызгон æмæ бæллиццаг. Раст цыма æгæрон тыгъдадæй хæдзармæ, æнусты зæронд чи нæ кæны, ахæм æнкъард мелоди ивылд. Цæуыл хъуыды кодта, йæ бынаты йæ астæу растæй чи бандзыг, уыцы зæронд дада; цæуыл уыд йæ мæт, гыццыл бандоныл чи бадт, уыцы фыдæн? Уыдæттæ нæ уыд раиртасæн. Æрмæст, цалхыдзаг мæй мигъты æхсæнæй куыд æрттива, афтæ æгомыг цины рухсæй цæхæртæ калдта Бадретдины мад. Цавæр хъысмætты бастдзинад уыд ацы адæймæгты æхсæн, цавæр сусæгдзинæдтæ сæм уыд?..

Цалдæр мелодийы ацæгъдгæйæ, Бадретдин йæ мады афарста:

– Мамæ, цы дын ацæгъдон?

Мад сывæллонау фæсырх æмæ ноджы тынгдæр ныррухс цинæй, фæлæ сдзурын йæ бон ницы баци.

– Мамæ, ды мæнæ ацы зарæг куы уарзтай! – загъта Бадретдин æмæ цæгъдын райдыдта «Холодный ручей». Йæ ныхæстыл, растдæр та цы хъæлæсыуагæй загъд уыдысты, нызгъæлæнтæ мæ фæстаг гуырысхо: Бадретдинæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд йæ мады уындæй æфсæрмы кæнын!.. Цæй æфсæрмы! Абон уый цагъта æрмæст йæ мадæн, æндæр никæй уынгæйæ; цагъта, æрмæст йæ мады хæнкъуытæ цæсгоммæ, йæ иунæг хъоппæг дзагъыр æмæ иннæ цъынд цæстмæ кæсгæйæ. Цагъта, махмæ фыццаг æлгъæнгæс æнкъарæн чи райгуырын кодта, уыцы цæсгоммæ кæсгæйæ. Йæ гæзæмæ æнкъард æмæ хъуыдыдзаст цæстæнгасы æмбæхст уыд тæригъæд æмæ хъарм уылæн иумæ; æмæ уый æрмæст йæ мадмæ стыр уарзт нæ уыд, – уыд ма дзы, тынг æй кæй æмбары, аргъ ын кæй кæны æмæ кæндзæн, уыцы зæрдæвæрæн ахаст. Нæ зонын, цас тыхджын уарзты уылæнтæ хъуамæ цæуа зæрдæйы ар-

фæй, цæмæй афтæ кæсай!? Æви уымæн гæнæн ис æрмæст фыдуынд мад æмæ рæсугъд сывæллоны æхсæн, кæнæ та рæсугъд мад æмæ фыдуынд сывæллоны æхсæн? Фæстæгтæ арæхдæр фенæн ис, фæлæ фыццаг никуы федтон ныры онг.

Мах цæуын хъуыди дарддæр, æмæ, Бадретдин цагъд куы фæци, уæд хæдзары бинонтæй бар ракуырдтам.

Фыд йе ‘мпъызтытæ уæрджытыл йæ къухтæ æруагъта, Бадретдин та, йæ фыдыфыды ‘рдæм фездæхгæйæ, раздæрау фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта:

– Дада, шакирдтæ ацæуыны бар курынц.

Уый йæ сæр разыйы тылд бакодта, Скæнæгыл нæ бафæдзæхста, æмæ уæд мах дæр сыстадыстæм.

…Нæ халас бæх нæм ифтыгъдæй æнхъæлмæ каст, æмæ мах дæр рараст стæм кæрдæгæй æмбæрзт кæртæй уынгмæ. Бадретдин йæ фыдимæ нæ фæстæ рацыдысты æмæ кауы раз ærлæууыдысты… Нæ фæстæ ма каст хъæуы кæроны æппæты мæгуырдæрхуыз хæдзар йæ арф æмбæхст сусæгдзинадимæ æви æнамонддзинадимæ кæнæ та трагедиимæ. Æви уый уыд, мах бамбарынхъом цæмæн нæ уыдыстæм, ахæм бæрзонд амонды ныфс.

Хур ныгуылæнырдæм фæкъул, фæлæ ма уæддæр хæрдмæдзутæ, цыма боны рухсæй нæма бафсæстысты, уыйау уæлдæрæй-уæлдæр цыдысты æмæ ноджы тыхджындæрæй, удуæлдайдæрæй кодтой се ‘нæскъуыйгæ зарæг: дуне у уæрæх, уæрæх, уæрæх, ой-ой-о-ой!

Зæхх æмæ арв уыдысты æнцад, афтид æмæ æнкъард… Ærхæндæг мæ йæ быны скодта. Мæ бон дзы фервæзын нæу. Мæ цæстытæй нæ хицæн кæны, йæ фыртмæ цайданы фæстæйæ цы мад каст, уый цæсгом, æмæ мæ миднымæры кæуын райдыдтон. Фæнды мæ кæмæдæр тымбылкъухæй бадодой кæнын æмæ ныхъхъæр кæнын: Бадретдины мад æнахъинон фыдуынд нæу, уый рæсугъд у, рæсугъд у! Рæсугъд у Бадретдины мад!

Уырыссаг æвзагæй БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац

Валентинæ ГРИЩЕНКО-КОКОЙТЫ

МЫСЫН ДÆ, МÆ РАЙГУЫРÆН УÆЗÆГ

ЗЫНГГУР ГÆЛÆБУ ХУЫЛЫДЗ АВГЫЛ

Тахти урс фæрссаджы рухсмæ
Гæлæбу, мæгуырæг!
Тахти тар æхсæвы суссæй
Хъармагур, зынг курæг!

…Ацы къæвда ныр кæй хъуыд?! –
Тухæнæй йæ мардта.
Авг – хуылыдз, ‘мæ йыл бырыд,
Зæхмæ-иу æрхаудта.

Фæлæ та-иу ног ‘мæ ног
Фæрссагмæ ыстахти.
Нал хæцыд йæ уæнгыл уæнг,
Хъомысæй ысафтид!

…Къаннæг хатæн. Пецы арт,
Стъæлфгæ, зынг æппæрста.
Нæлгоймаг йæ фарсмæ бадт,
Сыгъд тамако ‘ууæрста.

Фæкомкоммæ ис уый æваст
Фæрссаджы цъæх авгмæ.
Зынггур гæлæбу йæм каст;
– О, батав мæ дæ артмæ!

…Æрбайгом фæрссаджы цъæх авг, –
Нæу ацы цард æнæ фарн!
– Дæ зæрдæ мыл кæд худт, мыййаг?!.
Ды – къæвдамæ, æз – хъарм ран!

Æмæ йæм бадардта йæ арм,
Йæ фидар арм ныфсджынæй.
Æрцарди гæлæбу, æрхъарм,
Уым цары рагъæныл æрфынæй.

МЫСЫН ДÆ…

Мысын дæ, мæ райгуырæн уæзæг,
Гом къæхтæй цы къæмбыртыл ызгъордтон,
Хуры тынтæй къабатæ кæм кодтон,
М‘ армæй мит кæм ысдæрдтон зымæг.

…Цас вæййы, о, цас вæййы ныхæстаг?!.
Райдай сæ – нæ сын вæййы фæуæн.
Стъæлфгæ цин, æнæзынгæ уылæн,
Уды тæгтыл абадти йæ фæндаг.

Сытынг вæййы дымгæйæн йæ хъазт,
Атулы мæ развæдыл йæ фарсыл:
Агуры мæ хъарм тары æмбæхсæн,
Хъары мын йæ баузæлд, йæ уарзт.

…Мæнæ хид!.. Йæ быны дон ысцад,
Сæрды бонты уырдыгæй нæ хызтæн:
Баста мæ йæ уылæнты рæхыстæй,
Йемæ мын-иу никуы уыд æнкъард.

Уый рох куырой!.. Йæ нучы хъуына ‘рбадт,
Ам рагæй ничи нал ыссы йæ хойраг,
Нæу никæмæн йæ мæт æмæ йæ койаг,
Ныр – тæхæг мæргъты ‘хсæвæддæ бынат!..

Уым Аргъуан!.. Йæ сыгъдæг номæн – кад!
Йæ сойдзырагъы æхцон уæлдæф ныхъуырын.
Йæ рæбыны уым уаз зæды ысуынын,
Мæ былтыл тайы хъарм дзулы хæрзад!..

ÆРХÆНДÆГ

Æмыр æхсæв!.. Лæдæрсы тар
Бæрзонд-бæрзæндтæй зæхмæ.
Мæ хуыссæг та фæлыгъдис дард,
Æмæ та…
Боныцъæхтæм

Хъуыздзæн æнкъард хъуыдыты хал
Мæ удрæбынты арфмæ.
Йæ кæрон нал фæуд кæндзæн, нал,
Нæ, нал ын уыдзæн
Рафтæн!

Æвдисдзæн фæрссагыл йæхи
Цъæх их
Æргом, бæгънæгæй.
Ызмæлдзæн тар амæстыл мигъ
Дызгъуынтæ ‘мæ лæзæрдæй.

Æмæ та…
Хатæны къуымты
Дыууæрдæм цоппайаг уыдзынæн.
Æрхæндæг тар-ахсты тыхты
Хъуызгæ
Мæ зæрдæмæ ныхылдзæн!..

…Кæд уыдзæн
Уасджыты ныууаст?!.
Хæрзæгау айзæлдзæн мæ хъусты.
Сæууон райсом!
О, хурæркаст!
Артау мæ фæрссагыл –
Дæ рухс тын.

ТАРЫ АГЪУДЫ БАХЫЗТИ БОН

Тары агъуды бахызти бон
Йе ‘лвæст, йе знæт цъæх бæхыл.
Райсом ноггуырдау рахиздзæн ног
Ирд сæууоны ‘ртæхыл.

…Сагъæс зæрдæйы рæбын æрцард
Уды тæгты ысбаста!..
Уалдзæг, урс дидинджытæн сæ мад,
Митрædзæгъдтæй куы растад!

…Ægæрдæр банкъардтон царды ысхуыст,
Ægæрдæр бануæзтон маст дон!..
Нæ, дæ удмæ мæ лæгъстæ нæ хъуыст,
Æз мæ цæнгты рæхыс дæм куы дардтон…

Ныр – дыгъуырццаджы армы дæлбар!..
Размæ къах айсыны бар нæ дæтты…
Цæй, поэтæн йæ лæмæгъ ныббар –
Уый, мæ дыркъуым фæндæгтыл!

Ды куы зонис, куы зонис, мæ уд
Ныр цавæр зын æвзары?!.
Хъусты зæлы дæ уæлæхох худт!
Æз – цъысымы тæразыл!

…У æндæр ысконд, мæ бон, поэт!
Нæ! Дæ удæн нæ басгуыхт мæ цинаг.
О, уæддæр мын æхсызгон – дæ фенд,
Рагсагъæсау!.. Хæлбурцъ цин!..
Бæллиццаг!..

Уырыссаг æвзагæй КОКОЙТЫ Эльзæйы тæлмац

ГÆБÆРАТЫ Юри

БÆСТЫАРГЪ ЛÆГ

Нæ фыдæлтæ махæй бæрнондæр æмæ æрвонгдæр цæстæй кастысты цардмæ, домагдæр уыдысты, зыгъуыммæ зондыл хæст чи уыд, ахæмтæй, аргъ кодтой сæ хуыздæртæн. Се ‘хсæн лæгаудæр лæгтыл кæй нымадтой, уыдоны хуыдтой хъæубæсты, комбæсты аргъ лæгтæ. Уымæн æмæ, сæ нымадмæ гæсгæ, лæг куы цæра, уæд сæйраг бынаты хъуамæ хъæубæсты, стæй та комбæсты фарн æвæра. Фæстæдæр, сæ атæлфæнтæ куы ауæрæхдæр сты, дунемæ цæстыдзагæй куы акастысты, уæд райдыдтой бæстыаргъ лæг дзурын дæр. Ахæм бæрзонд кады аккаг фыццаг кæй скодтаиккой, уый абон ничиуал зæгъдзæн, фæлæ уыцы ном рагæй фæстæмæ кардæй карстау кæуыл фидыдта æмæ фидауы, уыдоны фыццæгтæй иу Цыбырты Людвиг кæй у, ууыл басæтдзысты æгæрыстæмæй ахæмтæ дæр, йæ политикон цæстæнгас æмæ архайдимæ разы чи нæ уыд.

Стыр лæг йæ бакæнгæ хъуыддæгтæй стыр вæййы, йæ адæмæн бæстыдзаг лæггад чи бакодта æмæ кæны, ахæм адæймаджы бæстыаргъ лæг йеддæмæ æндæр куыд хъуамæ схонæм? Йæ бирæнымæц зонадон куыстытæй, йæ нуарджын чингуытæй йæ раттæг адæм, йæ фыдыбæстæйы кад æмæ ном афтæ бæрзонд систа, æмæ æнæхъæн дунейæн цæстæвæрæн куыд фæуой!

Стыр лæг у Цыбырты Людвиг – адæм зондæй кæй фæрсынц, йæ дзырд, йæ ныхасы фарн кæмæн ис, æнæхъæн дунейы амæй-ай номдзыддæр ахуыргæндтæ цитатæтæ кæй зонадон куыстытæй хæссынц!

Иу хабар арæх ærлæууы мæ зæрдыл. Кæддæр нæ фæсивæдон газет «Молодежь Осетии»-йы (ныры «Республика») редакцийы куыста иу æрыгон лæппу – Болататæй Ренат. Бæлвырд æй нал хъуыды кæнын, куыд, цы амалæй йын фæцис дард фæсарæнтæм ахуыр кæнынмæ ацæуыны фадат, фæлæ, иу афæдзы фæстæ сæрды улæфты рæстæджы Цхинвалмæ куы ‘рцыд, уæд нæ абæрæг кодта æмæ нын фæдзырдта йæ тæлмæнтæ. Тынгдæр дзы мæ зæрдыл цы бадардтон, уый у мæ ныхасы рахæцæн. Цæвиттон, Болатайы-фырт йе студентон царды иударон хъуыддæгтæ куы ‘рбæстон кодта, уæд бацыд, ахуыр кæнын кæм райдыдта, уыцы университеты библиотекæмæ, цæмæй йæхи ныффыссын

кæна æмæ йын чингуытæ исыны бар уа. Библиотекæйы кусæг ацæргæ сылгоймаг лæппуйы гæххæттытæм куы ‘ркаст, уæд бацымыдис, Ирыстон та цавæр бæстæ у, кæм, цы ран ис, зæгъгæ. Лæппу йын æмбарын кæны, Ирыстон, æгæрыстæмæй, дыууæ хайыл дих кæй у, иу хай дзы Уæрæсейы сконды кæй ис, иннæ хай та – Гуырдзыстоны сконды, фæлæ ныр хæдбар паддзахад кæй у – Республикæ Хуссар Ирыстон. Сылгоймаг хъуыдыты ацыд, стæй æрæджиау йæ мидбылты разыйы худт бакодта æмæ уырыссагау цъæрræмыхстытæй загъта:

- Да, да, знаю, знаю – Абаев, Чибиров!..

Уый ноджыдæр иу æвдисæн, нацийы æндæр бæстæты йæ лæгау лæгты фæрцы кæй фæзонынц. Цыбырты Людвиг ирон зонады рæстæн бæркадджын лæггад бакодта, йæ зонадон фæллæйттæн стыр ахадындзинад ис. Куыд хæдбар Ирыстоны фыццаг Президент, афтæ йæ къухы цы æнтыстытæ бафтыд, уыдæтты тыххæй дзурын æмæ фыссын æндæртæн – ахуыргæндтæ, иртасджытæн – æмбæлы, уымæн æмæ стыр науæн стыр фурд хъæуы. Фæлæ, йæ къухдариуæгады бын кусгæйæ, йæ цард æмæ æхсæнадон-политикон архайды комкоммæ æвдисæн цы хабæрттæн уыдтæн, мæ зæрдыл дзы цы бадардтон, уыдонæй мæм зæгъинаг цы ис, уыдон та фагæй фылдæр сты.

Иугæр уæлдæр скодтон, хæдбар паддзахад Хуссар Ирыстоны фыццаг Президенты политикон цæстæнгасимæ разы чи нæ уыд, ахæмты кой дæр, уæд, чи зоны, кæмæдæрты бар-ænæбары сæвзæра ахæм фарст: «Цæмæн хъуамæ уыдаид æмæ уаид ахæмтæ, кæд йæ политикон цæстæнгас æмæ архайд раст уыдысты, уæд?» Дзуапп сын дæттын: уымæн æмæ алкæмæ дæр искæй къухы дур рæуæг кæсы. Стæй адæймагæн, уæлдайдæр политикон, æхсæнадон архайæгæн аргъ кæнгæйæ, алы хатт рæстаг цæстæнгас æмæ ærвонг зонды коммæ нæ фæкæсæм, фæлæ тæвдтуг амбициты æмæ кæйдæр цæсты хи равдисыны фæндоны коммæ. Афтæ кæй у, уый бафидар кæнынæн æрхæсдзынæн хуымæтæджы цæвиттон. Алчидæр æй хорз зоны, Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институтæй университет Цыбырты Людвиг кæй сарæзта, фæлæ, фæстæдæр уыцы университеты юбилейы тыххæй цы сæрмагонд чиныг рауагътой, уым йæ кой не скодтой…

Æндæр, ноджы карздæр цæвиттон. 1993 азы горæт Цхинвалы сæрмæ Присы хъæуы нæ хæцæг фæсивæды иу къорды кæй ныццагътой, уый нырма дæр бирæтæ Цыбырты Людвиджы аххос кæнынц. Уый, дам,

радта ахæм бардзырд, уый, дам сæ ныццæгъдын кодта. Афтæмæй та уыцы æбуалгъы хабар æрцыд июлы, Цыбырты Людвиг та Республикæ Хуссар Ирыстоны Уæлдæр Советы Сæрдарæй, ома республикæйы къухдариуæггæнæгæй, æвзæрст æрцыд ноябры. Æвзæры фарст: кæд университеты ректорæн йæ бон ахæм хъуыддаг саразын уыд, уæд цы куыстой æмæ кæдæм кастысты республикæйы уæды разамонджытæ?! Стæй хъуамæ басæттой ууыл дæр (йæ политикон цæстæнгас æмæ архайдимæ разы чи нæу, уыдон), Цыбырты Людвигæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр кæй никуы уыд республикæйы къухдариуæггæнæг суæвын, тыхæй, бирæ лæгъстæты фæрцы йæ кæй сразы кодтой уыцы бынатмæ. Хорз æй хъуыды кæнын, Уæлдæр Советы радон сессийы йын куы загътой Сæрдарæй йæ сæвзарыны фæндон, уæд цæхгæр «нæ» куыд загъта, æгæрыстæмæй сессийæ дæр кæй ацыд æмæ йæ фæстæмæ лæгъстæмхасæнты куыд æрбакодтой.

Æмæ, цæй нæ къухтæ нæ зæрдæтыл сæвæрæм, афтæмæй бафæрсæм нæхи: цы уавæры уыд уыцы заманы Хуссар Ирыстон? Дугивæны карз уылæнты дæлдонгæнæджы уавæры... Иууыл бæрзонддæр æмвæзадыл разамонджытæй рæнхъон, хуымæтæджы хотыхджын лæппутæн фылдæр тых æмæ бартæ уыд. Закъон цы у, уый зонгæ дæр ничиуал кодта. Республикæйы бюджетмæ æххормаг мыст баирвæзт, зæгъгæ, уæд дзы йæ тыбыртæ бацагътаид… Цыбырты Людвиг, куыд республикæйы сæргълæууæг, афтæ фыццаг хатт Мæскуымæ цæуыны фæнд куы скодта, уæд республикæйы бюджеты, цæмæй ацыдаид, уый бæрц æхца нæ уыд! Хорз æй хъуыды кæнын, тумантæ дæр ын куыд æмбырд кодтам фæндаггагæн…

Фæлæ, кæд уый æнхъæл ничиуал уыд, уæддæр ын бантыст паддзахадон институтты цадæггай уд бауадзын, республикæйы æхсæнадон-политикон уавæр æрнывыл кæнын. Уый та зын уыд, æнахуыр тынг зын, уыцы æмтъеры, Шамилы загъдау, лæг кард лæджы хурхмæ кæм дардта, уыцы дуджы.

Ахъуыды-ма кæнæм, цавæр уæззау æмæ тæссаг уавæры уыдыстæм: йæ адæмы нымæц милуантæй чи нымайы, уыцы Гуырдзыстон – нæ цыфыддæр знаг, уымæйдæр йæ къухдариуæггæнæг – æнæхъæн дунейыл зындгонд политик, йæ рувасы къæдзил Америкæ æмæ Ныгуылæны раз тилынмæ дæр чи арæхст æмæ Уæрæсейы раз дæр, уыцы бæсты хин æмæ кæлæн Шеварднадзе; нæ иунæг ныфс – Уæрæсе та уыцы заманы

йæхи хъысмæтыл хъуыды кæнынхъом дæр нал уыд. Ахæм æбæлвырд, Секъайы загъдау, тармылазон дуджы дæ бæрныуæвæг республикæйы хæдбардзинад бахъахъхъæнай, уымæн куырыхон зонд æмæ политикон арæхстдзинад хъуыд. Афтæмæй та ныр ма дæр кæмæйдæрты сирвæзы, цыма Цыбырты Людвиг хъавыд Хуссар Ирыстоны Гуырдзыстонæн ныллæвар кæнынмæ.

Карк дон куы бануазы, уæд ма Хуыцаумæ куы скæсы! Куыд, цы хуызы йæ хъуамæ радтаид, ууыл уæддæр ма хъуамæ ахъуыды кæнæм?.. Кæд æм ахæм фæнд уыд, æмæ йын сæххæст кæнæн уыд, уæд аст азы дæргъы йæ кæнон нæ бакодтаид?!

Хорз æй хъуыды кæнын, 1999 азы мæн газет «Хурзæрин»-ы сæйраг редакторæй снысан кæныны фæнд куы скодта, уæд мын чидæртæ мæ разы цæлхдуртæ куыд авæрдтой – нæ, дам, бакусдзынæ йемæ, диктатор, дам, у, уымæйдæр – гуырдзыйы лæг… Раст зæгъгæйæ, мæ былы цъæрттæ нæ хордтон уыцы бынатмæ, фæлæ, мæ разы мын бæндæнтæ чи айтыгъта, уыдонæн загътон: «Цæй, бакæсон, фенон, кæд мæ нæ уадза кусын, уæд мæ бæтгæ нæ бакæндзæн уыцы бынаты».

Æмæ бакастæн, федтон. Нæ разамонæг мæнæн афтæ никуы загъта, мæнæ уыцы æмæ уыцы æрмæг цæмæн ныммыхуыр кодтай, кæнæ ахæм æмæ ахæм æрмæг цæуылнæ ныммыхуыр кодтай. Афтæмæй та йæ зыдтон, газеты алы номыр дæр кæй каст фыццаг фарсæй фæстаг фарсы онг. Æмæ мын кæд мæ куысты фæдыл искуы исты загъта, уæддæр – æрмæстдæр æххуысы хуызы. Телефонæй дæр-иу мæм радзырдта, исты историон кæнæ, рохуаты чи баззад, ахæм хабар-иу мын мæ зæрдыл æрлæууын кодта æмæ-иу мын загъта, хорз кæй уаид газеткæсджытæн æй базонын кæнын… Тынг æй фæндыд, цæмæй нæ мыхуыры фæрæзтæ дзуапп дæттынхъом уой профессионалон домæнтæн. Æмæ уыцы хъуыддаг æрмæст домгæ нæ кодта, иууыл активондæр хайад дзы йæхæдæг иста… Ахъуыды ма кæнæм, паддзахады сæргълæууæг, йæ бирæнымæц хъуыддæгты æмрæнхъ рæстæг ары газеты сæйраг редакторæн йæ куысты æххуыс кæнынæн дæр! Цæмæн кодта афтæ? Уымæн æмæ йæ æмбæрста, национ мыхуыры хъысмæт ахсджиагдæр кæй у бирæ ændæр хъуыддæгтæй, адæм цæмæй размæдзыд уой, уый тыххæй хъуамæ сæйраг хъусдард цæуа се ‘взаг æмæ монон культурæйы рæзтмæ.

Фæлæ мæ уæддæр æмæ уæддæр сæрысуангæй цы тыхсын кодта, уый – кæмæй мæ тæрсын кодтой, уыцы политикон цæстæнгас, йæ позици…

Æмæ, йемæ дыууæ-æртæ хатты аныхас кæныны фæстæ бамбæрстон, нæ паддзахады сæргълæууæг цавæр амæлттæ агуры уæззау уавæрæй рахизынæн, цавæр хæс мын æвæры мæ разы, цавæр ссадвæдыл хъуамæ аздахон газеты куыст…

Кæд мын комкоммæ хæслæвæрдтæ нæ радта, уæддæр ын йæ цæстæнгас æмæ зондахасты сæйраг рахæцæнтæ куыд бамбæрстон, афтæмæй махæн уыдис æрмæстдæр æртæ фæндаджы гуырдзыйы ахæстæй фервæзынæн: фыццаг фæндаг – хъуамæ сæ ныццæгъдæм, фæлæ нæ бон нæу, нæхи нын цæгъдгæ кæнынц; дыккаг фæндаг – хъуамæ сæ нæ цурæй сыстын кæнæм æмæ сæ искæдæм фæсурæм, фæлæ уый дæр нæ бон нæу, нæхи нын сургæ кæнынц… Уæдæ ма дзы, Цыбырты Людвиджы хъуыдымæ гæсгæ, баззадис æрмæстдæр иу раст фæндаг, æртыккаг фæндаг – цас гæнæн ис, уымæй хъуамæ бадзырдты процесс ивазæм, æмæ, абон уа æви райсом, тæбæгъы дон махырдæм ма фæкъул уа, уый гæнæн нæй… Æмæ æрцыд уыцы нысанмæ йæ тадзгæ-баргæ политикæйы фæрцы! Бæлвырддæр зæгъгæйæ, Хуссар Ирыстоны хъысмæтыл дæндагæй ныххæцыд æмæ йæ бавæрдта, цалынмæ тæбæгъы дон махырдæм фæкъул, ома, Стыр Уæрæсейы сæргъы Владимир Путин æрлæууыд, уæдмæ…

Иу хуымæтæджы хабар, «гуырдзыйы лæг» куыд уыд, уый тыххæй дæр: Джеры дзуары кувæндон æмæ йæ алфамбылай цы уавæры уыд, уый алчидæр зоны, фæлæ йæ уагмæ æркæныны хъуыды Цыбырты Людвиджы йеддæмæ никæмæ æрцыд. Æмæ йæ æххæст дæр скодта, адæмон, ирон зиуы фæрцы. Цал боны бахъуыд, уый æххæстæй мæ зæрдыл нал лæууы, фæлæ дзы йæхæдæг иннæ зиууæтты æмрæнхъ æртæ боны кæй фæкуыста, уый хъуыды кæнын. Гъемæ, æппæт куыстытæ дæр кæронмæ куы бахæццæ сты, уæд мæм фæдзырдта æмæ мын загъта, зæгъгæ, кувæндон йæ хуыз бæргæ скалдта, фæлæ йæ нывæфтыд дуæрттыл æнæмидис орнаментты уæлдай ис стыр сæнæфсиры цупæлттæ дæр. Сæнæфсиры цупал та, дам, куыдфæндыйæ дæр символикон цæстæнгасæй гуырдзиаг ад кæны, æмæ, дам мæ нæ фæнды, афтæ сæ ныууадзæм, уый. Æмæ мæм бахатыд, цæмæй кувæндонæн сарæзтаин ног, сыгъдæг ирон орнаментимæ нывæфтыд дуæрттæ. Æз ахъуыды кодтон æмæ бамбæрстон, ахæм дуæрттæ саразынæн цас тых æмæ рæстæг хъæуы, ууыл, æмæ йын æргом загътон, мæ бон кæй нæ бауыдзæн. Дзуары тыххæй æз мæ куысты аргъ райсыныл не сразы

уыдаин, лæвар сæ куы сарæзтаин, уæд та, уæ фарн бирæ, фæлæ ме ‘ртæ сабийы æххормагæй баззадаиккой… Уыцы уæззау рæстæджы царды амæлттæ кæнынæн уыд æрмæстдæр иунæг фæрæз – исты нывæфтыд дзаума саразын æмæ йæ ауæй кæнын. Æмæ мæ бамбæрста, нæ мæм фæхъыг. Фæлæ ам дзырд, кæй мæ бамбæрста, ууыл нæ цæуы, дзырд цæуы ууыл, уыцы нывæфтыд сæнæфсиры цупæлттæ гуырдзиаг ад кæй кæнынц, уый йæ фæсонæрхæгмæ дæр кæй никуы никæмæн æрцыд, «гуырдзыйы лæг» кæй хуыдтой, уый йеддæмæ…

Кæнæ… Иухатт хицауады æрвылкъуырион рабадты районтæй иуы сæргълæууæгмæ цыдæр фарстатæ сæвзæрд, уым нæ уыд, афтæмæй. Президент йе ‘ххуысгæнæджы куы бафарста, кæм ис, уымæй, æмæ йын дзуапп куы радтой, рынчын у, зæгъгæ, уæд æмбырдыуæвджытæй чидæр афтæ бакодта: «Куыд у рынчын? Знон Тбилисы куы уыд».

Уыцы ныхас фехъусгæйæ, республикæйы разамонæг хорзау нал фæцис. Иу дзæвгар æнæдзургæйæ фæбадт, стæй йæ дыууæ къухæй стъол мæсты цæф æркодта æмæ загъта: «Гъеныр афтæмæй куыд кусынмæ хъаваем, уый ма мын бамбарын кæнут?! Мæгуыр лæг Тбилисы базармæ ныццæуа æмæ йæ сывæллæттæн асламдæр аргъыл исты дзаумæттæ балхæна, уымæй политикæ аразын нæ хъæуы – адæм хъуамæ исты амæлттæ кæной ацы уæззау дуджы… Фæлæ бынаты кусæг, разамонæг, уымæйдæр æнæ бафæрсгæйæ, не знæгтæм ныццæуа, уый стыр, ныббарæн кæмæн нæй, ахæм фыдракæнд у!» Æмæ йæ уыцы бон йæ бынатæй систа.

Уый фæстæ дзы, Цыбырты Людвиджы «гуырдзыйы лæг» чи хуыдта, уыдон «политикæйы амæттаг» ацарæзтой – Цыбыры-фырт, дам, хæрдмæ скæсын кæй нæ уагъта, уыцы патриоттæй у, æмæ, дам æм реабилитаци æнæмæнг æмбæлы. Æмæ йæ министрæй баурæдтой. Уый цалдæр мæйы фæстæ Гуырдзыстонмæ афардæг. Уым æрцард æмæ уæхскуæзæй райдыдта Хуссар Ирыстоны ныхмæ кусын…

Фæлæ мах иу æнусон низæй рынчын стæм: йæхи цæсты æрду чи нæ уыны, уый дæр искæй цæсты къалабæлас агуры. Бынаты чи вæййы, уымæ марæн кæрдтæ сисæм, адæмæн æй удхæссæг фестын кæнæм, алы фыд, алы тугтæригъæдтæ йын йе ‘ргъомбасты ныббæттæм, стæй уыцы æргъом нæхи хæссинаг куы фæвæййы, уæд ныл уæз нал фæкæны, ферох нæ вæййынц, цы фыд, цы тугтæригъæдтæ дзы ныббастам, уыдон…

Цавæр позицийыл лæуд уыд Цыбырты Людвиг Цæгат Ирыстонмæ

ахасты та? Цы йæ æмбæхсæм, уыцы дывыдон дуджы Хуссар Ирыстоны цæрджытæ фылдæр æххуыс æмæ фарсхæцынад домдтой сæ цæгатаг æфсымæртæ æмæ хотæй, бирæ критикæгæнджытæ нæм уыд, кæцытæ абон та иннæрдæм хæцынц… Ома, абон, Хуссар Ирыстон Уæрæсейы скондмæ бацæуа, уый ныхмæ чи у, «хæдбар паддзахад скъобор кæныннæй» ныфсытæ чи æвæры, уыцы æнæхæлафæй хъалтæм уæд та æндæр домæн уыд. Цæгат Ирыстоны цæрджытæ, дам, мах куыд тыхсæм, афтæ цæуылнæ тыхсынц Ирыстоны дыууæ хайы баиу кæныны фарстыл… Ахæм уавæры нæ удыхосау хъуыд национ иудзинад бахъахъхъæнын, рог, æнæсæрфат митæй фыдæхдзинад тауджытæн сæ рохтыл æрхæцын. Æмæ ацы вазыгджын фарсты дæр Цыбырты Людвигæн уыд иунæг, мæнæ ахæм æндонвидар позици: мæн критикæ кæнут, мæн тыххæй уæ цыдæриддæр фæнды, уый фыссут æмæ дзурут, фæлæ мын «фаллæгтæм» ма ‘вналут – махæн арвæй зæххы ‘хсæн æндæр ничи ис, бахъуаджы рæстæджы нæ сæр кæуыл бакъул кæнæм… Ахæм позицимæ къух бакæнæн ис? Нæ, кæй зæгъын æй хъæуы!

Афтæ чи дзырдта, нæ цæгатаг хотæ æмæ æфсымæртæ нæ нæ уарзынц, уыдон рæдыдысты. Рæдигæ кодтой уымæй, æмæ махмæ, Хуссар Ирыстоны цæрæг ирæтты ‘хсæн, ахæм адæймаг зынтæй разындзæн, Цæгат Ирыстоны æппынкъаддæр афæдз дыууæ хатты чи нæ вæййы, уымæн æмæ нæ хъуыддæгтæн сæ фылдæр уым аразгæ сты; Цæгат Ирыстоны цæрæг ирæттæн та сæ нæуæдз проценты бæрц Хуссар Ирыстоны æппындæр никуы уыдысты, æмæ бирæтæ «хуссайраг» ирæттæм кастысты, æрвылбон базарты кæй уыдтой æмæ се ‘нæгъдаудзинадæй кæмæн сцъæхдæндаг сты, уыцы лыгъд адæм-базаргæнджыты цæстæй, уымæн æмæ сæ сæ ныхасыуагмæ гæсгæ иууылдæр «хуссайраг ирæттыл» нымадтой. Афтæмæй та уыдон сты, Гуырдзыстонæй кæй расырдтой, кæнæ гуырдзыимæ æмхæццæ хъæуты чи цард, ахæмтæ, фæлæ уæддæр ирæттæ нæ систы, ирон æгъдау сæм абоны онг дæр нымады нæу. Æмæ сæ уыцы æнæхсæст «ирондзинадæй» фыдæх тыдтой Ирыстоны дыууæ хайыл. Уый иттæг хорз æмбæрста Цыбыр- ты Людвиг æмæ йæ мидполитикæйы сæйраг хъусдард здæхта, ацы риссаг фарст, цас гæнæн уыд, уыйбæрц æрбæстон кæнынмæ. Къухдариуæгады æмвæзадыл сырæзæн цæмæн нæ уыд, уыдæттæ та царды уагъта æхсæнадон æмæ фæсивæдон организациты фæрцы, зæрдиагæй æххуыс кодта, Ирыстоны дыууæ хайы ‘хсæн иумæйаг мадзæлттæ чи арæзта, уыдонæн.

Уæлдай ахсджиагдæрыл нымадта, нæ дыууæ ирон газеты – «Рæстдзинад» æмæ «Хурзæрин»-ы коллективтæ æрвылаз дæр кæрæдзиимæ кæй æмбæлдысты, уыцы традици дарддæр кæнын. Ægæрыстæмæй уыцы уæззау рæстæджыты дæр! Адæм-иу дæсгай мæйты сæ мызды капеччытæ куынæ райстой, уæддæр никуы базивæг кодта уыцы ахсджиаг хъуыддаджы нын баххуыс кæнынмæ. Газеты сæйраг редакторæй мæ цы аз снысан кодта, уыцы аз мах рад уыд «Рæстдзинад»-ы коллективы Хуссар Ирыстонмæ фæхонын. Цы уавæры уыдыстæм, уыцы уавæр æмбаргæйæ йын æфсæрмыгæнгæ ской кодтон, зæгъын, нæ фембæлдæн куыд бакæнæм. Президент, цыма æхсæвæй-бонæй уыцы ныхасмæ ænхъæлмæ касти, уыйау уыцы цæхгæр алыг кодта: «Сыдæй куы амæлæм, уæддæр уыцы диссаджы традицийæн ænæ адарддæргæнгæ нæй. Ныртæккæ нын уымæй ахсджиагдæр ницы ис, цæмæй Ирыстоны дыууæ хайы цæрæг адæм, гæнæн уæвгæйæ, кæрæдзиимæ арæхдæр æмбæлой. Махæн нæ иудзинадæй бæрзонддæр нысан мацы хъуамæ уа, уымæн æмæ ænæ уыцы иудзинадæй доны къусы сæфт фæуыдзыстæм. Цы адæм кæрæдзиимæ не ‘мбæлынц, уыдон кæрæдзийæ дард кæнынц».

Æмæ æрмæст дыууæ редакцийы коллективты фембæлдтытæн лæвæрдта ахæм ахсджиаг нысаниуæг? Нæ, йæ бон цы уыд, йæ фадæттæ йæ цас æмæ куыд амыдтой, уымæ гæсгæ зæрдиагæй архайдта алы хъуыддаджы дæр. Джыккайты Шамил, Ходы Камал, Гиоты Михал æмæ æндæртæн юбилейтæ Цæгат Ирыстоны дæр куыд нæ нысан кодтой, фæлæ сын нæ разамонæг Хуссары цы нæргæ юбилейтæ сарæзта, уыдонæн дæр уый уыд сæ нысаниуæг: иудзинад, æнгомдзинад, кæрæдзи æмбарын…

Ахъуыды-ма кæнæм, шовинистон Гуырдзыстон та нæм йе згæхæрд кард куы сласта, бындзагъд нæ скæныны фадат та йын куы фæзынд, уæд цы кодтаиккам, цы фæуыдаиккам ænæ Цæгат Ирыстон, чи нын бавæрдтаид нæ лыгъд адæмы, æндæр нæм æххуысы къух чи радтаид?

Кæй зæгъын æй хъæуы, фæстаг азты, уæлдайдæр та августы хæсты фæстæ, Хуссар Ирыстон цы къахдзæфтæ акодта, дунеон политикон аренæйыл ын цы фадæттæ фæзынд, уыдæттыл Цыбырты Людвиджы рæстæджы ахъуыды кæнæн дæр нæ уыд, уымæн æмæ уæд æндæр рæстæг уыд, не ‘нусон æмцæдисон, нæ дарæг, нæ уромæг Уæрæсе йæхæдæг дæр уæззау уæвæры уыд, йæ хъæлæс никуыцæйуал хъуыст. Дзуапп раттæм иу хуымæтæджы фарстæн: Цыбырты Людвиг Республикæ

Хуссар Ирыстоны Президент куы уыд, уыцы рæстæджы Уæрæсе, йе ‘фсад Сиримæ бакæна, ууыл ахъуыды кæнын дæр бауæндыдаид?.. Нæ, кæй зæгъын æй хъæуы. Уымæ гæсгæ алы адæймагæй дæр домын хъæуы, йæ фадæттæ, йæ атæлфæнтæ йæ цас амыдтой, уый бæрц. Цалынмæ, дæ размæ чи уыд, уый истæмæй азымы бадарай, уæдмæ уал хъуамæ бафæрсай дæхи, уый бынаты дæхæдæг та цы сарæзтаис æмæ куыд бакодтаис... Абон дæр ма чидæртæ сæхи бауигъынц, афæлварынц нæ куырыхон хистæр, нæ фарны лæджы цæхæрадонмæ дуртæ баппарыныл… Иухатт мæм иу чидæр иу дынджыр уац бахаста, уыцы сæрыстырæй мын æй мæ разы æрæвæрдта æмæ афтæ зæгъы: «Мæнæ ам нæ фыццаг Президентыл абырыдтæн, æмæ, дæ хорзæхæй, ныммыхуыр æй кæн, адæм дæ галы бузныг фæуыдзысты…»

Æз ын афтæ зæгъын: «Æмæ, кæд дæм афтæ кæсы, адæм мæ галы бузныг фæуыдзысты, уæд ыл, цалынмæ Президент уыд, уæдмæ цæуылнæ «абырыдтæ», цæмæй нæ тынгдæр фæуыдаиккой галы бузныг? Цæй, бадзурæм афтæ: дæхæдæг Ирыстонæн цы сарæзтай, уымæй дæ нæ фæрсын, Цыбырты Людвиг цы зонадон чингуытæ ныффыста, уыдон бакæсын дæ нæ домын, æрмæст мын сын номхыгъд скæн æмæ дын дзырд дæттын, уый фæстæ дын дæ уац кæй ныммыхуыр кæндзынæн».

Уый æнæдзургæйæ сыстад æмæ мын мæ фыдбылызтæ йемæ ахаста…

Уæрæсейы Федераци Республикæ Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад кæй банымадта, уый комкоммæ йæхи сæрмагонд уæлахиз схоныны бар никæмæн ис. Кæд номхуындæй искæй «фæрцы» у, уæд æрмæстдæр нæ цыфыддæр знаг Михаил Саакашвилийы фæрцы, уымæн æмæ уый ахæм куырмæджы рæдыд куынæ æруагътаид, Хуссар Ирыстоны ныхмæ æргом хæст куынæ расидтаид æмæ дзы сыгъдæг быдыр саразыны фæнд куынæ скодтаид, уæд гъада-гъа исчи банымадтаид Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад... Фæлæ нæм иугæр ахæм амонд æрхауд, иугæр бафæрæзтам уыйбæрц зындзинæдты сæрты ахизын, иугæр нæ фыдыбæстыл нæ къух нæ систам æмæ йæ бавæрдтам йæ хæдбардзинад ын банымайыны боны онг, уæд уый у æппæтадæмон уæлахиз, уымæн æмæ уыцы уæлахизы ис, Хуссар Ирыстоны иууыл уæззаудæр рæстæджыты чи баззад æмæ йæ сæр чи нæ бафснайдта, уыдонæй алкæй хайбавæрд дæр. Уæлдайдæр Цыбырты Людвиджы хайбавæрд. Нæ фыдыбæстæйы историмæ йæ бахаста йæ бадт зонд æмæ куырыхондзинады фæрцы. Уый тыххæй уæлдай буц митæ домгæ дæр нæ кæны, кæйдæртау йæ риу

нæ хойы, стæй алы æвзæрстыты йæхи нæ батъыссы, адæмы кæрæдзи ныхмæ скæныныл нæ архайы. Президент куы нал уыд, уæд йæ дыстæ басчъил кодта æмæ зонадон куысты аныгъуылд. Æмæ кусы, зæрдиагæй лæггад кæны йæ фыдыбæстæн, йæ раттæг адæмæн.

Фæлæ… Уæддæр диссаг у – кæд раздæры президенттæн, æгæрыстæмæй, парламенты сæрдар чи уыд, уыдонмæ хицауады хардзæй машинæтæ, шофыртæ æмбæлы, уæд Цыбырты Людвиг æнæ хай цæмæн у ахæм хæрзиуджытæй? Ау, æндæрты хъауджыдæр, нæ фыццаг Президент уæддæр уыд!.. Æниу нæ фарны лæджы ахæм цыдæртыл хъуыды кæнынмæ дæр не ‘вдæлы. Бирæ, æнæкæрон бирæ йын бантыст, фæлæ ацы стыр ахуыргæндтæм иу миниуæг ис: дуне уæлгоммæ куы сфæлдахой, уæддæр æнæхæрд, æнæсгæрст бæстæ агурынц! Цыбырты Людвигыл 90 азы сæххæст, фæлæ йемæ куы ныхас кæнай, уæд дæм афтæ фæкæсдзæн, цыма нырма знон фæцис каст уæлдæр ахуыргæнæндон æмæ нырма йæ фыццаг къахдзæфтæ акæнынмæ хъавы зонадон дунейы æнæкæрон тыгъдады. Хуыцауы цæст ын бауарзæд ахæм хъару!

Айфыццаг та йын йæ радон чиныгæн презентаци куы сарæзтой, уæд ын арфæгæнджытæй иуы цæст бауарзта сæдæ азы фæцæрын, иннæйы цæст та – сæдæ дыууын азы. Мæн зæрдиагæй фæнды, цæмæй, Цыбырты Людвигыл сæдæ дæс азы куы сæххæст уа, уæд нымдæй афтæ зæгъа: «Мæнæ ног чингуытæ ныффыстон, æмæ мын юбилей кæныны бæсты уыдон рауадзут!» Хуыцау, фехъуысæд дæм мæ арфæ!

ТМЕНАТЫ Дзерассæ

ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ЦÆУÆГ ÆМБИСÆНДТÆ

Уацы

Фыдæлты незаманæй нырмæ иу фæлтæрæй иннæмæ чи цæуы, уыцы цыбыр, цыргъзонд, рæстдзæвин загъд тыхджын хъуыдытæ адæймаджы ми, царды цауы тыххæй хонынц æмбисæндтæ. Уыдоны æвæрд ис арф зондамонæнтæ. Искæмæн йæ рæдыд, йæ аипп, йе ‘нæсæрфат ми кæнæ сгуыхтдзинад дæргъвæтин ныхасæй амоныны бæсты иу цыргъзонд æмбисонд загъд куы æрцæуы, уæд вæййы зонды, фауыны, уайдзæфы хос, науæд та – стыр аргъы, стауыны бæсты.

Ирон адæймаг, дзургæйæ, йæ ныхасы мидæг иудадзыг пайда кæны æмбисæндтæй. Уыдон ын йæ ныхас, æнæхъуаджы дæрдтыл куыд нæ зила, афтæ кæнынц цыбырдæр, рæсугъддæр, хъапджындæр æмæ нуарджындæр.

Ныхасы уаг куыд уа, уымæ гæсгæ дзурæг хæссы кæм, ирхæфсгæ чи кæны, ахæм цыргъзонд хъуыдытæ, кæм та, ныхас цыбыр чи кæны, ахæм æмбисæндтæ.

Уыдонæй хъуамæ алкæцы дæр хаст, загъд цæуа афтæ, æмæ йæ гаччы куыд уа, йæ бынаты куыд бада, дзырды бæркад ахадгæдæр куыд кæна.

Афтæ загъд куынæ ‘рцæуа, уæд ницы мары, уæгъд загъд æрцæудзæн, æмæ йæ хъуыды дæр ничи æркæндзæн.

Алы æмбисонды фæзындæн дæр æнæмæнг уыд йæхи истори, фæлæ сæ рæстæг йæхæдæг аныхъуырдта, æмæ, кæд, кæм, цæй фæдыл фæзынди, чи йæ загъта, уый абон ничиуал зоны.

Уырыссаг фольклористтæ Ф.И. Буслаев æмæ И.М. Снегирев, фæстæдæр та В.П. Аникин афæлвæрдтой æмбисæндты фæзынды историтæ æрæмбырд кæнын æмæ сыл бакусын.

Æмбисæндтæ æвæрдтой бæлвырд историон цаутимæ æмрæнхъ, адæмы царды уавæртимæ, сæ миддунеимæ, æгъдæуттимæ. Фæлæ сæ куыст размæ нæ анкъуысыд, уымæн æмæ цалдæр сæдæ æмбисондæй иуæн вæййы æмбарынгæнæн, иннæтæн та нæй ссарæн сæ ратæдзæн.

Ирон æмбисæндтæ дæр сты ахæм уавæры, уымæ гæсгæ нæ уацы ærмæг рауад кадавар. Гъе фæлæ нæм цы ис, уыдон уæддæр нæ зæрды

ис рухсмæ рахæссын, уадз æмæ зындгонд уой, дарддæр дæр сын сæ нымæц фылдæр кæныныл архайдзыстæм.

Ирон адæмæй бирæтæ сæ рантыст бæттынц Ос-Бæгъатыры номимæ. Зындгонд археолог Евгения Пчелина, Ирыстоны уæвгæйæ, æрмæст зæппæдзтæ, ингæнтæ нæ къахта æмæ иртæста, фæлæ æмбырд кодта этнографион æмæ фольклорон æрмæг дæр.

Уый иуахæмы Æмбалты Ханджери, Æмбалты Елæмырзæ æмæ Черчесты Джеорджыйæ ныффыста ахæм таурæгъ.

«Фидæрттæ» цы зæххытæ хонынц ныгуылæн Иры, уым уыд Царциаты цæрæнуат, хуыдтой йæ Уæллагхъæу. Уым иу лæгæты иу лæгæн – йæ ном Уæлладжыр – райгуырд лæппу, æмæ йæ рахуыдтой Ос-Бæгъатыр. Уый куы бахъомыл, уæд йæхицæн аскъæфта усаг Саухъæды хицау Хорвæды чызг Æхсины. Хорвæд уыд ныфсхаст, хъаруджын лæг. Уый рацыд фæдисы йе ‘фсæддонтимæ.

Йæхи Урсдоны былыл бафæсвæд кодта, «Бæхты къорд» кæй хонынц, уыцы ран: йæ зæрды уыд æхсæвы тары бабырсын скъæфджытæм. Фæлæ сæ рындзыл бадæг ком хъахъхъæнджытæ Рыхды æмæ йæ фырт Иуане федтой. Комы цæрджытæм фæхабар кодтой, «фæдис» арвыстой (ома фæздæг суагътой – Дз.Т.)

Гæрзифтонг æфсæдтæ Хорвæды ныхмæ рацыдысты æмæ схæцыдысты. Хорвæды ‘фсæдты бындзагъд ныккодтой, æмæ ма сæ баззад Хорвæд зыбыты иунæгæй.

Ахæм æфхæрд, æгаддзинад йæ сæрмæ хæссын нæ бафæрæзта скъæфт чызджы фыд æмæ ænæнхъæлæджы фæдисæттæм равдыста йæ хъус.

Цæвиттон, гуырдзæй рахаста иу хъус – лæджы хъус, иннæ та – куыдзы хъус. Хъысмæтæй йын фыст уыд: йæ куыдзы хъус ын адæм куы феной, уæд æрцæудзæн йæ мæлæт.

Йæ чызг Æхсин ыл фæхъарджытæ кодта, стæй йын йæ фыды Ос-Бæгъатыры æфсæдтæ баныгæдтой, «Лæбырдтæ» кæй хонынц, уым. Абон уыцы ран хонынц Хорвады уæлмæрд.

Уæлладжыры комы цæрджытæм та исты æнахуыр адæймаг куы бафты, йе куы фенынц, уæд æрхæссынц ацы æмбисонд: *«Йæ иу хъус – лæджы хъус, йе ‘ннæ хъус – куыдзы хъус».*

Ацы фольклорон истори, æмбисонды равзæрд хаст цæуы, ирæттæ феодалон æнусы куы цардысты, уæдмæ. Уый фæстæ Ос-Бæгъатыræн бирæ цот рацыд æмæ анхъæвзтой суанг Иры хæхты, кæмтты, быдыр-

ты нæ, фæлæ, абон Кæсæг кæм сты, уымыты дæр. Афтæ амонынц иртасджытæ сæ ахуырадон куыстыты.

Адæмтæ хуыздæр цæрæн бынæттæ агурыны охыл кæм лæгъстиаг уыдысты, кæм та тыхæй архайдтой. Уæды дуджы цард афтæ уыд. Нæ рагфыдæлтæ – скифтæ, сæрмæттæ, алантæ дæр – хæцæг адæм уыдысты, сæхи равдыстой хъæбатырæй, хæстыты уæлахиздзаутæй. Суанг схæццæ сты Астæуккаг Азийæ Кавказмæ.

Уыдоны фæстæ – мангол-тætæры тыхгæнæг дуг. Æфсæдты сæргъы лæууыд Чингисхан. Уый Аланты паддзахадмæ схæццæ æмæ 1222 азы семæ схæцыд. Фæлæ алантимæ æмварс уыдысты кипчактæ, æмæ мангол-тætæрæн сæттын нæ бакуымдтой. Уыцы хæсты тыххæй фыста уæды рæстæджы ахуыргонд Рашид ад-Дин. Манголтæ æмæ тætæр сæ фæнд ардæгыл нæ ныууагътой. Кипчактæн бамбарын кодтой, иу адæмыхатт кæй сты, алантæ та сын æддагон кæй сты.

Сразы сæ кодтой алантæй фæхицæныл. Уыдон манголы фæндыл дыууæ нал загътой. Алантæ сæхæдæг баззадысты манголы æмæ тætæры æнæнымæц æфсады ныхмæ, сæ сæргъы Тимур (Тамерлан), афтæмæй, æмæ сæ 1395 азы уыдон бындзагъд фæкодтой. Ныппырх кодтой кипчакты дæр. Алантæй йæ бон кæмæн баци, уыдон хæхты бамбæхстысты.

Мангол кæм уыдысты, уым цæрæг нæ, зайæг хал дæр нал баззад. Уыцы хæсты тыххæй бæстон ныффыста персайнаг историк Шараф ад-Дин Язди.

Рæстæг рацыд, аланты баззайæггæгтæ дарддæр цардысты æмæ сæм фæзынд æмбисонд: *«Раст цыма дзы тæтæры ‘фсæдтæ ацыдысты».* Афтæ фæзæгъынц, искуы истæмæй куы ницыуал аззайы, уæд. Зæгъæм, фынгыл бадджытæ сæхи æдзæлгъæдæй куы равдисынц, æмæ сын сæ разы цы æрæвæрынц, уыдонæй æрхъис дæр куы нæуал фæуадзынц, уæд.

Уæвгæ ацы æмбисонд æрмæст махмæ нæй, фæлæ, Тимуры æфсæдтæ кæм ацыдысты, уым алы адæммæ дæр уагътой ахæм фæд, ома айдагъ зæрæстон зæххытæ.

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй уыцы рæстæджы адæмтæ кæрæдзиимæ тох кодтой, зæхх истой. Касты баззайæг кæнæ мард цыд, кæнæ йæ истой уацары æххуырстæй.

XVII æнусы ирайнаг шах Аббас йæ паддзахады арæнтæ уæрæхдæр кæныны, йæ барты ахадындзинад фæтыхджындæр æмæ сфидардæр

кæныны охыл хæцыд йæ алфамбылай паддзахæдтимæ, адæмтимæ. Ирыстоны кæмтты ис бамбæлæн шах Аббасы номимæ баст топонимтыл.

Хъæздыг у дзыхæйдзургæ сфæлдыстад уыцы адæймагимæ баст таурæгътæй. Суанг ма арæх фехъусæн ис æмбисонд: *«Шах Аббас дæр ма Зæрæмæгæй аздæхт»*, зæгъгæ.

Цæвиттон, шах Аббасы зæрды уыд Кавказы адæмты йæ дæлбар бакæнын, стæй Фæскавказмæ ахизын æмæ уымы адæмты дæр басæттын. Фæлæ, дам, Туалгомы цæрджытæ фидар разындысты, сæттын ын нæ бакуымдтой æмæ Зæрæмæгæй раздæхт, Къасарайыл ахызт Фæскавказмæ. Уæлдæр хаст æрмæг у фольклорон, фæлæ шах Аббасы æфсæддон балцыты тыххæй æцæг историон уагыл иртасæн куыст ныффыста нæ зындгонд ахуыргонд, нæукæйы доктор Гутнаты Феликс.

Уæвгæ историон цаутæй рохуаты никæцы баззад адæмон сфæлдыстады.

XIX æнусы райдиан Уæрæсейы паддзахад сфæнд кодта Кавказы адæмты зæххытæ æд адæм, уыдонимæ, Ирыстоны дæр, йæ дæлбар бакæнын.

Мæхъхъæл æмæ Ирыстонмæ æрвыст æрцыдысты паддзахы æфсæдтæ, сæ сæргъы – инæлар-майор Абхазов. Уымæн йæ фæнд уыд фыццаг басæттын мæхъхъæлы, æмæ йæ фæнд сæххæст 1830 азы 20 июлы.

Къуыри фæстæдæр та, 26 июлы, Арвы комыл æрбахызт Тæгиаты коммæ. Уым ирон адæм йæ ныхмæ тох самадтой. Фæлæ Абхазовмæ уыд сармадзантæ, бирæ алыхуызон хотыхтæ.

Фыццаг басаста дыууæ Санибайы. Уыдон бафыстой разыйы гæххæтт Уæрæсейы дæлбар уæвыныл. Дарддæр уыдысты Хъæни æмæ Тменыхъæу, стæй та – Дæргъæвс. Дæргъæвс нæ саст. Цалынмæ Абхазов Тæгиаты комы уыд, уæдмæ йе ‘фсæддонты бæхтæ сæхи хорз федтой Хоситы хуымты тыллæгæй. Хуымтæй ницыуал баззад, фидгæ дæр сын ницы бакодтой. 4 августы æгас Тæгиаты комы цæрджытæ дæр Уæрæсейы дæлбар кæй сты, ууыл бафыстой гæххæтт. Абхазов йе ‘фсæдтимæ рацыд уыцы бынæттæй, фæлæ уæдæй фæстæмæ баззад æмбисонд: *«Абхазовы ‘фсæдтæ Хоситы хуымтæ куыд бахордтой, афтæ бахордтой мæ хæдзар»*. (Хоситæ абон цæрынц Турчы – Дз.Т.)

Адæмтæ, кæрæдзиимæ тох кæнгæйæ, кæрæдзиуыл фæуæлахизæн арæзтой алы фыддзинæдтæ. Кæрæдзи цагътой, кæрæдзи фос давтой, зынг æфтыдтой æмæ а.д.

Ацы фарстайы бирæ дæлгоммæ цаутæ ис, бæстон дзы кæуыл нæма уыд ныхас, ахæмтæ. Уæвгæ уыцы хабæрттæ абон дæр ма æмбæлынц.

XX æнусы райдиан цы фольклорон æрмæджытæ фыст æрцыдысты, уыдонæй уæд таурæгъты, уæд кадджыты, уæд историон зарджыты æмбæлынц уыцы цаутæ. Зæгъын æмбæлы, æмæ кæцыдæр рæстæджыты искæй мулк атæлæт кæнын уыд сæрæндзинадыл, лæгдзинадыл нымад. Уыцы мотив ис суанг Нарты эпосы дæр.

Нартæн сæ ахсджиагдæр хъуыддæгтæй иуыл нымад уыд фос кæнынмæ фæцæуын, ома искæй фос атæрын, нарты ‘хсæн сæ байуарын, рæстмæ балцы тыххæй кæйдæр фосæй стыр куывд скæнын.

Уыцы хабар æрмæст æндæр адæмимæ нæ уыд, фæлæ нæхи адæмæн сæхимидæг дæр. Уыд ахæм рæстæджытæ, æмæ-иу иу коймаг давта сыхаг коймаджы кæнæ йæхи коймаджы. Уæлдай нæ уыд, нæлгоймаг, сылгоймаг æви сывæллон, æмæ сæ уæй кодтой. Гæнæн уыд, æмæ давд адæймаджы йæ хæстæджытæ балхæной, суанг ма давд адæймаг ælхæдта йæхи. Уымæн æвдисæн, Хаситы Уасил цы хабар радзырдта, уый.

Дурдураг Тугъанты Джетæгъæз Зджыды сæрмæ Хивонмæ бафтыд. Уыцы рæстæг цалдæр тибаг лæджы Кучиты Саулох, Къадзты Бобол, Чебо æмæ ма чидæртæ дæр уыцы ран фесты.

– Хуыцау дæ фосджын скæнæд, – загътой уыдон Джетæгъæзæн.

– Арфæгонд ут, – дзуапп радта Джетæгъæз. – Чи стут æмæ уæ ам цы хъæуы?

– Цуаны рацыдыстæм æмæ нæ ды ныхасмæ хъæуыс, хæстæгдæр нæм рацу.

– Нæ уæм цæуын.

– Æнæ ‘рбацæугæ дын нæй, – фидардæрæй та загътой тибæгтæ æмæ йыл сæхи ныццавтой, сбастой йæ æмæ йæ Тибмæ аластой.

Джетæгъæз афælвæрдта ‘хсæвы ралидзыныл, фæлæ йæ Къадзты Бобол æрцахста, æмæ та йæ мæсыджы бакодтой. Райсомæй йын снысан кодтой аргъ: «æртæ дæсы», ома 30 сомы. Уыцы аргъ фехъусгæйæ, Джетæгъæз йæ туджы рафыхт: бынтон аслам æй кодтой. Давджытæ та ног тæрхæттæ райдыдтой Джетæгъæзы фæндæй æмæ та æрæджиау бауынаффæ кодтой: «фондз дæсы».

Джетæгъæз, йæ сæрæн ын 50 сомы аргъ скодтой, уый куы базыдта, уæд уый йæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд. Стæй ма сын загъта йæхæдæг,

цæмæй ма уыцы æхцайы уæлæмхасæн райсой бæгæныфыцæн стыр æрхуы дыхъусыг цæдждинаг.

Цæвиттон, уыцы рæстæджы ахæм æрхуы аг уыд стыр кадджын, нымад цыд исбоны хуыздæр дзауматæй иуыл æмæ мæнæ аслам нæ уыд, мыййаг.

Тугъантæ сæ лæджы балхæдтой, фæлæ уыцы аг XX æнусы фыццаг æмбисы дæр ма уыд æгас æмæ баззад æмбисонд*: «Кæд мын Джетæгъæзы æрхуы аг нæу, цы йæ скадджын кодтай».* Афтæ дзурынц, истæмæн æнæфсон бæрзонд аргъ куы фæкæнынц, уæд.

Джетæгъæз амондджын разынд; йæ бинонтыл сæмбæлд фæстæмæ. Фæлæ Ирыстонæй бирæтæ доны къусы сæфт кодтой уыцы заманты. Уæд фæзынд æндæр æмбисонд-ælгъыст: *«Гандзайы амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд».* Уымæн æмæ уыцы рæстæг Азербайджаны Гянджа-сахары уыд, дунейы алы рæттæй адæм кæм уæй кодтой, ахæм стыр базар.

Нæхи адæм, нæ сыхаг адæмтæ давдтой кæрæдзи минæвæртты æмæ сæ уым уæй кодтой. Уырдæм-иу чи афтыд, уымæн-иу йæ фæд дæр нал сбæрæг, уым уыд сæрсæфæн, æмæ уæд нæ адæммæ, иу иннæмæ смæсты уæвгæйæ, ахæм карз ælгъыст сæвзæрд. Абон дæр цæры уыцы ælгъыст.

Гъе фæлæ Азербайджаны æрмæст адæм уæйгæнæн базар нæ уыд, фæлæ хуыздæр цардагур чи уыд, уыдоны бæстæ дæр. Ирыстонæй уырдæм бирæтæ ацыдысты. Се ‘ппæтмæ æнтыст нæ каст уым, фæлæ кæмæндæрты сæ хъултæ сах абадтысты. XX æнусы райдиан Габанты æртæ æфсымæры ацыдысты Бакумæ. Уым сарæзтой хæрæндон. Сæ хъуыддаг фæрæстмæ, æмæ сæхиуыл хорз фæхæцыдысты. Уыдон уыдтой, ардыгæй чи ацыд, уыдонæй бирæтæн сæ фæндтæ кæй нæ фæрæстмæ сты, дарæс, хæринаг хъуаг кæй сты.

Габанты ‘фсымæртæн Хуыцау ахæм хорз ракодта, æмæ сфæнд кодтой къуыри иу хатт læвар æфсадын ирæтты. Куы-иу сын бахарын кодтой, уæд-иу сæ æхца нæ истой, фæлæ сын уæзданæй дзырдтой: *«Габанты хардзæй».*

Æфсымæрты кой æрбайхъуыст Ирыстонмæ æмæ ам дæр ныффидар уыцы загъд, абон дæр ма искæй рæдау хабары фæдыл фæдзурынц: «Уæд Габанты хардзæй».

Нæ адæм канд æддагон знæгтæй æфхæрд нæ цыдысты, фæлæ хиуæттæй дæр. Сæхимидæг дæр-иу сæм рауад змæстытæ, æмæ-иу уæддæр ахæм хабар уыд æмбисонд фæзындæн ахъаз.

Кæддæр Дзынагъайы иу лæг иннæмæн афтæ: «Басулухъи фудæнхæ дæ баййафæд!» Фæстæдæр æз уыцы ælгъыст зæгъæджы бафарстон, Басулухъ чи у æмæ йын йæ фыдæхæй цæмæн тæрсын кæнынц?

Йæ зæгъæг нæ зыдта, чи у Басулухъ, уый, æрмæст загъта: «Рæстдзинади сæрбæл, дан, хъæбæр карз лæг адтæй. Нæ, дан, барста мæнгарддзийнадæ æма галеудзийнадæ. Ма, дан, хъæбæр карз дзурдæй бафхуæридæ лæгъуз гæнæги, фæстагмæ, дан æй цæвгæ дæр никкæнидæ».

Бирæ азтæ рацыд, æмæ иубон, нæ республикæйы Паддзахадон архивы мыггæгты равзæрды тыххæй æрмæджытæм кæсгæйæ, æнæнхъæлæджы мæ цæстытæ ацахстой уыцы æмбисонды ныхас, фыст уыд афтæ: «Тотаевы, Цаллаевы, Хадаевы, Галаевы происходят от одного человека по имени Басулук, жившие в давние времена в Тапан – Дигории в с. Уакац… как сам Басулук, так и его потомки своим происхождением славились во всей Дигории, так что слава их даже вошла в поговорку, например, если кто был обижен кем-то, то тотчас обиженный, обращаясь к обидчику, говорил: *«Да постигнет тебя гнев Басулука».*

С самого начала в Тапан – Дигории, в сказанном выше селении поселился Дигур, а затем Бусулук, до поселян… тапан – дигорская земля была еще необитаема, а потому сказанные лица как Дигур, так и Басулук, за землю никому не кланялись и ни у кого покровительства не искали».

Афтæ сбæрæг, чи уыд Басулухъ æмæ кæм сæвзæрд æмбисонд, уый.

Нæ цыбыр уацы хатдзæг кæнгæйæ, фиппайæм: абоны онг цы æмбисæндтæ æрхæццæ сты, уыдон равзæрдысты бæлвырд цауты бындурыл. Сæ нысаниуæг у тыхджын æмæ арф. Сты царды зонды хос.

ÆЛБОРТЫ Беллæ

МÆ ЧЫСЫЛ ХÆЛÆРТТÆН

Ирыстоны кæстæртæ – нæ сомбоны ныфс. Куы зониккат, куыд уæм фæтæхуды кæнын, фæндагыл фæцæйцæугæйæ уын уæ цинæйдзаг цæстытæм куы бакæсын, кæнæ сæумæрайсом нæ гом рудзынгæй уæ худын æмæ хъæлдзæг ныхас куы 'рбайхъуысы, уæд. Æмæ та мæнæн дæр мæ сабибонтæ мæ цæстытыл ауайынц. Уæд æндæр дуг уыди – Советон бæстæ, ногдзаутæ; сабыр, амонджын цард кодтой адæм. Уæд бирæ хъæуты нæ уыди арвайдæн-телевизортæ, æмæ-иу зымæгон даргъ æхсæвты хъуыстам нæ нанатæ æмæ дадаты аргъæуттæм, рагон царды хабæрттæм. Ныр рæстæг аивта, фæзынд бастдзинæдты ног фæрæзтæ, дунеон хыз Интернет, фæлæ уый нæ нысан кæны, æмæ мах не 'взаг нал хъæуы. Цыфæнды адæмыхатт дæр сты се 'взагæй наци. Мадæлон æвзаг мады ад кæны. Æвзæгтæ бирæ сты, мадæлон æвзаг та иунæг у. Æвзаг у адæмы удæгас хæзна, кæцы цæуы фæлтæрæй-фæлтæрмæ; æвзаг у адæмæн сæ ивгъуыд, сæ абон æмæ сæ фидæн... Арфæ, амонд, цард, фарн, æртхурон, æлутон, арвырон, хурзæрин, зæрæхсид... Куыд рæсугъд æмæ зæлаив дзырдтæ сты.

Фылдæр кæсут аивадон литературæ – дзырды аивад, æмæ уын ахъаз уыдзæн уæ эстетикон райрæзтæн, хъæздыгдæр кæндзæни уæ миддуне, уæрæхдæр – уе сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад. Сымах суыдзыстут фидæны ахуыргæнджытæ, дохтыртæ, аивады дæснытæ, фæлæ уæ алкæддæр æмæ алкæмдæр хъæудзæни уæ мадæлон æвзаг.

Аргъ кæнут æмæ уарзут уæ нæртон ирон æвзаг, макуы суæлдай кæнут уæ фыдыбæстæ. Алкæддæр уæ зæрдыл дарут Къостайы фæдзæхст: «Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй». Цæрут рæстуд, ныфс-хаст æмæ фæллойуарзагæй æмæ уæд уыдзыстут æцæг аланты цот, Къостайы фæдонтæ.

Æз дæр уын уæ размæ хæссын мæ чысыл хуын. Ныфс мæ ис, æхсызгонæй сæ кæй бакæсдзыстут. Хуыцауæй арфæгонд ут, æмæ уæ Æртæ Иуоны хорзæх уæд!

30.11.2022 аз

ФИЛИППЫ ХÆДТУЛГÆ

Пъи-пъи-пъипп, пъи-пъи-пъипп!
Рацæуы нæхи Филипп.

Ис ын рог хæдтулгæ джип.
Ма йæ рахонут къуыдипп.

Ахуыры дæр у фæзминаг,
Уайтагъд ракæны хынцинаг.

Йе ‘мбæлттæн æххуыс фæкæны,
Зивæг ницæмæ нæ кæны.



Хостæм ауайы нанайæн,
Сугтæ ‘рбадавы дадайæн.

Арæх дзы æппæлынц уымæн
Сыхæгтæ йæ мад, йæ фыдæн.

Акæсут-ма джип æртулы,
Арæхстгай æрзилы рулы.

Бады йе ‘фсымæр йæ фарсмæ,
«Мачи лæууæд уым нæ размæ-æ!»

Дисгæнгæ кæсынц сæм адæм:
«Ай лæппу, хъæуы дзы ахæм!»

Алцæмæ дæр у ныфсхаст,
Стæй сæрæн æмæ цырддзаст.

Хорз кæй уыдзæни йæ фидæн,
Уымæн мах ыстæм æвдисæн.

Стæй ма уын æз дæр куы зæгъон,
Сусæг дæр уын æй цы кæнон:

У йæ бакаст дæр нæртон,
Ас-аланты хорз фæдон!

Уæд нæ уыдзæни аипп –
Суинаг кæстæр у Филипп!

БАТЫРЫ БÆЛЛИЦ

Арвыл разынди фæлурс таг, –
Раст цыма Ærфæны фæд.
Кæд æвзист камари рон у?
Уый дæр нæу, цы уыдзæн уæд?

Уый хæдтæхæджы фæздæг у,
Уæдæ-ма дзæбæх ыскæс,
Бæлццæтты хæссы йæ мидæг
Урс æндонбазыр цæргæс.

Дисхуызæй кæсы йæ фæдыл
Авдаздзыд нæхи Батыр:
– Аскъæрин æз дæр хæдтæхæг,
Уæдæ уаин ма ыстыр.

Бакасти Батыр йæ мадмæ:
– Æмæ йын нæ вæййы зын
Утæппæт адæмы ласын,
Кæд уæйыгау у тыхджын.

Ахæм дзы мæн дæр куы уаид,
Стæй тæхæджы ныфс ‘мæ зонд,
Урс маргъау уæларвмæ стæхин
Уæд æз дæр бæрзонд-бæрзонд.

Сбадын дзы кæнин бабайы
Стæй Мураты ‘мæ дæу дæр,
О, фæлæ, Тимæ тæрсаг у,
Бадæд хæдзары хуыздæр.

Мæйы фениккам æввахсмæ:
– Махæй дын зæххон салам!
Зæхмæ ‘ркæсиккам уæларвæй,
Стæй йын сисиккам йæ къам.

Мад æрбатыхта Батыры:
– О, мæ къона, ды æцæг
Дæ ныфсхаст æмæ цымыдис,
Рауайдзæн дæуæй тæхæг!



ЦЫМЫДИС ЛÆППУ

Иу læппу нæ сыхы ис,
Алцæуыл фæкæны дис.

У йæ зæрдæ та æргом,
‘Нæзивæг, Сæрмæт – йæ ном.

Бирæ чингуытæ фæкæсы,
Стæй йæ нанайы фæфæрсы:

– Æз кæд ысуыдзынæн лæг?
– Мæй цæмæн ысвæййы ‘рдæг?

– Арвыл чи бандæгъта хур,
Стæй йæ хуыз цæмæн у бур?

– Арвыл стъалытæ куыд лæууынц,
Зæхмæ уæд куыннæ фæкæлынц?

– Арвы зылд цæмæн у цъæх?
– Цавæр тыхæй зилы Зæхх?

– Дон цæмæн ысвæййы их,
Уый фæстæ куыд фесты мигъ?

– Дæттæ иудадзыг куы кæлынц,
Фурдтæ седзаг уæд нæ кæнынц?

– Рæстæгæн ærлæууæн нæй?
– Цард куыд фæзынди, кæцæй?

– Къух цæуылнæ ахсы тын?
– Адæймаг куыд уыны фын?

– Сау цæмæн вæййы фæздæг?
– Чи сфæлдыста ус ‘мæ лæг?

Зæронд ыл йæ къух æрсæрфта
Æмæ йын рæвдаугæ загъта:

– Адон иууылдæр дæхæдæг
Базондзæ, куы ‘рцæуа рæстæг.

‘Рмæст æй зон, Хуыцау зæгъæд,
Хорз куы ахуыр кæнай, уæд!



ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ

СИЛÆМЫ ФАЗЗÆТТÆ

Аргъау

КУЫДЗЫ ФÆСТАГ САГЪÆС

Бурмæсыг рагон хæххон хъæу у. Кæддæр дзы, æвæдза, мыдыбындзыты чыргъæдау цард æхсидæгау кодта. Хъæуы сæрмæ бæрзонд хохы цъитийыл-иу райсомы рухс куы андзæвыд, уæд-иу Бурмæсыг райхъал. Алчи-иу йæ куысты сæр æрлæууыд: чи йæ фос сæрвæтмæ тардта, чи хосгæрстмæ цыд, уæдæ-иу цуанæттæ та сæ цуаны фæндæгтыл фæраст сты. Хатгай-иу бæрзонд рындзтæй рог уддзæф хъæумæ æрхаста цуанон куыйты сонт рæйын. Хохæгтæ-иу дардмæ дæр базыдтой, комбæсты йæ кой кæмæн айхъуыст, уыцы цуанон куыдз Силæмы йæ цъæхснаг рæйдæй. Æмæ-иу кæрæдзийæн дзырдтой: «Афонмæ та мæгуыры бон акодта цъæх бирæгъ кæнæ бурфист æмæ хинæйдзаг рувасыл...»

...Фæлæ цард, фыдæлты загъдау, цæуы æмæ æхсæрдзæнтæй кæлы. Азтæ, бонтау кæрæдзи ивгæ, фæфардæг сты, хохæгтæ та хуыздæр цардагур быдырмæ аивылдысты. Нымадæй ма авд хæдзары баззад, цард æхсидæнтæ кæм кодта, уыцы Бурмæсыджы. Æгæр-мæгуыр дзы æцæг хъæуау куыдзы рæйын дæр нал райхъуысы. Базæронд ном- дзыд Силæм дæр. Зæрæстон хуымы кæрон хуыссы æмæ æнкъардæй кæсы комæрбацæуæнтæм. Хатгай æрфынæй вæййы æмæ йæ къæбылафæндæгтыл кæддæрау фезгъоры, фæлæ та ацы æнæбайрайгæ уæрццытæ куы спæррæст кæнынц йæ алыварс, уæд сæ базырты сонт æхстмæ фехъал вæййы. «Гъæй, гъæй, цæй цард ма у ай!» – сагъæсты ацæуы зæронд Силæм. Уæвгæ, æвзæр куыдзæй нæ базæронд Силæм. Йæ къæбылатæм-иу курынмæ æндæр кæмттæй дæр æрбацыдысты: кæй-иу цуанон куыдзæн хъуыдысты, кæй – фыййау куыдзæн, уæдæ хæдзаргæсæн дæр тынг сгуыхтысты. Сæ хорзы кой-иу айхъуыст суанг быдыры хъæутæм дæр.

«Мæнæ ма мæ дыууæ зæбулхъус къæбылайы Сауи æмæ Бури куы байрæзиккой, мæ зæрдæ сæм куыд нал æхсайа, – дарддæр хъуыдытæ кæны Силæм, – уæд амæлыныл дæр разы дæн». Уыцы сагъæстæгæнгæ, йæ сæрыл схæцыд, æмæ, дурæппарæн цæнды раз къæбылаты хъазгæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ барухс. Сауийæ уæлдай ныфсджындæр уыдис

Силæм. Ныридæгæн дæр бæрæг у, цуанон куыдз дзы кæй рауайдзæн, уый, фæлæ мæнæ ацы Бури... Хæдзаргæс куыдз дзы уæддæр куы рауаид. Силæмы зæрдæ йæм æдзухдæр æхсайгæ кæны: зонджын къæбыла бæргæ у, фæлæ – хинæйдзаг. Ныридæгæн дæр Сауийы рувæстыл самидин кæны, йæхæдæг дурæппарæн рæдзæгъды рæбын æрæмбæхсы æмæ уырдыгæй фæкæсы, Сауи рувæсты куыд расур-басур фæкæны, уымæ. Силæмæн йæ уд æрдуйæ нарæгдæр свæййы: бæргæ йæ фæфæнды рувæсты йæ разæй айсын, фæлæ йæ, ехх, йæ къæхтæ размæ нал хæссынц...

Хур йæ авдæнмæ фæхæццæ кæны – хæхтыл андзæвынмæ ма йын рувасы дымæджы бæрц баззад. Силæм æм цæстызулæй скæсы æмæ хъуыдыты ацæуы: «Тагъд та кæмттæй талынг рахъуыздзæн æмæ иунæгæй баззайдзынæн хурыскастмæ. Иннæ бонтæй хъауджыдæр мæм Дуду дæр нæ фæзынди. Знон мын хъæбынтæ схаста. Цыма цуанон куыдз хъæбынтæ фæхæры! Фæлæ йын йæ зæрдæйы уаг æмбарын: уый мæм рынчынфæрсæг ссæуы æмæ мын йæ фынгæй хæйттæ рахæссы. Мæн та ницыуал хъæуы, æз ын йæ фæлмæн ныхас куы фехъусын, уæд мын цыфæнды хæринагæй дæр адджындæр вæййы.

Уыцы рæстæг дурæппарæн цæнды фалейæ къæбылаты цины хъыллист райхъуыст, æмæ Силæм йæ сæр систа: кæд, мыййаг, Дуду ссæуы. Æмæ æцæгæйдæр! Хурсыгъд къуыбыры ауунæй йæ сырх сæрбæттæн сзынд! Ныр та – йæ цæсгом, йæ мæллæг уæхсчытæ. Йæ къухтæ дæр разындысты. Галиу къухы – цыдæр тыхтон. Æвæццæгæн та хæринаг. «Æмæ ма мæн цæй хæринаг хъæуы? Æз фæндагыл куы дæн...»

Цины хъыллистытæгæнгæ Сауи æрбахæццæ Силæммæ, Бури та Дудуйы размæ ныййарц. Силæм æхсызгонæй сулæфыд: «Бури йæ райгуырдæй фæстæмæ дæр хæринагуарзаг у, гуыдынхъус, Сауи та – мадуарзаг, цæрдæгхъус æмæ та мын цины хабар æрбахаста».

Мæнæ æрбахæццæ Дуду дæр. Бури зæронд усы фарсмæ цæрдæг уайы æмæ та тыхтонмæ скæсы.

– Фæлæуу-ма, Бури! – дзуры йæм Дуду. – Мæнæ уал уæ рынчын мад ахæра... Силæм, мæ хæдзаргæс, де уæнгтæ цæй тынг æруагътай? Рынчын саг дæр кæны. Адзæбæх уыдзынæ.

Зæронд ус тыхтон райхæлдта æмæ йын йæ разы æрæвæрдта сгуы æмæ карчы базыртæ.

Силæмæн цыма йæ мæгуырдзинадæй йæ зæрдæ суынгæг, æфсæрмхуызæй скаст Дудумæ, стæй йæ сæр уæззаугай æруагъта йæ фæллад къæхтыл.

– Ахæр, Силæм, ахæр! – Дуду йын цыма йæ уды тыхстдзинад банкъардта æмæ та ноджы фæлмæндæрæй загъта: – Ахæр, Силæм, æмæ тагъддæр адзæбæх уай.

Уыцы рæстæг Бури – хæринагуарзаг æмæ гуыдынхъус – февнæлдта карчы базырмæ æмæ дурцæнды фале балæууыд. Сауи цалдæр къахдзæфы йæ фæдыл акодта, цыма йын йе скъæфæггаг байсынмæ хъавыд, уый хуызæн, стæй æрбаздæхт æмæ йæ мады фарсмæ аххосджынхуызæй æрхуыссыд, цыма Бурийы бæсты дæр æфсæрмыйаг у.

Дуду ахъуыды кодта: «Силæм йæ къæбылаты хæргæ куы фена, уæд кæд йæхæдæг дæр истæмæ бавналид», – æмæ карчы базыр Сауийы раз æрæвæрдта.

Сауи базырмæ басмыста, фыр мондагæй йæ ком аивæзта, стæй, цыма тынг æфсæст уыди, уыйау йæ сæр Силæмы хъуынджын æфцæгыл æрæвæрдта.

Дуду ныддис кодта:

– Хуыцауы хатыræй, тæргай фестут? Афæстиат дæн: нæ дзыгъуыр Гоппойæн къуыртт æвæрдтон. Иу æмæ ссæдз айчы, Силæм! Цал цъиуы та нæм уыдзæн! Мæ зæрдæ дæуыл дарын – рувæстæй та мын сæ хъахъхъæндзынæ! Уæдæ мын чи ис дæуæй дарддæр? Мæ ныфс, мæ хæдзаргæс ды куы дæ, Силæм! Ахæр, ахæр... – уыцы ныхæстимæ йæм карчы сгуы æввахсдæр бакодта.

Силæм сгуы æнæбары сдæрæгау акодта, фæлæ йæ æппæты хуыздæр хæринаг дæр нал æндавы...

Дудуйæн йæ зæрдæ суынгæг æмæ йын йæ сæр ærлæгъзытæ кодта. Йæ уырзтæй бамбæлди цавæрдæр къæмдзыгыл, хъавгæ йæ рафтыдта æмæ йæ дард фехста, цыма Силæмы низтæ дæр афтæ дард фехсынмæ хъавыд, уый хуызæн.

Силæм æм йæ цæстыты урсытæй скаст æмæ та йæ зæрдæйы рæбынæй йæ хъуыдытæ раивылдысты: «Ех, Дуду, мæнæй дын ницыуал пайда ис, иунæгæй дæ уадзын, æмæ мын бахатыр кæн. Чи ма дын хъахъхъæндзæн дæ хæдзар, дæ хордон, дæ къуырттон карчы?»

Къуырттон карчы коймæ йæ цæстыты цыдæр фæлмæн рухс ферттывта: «Уæдæ, уæдæ! Кæддæры номдзыд цуанон куыдз, æргом тохы бирæгъæй чи нæ тарсти, уый йæ зæронды бонты кæркгæсмæ ‘рхауд, уæвгæ йæм ныр кæркгæсы хъару дæр нал ис!»

Хур йæ сызгъæрин тынтæ луаргæ хæхтыл æрæндзæвыд. Дуду ма иу хатт алæгъз кодта Силæмы сæр, йæ дыууæ æрфыджы астæу ын ныхæгау акодта æмæ сыстад.

– Силæм, мæ хæдзар, дæхи-иу æххормагæй ма ныууадз. Æз дын райсом сау сæгъы æхсыр схæсдзынæн, – æмæ араст хъæуы ‘рдæм.

Силæм цыма Дудуйы фæстаг хатт уыдта, – йæ цæстытæ доны разылдысты, æмæ йæ фæдыл джихæй каст. Дуду та астæуæй дæлæмæ хурсыгъд къуыбыры ауон фæци, зынынц ма йæ мæллæг уæхсчытæ... йæ сæр... Сырх сæрбæттæн ма хуры рухсмæ зæрин æрттывд фæкодта, æмæ уæд ус бынтондæр фæауон. Уæвгæ, бынтондæр нæ фæауон: Дудуйы цардæгас фæлгонц нывгондæй баззади Силæмы æнкъард цæстыты.

СИЛÆМ БИГЪОЙЫЛ КУЫД АМБÆЛД

Хур аныгуылд, фæлæ ма йæ сызгъæрин тынтæ æврагъы кæрæттыл сыр-сырхидæй сыгъдысты.

Сауи æмæ Бури дурцæнды æдде æфсæстæй кæрæдзи расур-басур кодтой, æнæмæтæй хъазыдысты. Æвæдза, тæхудиаг у сабидуг: сæ рынчын мад дæр сæ æрбайрох! Силæм та уыцы рæстæг сагъæсы бацыд: цымæ ма боныцъæх фендзæн, цымæ ма боны рухсыл бацин кæндзæн? Æмæ кæд абон йæ фæстаг æхсæв у, уæд та? Нæ, нæ йæ фæнды йæ цардбæллон хъæбулты цур амæлын. Мыййаг, сæ зæрдæты тас куы бацæуа, хорз куыдзæн та фæтæрсæн нæй: бирæгъыл сæмбæлгæйæ ма цы ныфс æмæ цы зæрдæйæ тох кæндзæн? Силæм зоны ахæм куыйты дæр, бирæгъы ниуынмæ-иу мæкъуылы бын чи бамбæхст. Фæлæ Сауи æмæ Бури ныфсджын хъуамæ уой æмæ ма фæтæрсой, ма феной сæ мады мæлæт.

Силæм йæ фæстаг хъарутæ æрбамбырд кодта, сыстад æмæ цудгæ-чиугæ араст. Æввахс рындзæй ма иу каст ракодта йæ хъæбултæм æмæ комы талынджы аныгъуылд.

Цас фæцыди тыхамæлттæй, чи зоны, фæлæ иузаман уагъылыты къохмæ бахæццæ. Иу стыр къутæры бын бирæгъдзæуæн къахвæндагыл йæхи æруагъта.

Æрдæгфынæй, æрдæгхъалæй йыл бон æрбацъæх, æмæ йæхимидæг ахъуыды кодта: «Æвæццæгæн ма абон хурыскаст фендзынæн». Уалынмæ дын къутæры æдде къæбылаты рæйын йæ хъустыл ауад. «Ау, Сауи æмæ Бури мæ фæдыл æрбахæццæ сты?!» – йæхимидæг бадис

кодта Силæм, фæлæ уыцы уысм, кæрæдзи къуырттытæгæнгæ, йæ рæзты ‘рбазгъордтой... бирæгъы хъæвдынтæ æмæ хæстæгдæр къутæры аууон фесты. Æвиппайды Силæмы хъуын арц абадт: йæ сæр систа æмæ йæ ракомкоммæ ауыдта бирæгъы зынг цæстытæ. Бирæгъæн дæр æнæнхъæлæджы уыд Силæмимæ фембæлд. Йе скъæфæггаг уæрыкк æрæппæрста æмæ, йе ссыртæ фегомгæнгæйæ, йæхи ‘рцæттæ кодта тохмæ. Силæм дæр йæ къæхтыл алæууын бæргæ афæлвæрдта, фæлæ йæ зæхх йæхимæ нылвæста.

«Гъеныр, гъе, æрхæццæ мæ царды кæрон», – ахъуыды кодта Силæм, бирæгъыл йæ цæстæнгас ахаста æмæ йын йе скъуыд хъусмæ куы фæкомкоммæ, уæд базыдта зæронд Бигъойы. Цал æмæ цал хатты згъордта йæ фæстæ гурæй-гурмæ, фæлæ-иу аирвæзти Бигъо, æрмæст иухатт нарæг къахвæндагыл йæ размæ фæци, æмæ бацыдысты мæлæтдзаг тохы. Йæ галиу хъус дæр ын уæд рарæдывта, фæлæ та уæддæр уый йæ къæхты фæрцы аирвæзт.

«Ныр мæ йæ мæстытæ исдзæн», – æнкъардæй загъта йæхицæн Силæм æмæ æнæбары йæ цæстытæ æрæхгæдта.

Уыцы рæстæг Бигъо та афтæ хъуыды кодта: «Ех, мæгуыр Силæм, цæрæнбонты адæмы фос фæхъахъхъæдтай, ныр дæ иунæгæй ныууагътой, æмæ æвæгæсгæй мæлыс».

Силæм ын йæ цæстытæм бакаст: «Æз, Бигъо, фæцардтæн хорз куыдзæй, адæмæн лæггад фæкодтон: сæ хæдзæрттæ, сæ фос сын хорз хъахъхъæдтон. Уый мæ хæс уыди, Бигъо, æмбарыс?»

Зæронд бирæгъ ниуæгау бакодта: «Æмæ дын цы фесты хорзæй та адæм? Дæ фæстаг бон дæ фæдыл ракæсæг дæр куынæ ис, æмæ мæнæ дзæгъæлæй куы мæлыс де знаджы раз!»

Фæлæ Силæм фæсмон ницæуыл кæны: йæ амонд кæдмæ уыди, уæдмæ куыдзау куыдзæй фæцард. Ныр та... Хорз куыдз, дам, йæ мæлæт куы базоны, уæд адæмæй йæхи дард айсы.

Бирæгъ Силæммæ хæстæгдæр бацыд æмæ йæм сæрбæрзондæй æркаст: «Уæдæ махмæ та нæ бирæгъ-мыггаджы зæрондæй, дзæгъæл æмæ æдыхæй амæлын худинаг у. Бирæгъау бирæгъ, Силæм, тохы фæмард вæййы».

Уыцы рæстæг къутæры фæстæйæ къæбылаты рæйын ссыд. Бирæгъ сонтæй фæлæбурдта уæрыччы мардмæ æмæ йæ лæппынтæм атындзыдта. Силæм ма иуцасдæр йæ фæдыл фæкаст, стæй арф ныуулæфыд æмæ йæ цæстытæ æрæхгæдта.

Хуры фыццаг тынтæ сæмбæлдысты Силæмы сæрмæ æртæхджын къутæры сыфтæртыл, сырх уагъылытæ цырæгътау тæмæн скалдтой, фæлæ уыцы цæхæр рухс Силæм нал федта...

ДУДУ СИЛÆМЫ КУЫД АГУЫРДТА

Дуду æхсыры дурынимæ схæццæ хурсыгъд къуыбырмæ, зæрæстон еууы хуымы иуырдæм акæсы, иннæрдæм акæсы: ау, уæдæ кæм ис Силæм? Уалынмæ дурцæнды рæбын фæкомкоммæ Сауи æмæ Буримæ. Уыдон æнцад хуыссыдысты æмæ-иу хатгай кæуæгау бахъыс-хъыс кодтой. Зæронд ус бамбæрста, Силæм йæ фæстаг фæндагыл кæй ацыд, уый æмæ æнкъардæй баздæхт къæбылатæм: «Сауи æмæ Бури, мæнæ уын сау сæгъы æхсыр схастон. Хъармæй ахæрут».

Бури зæронд усы ныхасмæ фæгæпп ласта æмæ йæ размæ разгъордта. Сауи дæр æрæджиау хъысхъысгæнгæ рауад.

– Цы гæнæн ис, Сауи æмæ Бури, – сагъæсхуызæй загъта Дуду. – Силæм нæ сидзæрæй ныууагъта. Сымах дæр æмæ мæн дæр. Фæлæ уæ æз сидзæрхуыз нæ бауадздзынæн, – уыцы ныхæстимæ зæронд ус Силæмы хуыссæнуаты цур хъæдын къусы æхсыр æркодта.

Къæбылатæ сæгъы сойджын æхсыр сдæрынмæ фесты.

Фæстаг цалдæр боны Дуду фыццаг хатт бахудт йæ мидбылты – кæддæр, æвддæс азы размæ, Силæмы дæр, гыццыл къæбыла ма куы уыд, уæд афтæ хаста сæгъы æхсырæй...

Дуду сыстад, хъæуы ‘рдæм цалдæр къахдзæфы акодта.

– Цомут, Сауи æмæ Бури, уæ мад æнувыдæй цы хæдзар фæхъахъхъæдта, уырдæм.

Къæбылатæ зæронд усы фæстæ азгъордтой, фæлæ ма Сауи цалдæр касты фæкодта, Силæм дыууæ къуырийы бæрц кæм фæсад, уыцы хурсыгъд къуыбыры фахсмæ.

САУИ РУВАСЫ КУЫД ФÆЦÆЙАХСТА

Ралæууыд рагвæззæг. Хъæды фæхстыл цыма хуры сызгъæрин цалх атылд – сырхбын бур адардтой бæлæстæй. Сæлфынæг сæ куы ‘рхуылыдз кæны, уæд бур сыфтæртæ бур мæргътау, зилдухгæнгæ, зæхмæ ‘ртæхынц.

Сауи æмæ Бури тыргъы бын хуыссынц: Бури йæ сæр сæвæрдта Сауийы рагъыл æмæ йæ мидфыны йæ ком айвæзта. Сауи уыцы рæстæг фестъæлфыд æмæ фехъал: кæуæгау йæ хъыс-хъыс райхъуыст. Ныр цалдæр хатты уыцы иу фын фены: цыма Силæм хъæды къохы ‘рдæм фезгъоры. Сауи йæ фæдыл уайы æмæ йæ не ‘ййафы. Æмбисвæндагыл йæ размæ бирæгъ февзæры, æртхъирæнгæнæгау баниуы, æмæ та Сауи дæр дзыхълæуд фæкæны, фыр катайæ срæйы æмæ фехъал вæййы.

Тыргъы дуары хъыррыст фæцыд. Дуду хъæдын тæбæгъы рахаста уæливыхы къæристæ. Бури дæр фехъал æмæ къæсæргæрон балæууыд. Дуду хæринæгтæ тыргъы бын хус ран æрæвæрдта, æмæ къæбылатæ зыдæй хæрын байдыдтой.

– Дзæбæхæй мын айрæзут, дзæбæхæй, – Дуду ма хойраджы муртæ тæбæгъæй сæрфæгау ракодта æмæ уæззаугай тыргъмæ асинтыл схызт. Дуарæй бахизон куыд загъта, афтæ кæркдонæй кæрчыты фæдис райхъуыст. Дуду фæкаст, æмæ дын – мæгуыры бонтæ! – кæркдонæй рувас рагæпп ласта, йæ дзыхы дзыгъуыр бæдул, афтæмæй.

– Æ, Силæмæн фæлдыст æрбауай! Уый ма мын æгас куы уаид, уæд мæм, хъæлæкк, не ‘рбауæндыдаис, буркъуди! – бакатай кодта зæронд ус æмæ асинтыл кæртмæ æруадис. Сарайæ сагой радавта æмæ ныффæдис кодта:

– Уыст, уыст, Бури! – фæлæ Бури змæлгæ дæр нæ фæкодта – йæ хæрыны кой кодта. Уыцы рæстæг Сауи рæйгæ ратахт æмæ Дудуимæ рувасы расур-басур систой æхгæд кæрты. Рувасæй фыр катайæ йæ ‘рбацæуæн хуынкъ ферох, æмæ кæрты къуымты ралидз-балидз систа. Иурæстæг ыл Дуду сагой фехста, æмæ рувас дзыгъуыр бæдулы феуæгъд кодта. Бæдул уæрдоны бынмæ базыруагъдæй балыгъд æмæ цалхы ауон амбæхст. Уыцы рæстæг Бури йæ фæстæгтыл абадт æмæ цымыдисæй кæсы, йæ Сауи-æфсымæр рувасы куыд расур-басур кæны, уымæ.

Рувасæн йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси, цалдæр хатты афæлвæрдта сисы сæрты агæпп кæныныл, фæлæ та-иу зæххыл сæмбæлд. Æвæццæгæн, къæбылайæ уыйбæрц нæ фæтарст, фæлæ-иу зæронд ус, æртхъирæнтæгæнгæ, йæ цæнгтæ куы сцагъта, уæд та-иу куы иу зыхъхъыры йæ сæр фæцавта, куы – иннæйы. Иузаман фæкомкоммæ, хæдзармæ кæуылты ‘рбахъуызыд, каудуары астæу уыцы хуынкъмæ æмæ йæ ных уырдæм сарæзта. Сауи ма йæ басырдта æмæ йын йæ пух къæдзилы кæронæй йæ дзыхыдзаг ратыдта. Рувасæн бынтондæр йæ уд ауад, куыйтæ мæ

удæгасæй хæрынц, зæгъгæ, æмæ йæхи размæ аппæрста, йæ сырх фист зæронд кауы дæрзæг уисты фæрстыл баззад, афтæмæй.

Зæронд ус бацыд, уæрдоны бынæй тарст бæдулы райста, йæ сæр ын алæгъзытæ кодта, стæй Сауийы ‘рдæм уыцы разыхуызæй разылд:

– Сауи куынæ уыдаид, уæд мын афонмæ мæ бæдулты хуыздæры рувас бахордтаид...

Сауи æнæуи дæр йæхицæй тынг фæбузныг ис, фæлæ ма дзы Дуду куы раппæлыд, уæд йæ цинæн бынтон кæрон нал уыд.

БУРИ ГÆЛÆБУДЗУАН КУЫД КОДТА

Дуду къонайы арты фарсмæ гуымбыл ахста. Хæххон зымæг даргъ у, æмæ зæронд ус йæхи цæттæ кодта: хæндыджы цыхтытæ æвæрдта. «Зымæджы хъызты хъæбæр цыхт æмæ хъарм кæрдзынæй хуыздæр цы ис!» – йæхицæн дзырдта Дуду.

Æвиппайды къæбылайы рæйын райхъуыст. «Цымæ та кæуыл рæйы Бури?» – йæ гуымбыл ахсын фæуадзгæйæ, ратындзыдта тыргъмæ Дуду.

Уыцы рæстæг Сауи та тыргъы бын йæ къæхтыл алæууыд: «Кæд та, мыййаг, рувас æрбахъуызыд!»

– Цы хабар у, кæуыл та рæйыс, Бури? – райхъуыст зæронд усы хъæрныхас.

Фæлæ Бури никæмæ хъусы, йæ удæй бацыд: кæрты астæу иу бур гæлæбуйы расур-басур кæны, йæхи йыл фехсы, зæххыл æнарæхст хауд æркæны, æмæ та йæ рæйын ссæуы.

Дуду йæм, йæ мидбылты худгæ, джихæй фæкаст, стæй бахъуыр-хъуыр кодта: «Хæдзаргæс куыдз гæлæбутыл бæргæ нæ фæрæйы...» Æмæ баздæхт йæ гуымбыл ахсынмæ.

Сауи дæр фæстæмæ тыргъы бын æрхуыссыд æмæ ахъуыды кодта: «Бæстæ йæ сæрыл систа! Цыма мын сырх рувасы расур-басур кæны!»

Бурийæн хъыг уыд, йæ «лæгдзинад» ын кæй ничи бафиппайдта, уый: нæдæр Дуду, нæдæр Сауи, æмæ сисы рæбын аууоны тæргайхуызæй æрхуыссыд.

Бур гæлæбу ма мæстæймарæгау цалдæр зылды æркодта Бурийы сæрмæ, стæй цудгæ-пæррæстытæгæнгæ атахт хохы фахсыл фæззыгон хъулон-мулон хъæдмæ.

САУИ ЙÆ МАДЫ АГУРÆГ КУЫД ФÆЦЫД

Иу сæумæрайсом Дуду йæ сау сæгъты хизынмæ атардта, Сауи æмæ Бури дæр сæ фæдыл гæппытæгæнгæ згъордтой. Зæрæстон хуымы кæрон хурсыгъд къуыбырмæ куы схæццæ сты, уæд та Сауийы зæрдыл æрбалæууыд йæ мад Силæм. Йæ гыццыл фындзæй арасмуд-басмуд кодта æмæ уайтагъд ссардта йæ мады хуыссæнуат. Йæ цæстытæ бахгæдта æмæ диссаг: мæнæ цыма Силæм йæ разы хуыссы, афтæ æнкъары йæ мады зонгæ тæф, хъусы йын йæ сабыр улæфт!

Уыцы рæстæг Бури та цъил фестад: куы Сауийы къæдзилæй хъазы, куы йын йæ хъусмæ лæбуры, куы йæ фæфæлдахынмæ хъавы. Ех, Бури, Бури, цæй æнæмæт дæ, куыд нæ хатыс дæ сау æфсымæр Сауийы зæрдæйыуаг!

Бури фæкомкоммæ Сауийы æнкъард цæстытæм: уыдон ын бæлвырдæй дзырдтой: «Цом, Бури, нæ мад Силæмы агурæг!»

Дыууæ къæбылайы цыма кæрæдзи бамбæрстой – зæрæстон хуымы кæрæтты згъорынмæ фесты уагъылыйы къохы ‘рдæм. Бури-иу згъоргæ-згъорын фæстæмæ фæкаст, æмæ йæм хъæу куы нал зынд, уæд йæ зæрдæйы цыдæр тас бацыд: афтæ дард никуыма рацыд æмæ, мыййаг, куы фæдзæгъæл уа, кæннод ыл бирæгътæ æмæ рувæстæ куы амбæлой! Ноджы Дуду дæр цыдæр фæци йæ сæгътимæ! Бури згъоргæ-згъорын рæйæгау скодта æмæ Сауимæ бакаст: «Сауи, махæн Дуду у нæ мад! Кæдæм згъорæм? Хæринаг дæр нын уый куы дæтты!» Сауи дæр ын згъоргæ-згъорын йæ цæстæнгасæй дзуапп радта: «Нæ, Бури, махæн Силæм у нæ мад, æмæ йæ хъуамæ ссарæм!» Буримæ уыцы хъуыды раст нæ фæкаст, уымæн æмæ фидарæй зыдта: къæбылайæн хæринаг чи дæтты, уый у йæ мад. Фæлæ йæ йæ иунæг æфсымæр Сауийы зæрдæхудты бацæуын дæр нæ фæндыд æмæ ма иуцасдæр йæ фарсмæ азгъордта, стæй цæхгæр фæлæууыд, аракæс-бакæс кодта, æмæ, Сауи хæстæгдæр къуыбыры аууон куы фæци, уæд фæстæмæ рафардæг.

Сауи уагъылыты къохмæ куыддæр бахæццæ, афтæ йæ разы февзæрдысты бирæгъы дыууæ лæппыны æмæ джихæй аззадысты: ацы бирæгъ сау цæмæн у? Стæй йемæ хъазын байдыдтой. Сауийæн, бирæгъы тæф банкъаргæйæ, йæ хъуын арц абадти, фæлæ, къæбылатæ йемæ хъазыныл куы фесты, уæд дзы йæ тас æрбайрох: кæрæдзи сæрты гæппытæ кодтой, къутæрты бын кæрæдзи расур-басур систой.

Уалынмæ арвы нæрын райхъуыст. Уæвгæ, уый арвы нæрын нæ уыд – Сауимæ афтæ фæкаст – цуанæтты топпы гæрах айзæлыд хæхты. Йæ хæдуæлвæд – цуанон куыйты рæйын. Ногæй та сонт гæрах айзæлыд, куыйты рæйын æрбаввахс. Бирæгъы лæппынтæ скатай сты, къутæрты бын се ‘мбæхсæн бынаты сæ сæртæ фæцавтой, Сауи дæр – сæ фæдыл. Уалынмæ къохастæуты сырддзæуæн фæндагыл æрбалыгъд бирæгъ, фæйнæрдæм ракæсбакæсгæнгæ, йæ лæппынты агургæ фæауюн. Гыццыл фæстæдæр, бирæгъ кæуылты æрбалыгъд, уыцы фæндагыл февзæрдысты цуанон куыйтæ, сæ фæдыл згъорæгау кодтой дыууæ лæджы æд хъримæгтæ. Ацæргæдæр йæ нымæтхудæй йæ хид асæрфта æмæ йе ‘мбалмæ дзуры:

– Æнхъæлдæн, æмæ та нын аирвæзти уыцы Цъæхой!

Гæнæн нал уыд, æмæ цуанæттæ фæсалгæрдæгыл сæхи æруагътой, иугæр афтæ у, уæд уал фæйнæ комдзаджы уæддæр скæнæм, зæгъгæ. Куыйтæ дæр фездæхтысты æмæ сæ хицæутты уæлхъус алæууыдысты.

Цуанæттæ четæны гæбазыл равæрдтой цыхт, кæрдзын æмæ фыдызгъæл.

– Хорз цуанон, дам, йæ куыйты йæхицæй раздæр бафсады, – дзуры нымæтхудджын, куыйтæн фæйнæ фыдызгъæлы карсты æппаргæйæ.

– Бæргæ, уыцы къуыбырхъусы куы æрцахстаиккой, – дзуры иннæ цуанон дæр, – уæд сын мæ хай æнæхъæнæй дæр радтаин, фæлæ та йæ куынæ баййæфтой...

Уагъылы къутæры бын къæбылатæ банкъардтой дзидзайы тæф æмæ сцыбæл сты. Сауи цалдæр къахдзæфы ракодта, йе ‘мбæхсæнæй йæ сæр радардта, стæй, йæ къæдзил тилгæ, цуанæтты раз балæууыд. Бирæгъы лæппынтæ дæр къутæры бынæй рауадысты, фæлæ, куыйты куы ауыдтой, уæд фæстæмæ амбæхстысты.

– Мæнæ æмбисæндтæ! – ныддис кодтой цуанæттæ. – Цы Хуыцау æрбахаста ацы къæбылайы Дзæгъæл коммæ?!

Сауийæн фыдызгъæлы муртæ йæ разы æрæвæрдтой æмæ йын йæ сæр рæвдауæгау асæрфтытæ кодтой.

– Ай махæн замманай цуанон куыдз басгуыхдзæн! – йæ мидбыл худгæ загъта нымæтхудджын.

– Æмæ ма нын уæд уыцы къуыбырхъус кæдæм лидздзæн? – бахудти иннæ цуанон дæр.

БУРИ ГÆДЫЙЫ ЛÆППЫНТЫ КУЫД ХЪАХЪХЪÆДТА

– Дзиу-дзиу-дзиу-дзиу! – Дуду йæ цъиуджын каркмæ басидти.

Сисы æдде гоппой карчы къуыртт-къуыртт ссыд, стæй райхъуыст йæ базырты пæр-пæр – сисмæ стахт гоппой карк. Бур æмæ морæ цъиутæ та сисы рæбыны гæмттæй ærбаивылдысты цъиуцъиугæнгæ. Дуду сын сæ ахуыр бынаты ærызæрста цыхт æмæ цъиудзæхæрайы ссæст. Ахæм хæрзад хæринагмæ ærбакалдысты сырддонцъиутæ дæр.

– Уыссиу! Уыссиу! Адонæй та æппын мæ бон нал у! – Ус йе уæхсчы сæрты тыргъы бынмæ бакаст. – Бури дæр æнцад йæхицæн фынæй кæны!

– Кыс-кыс-кыс! Дуду, кæимæ та загъд кæныс? – сыхæгты ус Залдуз дурынимæ ‘рбахызт кæртмæ.

– Уæртæ Буриимæ! – Дуду ма иу каст фæкодта тыргъы бынмæ. – Уæдæ ма мын Сауи ам уаид! Мæ хæдзаргæс куыдз! Мæ кæртмæ нæдæр рувас, нæдæр тæхгæ цъиу уæндыдис, ай та мын гæдыгæс басгуыхт!

– Мæгуыры бонтæ! Бурийæ зæгъыс? – Залдуз бахудт æмæ йæ дæндагцух дзых йæ армæй амбæрзта.

– Бурийæ зæгъын, Бурийæ! Мæнæ нæ Гино зæрæстон хуымы мыстытæ нæ фæахсы?! Гъемæ абон райсом йæ læппыны ‘рбахаста æмæ йæ Бурийы хъæбысы сæвæрдта.

Залдуз та бахудт:

– Мæнæ Царциатæ! Æмæ йæ Бурийы хъæбысы та цæмæн æвæрдта?

Дуду цъиуджын каркмæ ныккомкоммæ.

– Мæнæ ацы налаты тыххæй. Айфыццаг ын йæ læппынтæй дыууæйы йæ бырынкъæй фæхоста – йæ цъиутæн тæрсгæйæ! Æмæ сæ къахыл нал слæууыдысты. Иунæг ма йын дзы баззад. Уды гагайы хуызæн: урс-урсид, йæ хъуырыл – бурбын сырх тæпп, раст фæрдыджы хуызæн! Æмæ Гино мыстдзуан куы фæцæуы, уæд æй Бурийы ‘вджид бакæны!

– Мæ хæдзарыл! Цыдæр зондджын у дæ Бури!

– Йæ зондæн нæ зонын, фæлæ, мæгуырæг, иунæгæй тынг æнкъард кодта. Цалдæр боны тыргъы бын йæ хъыс-хъыс цыд... Сауийы мысыд...

– Йарæби, уæдæ цы фæуыдаид Сауи? – Залдузы худæндзаст цæсгом фæсагъæсхуыз. – Нæ фæлæ йæ кæд бирæгътæ ахастой?

– Мæ къонайыл, гъер цытæ дзурыс, Залдуз? – Дуду йæ мæллæг

къухтæ йæ уæрджытыл æппарæгау æркодта. – Æз æм алы бон дæр æнхъæлмæ куы кæсын...

Залдуз йæхи бакъулгæнæгау кодта:

– Фарон зымæг уæртæ Рæбыныхъæуæй цал куыдзы ахастой бирæгътæ!

Залдузы койтæм Дудуйы зæрдæ ‘рбамæгуыр, æмæ йæ ныхас цæхгæр фæивта:

– Хуырхмæ ‘рбауадтæ? Æри-ма дæ дурын.

Дуду рæбинаг уатæй дзаг дурынимæ рахызт, радта йæ Залдузмæ æмæ ма афтæ бакодта:

– Сауийы сæфт мæ нæ уырны. Мах æм уæртæ Буриимæ алы бон дæр æнхъæлмæ кæсæм...

БУРИ ЙÆ РÆДЫД КУЫД БАМБÆРСТА

Кæдæй-уæдæй ма хъарм бонтæ скодта! Сæрдæй цыма исты ферох, æмæ фæстæмæ раздæхт – æмбисонды хъарм рæстæг ныллæууыд. Ærдæгхæлд мæсыджы рæбын хурмæ хъарм дуртыл рабадтысты сыхы устытæ: Дуду, Залдуз æмæ Дзыгы. Сæ хæдзары митæ рахастой уынгмæ: чи гуымбыл ахсы, чи ælвисгæ кæны, æмæ алы хабæрттæ дзурынц. Теркæй Туркмæ кæдæм нæ ахæццæ сты, иу ахæм сын нал баззад:

– Фæсхохæй ралидзæг адæмæн, дам, быдыры зæххытæ уарынц.

– Турчы паддзах, дам нæм уазæгуаты ‘рбацæуинаг у...

– Уæдæ йæ Бурмæсыгмæ дæр хъæуы, æмæ йын йæ размæ гауызтæ райтауæм...

– Адæмæн сæ фæллæйттæ хур басыгъта, æмæ, æххормаг аз куы скæна, уымæй тæссаг у...

Дуду йæ гуымбыл ærбатымбылтæ кодта æмæ, арф ныуулæфгæйæ, загъта:

– Мах айдагъ кæрдзын æмæ хуырхæй дæр фæцæрдзыстæм...

– Кæнæ хъайлайæ! – йæ ныхас баппæрста Залдуз дæр.

– Уæртæ уын уæ хъайлайы айк ærбахæссы Бури! – йæ хъæлæсыдзаг ныххудт Дзыгы.

Залдуз джихæй аззад:

– Мæгуыры бонтæ! Бури къуыртхор у, уый куынæ зыдтон.

Дуду йæ мидбыл бахудт æмæ ærдæгсаст хъæлæсæй афтæ зæгъы:

– Ма йæм кæсут, уадзут æй йæхи бар, ныртæккæ диссаг фендзыстут.

Йæхæдæг цæстызулæй акаст къæбыламæ æмæ та йæхи гуымбылимæ архайæг скодта.

Бури уыцы рæстæг, йæ дзыхы карчы айк, афтæмæй комкоммæ ‘рбазгъордта Дудуйы размæ æмæ – Царциаты диссæгтæ! – карчы айк Дудуйы раз аввæрдта, йæ фæстæгтыл æрбадт æмæ йæ сау æрттиваг цæстытæй зæронд усмæ скаст.

Дуду гуымбылæй йæ къухтæ хъавгæ систа, йæ раздарæныл сæ асæрфта æмæ айк бандоныл æрæвæрдта.

– Бури, мæ хæдзар, ды мын хорз къæбыла дæ, цу ног та рацагур, науæд мæ кæрчытæ дзæгъæл æйчытæ фефтыдтой хæмпæлты...

Къæбыла ныхæстæм сцымыдис, æмæ йын зæронд ус къухæй хæмпæлты ‘рдæм куы ацамыдта, уæд фестад æмæ та æйчытæ агурæг пыхсытæм ныййарц.

Сыхаг устытæ хæлиудзыхтæй баззадысты, сæ фыр диссагæй хъыпп-сыпп скæнын нал фæрæзтой. Æрæджиау ныхас кæрæдзи дзыхæй исын райдыдтой:

– Дыдтайыстæн, мæхи цæстæй йæ куынæ федтаин, уæд мæ ницы хуызы бауырныдтаид! – йæ ælхуи йæ риумæ нылвасгæйæ, загъта Залдуз.

– Мæн та, мæ цæстытæй цы федтон, уый дæр нæма бауырныдта, – дисгæнгæ загъта Дзыгы æмæ йæ армытъæпæнтæй йæ цæстытæ асæрфта, цыма Бурийы хаст айк хуыздæр фенынмæ хъавыди.

Уыцы ныхæстæм Дуду йæ тæнæг æрфгуытæ бæрзонд систа, айкмæ ма иу хатт мидбылхудгæ æркаст æмæ афтæ зæгъы:

– Цæвиттон, мæ кæрчытæй кæцыдæртæ кæркдонмæ нал цыдысты æмæ-иу уæртæ бæрæзеты фале хæмпæлты æфтыдтой æйчытæ. А Бури дын сыл куы фæцалх уаид æмæ-иу айкæфсæстæй тыргъы бын бахуыссыд. Кæд сæ рувас хæры, зæгъгæ-иу скатай дæн. Æмæ дын айкхор а нæхион куы разынид. Бурийæ зæгъын. Гъемæ дын иубон йæ размæ куы бабадин цъæхснаг уисимæ. Бури айкмæ куыд февнæлдта, афтæ йæ уæлхъус алæууыдтæн. Зæгъын, мæ фæллæйттæ мын цæмæн хæрыс, æмæ йын мæ галиу къухæй айкмæ амонын, мæ рахиз къухæй та йæ цъæхснаг уисæй æркъæрццытæ кодтон. Буримæ мæ ныхас фыццаг хъазæгау фæкаст, фæлæ уисы цъыччытæм хъысхъысгæнгæ лидзæг фæци. Бауырнæд уæ, цалдæр боны тыргъы бынæй нæ ракаст – тæргай уыд. Нæ йæ зонын, йæ сæрты цы зæд атахт, фæлæ уæдæй фæстæмæ

дзæгъæл айк ссардта – уайтагъд мæм æй æрбахæццæ кæны, – Дудуйы зæрдыл цыдæр æрбалæууыд æмæ худæгæй басур. – Айфыццаг та мæм гогызы айк æрбахаста.

– Мæ хæдзарыл! – фыр диссагæй йæ дзых ахгæдта Залдуз. – Мæ гогызы айк?!

– Æмæ кæд мæ гогызы айк уыди, уæд та? – Дзыгы фездæхти Залдузмæ.

– Мæ дзæбæх сыхæгтæ, уыцы айкыл ма быцæу кæнут! Уæртæ сæрдыгон хæдзары ис, æмæ уын æй æз дыууæ раст дихы акæндзынæн. Фæлæ уын уый зæгъинаг дæн, æмæ Бурийы диссæгтæ чиныджы фыссыны аккаг сты...

САУИ ЙÆ ХÆДЗАР КУЫД ССАРДТА

Бонырдæм мит рауарыд. Хъæуы цæрджытæ райсомæй æддæмæ куы ракастысты, уæд миты урсæй сæ зæрдæтæ бамæгуыр сты.

– Ай та нæ зымæг æдзæттæйæ куы æрæййæфта! – дзырдтой кæрæдзийæн.

Фæлæ фæссихæртты митæй фæд дæр нал аззад. Хуры рухсмæ та фæззыгон бур хъæд йæ диссаджы хуызтæ равдыста. Суанг ма дзы мæргъты зарын дæр райхъуыст, стæй канд мæргъты зарын нæ, – чидæр «Æфсатийы зарæг» бæрзонд систа.

Дуду йæ хъуг хизынмæ аздæхта, æмæ, йæ хъустыл зарын куы ауад, уæд йæ мидбылты бахудт: «Кæмæндæр та Æфсатийы læварæй йæ зæрдæ барухс». Дзыгы дæр йæ гогызтæ дуарæдде фæкодта æмæ Дудуйы ‘рдæм бадзырдта:

– Æрæджы дæр ма нæ хъæуы цас цуанæттæ уыдис, ныр карк æргæвдгæйæ дæр лæгагурæг разил-базил байдайæм!

Уалынмæ устытæ Бур хохы фахсыл ауыдтой хъæдрæбынæй цæуæг цуанæтты. Гакъон-макъон фæндагыл цыдысты зæрдæхъæлдзæгæй. Æмæ куыннæ: ахæм хъæддаг хуы æрфæлдæхтой! Михыл æй къæхтæбастæй æрхæссынц, кæстæр цуаноны ронбастыл та ма – дыууæ хуыргарчы дæр. Цæвиттон сæ тынг буцæй рарвыста Æфсати йæ сызгъæрин хъæдæй. Цуанæтты зæрдæйы уаг æмбарынц куыйтæ дæр æмæ, цины хъыллистытæ кæнгæ, разæй згъорынц. Уæлдай хъæлдзæгдæр у, йæ куыдзы кары æххæстæй чи нæма бацыд, уыцы

ставдкъах зæбулхъус сау куыдз – цуанæттæ йæ Хуыбырс хонынц. Фæлæ диссаг цы у: Бурмæсыджы сæрмæ куы æрхæццæ сты æмæ Рæбыныхъæуы ‘рдæм куы аздæхтысты, уæд Хуыбырс фæстæмæ фæзылд æмæ, цыма цыдæр фæд агуырдта, уый хуызæн, митхуылыдз фæсалмæ смудгæйæ, ‘рбазгъордта æрдæгхæлд мæсыджы рæзты. Йæ сæр фæхъил кодта, алырдæмты акаст æмæ хурсыгъд къуыбырмæ сызгъордта. Зæхмæ смудгæ рындзыл куы иуырдæм фездæхы, куы – иннæрдæм, стæй иу лæнкауы йæ фæстæгтыл æрбадт. Йе ‘ргом Бурмæсыджы ‘рдæм здæхт, афтæмæй йæ цæстытæ бахгæдта æмæ ниуæгау бакодта. Цуанæттæм уый диссаг фæкаст, æмæ йæм сæ кæстæр æмбалы рарвыстой.

– Хуыбырс, цы кодтай? – рæвдаугæ йæм дзуры лæппу. – Цом, æмæ та дын æз хуыргарчы базыртæ ратдзынæн.

Хуыбырс æй цыма хъусгæ дæр нæ фæкодта, уыйау фестад, катайгæнгæ æрзылд хурсыгъд къуыбырыл, иу каст ма фæкодта цуанæтты кæстæрмæ æмæ ныййарц Бурмæсыджы хъæуы ‘рдæм. Лæппу дæр айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ йæ фæстæ фæраст. Иннæ цуанæттæ сæм джихæй кæсгæйæ баззадысты.

– Хуыбырс абон æрра сси? – сдзырдта цуанæттæй иу. – Дæ хорзæхæй, Абе, ныууай-ма, абæрæг сæ кæн: цы хабар у?

Абейæн йæхи зæрдæ дæр æхсайдта куыдзмæ æмæ уырдгуыты фæдæлæмæ кодта.

Хуыбырс куыддæр хъæумæ ныххæццæ, афтæ кæройнаг хæдзары каудуар йæ раззаг къæхтæй цалдæр тъæппы бакодта æмæ йæ байгом кæнын куынæ бафæрæзта, уæд хъысхъысгæнгæ фездæхт æмæ, хæдзары алыварс, сис ныллæгдæр кæм уыд, ууылты уыциу сæррæтт бакодта. Нырмæ дæр Дуду цæстызулæй хъахъхъæдта Хуыбырсы æмæ йæ сисы сæрты йæ кæртмæ багæпп кæнгæ куы федта, уæд йæ къухтæй йæ уæрджытæ цæвæгау æркодта:

– Дзыгы! Мæ хæдзар байхорз! Кæйдæр æнæбакæнинаг куыдз мын мæ кæрчыты хæрдзæн!

Дзыгы дæр мæты бацыд:

– Уый уæлæ цуанæтты куыдз у!

Æмæ æцæгæйдæр – сæ уæлхъус цуанæтты кæстæр алæууыд.

– Хуыбырсы уæ ничи федта? Мæ куыдзæй зæгъын!

Дуду цыдæр сдзурынмæ хъавыд, фæлæ уæдмæ сау куыдз сисы

сæрты куы расæррæтт кодта, уæд джихæй аззад. Бынтон диссаг та йæм уый фæкаст, æмæ Бури дæр йæ фæдыл куы рагæпп кодта, æмæ Дудуйы раз куы ‘рбалæууыдысты, цины гæппытæгæнгæ. Дуду ма дзы тæрсгæ дæр фæкодта уыцы сау куыдзæй, йæ раззаг къæхтæ йын йæ раздарæныл куы авæрдта, уæд. Фæлæ зæронд усы зæрдыл æвиппайды æрбалæууыд йæ хæдзаргæс куыдз Силæм, æмæ йæ зæрдæ фæкъæпп ласта: «Ай Сауи ма уæд! Йæ мады цæрмыстыгъд куыд бакодта: сауцæст, хъуынджынæфцæг...» Йæ ризгæ къухтæй æрбахъæбыс кодта Сауийы сæр æмæ йæхинымæр дзурæгау скодта:

– Сауи! Ды дæ, Сауи?!

Сауи дæр, йæ цин цæмæй равдыстаид, уымæн хуыздæр ницы æрхъуыды кодта, æмæ йæ сырх æвзагæй Дудуйы æнцъылдтæ рус асдæрдта.

Уалынмæ иннæ цуанон Абе дæр сæ уæлхъус æрбалæууыд.

– Хуыбырс! Хуыбырс! Цом тагъддæр! Хæдзары нæм æнхъæлмæ кæсынц.

Абейы рæвдаугæ ныхасмæ Сауи йæхи тынгдæр балвæста Дудумæ, цыма афтæ зæгъынмæ хъавыд: «Ам мæ уадзут».

Дуду уæдмæ хъусæй лæууыд, фæлæ ныр йæхи нал баурæдта:

– Мæ судзгæ мæрдтыстæн, нæ уын æй ратдзынæн! Цас æй фæагуырдтон æрхыты, хъæдрæбынты, æмæ мæнæ ныр йæхæдæг фæзынд Хуыцауы фæрцы!..

Абе цыма зæронд усы ныхæстæ нæ фехъуыста, уыйау куыдзмæ сдзырдта:

– Хуыбырс, нæ нæ ‘вдæлы. Цом, цом!..

Уыцы рæстæг Дзыгы дæр Сауийы уæлхъус æрбалæууыд:

– Хуыбырс нæ, фæлæ Сауи у, уæртæ Бурийы фаззон!

Абе ныр ма ныр фæкомкоммæ Буримæ, æмæ куыдзимæ куы фемдзаст сты, уæд Бури йе ссыртæ базыхъхъыр кодта, цыма, уæдæма йæ акæнут, зæгъгæ, дзырдта.

Цуанæттæ хабар бамбæрстой: фондз мæйы размæ хъæды цы къæбыла ссардтой, уый сæмбæлд йæ хицауыл æмæ йæ фаззон бур æфсымæрыл.

– Мах рæбыныхъæуккаг цуанæттæ стæм, – загъта Абе. – Æмæ нæ зæрдæ тынг дардтам Сауийыл, мах æй Хуыбырс хонæм. Бауырнæд уæ, йæ кары дæр нæма бацыди, афтæмæй мæнæ фæлтæрдджын цуанон куыдзы хуызæн у. Мæнæ ацы хъæддаг хуыйы дæр уый раскъæрдта нæ рæзты.

Кæстæр цуанон йæ сæрæй рувасдзарм худ фелвæста æмæ йæ сылгоймæгтæм æвдисы:

– Мæнæ мын ай дæр Сауийы лæвар у, ацы рувасы Сауийы фæрцы амардтон.

– Гъемæ уын, мæ хæдзæрттæ, – ныхас та Дзыгы йæхимæ айста, – Сауи цы фæци, уый хайыр уæд, фæлæ мæнæ Дуду, Сауи куы фесæфт, уæдæй нырмæ йæхицæн бынат нал ардта...

Дуду дæр Сауийы сæр ærлæгъз кодта:

– Бынтондæр йæ мад Силæмы халдих у...

Абе йæ рон ælвасæгау æрбакодта, йæ рихи адаудта, Сауийы хъусрæбын ма ныхæгау акодта æмæ бахудт:

– Хъусыс, Сауи, Дудуйы зæрдæхудты макуы бацу, йæ коммæ кæс! Мах дæ никуы ферох кæндзыстæм.


Уыцы ныхæсты фæстæ цуанæттæ фæстæмæ фæраст сты. Кæстæр цуанон ма худгæ фездæхт, цæугæ-цæуын йæ ронæй хуыргарк феуæгъд кодта æмæ йæ Дудуйы къухты фæсагъта:

– Сауи нын хуыргарчы базыртæ уарзы...

Цуанæттæ хурсыгъд къуыбырмæ куы схæццæ сты, уæд Сауимæ сæ къухтæ батылдтой, стæй къуыбыры аууон фесты.

Фæстаг заманты уыцы бонæй амондджындæр никуы уыдысты Бурмæсыджы цæрджытæ. Зæрондæй-ногæй уадысты Дудуйы хæдзармæ æмæ Сауийыл цин кодтой. Йæ цин бамбæхсын нæ фæрæзта Дуду, уæдæ йæ хæрз сыхаг Дзыгы дæр йæ цæстытæй худти. Фæлæ æппæтæй тынгдæр цин кодта Бури: æгайтма фæзынд йæ фаззон æфсымæр Сауи.

Æмæ, дам, куыдз!..





СОКАТЫ Диана,
филологон наукæты доктор,
ЦИГСИИ-йы литературæйы
æмæ фольклоры хайады сæргълæууæг

АЛАРДЫ

Таурæгъ

Иу паддзахады адæммæ Аларды сфыдæх æмæ сын сæ хуымтæ сæфта.

Алардымæ сæ паддзах сфыдæх; Аларды фæлыгъд. Паддзах дзырд радта, чи, дам æй æрцахса, уымæн мæ чызджы моймæ ратдзынæн. Алардыйы æрцахсын ничи фæрæзта.

Хъæуы цæрджытæй иу лæппуйæн уыдис иу хъалмыхъхъаг архъанæй дæсны лымæн зæронд лæг, æмæ зæронд лæппуйæн загъта, мæн, дам, чызг ницæмæн хъæуы, фæлæ йæ æз дæуæн æрцахсдзынæн. Лæппу æмæ зæронд лæг ацыдысты агурæг.

Иу бон куы уыдис, уæд та Аларды æрбацыд йæ бæхыл æмæ та хуымтæ сæфта. Хъалмыхъхъаг зæронд лæг ыл архъан баппæрста æмæ йæ æрцахста, архъан йæ хурхыл фæуæвгæйæ, фæлæ йæ бæх аирвæзт. Алардыйы æрбаластой, паддзах æй ахæстоны бакæнын кодта, æртæ дуары йыл сæхгæнын кодта æмæ йыл хъарагъул сæвæрын кодта.

Паддзахы лæппу ахæстонмæ æввахс портийæ хъазыд, йæ порти ахæстоны дуарæй мидæмæ батылд æмæ хъарагъулы нал уагъта, порти йын куыд райса. Хъарагъул ын æй нæ иста. Лæппу йын æхца ныппæрста. Хъарагъул дуар бакодта, æмæ порти мидæггаг дуары мидæмæ батылд, æмæ йын æй уырдыгæй хъарагъул нал иста. Лæппу йæ уæддæр кæм уагъта, райс, дам мын æй. Ныппæрста та йын фылдæр æхца, хъарагъул та сразы. Бацыд, лæппуйы дуары цур ныууадзгæйæ, куы, дам, ралидза Аларды, уæд æй куыд нæ ауадза. Йæхæдæг куыддæр мидæмæ бацыд, афтæ Аларды рагæпп кодта, лæппу йын ницы бафæрæзта æмæ ма Аларды лæппумæ дзуры, ма, дам мæ ахс, фæлæ дæ мæ сæр куы хъæуа, уæд иу-мæм дзур, æмæ дæ разы февзæрдзынæн.

Хабар паддзахмæ байхъуыст, загъта, мæ фырты, дам, нæ амардзынæн, фæлæ сын хъарагъулимæ сæ цæстытæ скъахдзынæн, стæй сæ аласут æмæ сæ искуы аппарут. Афтæ сын бакодтой æмæ сæ хъæды аппæрстой бастæй. Лæппу æмæ хъалмыхъхъаг куыддæртæй кæрæдзийы бæстытæ

сыхæлдтой, фæлæ тынг тыхстысты, кæцырдæм цæуой,уый нæ зонгæйæ. Мардысты сыдæй дæр æмæ дойныйæ дæр, афтæмæй иу ран иу дзыхъхъы ссардтой дон. Лæппу хъалмыхъхъаджы, [йæ] къæхтыл ын хæцгæйæ, донмæ ауагъта, æмæ уый раздæр бануæзта, стæй та – хъалмыхъхъаг лæппуйы, æмæ, лæппу куы бануæзта, уæд æм дзуры, ард, дам мын бахæр, куыд дæхи мæнæй кадджындæр æмæ хуыздæр никуы схондзынæ, кæннод дæ æппарын, стæй йæ сласта.

Фæцыдысты та иудзæвгар æмæ бафтыдысты иу æндæр паддзахы зæхмæ, – паддзахы лæппу гыццыл уæвгæйæ, уыдис хуызджын, – ныллæууыдысты паддзахмæ бæхтæ хъахъхъæнæг, стæй лæппуйы йæхимæ бакодта цайдæттæгæн.

Паддзах æмæ йæ бинонтæ лæппумæ кастысты хуыздæр цæстæй. Хъалмыхъхъагмæ хъыг æркаст, æмæ сын сæ тæбæгътæ, уидгуытæ æмæ æндæр цыдæртæ адавта. Агуырдтой сæ, хъалмыхъхъаджы бафарстой, ацы лæппу, дам, къæрных у? Уый сын загъта, нæма уæм бавнæлдта, фæлæ уæ фесафдзæн йæ къæрныхтæй, фæлæ уæддæр лæппуйæн бахатыр кодтой. Стæй та сын хъалмыхъхъаг адавта сæ сызгъæрин дзаума. Фарстой та йæ, æмæ сын загъта, уыцы лæппуйы уæ хæдзары куы дарат, уæд уын дзаума нал ныууадздзæн. Ныххатыр та йын кодтой.

Иукъорд бонты фæстæ та сын хъалмыхъхъаг адавта сæ уæлæдарæс, æмæ та гъе уæд дæр хъалмыхъхъаг радзырдта афтæ. Паддзах, хъалмыхъхъаджы дзырдтæ бауырнгæйæ, лæппумæ ма фыццаджы хуызæн зæрдæ кæм дардтаид æмæ йын йæ бафхæрыны тыххæй йæ бар бакодта бæхты æвзæрдæр, цæмæй йæ хъахъхъæна æхсæвæй-бонæй. Лæппу иу ныккæнд скъахта йæ бæх æмæ йæхи фаг æмæ уым, йæ бæх хъахъхъæнгæйæ, цард.

Иубон паддзах сфæнд кодта йæ бæхрæгъæуттыл æрзилын æмæ сæ фенын. Федта сæ, стæй бæхгæсты бафарста:

– Уыцы лæппу та кæм и йæ бæхимæ?

Уыдон ын ныккæнд бацамыдтой, гъе уырдыгæй, дам, фæздæг фæцæуы, лæппу нæм кæрдзынмæ суайы, фæлæ, дам, гъе уым цы ми фæкæны, уый нæ зонæм. Паддзах æм уырдæм ныууадис, бадзырдта йæм. Лæппу рауад, бæх ын фенынмæ раласын кодта. Бæх нывы хуызæн снард. Бæхы фæстæмæ баласын кодта. Бæх, кафгæйæ, бацыд, æмæ паддзах бахудтис æмæ йыл бацин кодта.

Хъалмыхъхъаг хабар куы федта, уæд та куыддæр хинтæй æнæ лæппу ныккæндмæ ныууад æмæ уым бæхы æрбаргæвста.

Лæппу йæ ныккæндмæ куы æрбаздæхт, уæд йæ бæхы мардæй федта æмæ уайтагъд паддзахы асырдта, баййæфта йæ æмæ йын фехъусын кодта, мæ бæхы, дам мын чидæр амардта, дæ фæдыл, дам, куы рауадтæн, гъе уыцы сахат.

Паддзахæн маст уæвгæйæ, ныхас æрцыд, куыд æмæ йæ чи амардтаид, æмæ та йын хъалмыхъхъаг фæдзырдта, уый, дам, лæппуйæн йæхи йеддæмæ чи уыдаид. Паддзахы та хъалмыхъхъаджы ардыд бауырныдта, афтæмæй лæппуйы иу дард ранмæ фесæфта.

Ацы паддзахы чызгмæ курæг æрцыд æндæр паддзахы фырт, фæлæ йын чызг нæ бакуымдта, сæфт лæппумæ йæ зæрдæ æхсайгæйæ. Курæг паддзахы фыртæн уыдис хъыг æмæ дзырд радта, куыд, дам, схæцæм æмæ æмгъуыд скодта.

Чызг йæ фыдæн бафæдзæхста, дардмæ, дам, кæй фесæфтай, гъе уыдоны иууылдæр æрæмбырд кæн æмæ дæ фарс зæрдиагæйдæр хæцой. Паддзах йæ чызджы фæндмæ байхъуыста, æрæмбырд сæ кодта. Лæппу уыдис рынчын æмæ æрцыдис рынчынæй æмæ йын бæхты кæвдæсы хуыссæн бакæнын кодтой, æмæ уым хуыссыд.

Хæстмæ ма дыууæ – æртæ боны куыд хъуыдис, афтæ лæппу хæстæг пыхсмæ ацыд æмæ уым скуывта: «Аларды! Гъеныр мæ дæ сæр бахъуыд». Аларды йæ разы февзæрд. Лæппу йын йæ мæгуырдзинæдтæ радзырдта. Куырдта дзы Аларды, мæ мадмæ, дам, цом, мад, дам дыл тынг цин фæкæндзæн, фæлæ дын цалынмæ æз «хорз» зæгъон, уалынмæ уый кæрдзын хæрын ма баком.

Аларды лæппуйы йæ мадмæ акодта æмæ йын лæппуйы бацамыдта, у, зæгъы, æз кæй тыххæй фервæзтæн, гъе уый.

Ус ыл тынг бацин кодта, лæппуйæн загъта:

– Ацы хæдзарæй дæ цыдæриддæр хъæуы, уый дын ралæвар кæндзыстæм.

Лæппу ницы дзырдта. Куынæ цыдис, уæд мад загъта, уæдæ мæ фырт Алардыйы бар ацы хæдзарыл куыд цæуы, дæ бар дæр ыл афтæ цæуæд, стæй Аларды лæппуйæн гъе уæд загъта «хорз» æмæ гъе уæд хæрын æмæ дзурын байдыдта.

Аларды лæппуйы бæгæныстонмæ бахуыдта, уым ын цирхъ (æхсаргард) исын кодта, лæппу йæ нæ фæрæзта. Куынæ йæ фæрæзта, уæд æм бæгæныйы куыси радта. Йе ‘рдæг ын ануæзта æмæ гъа уæд цирхъæн уæззау ист скодта. Уый фæстæ йын иннæ æрдæг дæр бануазын

кодта æмæ, бæгæны æгасæй дæр нуæзт куы фæци, гъе уæд цирхъы рæуæг ист кæнын байдыдта. Гъе ныр ацу, зæгъы, лæппуйæн, бæхтæй дæ кæцы хъæуы, гъе уый дæр равзар. Стæй лæппу равзæрста иу сау бæх æмæ хæстмæ ацыд.

Лæппу хæстмæ куы бацыд, уæд адæм бæхы базыдтой, зæды бæх кæй у, æмæ сæ худтæ систой, кæрæдзи фарстой, кæй фарс, дам, у. Лæппу уыдис чызджы фарс. Хæст райдыдта, лæппу бабырста æмæ сæ бирæйы фæцагъта, бæх дæр иу дыууæ ахæмы. Хæст æрæнцад, æмæ фæцыдысты.

Паддзах та æмгъуыд скодта, иннæ майрæмбоны та куыд схæцой. Стæй лæппу бæх ауагъта æмæ йæхæдæг Алардымæ ссыд. Лæппу та скъæты йæ кæвдæсы цæрын байдыдта. Хъæбатырæй схæцæг лæппуйы ничи базыдта, ацы лæппу кæй уыдис, гъе уый, æмæ сæ фарста хæсты хабæрттæй. Адæм ын фæдзырдтой, æвзæр, дæу та, дам, цы фæрсыны сагъæс ис, ацу æмæ, дам, уæртæ дæ куыдзы хуыссæн кæвдæсы схуысс, æндæр.

Иннæ майрæмбоны та хæст стынг ис. Лæппу пыхсмæ ацыд. Алардымæ скуывта, гъе ныр та, дам мын сырх бæхы мæ разы февзæрын кæн. Уайтагъд йæ разы февзæрд, абадт ыл, хæсты астæумæ та бацыд. Адæм сырх барæджы куы федтой, уæд саст паддзах дзырдта, иубоны бæх сау дзуар уыд, ай та сырх дзуар у æмæ, дам, мах фарс уыдзæн.

Райдыдтой хæцын. Лæппу æмæ сырх бæх та сæ тынг фæцагътой, æмæ та лæппу йæ бæхы ауагъта. Хæст æрæнцади. Фарста та лæппу адæмы хабæрттæй, фарста, æмæ та йын уыцы ныхас загътой, дæ куыдзы хуыссæны, дам, схуысс.

Æмгъуыд та скодтой паддзæхтæ иннæ майрæмбонмæ.

Иннæ майрæмбонмæ саст паддзах æрбацыд фылдæр æфсæдтимæ. Хæст райдыды агъоммæ та лæппу пыхсмæ ауад, Алардымæ та скуывта, æмæ йын урс бæхы йæ разы февзæрын кодта. Фаллаг æфсæдтæ та æнхъæл уыдысты, урс барæг сæ фарс хæцдзæн, фæлæ та сын хæсты райдыды сæхи æвзæр цагъд фæкодта. Фæлæ лæппуйæн дæр йæ мæкъуыстæг фæцæф. Чызг мæсыгæй каст, лæппу йæ куы ауыдта, уæд йæ базырджын бæхыл чызджы раз февзæрд. Чызг ын зæлдаг кæлмæрзæнæй йæ цонг бабаста. Аздæхт, æмæ ма сæ чи баззад, уыдоны дæр ныццагъта, бæх та ауагъта. Фарста та адæмы, æмæ та йæ адæм йæ куыдзы хуыссæнмæ батардтой. Адæм та хъынцъым кодтой, нæ дзуар, дам, фæцæф, фæлæ лæппу йæхи кæм хъæр кодта, йæ цæф-иу баста æхсæв сусæгæй, куыд ничи йæ базона. Зыдта йæ æрмæст паддзахы чызг.

Чызг нал фæлæууыд æмæ иубон йæ фыдæн дзуры, уæ мæ фыд, алы æхсæв, дам, уыцы кæвдæсæй рухс цæуы æмæ ма йæ бахъахъхъæн, цавæр у, æмæ уыцы лæппу уым цы ми кæны? Бахъахъхъæдтой йæ æмæ лæппуйы федтой йæ цонг бæтгæйæ, æмæ йæ паддзахæн фехъусын кодтой. Стæй чызг йæ фыдæн дзуры, кæлмæрзæн, йæ цæф кæмæй бæтты, уый, дам, мæ кæлмæрзæны хуызæн куы у, æмæ йæ цæф цæмæй æмæ куыд цæф у. Паддзах лæппумæ æрбасидт, фæрсы йæ, дæ цонг, дам, цы кодта? Стæй гъе уæд лæппу паддзахæн радзырдта, хæстмæ, дам, бацыдтытæ кодтон фыццаг сау, дыккаг хатт сырх, æртыккаг хатт та урс бæхыл, афтæмæй мæхæдæг дæн. Уый, дам, ды уыдтæ, фæрсы йæ паддзах.

– Уый æз уыдтæн, – загъта лæппу.

Паддзах æй йæ агъуыстмæ æрбакодта. Лæппу дзы куры, мæн, дам, ма буц кæн, фæлæ æрбахон æмæ сбуц кæн хъалмыхъхъаджы. Паддзах æрбахуыдта хъалмыхъхъаджы дæр, уæле йæ æрбадын кодта, сбуц æй кодта æмæ йын лæппу фæдзырдта:

– Æз мæ дзырд сæххæст кодтон, кæддæриддæр дæу буцдæр дардтон.

Бахъæлдзæг æй кодта ноздæй, стæй хъалмыхъхъаг йæхиуыл æрхудт æмæ паддзахы раз басаст æмæ загъта, æз, дам, лæппуйы буцдæр кæй скодтат, уый тыххæй хæлæг кæнын байдыдтон æмæ йыл гæды комдзæуджытæ цыдтæн, дзаумæтты мæхæдæг æмбæхсгæйæ, бæх дæр мæхæдæг амардтон, ныр мын Хуыцау дæр æмæ сымах дæр ныббарут. Ацы лæппу, дам, йæхæдæг у паддзахы фырт, тынг æууæнкджын æмæ лæджыхъæдджын.

Хъалмыхъхъаджы ныхæсты фæстæ паддзах тынг бахъынцъым кодта, æнæ аххосæй хуымæтæджы лæппуйы кæй бафхæрдта, æмæ йын йæ чызджы усæн радта æд бирæ бæстæ. Фæлæ лæппу бæстæ нæ бакуымдта æмæ йæ усы фыдæй ракуырдта, цæмæй йæ йæ фыдыбæстæм сæмбæлын кæна.

Паддзах йæ сиахс æмæ йæ чызджы хорз куыд не сцæттæ кодтаид! Æмæ сæ кад æмæ радæй сæмбæлын кодта. Йæ паддзах фыд дæр сыл тынг фæцин кодта, хорз куывд скодта æмæ афтæмæй цæргæйæ баззадысты.

ЦИГСИИ-йы наукон архив, ф. ф., хъ. 8-10, п. 11, 37 – 42 ф.
Радзырдта йæ Реуазты Б. 1922 азы августы Æрыдоны,
ныффыста йæ Томайты Х., ир. д.

АХУД ÆМÆ ФЫЛДÆР ФÆЦÆРАЙ

СЫРДОНЫ АГ

Сырдонæн, зæгъы, йæ сыхагмæ уыдис хорз æрхуы аг. Уыцы аг куырдта Сырдон йæ сыхагæй, æмæ йын æй нæ радта; æлхæдта йын æй, фæлæ йын æй уæй дæр нæ ракодта. Уæд Сырдон иухатт йæ сыхагæй ракуырдта уыцы аг бæгæны кæнынмæ. Йæхæдæг балхæдта иу чысыл æрхуы аг æмæ йæ цасдæр рæстæджы фæстæ бахаста сыхагæн йе стыр агимæ.

– Ацы чысыл аг та кæй у? – бафарста сыхаг.

– Дæу, мæ хур, дæу, – дзуапп радта Сырдон. – Дæ аг дын сывæрджынæй ахастон. Мæ хæдзары дын ныззадис æмæ дын æй æд лæппын схастон.

Сыхаг айста чысыл аг дæр цингæнгæйæ. Уæд та йын Сырдон афæдзы фæстæ йæ аг бацагуырдта. Æнæзивæг та йæ авæрдта сыхаг æмæ загъта Сырдонæн:

– Æцæг та, æнхъæлдæн, сывæрджын у, æмæ йын йæ лæппыны мацы фæкæн.

– Мæнмæ йын ницы тас у, – загъта Сырдон æмæ аг ахаста.

Бирæ бонтæ рацыд, æмæ Сырдон аг нал хæссы. Уæд æй иухатт сыхаг фæрсы:

– Дæ хорзæхæй, Сырдон, уыцы аг цæуылнæ схæссыс?

– Хъæр дæр дын æй нæ уæндын, фæлæ рухсаг уæд дæ аг. Сывæрджын та уыдис æмæ аргæ-арын амардис.

Афтæмæй аг Сырдонæн баззадис.

Ныффыста йæ Мамсыраты Дæбе. Йæ радзурæг бæрæг нæу. «Ирон адæмон сфæлдыстад», Дзæуджыхъæу, 1949, 462 ф.

САУДЖЫНЫ САХАТ

Аргъуаны, зароба дæттыны агьоммæ, сауджын иу лæгыл йæ пæлæз æрæмбæрзта æмæ йæ фæрсы йæ тæригъæдтæй.

Лæг йæ бынæй сауджыны дзыппы сахатмæ фæкомкоммæ æмæ йæ фелвæста. Сауджын фæрсы:

– Цы тæригъæдтæ ракодтай?

Уый йæм дзуры:

– Цы зонын, иухатт иу сауджыны сахат адавтон, æндæр тæригъæдæй ницы зонын.

Уæд сауджын бакуывта:

Уæдæ дын æй Хуыцау бахатыр кæнæд!

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ».
Берлин – Дзæуджыхъæу, 1924, 31 ф.

ХОРДЗЕНДЖЫН

Иу лæг, уæтæрмæ кæрдзынтæ хордзенты фæцæйхæсгæйæ, фæндагыл кæйдæр уæрдоны абадти æмæ хордзентæ йе уæхскыл дары. Уæд æй уæрдоны хицау фæрсы:

– Дæ хордзентæ уæрдоны цæуылнæ æрæвæрыс, хорз лæг?

Уый йæм дзуры:

– Нæ, мæ хур, уæд дæ бæхæн æгæр уæззау уыдзæн.

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ».
Берлин – Дзæуджыхъæу, 1924, 14 ф.

БИРÆГЪТÆ

Иу мæгуыр усы хъуджы быдыры бирæгътæ аргæвстой æмæ йæ фæйнæрдæм ивазынц. Ус сæм, йæ рустæ тонгæйæ, дардæй кæсы, стæй йæ бон куы базыдта, уæд хъæумæ кæугæ æрбацыди æмæ ныхас кæны:

– Бирæгътæ дæр æмхуызон не сты, нæ: мæгуыры фарс чи хæцы, ахæмтæ дæр дзы ис. Дыууæ бирæгъы дзы сæ уды къубал скъуыдтой, ме ‘рдæм æй иннæ бирæгъты дзыхæй ластой.

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ».
Берлин – Дзæуджыхъæу, 1924, 15 ф.

ФЫСЫМ ÆМÆ УАЗÆГ

Иу лæг уазæгуаты хæргæ-хæрын ферхæцыди, æмæ йæ уыцы сахат фысым фæрсы:

– Уæдæ ма ныр цал æфсымæры стут?

Уый йæм, ныхъхъуырдтытæгæнгæ, тыхамæлттæй дзуры:

– Кæд ма æз фервæзон, уæд ма æртæ, хъæлæкк, стæм.

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ».
Берлин – Дзæуджыхъæу, 1924, 20 ф.

МÆРДТÆМ ХУЫН

Уыдис зымæгон хъызт бон. Уыцы бон иу мæгуыр лæг уазалæй ныккука, афтæмæй фæцæйцыдис уынгты. Уынджы йæ размæ фæцис иу сæрхъæндзæф ус æмæ йæ сонт фарст акодта:

– Мæгуыр лæг, кæдæм цæуыс, кæ?

Мæгуыр лæгæн усы сонт фарст хъыг уыдис æмæ йын дзуапп радта:

– Мæрдтæм цæуын.

– Æмæ уæд цæугæ та кæцæй кæныс?

– Мæрдтæй, – дзуапп радта лæг.

– Уæдæ цымæ мах лæджы нæ федтаис? Уый дæр мæрдты ис.

– Куыннæ йæ федтон? Дзæнæты иумæ цардыстæм.

– Гъы, мæ бон, æмæ дзы цы хабæрттæ ис?

– Тынг уазал рæстæг дзы скодта æмæ уымæй тыхсæм, æндæр хорз у.

– Нæ лæгæн ам хорз уæлдзарм кæрц баззад. Дæ хорзæхæй, ма фæзивæг кæн æмæ йын æй ахæсс!

– Цæуылнæ йæ ахæсдзынæн! Марадз, рахæсс æй!

Мæгуыр лæг райста уæлдзарм кæрц æмæ йæ афардæг кодта. Уалынмæ усæн йæ фырт кæцæйдæр балцæй æрцыд, æмæ йын ус кæрцы арвысты хабар аппæлыдис.

Гъæтт, æнхъæлдæн, æмæ дæ чидæр фæсайдта, зæгъгæ, лæппу фæстæмæ йæ бæхыл абадт æмæ мæгуыр лæджы асырдта. Мæгуыр лæг бæхы къæхты хъæр куы фехъуыста, уæд ын цы базонын хъуыд, кæй йæ расурынц, уый. Кæрц фæсвæд æрæвæрдта, йæхæдæг фæндаджы был æрбадт.

Уалынмæ йæ лæппу æрбаййæфта æмæ йæ фæрсы:

– Хорз лæг, ам кæрц чи хаста, ахæм лæг нæ федтай?

– Нæ федтон, дæ рын бахæрон. Марадз, уæлæ бæласы сæрæй акæс æмæ кæд искуы фæцæйцæуа, уæд дæм зындзæн.

– Дæ хорзæхæй, уæдæ мын мæ бæхыл фæхæц, – лæппу йæ бæх лæгмæ радта, йæхæдæг бæласмæ схызт. Мæгуыр лæг кæрц фелвæста, бæхыл абадт æмæ адымдта. Лæппу æнкъардæй æрыздæхт æнæ бæхæй, æмæ йæ мад фæрсы:

– Цæй æнкъард дæ, лæппу? Цы фæцис бæх?

– Дардмæ цæуын, дам нæ фæхъæуы дзæнæты, зæгъы уыцы лæг,

æмæ дæ мойæн йæ бæх дæр арвыстон. Æнкъард та ууыл дæн, æмæ ма йын кæд исты арвитын хъуыд, æмæ йын нæ арвыстам.

Ныффыста йæ Мамсыраты Дæбе. Йæ радзурæг бæрæг нæу. «Ирон адæмон сфæлдыстад», Дзæуджыхъæу, 1949, 461–462 ф.

САЙÆГОЙ

Ирыстоны æппæт хъæутыл дæр айхъуыст иу сайæгойы кой. Иубон дын уыцы сайæгойыл фембæлдис бæлццон. Дардмæ йæ куы бауыдта фистæгæй цæугæйæ, уæд ахъуыды кодта, уæдæ ма мæн асайæд, зæгъгæ. Уайтагъд барæг æмæ сайæгой фембæлдысты, кæрæдзийæн саламтæ загътой, стæй фæндаггон йæ бæхæй æрхызти æмæ йæ фæрсы:

– Ды, сайæгой кæй фæхонынц, уый дæ?

– Уый дæн, – загъта сайæгой, – æмæ дæ цæмæн бахъуыд мæ сæр?

– Дæ сæр мæ ницæмæн бахъуыд, фæлæ ма, кæд æцæг сайæгой дæ, уæд мæн асай.

Сайæгой йæхи хъуыдыгæнæг скодта, стæй тыхстхуызæй загъта:

– Бæргæ дæ бавзарин асайын, фæлæ мæ сайæн дзаумæттæ мемæ не сты.

– Ууыл ма тыхс, мæнæ мæ бæхыл абад æмæ сæ æрбахæццæ кæн, стæй уæд равзардзыстæм.

– Зын мын уыдзæн дæу асайын, фæлæ дæ афтæ тынг кæм фæнды, уым гæнæн нæй, – загъта сайæгой, бæхыл абадт æмæ афардæг, фæндаггон та лæугæйæ баззад.

Ныффыста йæ Хъазыбегты Хъазыбег. Йæ радзурæг бæрæг нæу. ЦИГСИИ-йы архив, фольклор № 223, папкæ 13, 50 – 51 ф .

ГÆДЫ ЛÆГ

Иу гæды лæджы адæм тынг бирæ уарзтой, æмæ йæм йе ‘фсымæр бахæлæг кодта.

Иубон уый дæр гæды ныхас радзурынмæ хъавыди. Ныхасмæ рацыди æмæ дзуры:

– Мæнæ хорз адæм! Диссаг уын радзурон! Абон хъæды иу саджы фехстон, æмæ нæмыг кæд сæмбæлди йæ хъусыл, сыкъайы кæроныл

æмæ йæ фæстаг сæфтæгыл. Стæй уый фæстæ та арвæй къæбылайы рæйын фехъуыстон.

Уæд адæм æмхуызонæй схор-хор кодтой, гæды ныхæстæ нын ракодтай, зæгъгæ. Уалынмæ адæмы астæуæй йæ гæды æфсымæр фестади æмæ дзуры:

– Ау, æмæ уæм уый цас диссаг фæкасти? Саг фæстаг къахæй йæ хъус ныхта, æмæ йыл нæмыг афтæмæй сæмбæлди.

– Æмæ арвæй та цæй къæбыла рæйдта? – дзуры адæмæй чидæр.

– Уый дæр диссаг нæу. Цæргæс кæцæйдæр къæбыла рахаста æмæ уый рæйдта.

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ.
Берлин –Дзæуджыхъæу, 1924, 25 ф.

НОГ ДАВÆГ

Иу лæг давджыты цардмæ бабæллыди æмæ ауæй кодта йæ исбон иууылдæр. Ссардта йæхицæн саргъ, бæх, топп æмæ араст и æвзæргæнджытимæ.

Æмбисæхсæв иу хæдзармæ бацыдысты, æмæ сæ хæдзары хицау топпæй рагæрах кодта. Нæмыг ног давæджы сæрыл сæмбæлди. Уæд æм йе ‘мбæлтгæ фæлæбурдтой æмæ йæ хъæугæронмæ ахæццæ кодтой, æрæвæрдтой йæ. Иу йæ къух цæфы атъыста æмæ фæрсы:

– Цымæ йын йæ магъз бахъыгдардтаид, йæ магъз?

Уæд æм цæф лæг йæхæдæг дзуры:

– Нæ, уымæ кæцæй бахæццæ, магъз дзы æппындæр куынæ ис.

– Ау, уый та куыд? Магъз та дзы куыннæ ис?

– Нæй, уым магъз куы уаид, уæд мæ бындуртæ нæ ныууæй кодтаин æмæ мæнæ ацы ран, кæйдæр хъæугæрон, æмбисæхсæв куыдзы мард нæ кæнин.

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ».
Берлин – Дзæу джыхъæу, 1924, 9 ф.

ДЗЫРДАРÆХСТ ХОХАГ

Иу мæрдты ‘хсæв æрцæуы хохаг лæг, мæллæг бæхыл бадгæ, Куйаны уынгты. Ныхас адæмæй – йедзаг. Куы йæ ауыдтой, уæд кæрæдзимæ бакастысты æмæ, сæ мидбылты худгæйæ, дзурынц кæрæдзимæ:

– Уый сыгъдæгæйдæр мæрдтæй цæудзæн, йæ бæх æгæр фæлмæцыд у.

Уалынмæ йæм Куйаны хъалтæй иу йæхи хæстæггомау баласта æмæ фæрсы:

– Ныххатыр кæн, барæг, фæлæ ма мах мæрдты кæм фæуагътай?

– Уалæ ма уым хæрæджы мардыл афæстиат сты, ныртæккæ сæ ардæм хъæуы, – загъта хохаг, йæхæдæг йæ бæхмæ февзыста æмæ уынгты дæлæмæ афардæг и.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, «Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив, фольклор № 47 – 16, папкæ 24, 13 ф.

БАРЗЫХЪÆУЫ ХИСТ

Куырттаты комы Барзыхъæуы Джелытæ кодтой сæ фыдæн æрæгвæззæджы хист. Уыди дзы æргæвст дыууæ стуры, дæс фысы, бæгæны дыууæ цæджджинаджы, арахъхъ – бирæ. Æгас ком æрæмбырд сты хист хæрынмæ, æмæ сæ бадт изæрмæ ацыд. Фыццаг рæстæджы-иу бадджыты фынгтæй скъæфтой хисты хæйттæ. Уыцы изæр фыййæуттæй иукъорд лæппуйы баластой сæхи хистæрты размæ, фæлæбурдтой æмæ сын сæ фынгæй раскъæфтой галы сæр æмæ бæрзæй. Сæ фæдыл фæфæдис сты, фæлæ сæ нал баййæфтой. Хистæртæ бабунт сты ахæм фыдуагдзинадыл æмæ хæцын байдыдтой. Се ‘ппæты хистæр карз ælгъыст кодта:

– Уый чи уыди, уый мæрдты ацы марды къæхты бын фæсæйæд!

Уæд фæстæты йæ фырт æрбауад, æмæ йын йæ хъусы бадзырдта:

– Ма ælгъит, Игко, бæрзæй мæнæ мæнмæ ис.

– Ацы мардау фæуæд уæдæ, кой дæр ма йæ чи скæна, мауал хæцут, банцайут, ныууадзут, хæлар сын фæуæнт, уæддæр ма дзы мæнæ нæ фаг уыдзæн. Бар сæхи нæ кæстæртæн.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, 1926 аз, «Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив, фольклор № 47–16, папкæ 24, 138 ф.

Салæгаты Зояйы чиныг «Ирон адæмон сфæлдыстад»-æй ист, II том

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***15 майы*** сбæрæг сты РЦИ-Аланийы Хицауады æрвылазон конкурс «Мæ уарзон Ирыстон»-ы уæлахиздзаутæ. Сфæлдыстадон ерыс расидæг Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты хъæппæрисæй арæзт къамисы уæнгтæ æркастысты 50 куыстæй фылдæрмæ. Ирон æвзагыл хуыздæр куыст ныффыссыны тыххæй мыхуыры номинацийы премийæ схорзæхджын кодтой газет «Северная Осетия»-йы сæйраг редактор Битарты Маринæ æмæ журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйы. Хуыздæр телеравдысты авторыл нымад æрцыд национ телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы амонæг æмæ редактор Хъулаты Юри. Радиобакастыты номинацийы преми саккаг кодтой ПТРК «Алани»-йы амонæг Хæдарцаты Лидæйæн. Интернет-мыхуыры къабазы преми райста информацион портал «15 регион»-ы уацхæсæг Колыты Людмилæ. Куыд æрыгон курдиатджын журналист, афтæ сæрмагонд преми райста «Осетия-Ирыстон»-ы минæвар Уыртаты Сæрмæт. Дипломтæ æмæ æхцайы премитæй лауреатты схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы Хицауады сæрдар Дзанайты Барис.

► ***16 майы*** Цыколайы кадджын уавæры байгом поэт æмæ публицист Малиты Георгийы цыртдзæвæн. Кадджын мадзалы раныхас кодтой Æрæфы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг Лагкуты Омар, РЦИ-Аланийы Фыдджыты цæдисы сæрдар Агънаты Гæстæн, литературон журнал «Ирæф»-ы сæйраг редактор Скъодтаты Эльбрус, поэт Бабочиты Руслан æмæ иннæтæ. Литературон-музыкалон изæры фæлгæты бæстон ныхас цыд Малиты Георгийы цард æмæ сфæлдыстадыл.

► ***17 майы*** Дзæуджыхъæуы горæтаг чиныгдоны кадджын уавæрты сбæрæг кодтой Ирыстоны адæмон фыссæг Хуыгаты Сергейы 90 азы юбилей. Ирон литературæмæ уæзгæ æвæрæн бахæссæг сфæлдыстадон кусæгæн раарфæ кодтой, йе сфæлдыстады тыххæй йын радзырдтой йе ‘мсис хæлæрттæ, ахуыргонд Цыбырты Людвиг, æхсæнадон архайæг Лалыты Лев… Хуыгаты Сергей бирæ азты фæкуыста рауагъдад «Ир»-ы, фарны фæд ныууагъта литературон журнал «Мах дуг»-ы редакцийы дæр, æмæ йын уыдоны коллективтæ дæр зæрдиаг фæндиæгтæ загътой.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 6. 2023 г.
Подписано в печать 16.06.2023 г. Выход в свет: 26.06.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 262. Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

ПЛИТЫ Грис

СÆРДЫГОН ÆХСÆВ

Ахсæв куыд хъарм у, куыд фæлмæн!
Хосы тæф уæлдæф хæссы.
Быдыр æнæ сыбыртт, фæлмы,
Сабыр улæфгæ, хуыссы.
Стъалытæ бахудынц арвæй
Мисынгъуыз мигъы бынæй.
Скæсæны гарачъи царвау
Сабыргай сленк кæны мæй
Хуымы уæйгуыты æфсадау
Мæнæу кæритæй лæууы.
Хæфсытæм хъæугæрон цады
Зарыныл ерыс цæуы.
Зарынц сæ бирæ хъæлæстæй,
Мæнæу сæм хъусы æнцад.
Денджыз йæ сасирæй бæстыл
Луары сызгъæрин ыссад.
Уæлдæфы ницы æнкъуысы,
Хурбонау ‘гас дуне – ирд.
Зæрдæйæн хæхты хъæбысы
Адджын мыдыкъус у Ир.



„MAX DUG“

ÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAX DUG

ÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD“ 1934

Индекс 73247
12+